

Serie No. 320.
Wason

Regi f 1,20.

PL5179
S99
1921

ASIA

LELAKONÉ
GULLIVER
Anggitané toewan
DEAN SWIFT



UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
WEDALAN
BALÉ-POESTAKA

P. DUCRO. UITY.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:32 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023398625
Public Domain in the United States; Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Wagon
PL 5779
599
1721

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Cornell University Library
PL 5179.S99 1921

Letakóné Gulliver /



3 1924 023 398 625

ech

LELAKONÉ
GULLIVER

Anggitané toewan

DEAN SWIFT

Kadjawakaké saka ing

temboeng Walanda

déning

M. Ng. DWIDJASÉWAJA



Wedalan BALÉ POESTAKA
ing Weltevreden.



Kaetjap ing pangetjapanipoen
G. KOLFF & Co., Batawi
1921.

P. DUCRO. UITV.

1000
1001
1002
1003

U. S. A.

Isiné lajang iki.

I.

Lakoéné toewan Gulliver menjang ing tanah Kabadjangan.

Bagéan:	Katja.
I. Toewan Gulliver kesasar ing panggonané wong badjang.	1.
II. Toewan Gulliver sapotjapan karo Sang Praboe ing Kabadjangan, sarta toetoeging lelakoné	13.
III. Lelaboehané toewan Gulliver ana ing Kabadjangan.	25.

II.

Lakoéné toewan Gulliver menjang ing tanah Kaboetan.

I. Tekané toewan Gulliver ing Kaboetan	41.
II. Toewan Gulliver menjang kradjaning nagara.	53.
III. Toetoegé lelakoné toewan Gulliver, sarta bisané bali moelih menjang nagarané.	66.

III.

Lelakoné toewan Gulliver menjang poelo kang nglajang ana ing awang-awang.

I. Toewan Gulliver lajangan manéh, bandjoer katjekel ing badjang	79.
II. Toewan Gulliver njaritakaké kaanané ing poelo awang-awang lan wongé kang ngenggoni	92.
III. Toewan Gulliver loenga saka ing poelo awang-awang, bandjoer menjang nagarané Sang Praboe ing Lapoeta.	97.
IV. Toewan Gulliver lajar menjang poelo Lugnag, bandjoer moelih menjang tanah Inggris metoe ing tanah Djepang.	106.

IV

IV.

Lelakoné toewan Gulliver ana ing tanah Kaboetan kang kapindo.

Bagéan:	Katja.
I. Toewan Gulliver loenga menjang Ostende, bandjoer dadi kapitané praoe „de Gouden Draak”	116
II. Toewan Gulliver menjang ing kradjané tanah Kaboetan manèh, sowan Sang Praboe lan Sang Pramèswari sarta ngloewari mitrané, Glumdalclitch, saka ing koendjara. Wasana bandjoer minggat saka ing kono.	119.
III. Toewan Gulliver mentas menjang daratan, praoené koe-doe diotaki.	127.
IV. Toewan Gulliver jasa padoenoengan kang manggon, sarta mbandjoeraké olèhé nitipriksa kaananing poelo.	131.
V. Toewan Morrice njaritakaké lelakoné marang toewan Gulliver.	134.
VI. Toewan Gulliver sakantjané pada menjang Sporunda.	140.
VII. Toewan Gulliver ndèrèk Sang Praboe menjang tengahé tanah Sporunda lan menjang poelo Monatamia	144.

V.

Lelakoné toewan Gulliver kang wekasan.

I. Kanggo ngliipoer atiné, toewan Gulliver bandjoer lajaran manèh.	153.
II. Toewan Gulliver ana ing panggonané djaran asipat manoengsa.	159.
III. Toewan Gulliver bali menjang tanah woetah getihé.	164.

T A M A T.

I.

Lakoéné toewan Gulliver menjang ing tanah Kabadjangan.

BAGÉAN I.

Toewan Gulliver kesar ing panggonané wong badjang.

Katjarita ing nalika tanggal kaping 4 sasi Mei taoen 1699 ing plaboehané koeŕa Bristol ana praoe lajar aran *Antilope* lagi ngoenggahaké djangkaré, arep mangkat lajar menjang samodra Gedé. Déné kang mandégani toewan kapitan William Pritchard. Ing darat (ing kade) akèh banget wongé, jakoe para sanak-sadoeloer lan para mitra-mitrané awaking praoe maoe, paŕa ngoermati sarta njangoni slamet marang kang arep paŕa mangkat. Djalaran ing nalika samana wong lelakoe kaja mangkono ikoe gawat banget, kang wani moeng wong kang kawilang kendel. Praoe kapal kang paŕa pating sliri ana ing sagara kalawan rikat, sarta kang saŕiŕik pakéwohé kaja anané ing djaman saiki-iki, ðèk samana doeroeng ana.

Antilope ikoe praoe kang betjik, tijangé teloe, oekoerané ora ngoetjiwani, moelané bareng mangkat saka ing plaboehan ing Bristol katon bregas sarta rèki, lakoéné lantjar kaja manoe kasoeroeng ing angin. Mangkono oega hawané ija betjik, ngantarani, jèn lakoéné bakal slamet.

Lakoening praoe kabeneran olèh angin betjik, bareng metoe saka ing plaboehan djinoeroeng pandongané kang paŕa kèri, moenggoeha wong, katon ladak banget. Awaking praoe marang kapitané, pitaja banget. Kang mangkono ikoe ora ngéram-éramaké, sabab toewan kapitan sawangané moela pantjèn mitajani; katon, jèn wong kang woes damang marang kawadjibané.

Ora lawas lakoéné *Antilope* tekan ing pasisiré-kidoel tanah Afrika, bandjoer ngoebengi tandjoeng kang aran Kaap de Goede Hoop, wasana ngener marang pongolé kidoel tanah

Lelakoné Gulliver.

1

Hindoe. Ing sakawit anginé midid saka ing daratan, dadi prajoga banget ingatasé lakoéné *Antilope*. Toewan kapitan lan para awaking praoe pađa gedé atiné, djalaran jèn anginé tansah adjeg mangkono, wis masti bakal kasembadan kang dadi pangarep-arepé. Ananging ora antara soewé anginé moendak kentjengé, sarta bandjoer akèh tanđa-tanďané, jèn hawané bakal salin salaga. Ing sisih kidoel-wétan katon ana aloen gedé-gedé bebanjakan; kang mangkono ikoe ngantarani, jèn arep ana prahara.

Ing wajah soré srengéngé soeroep kaling-kalingan ing peđoet, katon njremomong abang; sagarané katon goemebjar biroe nom. Ananging bareng srengéngé mingslep, bandjoer baé bangbang-soré katoetoepan ing menđoeng peteng, saja soewé saja amba: melar mangoelon, mangalor sarta mangidoel, toewin ndedel manđoewoer. Pađanging lintang-lintang sirna, ora antara soewé ing langit kang katon moeng menđoeng peteng akandel, wasana ana prahara kang ngédab-édabi teka.

Tekané prahara saka ing lor-koelon kentjeng banget, swarané ngeres-eresi ati; wiwitané nganggo manđeg-manđeg, leté soewé. Ananging ora antara soewé prahara maoe bandjoer tanpa peđot, rosané wis ora kena ditjaritakaké; moemboeling aloen đoewoeré nganti saomah-omah, sarta praoe *Antilope* kaboentjang ngalor-ngidoel kaja krambil ana ing satengahing sagara. Sađéla-sađéla ana kilat, bledègé ngampar; oedané kaja diesokaké saka ing langit.

Nalika wis tjeđa jèn bakal ana prahara, toewan kapitan wis rampoeng olèhé tata-tata roemeksa kaslametaning praoe. Lajaré wis diroetjati kabèh sarta saroepaning bolong-bolongan wis pađa ditoetoepepi rapet; rasa-rasa élok banget jèn praoené nganti bisa klebon banjoe satètès baé. Sawisé rampoeng nggoné tata-tata kaja mangkono ikoe, toewan kapitan moeng kari pitaja marang sing Kawasa kalawan tatag ingati. Sanadjan lajaré wis mèh entèk diroetjati kabèh — moeng kari sařifik ing tijang ngarep, preloe kanggo ngerèh lakoening praoe — éwadéné *Antilope* lakoéné kaja disawataké déning prahara, èntèngé woes prasasat lar. Rikating lakoéné *Antilope* nalika kaboentjang ing prahara wis ora kena ditjarita-

kaké, iberé manoeek sikatan ora mantra-mantra jèn maḍanana. Wis masṭi baé ora ana wong sing doewé pikiran arep toeroe.

Lakoening praoe sangsaja rikat katoet ing aloen mangétan, saḍéla-saḍéla kaja arep kèrem koeroegan ing ombak saka ing boeri, kang ḍoewoeré ngoengkoeli wit krambil; toedjoené ombak kang mangkono ikoe ora ngoewatiri toemrapé marang praoe lan marang wongé.

Sanadjan samono gedéning moeta-watiré, éwadéné toewan kapitan enggoné ndawoehaké préntahé sarèh ora goegoep. Ananging bareng anginé salin sarta praharané moenḍak rosané, toewan kapitan wiwit rada tjilik atiné, bandjoer ngadjak remboegan kantja-kantjané awaking praoe, apa kang prajoga ditindakaké.

Antilope toemoeli dioentjal-oentjalaké ing aloen ngalor-ngidoel, rikaté wis prasasat balang disawataké, sapa sing doeroeng weroeh jèn dandananing praoe ikoe santosa banget, wis masṭi ngira, jèn kabèh bandjoer paḍa remoek dadi sawalang-walang. Watara ngarepaké tengah-wengi tijanging praoe kang gedé ḍéwé toegel, bandjoer ketjemploeng ing sagara; ora soewé awaking praoe kang djaga ana ing *uitkijk* nggembor: „Ngarep karang!”

Tenagané toewan kapitan saktjané, olèhé ngarah slameting praoe, wis ora nganggo ngowel marang oemoeré, éwadéné ora migoenani, goemabroeg swarané *Antilope* ketanggor ing karang, kanḍeg ora bisa bablas, toemoeli katoetoetan ing aloen: saroe-pane kang ana ing ḍèk paḍa katoet, nemoe koeboeré ana ing satengahing sagara. Praoené roesak kèri anggana, ora soewé sinigar ing aloen kang njempjok manèh, dadi loro. Wasana praoe kang ladak sarta taoetaté nanḍingi prahara kang geḍe-geḍe maoe, ambles ing sagara saka saṭiṭik, nganti ora katon babar-pisan saisiné kabèh.

Katjarita moeng ana sidji kang bisa mentjoengoel manèh, jaikoe toewan Gulliver, ḍokteré praoe *Antilope* maoe. Soewé banget enggoné tansah reboet oenggoel karo aloen, tékad-tékadan nglangi manoet lakoening ombak. Saḍéla-saḍéla toewan Gulliver ngoelat-oelataké ing kiwa-tengen, bokmanawa ana kaktjané kang katon, ananging tanpa gawé.

Saja soewé kakoewatané krasa sangsaja soeda; bareng roe-masa wis ora olèh pitoeloeng, sikilé krasa djadjag dāsaring banjoe, nggepok atos-atos kaja watoe, bandjoer ngroebjoek tekan ing pentasan (gisik).

Sanadjan sajahé wis satengah mati, éwadéné isih dikoewatkoewataké ambandjoer moenggah menjang dāratan nganti sawatara dohé; ananging sarèhné ora ana wit-witan oetawa omah katon, saking bangeting sajahé bandjoer ambroek ing pasoeketan, sanalika toemoeli toeroe.

Bareng tangi toewan Gulliver ora weroeh sapira soewéné oléhé toeroe; bareng ngelèkaké mripaté, wis wajah awan, srengéngéné toemlorong ing rainé. Nijaté arep énggal ngadeg, arep moelat ngiwa-nengen soepaja weroeha, ing nalika ikoe ana ingendi; mangkono oega arep weroeh, apa praoené oetawa kantjané isih ana kang katon; nanging adja sing menjat ngobahaké tangané oetawa sikilé baé ora bisa. Malah moeng arep méngo baé ija ora bisa. Saka pangirané, kang mangkono ikoe ora lija sababé moeng saka ing kagèté lan bangeting sajahé, nganti awaké ora bisa nglawat; moelané bandjoer lèrèn ora obah-obah, nanging ora soewé toemoeli njoba ngobahaké awaké manèh. Ing nalika ikoe banget goemoené ing ati, weroeh, jèn sarandoening awaké kabèh: ing bae, ing sikil, malah ing dridji, tangan lan ing ramboeté, pađa ditalèni koekoeh; mangkono oega awaké wiwit saka ing poendak tekan ing kemiriné ija ditalèni malang akentjeng nganggo oelar-oelar lemboet, nanging woled banget.

Bareng toewan Gulliver lagi ngangen-angen. kaprijé doega-doega bisané, déné ana lalakon kang mangkono ikoe, sarta njoba arep menjat manèh, bandjoer kroengoe swara lirih ana ing satjelaké ing kono; mangkono oega krasa, jèn ana kang obah ana ing sikilé, toemoeli madjoe ngambah ing dādané alon-alonan. Toewan Gulliver bandjoer ngingetaké awaké mangisor, nanging kalawan rekasa banget; ing kono banget goemoené ing ati weroeh woedjoed tjilik asipat manoengsa, doewoeré ora ngoengkoeli dridjiné panoenggoel, sikep kapradjoeritan, njangking ganléwa sapanahé, ing gigir nggéndong éndong, lagi mlakoe kalawan ngati-ati menjang rainé toewan Gulliver. Mangkono oega ing boeriné kasamboengan



*I. Ing nalika ikoe banget goemoené ing ati veroeh jèn sarandoening
awaké kabèh pada ditalèni koekoeh.*

ing pradjoerit tjilik-tjilik kaja mangkono ikoe, watara ana wong patang poeloeh.

Wiwitané toewan Gulliver ngira jèn ngimpi; nanging pradjoerit tjilik-tjiik maoe paða aboengah-boengah moebeng ana ing awaké kambi ngiling-ngilingi; mripaté tjilik-tjilik atadjem, semoené banget ing goemoené, déné nemoni manoengsa. Nalika nglairaké boengah lan goemoené, swarané keproengoe kaja pangeriking djangkrik.

Toewan Gulliver moering-moering takon marang kang tjedak dèwé, apa sababé déné dèwèkné dieroet-eroet mangkono, sarta enggoné ikoe ana ing endi. Bareng wong badjang maoe paða kroengoe swarané toewan Gulliver, banget ing kagèté, bandjoer paða loemajoe asasaran, plajoené sipat koeping alondjong mimis, nganti ana kang tiba koewalik-walik saka ing awaké toewan Gulliver.

Ananging bareng soemoeroep, jèn toewan Gulliver ora bisa oetjoel saka ing roet-roetané, énggal paða bali; malah ana sidji sing wani ngadeg ana ing daðané nganti bisa njawang rainé toewan Gulliver. Asemoe goemoen wong badjang maoe ngoemboelaké tangané loro, sarta saðéla-saðéla moeni tjeṭa, mangkéné: „Hekinah Degoel”. Oeni mangkono ikoe sabensaben ditirokaké ing kantjané kang akèh. Ing boeri toewan Gulliver kroengoe, jèn temboeng mangkono ikoe tegesé: „boeta”.

Toewan Gulliver nalika samana ora mengerti marang tegesé oenèn-oenèn ikoe, sarta banget 'ndjontongé ing ati, déné awaké diambahi sakarep-karep. Sanalika tangané tengen boedi sarosané, nganti oetjoel saka ing roet-roetané; mangkono oega sirahé ija boedi, nganti bisa miring ing pilingané, nanging tombok ramboeté ana kang djebol sawatara.

Bareng wong badjang maoe paða weroeh, jèn toewan Gulliver boedi, sanalika paða moendoer ing sawatara; ana sidji kang awèh aba mangkéné: „Tolgo Phona!” Ora soewé ana panah, kèhé ana satoes kapara loewih, geðéné watara sadom-dom, paða tiba ngenani tangané toewan Gulliver kang kiwa. Ana oega pradjoerit tjilik-tjilik kang paða nglepasaké panah mandowoer, ana kang paða tiba ing awaké toewan Gulliver, nanging moeng paða kandeg ing sandangané, ora bisa teroes.

Ana oega kang pađa manahi rainé. moelané toewan Gulliver bandjoer noetoepe rainé nganggo tangané tengen, koewatir, jèn kena mripaté

Toewan Gulliver bandjoer njoba boedi manèh, soepaja awaké oetjoela babar-pisan saka ing roet-roetané; ananging saben obah, bandjoer dioedani panah. Moelané giliging panemoené nedija ora obah-obah, moeng njawang ngiwa-nengen, soepaja adja nganti dimoenasika. Wong badjang maoe sangsaja soewé sangsaja akèh; bareng weroeh, jèn boetané meneng baé, olèhè pađa manah diendegi.

Ora ana wong kang bisa njaritakaké goemoené toewan Gulliver marang saroepané kang dineleng. Geḷé-geḷéné oewit-oewitan ing kono doewoeré moeng pađa karo wit térong; ing sangarepé ana ara-ara, kebak déning pradjoerit pađa sikep gaganman. Pradjoerit ikoe ana kang djaranan; djarané geḷéné pađa karo djaran dolananing botjah. Tjeḍak kambi koepingé kiwa ana kang lagi pađa gawé panggoeng, watara doewoeré satengah kaki. Bareng panggoeng maoe rampoeng, ana wong badjang sidji kang moenggah, panganggoné mrijajèni, diiringaké ing wong teloe. Prijaji badjang toemoeli tjalaṭoe akèh-akèh marang toewan Gulliver, nanging toewan Gulliver ora mengerti apa-apa.

Prijaji badjang toemoeli awèh paréntah marang kang pađa ana ing sangisoring panggoeng. Ora soewé ana wong badjang watara sèket pađa marani toewan Gulliver, natasi saroepaning tali kang ngeroet sirah, nganti toewan Gulliver bisa ndjènggèl, tjeṭa panjawangé marang prijaji badjang kang ana ing panggoeng.

Prijaji badjang maoe, sasoewéné tjalaṭoe, nganggo njekel kertas sakebèt, dedegé lentjir, geḷéné ngoengkoeli saṭiṭik karo kang pađa ngiringaké. Pangiringé maoe kang sidji njekeli kantjané, kang loro pađa ngadeg ataklim ana ing boeriné.

Toewan Gulliver ora mengerti babar-pisan marang tjalaṭoené prijaji badjang maoe, nanging mirid saka tenagané, oega rada bisa ngira-ira, apa kang dadi karepé. Prijaji badjang maoe saḍéla-saḍéla ngetjoengi marang sawidjining prenah nganggo tjekelané kertes. Bareng toewan Gulliver njawang ing prenah maoe, weroeh, ing kadohan ana koēṭa, geḷéning omah-omahé ora ngoengkoeli omah-omahan dolananing botjah.

Bareng prijaji badjang wis rampoeng olèhé tjalaŕoe, toewan Gulliver ngoemboelaké tangané tengen kaja déné patrapé bangsa Europa jèn soempah, bandjoer èpèk-èpèké ditoempangaké ing daŕané. Patrap kang mangkono ikoe minangka tanda panoengkoel, sabab saka panemoené toewan Gulliver, maŕti bakal loewih betjik dadiné tenimbang karo bangga. Sawisé mangkono bandjoer ngatjoengaké dridjiné marang tjangkemé, karepé awèh weroeh, jèn ngelak sarta loewé banget.

Prijaji badjang semoené mengerti marang karepé toewan Gulliver, djalaran bandjoer manŕoek, toemoeli moeŕoen saka ing panggoeng sarta awèh préntah masangi anda warna-warna ing awaké toewan Gulliver. Toemoeli ana wong watara satoes paŕa moenggah ing anda, ngoenggahaké panganan lan ombèn-ombèn, olèhé ngloempoekaké olah-olahan sarta simpenan ing satjedaké kono. Pirang-pirang tong isi ombèn-ombèn; kang paŕa kawilang gedé-gedé, paŕa diglindingaké mrono, kanggo ngilangaké ngelaké toewan Gulliver. Tong-tong ikoe paŕa ditjanŕaki sarta diombèni sidji-sidji déning toewan Gulliver nganti entèk kabèh.

Saking éramé wong-wong badjang maoe paŕa soerak-soerak weroeh ngelaking boeta mangkono ikoe, bandjoer paŕa djogédan ngoebengi toewan Gulliver, malah ana kang djogédan ana ing daŕa kambi ora lèrèn-lèrèn oeniné : „Hekinah Degoel !” Oega ana kang paŕa keplok-keplok oetawa paŕa babak — djoengkir marga saka ing boengahé.

Wong-wong badjang maoe noeli paŕa doewé pandjaloek marang toewan Gulliver, soepaja tong-tong kang wis paŕa koŕong ikoe dibalang-balangna ing sarosané. Pandjaloeké wong badjang ikoe dilegani, saroe pané tong koŕong maoe paŕa dibalang-balangaké ing sarosané, nanging oega ngati-ati, soepaja adja nganti ngenani wong badjang. Bareng tong-tongé paŕa moenboel ana ing awang-awang, ngener marang sagara, wong badjang paŕa soerak aramé, marga saka ing boengahé weroeh kakoewatan samono gedéné.

Wong badjang maoe kang banget diérami déning toewan Gulliver, ja-ikoe kakendelané, katon saka ing salah-tingkahé, jèn njedak arep weroeh sing terang, saŕiŕik baé ora katon ana wediné.

Sanalika wong badjang maoe bandjoer maktjep meneng kabèh, ora ana sabawané walang salisik.

Toemoeli katon ana prijaji badjang manèh teka noenggang djaran, panganggoné nganggo dibloedir koening; bareng woes tjedak banget karo toewan Gulliver, bandjoer moedoen saka ing djaran, sarta moenggah ing anda, kang soeméndé ing dengkoelé tengen toewan Gulliver. Ing boeri toewan Gulliver kroengoe, jèn prijaji badjang kang lagi teka ikoe prijaji gandèk, abdiné Sang Praboe ing Kabadjangan. Prijaji gandèk, diiringaké wong badjang ing sawatara, bandjoer toemratjag moenggah ing awaké toewan Gulliver nganti tjedak banget karo rainé; toemoeli noedohaké lajang nganggo tjapé ing nagara kono, diafoengaké ing sangareping mripaté toewan Gulliver kambi tjalafoe akèh-akèh, nanging toewan Gulliver ora mengerti saketjap-ketjapa.

Prijaji gandèk semoené woes ndoega jèn toewan Gulliver ora mengerti babar-pisan marang kanjané lan ora bisa matja toelisan kang diafoengaké. Djalaran bareng rampoeng olèhé tjalafoe, ora nganggo ngentèni wangsoelané toewan Gulliver, bandjoer noedohaké tjaping nagara kang ana ing lajang maoe, sarta bandjoer ngatjoengi menaraning nagara kang ora pati adoh saka ing kono; sawisé mangkono tangané loro toemoeli digawé toempang-toempangan kaja tangané wong diblenggoe.

Kang mangkono ikoe olèhé nampani toewan Gulliver: dèwèké dianggep wong bojongan, arep digawa menjang nagara, kradjané Sang Praboe ing Kabadjangan, sarana diblenggoe.

Ananging toewan Gulliver ing batin ora pisan-pisan tarima nampani panganggep mangkono ikoe. Dèwèkné ija gelem digawa menjang kradjaning nagara, nanging isiba dadi wong merdika, ora soesah diblenggoe. Moelané toewan Gulliver ing sabisa-bisané bandjoer mengertèkaké marang prijaji gandèk, jèn dèwèké gelem mèloe menjang kradjaning nagara, jèn ora nganggo diblenggoe, sarta doewé pandjaloek, soepaja saroe-paning roet-roetané dioetjoelana disik.

Ananging prijaji gandèk ora pisan-pisan gelem ngleksanani pandjaloeké toewan dokter Gulliver.

Toewan Gulliver rada moering-moering, déné pandjaloeké kang kinira pantes ikoe, ora ditoeroeti bandjoer njoba manèh

ngentèkaké karosané, arep moetoeng blenggoené. Ananging sanalika krasa dioedani panah ing rai lan tangané, kang woes paða kebak tatoe tjilik-tjilik, rasané panas. Mangkono oega panah maoe ana kang paða méntjok toemantjeb ing rai, ing iroeng lan ing tangané.

Kedjaba saka ing ikoe wong badjang moengsoehé maoe sangsaja soewé oega sangsaja moendak kèhé, moelané sawisé pinikir-pikir, panemoené : ora prajoga, jèn dibandjoer-bandjoerna olèhé arep gawé moering-moeringé wong badjang. Djalaran saka ing ikoe toewan Gulliver bandjoer awèh weroeh marang prijaji gandèk, jèn bakal manonet mitoeroet marang saporéntahé sing kawasa ing nagara kono, sarta apradjandji ora bakal boedi manèh sarta ora bakal moenasika marang saroeaning wong ing kono.

Prijaji gandèk boengah banget nampani atoreré toewan dokter, bandjoer nganjoeki sarta loenga arep ngatoeri oeninga marang Sang Praboe ing salakoené dioetoes ikoe.

Doeroeng soewé mangkaté prijaji gandèk, toewan Gulliver krasa, jèn rai lan tangané paða diosèr-osèri zalf, kang wangi gandané sarta adem rasané. Panah kang isih toemantjeb, paða didoedoeti alon-alonan, sarta toewan Gulliver bandjoer diwènèhi panganan lan ombèn-ombèn kang njegeri.

Sawisé mangan panganan lan ngombé ombèn-ombèn kang diwènèhaké maoe, toewan Gulliver krasa ngantoe, banget ing aripé. Ing boeri toewan Gulliver kroengoe, jèn ombèn-ombèné maoe dimori srana kanggo noerokaké wong, djalaran saka ing ikoe ora antara soewé toewan Gulliver bandjoer toeroe kepati. Moelané disranani soepaja toeroe, karepé wong badjang soepaja adja nganti boedi manèh, sabab satemené kasagoehané toewan Gulliver maoe ora patia diendel.

Pamboeriné toewan Gulliver oega ora weroeh, sapira soewéné olèhé toeroe kang sarana disarati mangkono ikoe. Ananging masi soewé banget, djalaran bareng tangi, awaké wis ora ana ing soeketan panggonané lawas, nanging nggloegoer dieroet ana ing grobag, kang lagi loemakoe digawé ngemot dèwèkné.

Sang Praboe ing Kabadjangan ikoe prijagoeng kang wi-tjaksana ; bareng miðanget, jèn kawoelané njekel toewan

Gulliver, karsané, gelem ora gelema, toewan Gulliver diḍawoehi nggawa menjang kradjaning nagara, soepaja karosané kang ngédab-édabi ikoe kenaa dipoerih gawéné toemrap marang Pandjenengané pijambak lan marang nagarané.

Soepaja boetané adja nganti bangga, Sang Praboe woes aparing ḍawoeh, boetané ditoerokna (digawéa toeroe) sarana sarat, kang dimoraké ing anggoer. Bareng siboeta wis toeroe kepati, bandjoer paḍa dipikir, kaprijé bakal panggawané saka ing panggonané kono menjang nagara. Sawisé ketemoe pikiré, bandjoer ndjoepoek grobag gedé sidji, ja-ikoe grobag piranti kanggo ngoesoengi balok kang gedé-gedé menjang pabrik panggonané wong praoe. Grobag ikoe dawané rong mèter, ambané samèter, sarta ana roḍané gedé-gedé lan sentosa-sentosa, kèhé rolikoer.

Grobag ikoe digawa menjang panggonané toeroe toewan Gulliver, bandjoer dipasang moedjoer ana ing sakiwané. Ing kono wis ana insinjoer lan toekang gawé praoe, kabèh kèhé limang atoes, kang paḍa arep ndjoendjoeng boetané, arep ditoempangaké ing grobag. Pandjoendjoengé nganggo kérékan pirang-pirang sarta ḍaḍoeng kang koekoeh-koekoeh, bandjoer disèlèhaké alon ing grobag kang ana ing sakiwané maoe. Bareng wis soemèlèh ana ing grobag, bandjoer dieroet koekoeh manèh kaja nalika ana ing soeketan; bareng rampoeng, toemoeli ditarik ing djaran rakitan sèwoe limang atoes menjang kradjané nagara ing Kabadjangan.



Gambar 1.

Nalika nglilir awaké krasa woes toemoempang ing grobag.

Sakiwa tengening grobag éwon wong badjang kang pađa ngoeroeng-oeroeng, mbarengi lakoening grobag; jèn grobagé mandeg, ora bisa mlakoe, bandjoer pađa disoeroeng oetawa dirođa nganti bisa mlakoe manèh. Sadalan-dalan wongé pađa ramé aboengah-boengah, sabab ing salawasé oerip wong ing Kabadjangan kono doeroeng taoe nemoni lelakon kang kaja mangkono ikoe. Sanalika wong ing satalatah Kabadjangan woes pađa kroengoe kabèh, dadi netepi oedjaring paribasan: Sadawananéa loeroeng, isih dawa goeroeng.

Katjarita ana ing dalan ana sawidjining luitenant pradjoerit seseliran isih nom, rada koemetak; ikoe moenggah ing awaké toewan Gulliver, mlakoe-mlakoe ing goeloe lan rainé, bandjoer njogok bolonganing iroeng sarana peđangé.

Sarèhné krasa keru banget toewan Gulliver tangi, soemoeroep jèn ing nalika ikoe lagi pinoedjoe wengi apeteng dèdet, sarta oega weroeh jèn dèwèkné dimot ing grobag kang lagi mlakoe. Ing sakiwa-tengening grobag didjagani ing pradjoerit seseliran, limang atoes ing sasisihé. Pradjoerit ikoe kang saparo pađa njekeli obor, kang saparo asikep gandéwa sapanahé; kabèh wis roemanti nglepasaké panahé, samangsa toewan Gulliver bangga oetawa boedi.

Mangkono ikoe lakoening bojongan maoe ing wajah bengi petengan.

Ésoeké wajah tengangé lakoening bojongan ikoe salamet tekan ing sakètènging koeđa. Katjarita Sang Praboe ing Kabadjangan karsa mapag tekañé toewan Gulliver, kađerèkaké ing prijaji sadjroning kađaton kabèh, lanang-wadon. Bareng Sang Praboe pirsá, jèn boetané nglegarang ana ing grobag sarana dieroet kentjeng, dawoeh kepéngin minggah ing awaké toewan Gulliver. Ananging saroepaning poetri lan pangéran kang ndèrèk, ora pađa mrajogakaké, pađa koewatir bokmanawa Sang Praboe manggih roebéda. Sang Praboe oega ndahar marang atoe pangowelé kang para santana toewin abdi maoe.

Kebeneran banget, déné ing satjedaké sakètèng ikoe ana tjanđiné kawak sidji gedé banget, ing sanagara Kabadjangan gedé déwé; tjanđi ikoe soewoeng, wis lawas ora kanggo, djalaran entas kanggo nindakaké radja pati: wong matèni sadoe-

loéré lanang. Tjanđi ikoe geđéné satemené doeroeng ana sakoepel ing patamanan kang tjilik, nanging toemrapé wong badjang geđéné woes nggoemoenaké banget. Awit saka karsané Sang Praboe toewan Gulliver diđawoehi ngenggonaké ing tjanđi maoe.

Tjanđi maoe lawangané ana ing sisih lor, ing kono doewoeré watara samèter, ambané $\frac{3}{4}$ mèter, djrambah lan témboké marmer kabèh. Enggoné maleboe toewan Gulliver dadi koedoe ndingkloek. nanging ana ing satengah-tengahing tjanđi bisa ngadeg kepénak. Awit saka ing pangati-atiné saroe paning djanđélané pađa diwènèhi pantjak-soedji wesi, sarta sikilé toewan Gulliver kang kiwa diranté, diolèhaké ing témboking tjanđi. Ananging ranté maoe dawa banget, nganti toewan Gulliver ana ing sadjroning tjanđi bisa sakarep-karep, malah nganti bisa metoe tekan ing sangareping tjanđi. Déné kang kapatah ngetrapaké ranté, ja-ikoe abdidalem panđé ing kađaton.

Bareng pamasangé ranté wis rampoeng, saroe paning tali roet-roetané toewan Gulliver pađa ditatasi kabèh. Wiwit nalika samana toewan Gulliver bisa ngadeg ing sakarepé, bisa ngoelèt lan bisa mlakoe-mlakoe. Kang mangkono ikoe banget ndadèkaké leganing atiné, sabab awaké wis banget kakoéné.

Ananging sakèhé wong badjang banget kagèt lan goemoené, bareng njawang boetané menjat sarta bandjoer mlakoe-mlakoe awira-wiri. Mangkono oega Sang Praboe ija banget ing kedjoté ningali geđéné toewan Gulliver.

Toewan Gulliver toemoeli njawang ngalor ngidoel, ngrasakaké asrining dedelengan kang katon saka ing kono. Kang katon ing sakiwa-tengené ing kono watara sapatamananing botjah kang geđé, awoedjoed sawah oetawa alas-alas, kang wit-witané sing geđé-geđé doewoeré ora loewih saka rong mèter. Kang katon ingarepé ja-ikoe koetja kradjané ing Kabadjangan, omahé tjèkli-tjèkli, menarané asri-asri, nanging djanđoné panoedoeh angin kaleboe geđé-geđé.

Ing satengah-tengahé koetja ikoe ana omah geđé-geđé sapanta, kinoebeng ing pager bata, ikoe kirané toewan Gulliver, kađatoné Sang Praboe ing Kabadjangan.

BAGÉAN II.

Toewan Gulliver sapotjapan karo Sang Praboe ing Kabadjangan sarta toetoeging lelakoné.

Nalika toewan Gulliver ngadeg kambi njawang sakoebengé ing kono, Sang Praboe nitih titijan koeda moebeng njawang marang dèwèkné; dandananing titijané pélag, asri sinawang. Nanging bareng toewan Gulliver obah, titijané Sang Praboe kagèt, bandjoer ngadeg, nganti Sang Praboe arep dawah. Ing nalika ikoe Sang Praboe katon, jèn wasis banget nitih koeda; sanadjan titijané nggiwar-nggiwar, éwadéné Sang Praboe kelèt ana ing kambilé, nganti ana abdiné oepsir sawatara kang bisa njanḍak titijané, bandjoer noeloengi Sang Praboe toemèḍak saka ing titijan.

Sang Praboe toemoeli dawoeh marang abdiné maḍaran lan djoeroe geḍong inoeman, ndikakaké maringi mangan lan ombèn-ombèn marang toewan Gulliver. Abdiné prijaji ganḍèk wis ngatoeri oeninga, jèn taḍahé toewan Gulliver ikoe ngéram-éramaké banget kèhé.

Ora soewé bandjoer ana iwak teka rongpoeloeh grobag, sarta anggoer sapoeloeh tong; Sang Praboe éram banget ing galih, déné panganan samono kèhé saḍéla baé wis bébas kabèh.

Sang Pramèswari agem-agemané goemebjar déning kebak inten barléjan, ikoe pinarak ing koersi rada kapara adoh, bebarengan karo para pangéran lan para poetri ing kaḍaton; déné Sang Praboe djoemeneng rada tjeḍak, kabèh paḍa njawang solahé toewan Gulliver, olèhé mangan iwak lan ngombé anggoer. Sang Praboe saiki kagoengan panggalih, jèn toewan Gulliver wis ora matiri; moelané bareng rampoeng olèhé mangan, bandjoer diḍawoehi linggih ing soeketan, soepaja tjeḍaa nggoné mirsani.

Toewan Gulliver nḍèrèk saḍawoehé Sang Praboe, bandjoer linggih; dèwèkné déwé ija kepéngin njawang Sang Praboe sing tjeḍa. Sang Praboe olèhé djoemeneng kira-kira moeng saméter dohé saka panggonané linggih toewan Gulliver. Dedegé

Sang Praboe watara loewih sanjari tinimbang para prijaji kang pađa ndèrèkaké; polatané tadjem, tingalé blalak-blalak bening sarta dedeg-pengadegé praboe, solah-bawané angratoni. Moenggoeh nèm-sepoehé watara lagi mepeng, agem-agemané pasadja, nanging bakalé sarwa aloes.

Pandjenengané ngagem songkok kapradjoeritan mas, tinarètès ing sosotya sarta rinengga ing boeloe-boeloe amantjawarna. Astané tengen ngasta sabet ligan, kang pamoré moeroeb, garané toewin blongsongé mas tinarètès ing inten.

Toewan Gulliver dipangandikani déning Sang Praboe, nanging ora mengerti apa-apa; swantené Sang Praboe rada èsek, nanging apa sapangandikané tjeťa. Toewan Gulliver dipangandikani Sang Praboe mangkono ikoe, roemasa olèh pakoermatan gedé, moelané ing sabisa-bisa arep males gawé legané panggalihé Sang Praboe. Bandjoer njoba ngatoeri wangsoelan nganggo temboeng Walanda, temboeng Djerman, temboeng Inggris, temboeng Joenani (Griek), temboeng Latijn, temboeng Dịdong (Fransch), temboeng Sepanjol, temboeng Itali, malah oega njoba nganggo temboeng Arab; ananging saroepaning basa maoe tanpa gawé kabèh, djalaran ora ana sing dimengertosi déning Sang Praboe. Djalaran saka ing ikoe olèhé pađa sapotjapan moeng mandeg samono.

Sang Praboe sapanèrèké olèhé pađa ana ing panggonané bojongan danawa watara ana rong djam, toemoeli kondoer ngadaton. Nalika kondoer woes aparing dawoeh, pradjoerit sing ngreksa marang toewan Gulliver koedoe diwoewoehi satjoekoepé, adja nganti dimoenasika marang wong kang pađa nonton. Ananging lagi baé Sang Praboe mengker, wong akèh bandjoer pađa madjoe reboet doetjoeng, arep pađa mbéda boeta sing ngéram-éramaké gedéné ikoe. Malah ana kang oegal-oegalan banget: toewan Gulliver lagi ngénak-énak linggih ana ing soeketan sangareping omahé kambi njawang wong badjang kang pađa ngroeboeng, bandjoer dioedani panah. Bareng oepsir kang djaga dilapoeri, énggal awèh paréntah njekel wong kang oegal-oegalan maoe nenem, bandjoer dibanda sarta dipasrahaké marang toewan Gulliver. Wong badjang nenem maoe ditjekel ing tangané tengen, sing lima diesak nganti ora katon babar-pisan, déné sidjiné digegila

kaja arep dioental-oentala malang. Wong badjang banget gila lan wediné, moelané gembor-gembor ndjaloe toeloeng sarosané; mangkono oega oepsir sing djaga ija banget koewatiré marang kaslametaning kantjané wong badjang. Apamanèh bareng toewan Gulliver ngetokaké pèmèsé gedé saka ing saké, semoené wong badjang kaja arep disembelèh.

Ananging kabèh pađa ketjelic, sabab pèmès maoe ora dienggo mjembelèh, malah dienggo natasi tali bandané wong badjang, toemoeli dietjoelaké.

Wah, olèhé mlajoe wong badjang maoe: londjong mimis!

Mangkono oega wong badjang lima kang ana ing saké ija bandjoer diwetokaké saka ing sidji-sidji, ditatasi bandané bandjoer dietjoelaké, ora ana kang boesik woeloené kalong.

Katjarita bareng soré toewan Gulliver arep mapan toeroe, nanging ora ana patoeron kang tjoekoe dienggoni, dadi kepeksa toeroe ngglétak ana ing djogan alèmek soeket aking. Olèhé toeroe kaja mangkono ikoe nganti patbelas dina lawasé. Kemoel sing tjoekoe dienggo ing toewan Gulliver oega ora ana, moelané Sang Praboe dawoeh ngirimi baboet kadaton sawatara, soepaja dienggoa kemoel. Sang Praboe oega dawoeh gawé patoeron, sing tjoekoe kanggo toeroe toewan Gulliver. Saroepaning oendagi lan toekang kajoe ing nagara kono pađa kena ing aradan toemandang ing gawé kabèh. Olèhé pađa gawé patoeron gedéné watara tikel nem atoes tinimbang karo patoeroné wong ing Kabadjangan. Mangkono oega digawèkaké kasoer, bantal, sepré, kemoel, klasa lan sapanoenggalané; kasoer-bantalé arep diisèni kapoek oetawa woeloe manoe, ora bisa, sabah ora bisa olèh kapoek oetawa woeloe manoe kang njoekoepi kèhé. Moelané kasoeré bandjoer diisèni soeket garing sarta bantalé diisèni woeloe weḍoes. Panggawéné patoeron kang samono gedéné ikoe ingatasé wong badjang moela pantjèn pagawéjan gedé banget, ora bisa toemoeli dadi. Olèhé ngetokaké andjing-andjingané patoeron kang njoekoepi toewan Gulliver ikoe banget rekasané. Bareng rampoeng, patoeran maoe didjadjal ditoeroni, nganti ping pinḍo ambroek-ambroek baé. Ananging kaping teloené koewat, dadi rampoeng temenan. Sang Praboe oega bandjoer

tedak mirsani pijambak arep ngjektosaké, apa wis betjik temenan. Ing nalika ikoe toewan Gulliver njaosaké sembahpanoewoené marang Sang Praboe.

Katjarita wong ing satalatahé nagara ing Kabadjangan woes pađa kroengoe kabèh, jèn ing nagara ana bojongan danawa gagah prakosa. Moelané saben dina wong kang pađa teka nonton saka ing ngendi-endi, lanang-wadon, soegih-miskin, enom-toewa, ndilir ora ana peđoté.

Sang Praboe kerep nimbali para minister loemeboe ing kađaton didjak rembagan: bojongané boeta ikoe prajogané dikapakaké, sabab kabèh pađa koewatir, bokmanawa toewan Gulliver bandjoer bisa međot ranténé, toemoeli ngamoek matèni saroe paning wong ing Kabadjangan. Oetawa kaja panemoené minister tetanèn: lawas-lawas pangané ing nagara kono mađi bakal entèk digawé ngingoni toewan Gulliver, wekasan nagarané kambah ing patjeklik.

Sarèhné Sang Praboe sangsaja lawas sangsaja moendak sihé marang toewan Gulliver, dadi akèh wong kang pađa moerina. Malah ana kang doewé atoer pamrajoga soepaja toewan Gulliver disirnakna saka ing donja, sarana dileboni wisa oetawa ora diwènèhi pangan, soepaja matija kaliren. Ananging sarèhné katresnané Sang Praboe saja moendak kandel, dadi ora pisan-pisan karsa ndahar atoer pamrajoga mangkono maoe. Pamrajoga kang sapisan ora lija tegesé moeng matèni wong, wis mađi Sang Praboe ora bakal nglilani. Déné pamrajoga kang kaping pinđo, koewatosé panggalihé Sang Praboe: jèn loewéné wis banget mađi bandjoer boedi sarosané; jèn bisa međot saka ing ranténé toemoeli ndjoepoeki samoebbarang kang kena dipangan ing sakarep-karepé. Moelané Sang Praboe malah paring dawoeh, soepaja pangreksané omahé toewan Gulliver diati-ata, adja nganti toewan Gulliver nemoni apa-apa. Mangkono oega Sang Praboe aparing ènget, jèn toewan Gulliver mati, djisimé samangsa bosok mađi bakal marakaké lelara; Sang Praboe kagoengan panginten, jèn bakal ana lelara pest. Moelané ora ana manèh oetamané, kadjaba moeng toewan Gulliver koedoe diopèni sing betjik-betjik.

Para minister akèh kang njonđongi pamanggihé Sang Praboe maoe. Moelané bandjoer ndawoehaké paréntah: saroe-

paning désa sakoebenging nagara kang dohé patang-atoes mèter, pađa diwadjabaké oeroen pangané toewan Gulliver gentèn-gentèn, sapi nenem, weđoes patang-poeloeh, peđèt loro, saoebarampéné kabèh, kambi ombèn-ombèn satjoekoepé.

Ing sakiwa-tengené omahé toewan Gulliver didegi taroeb tjilik-tjilik kanggo ngolah pangané. Kang pađa olah-olah ana ing kono saben dina koki teloeng-atoes; boemboe-boemboené dikirimi saka ing pawon keđaton. Saben koki sidji sadinané kadjibah ngolah olah-olahan rong warna.

Sarèhné panganggoné toewan Gulliver oega wis roesak banget, moelané Sang Praboe đawoeh nimbali gredji sing peng-pengan karobelah, diđawoehi nggawèkaké panganggo toewan Gulliver, manoet panganggoné wong ing nagara kono. Pangoekoeré panganggo maoe anèh banget: ana gredji sidji ngadəg ing goeloené toewan Gulliver, sidji manèh ana ing đengkoelé, karoné pađa manteng tambang; sarta isih ana gredji sidji manèh kang ngoekoer dawaning tambang kang pinanteng ikoe. Kaja mangkono ikoe wis bisa nemtokaké dawaning djasé, gedéning badané toewan Gulliver sarta dawaning sikilé. Ana manèh sing dioekoer, ja-ikoe gedéning djempolé. Andjaba saka ing ikoe wis ora ana sing dioekoer manèh, kabèh-kabèh wis kena diétoeng saka ing oekoeran loro maoe.

Manoet ngèlmoené wong ing Kabadjangan: wong kang madjana ikoe, koebenging oegel-oegelé tikel pinđoning djempolé tengen, koebenging goeloené tikel pinđoning oegel-oegelé, sarta koebenging tjetiké tikel pinđoning goeloené.

Moela nggoemoenaké banget, déné panganggoné toewan Gulliver kang mangkono pangoekoeré ikoe, bareng dadi, anggoné loewih kapénak tinimbang panganggoné lawas, olèhé gawé ana ing nagarané dèwé.

Kadjaba saka ing ikoe Sang Praboe oega paring đawoeh marang poedjangga kang wis misoewoer nenem, ndikakaké moelang basané wong kono marang toewan Gulliver. Sabab Sang Praboe kapéngin banget saged imbal-pangandika karo toewan Gulliver, soepaja sageda miđanget kahananing nagarané kalawan terang, bab tata-tjara lan pranataning nagara. Loewih manèh Sang Praboe kapéngin pirsá, apa ing donja iki isih akèh panoenggalané wong kang samono-mono gedéné.

Lelakoné Gulliver.

2

Sarèhné toewan Gulliver saben dina taberi banget olèhé sinaoe, dadi lagi watara teloeng minggoe wis bisa sapotjapan karo Sang Praboe ora nganggo sasmita kaja maoené. Kang dadi djedjering goenem ora kakoerangan, djalaran toewan Gulliver déwé ija kapéngin weroeh moenggoeh ing kahanané bangsa lan nagara ing Kabadjangan; moelané olèhé pađa tetemon saben-saben nganti djam-djaman.

Katjarita ing sawidjining dina Sang Praboe pinoedjoe dangan panggalihé, ngandika marang toewan Gulliver, dililani doewé panoewoen apa-apa marang Pandjenengané. Sanalika toewan Gulliver njoewoen diloewarana olèhé diranté, bisaha loenga sapa-ran-paran, sarta dililanana bali moelih marang omahé déwé.

Sang Praboe banget ing kedjoté. Dawoeh wangsoelané, ora nginten pisan-pisan, jèn toewan Gulliver wani doewé pandjaloek sing ora semanak mangkono. Mangkono manèh Sang Praboe ora wenang nglilani panoewoen kang mangkono, jèn doeroeng dimoepakati disik déning para ministeré. Apanèh kaananing nagara ing nalika samana lagi koerang betjik tepoengé karo nagara lija-lijané. Malah — sanadjan Sang Praboe pijambak ora moepakat — para minister wis sarembog arep niti-priksa panganggoné toewan Gulliver, bokmanawa ana gegamané, kang moeta-watiri banget déning gedéné.

Gulliver mangerti, jèn nalika ikoe doeroeng wajahé bisa loewar, moelané arep disabaraké disik, ngentèni waktoe sing betjik. Malah dèwèké pratéla, jèn arep digléđah panganggoné marga saka préntahé para minister, ija soemarah.

Moelané bandjoer ana prijaji saka ing kađaton loro teka, arep nggléđah panganggoné toewan Gulliver; toewan Gulliver oega malah ngréwangi ing panggléđahé. Prijaji badjang loro pađa dilebokaké ing sak, soepaja weroeh déwé kaanané ing kono ana apa, sarta saroeapané kang abot-abot banget pađa diwetokaké déning toewan Gulliver déwé.

Prijaji maoe tanpa dawoeh koedoe gawé lapoeran kang terang, moelané olèhé gawé lajang lapoeran bab barang kang anèh-anèh, isining saké toewan Gulliver ija slesih banget.

Isiné lajang lapoeran:

1 baboet kasar ageng, tjekap kagem ing bangsal kentjana. (Ikie sap-tangané toewan Gulliver).

1 peŕi slaka ageng, mawi toetoeŕ oegi slaka; awratipoen sanget, boten koewawi kadjoendjoeng ing tijang kekalih. Inggang mbikakaken peŕi poenika danawanipoen pijambak; inglebetipoen wonten isinipoen abrit, gandanipoen sengak moeroegaken waing. (Ikoe waŕah tembako).

Ing sak roempi inggang tengen wonten redinipoen kertas peŕak ageng sanget, rinengga ing gambar-gambar sarta mawi kaeroet ing ɗaɗoeng ageng. (Ikoe boekoe tjaŕetané toewan Gulliver).

Ing sak roempi inggang kiwa wonten pirantosipoen inggang anèh, mawi katjantjang ing ranté ageng. Pirantos poenika inggang sasisih katoetoeŕan ing slaka, inggang sasisihipoen malih mawi djasad inggang bening sanget; sangandapipoen djasad inggang bening poenika wonten gambaripoen anèh-anèh. Pirantos poenika tansah moengel pijambak, swantenipoen kados-déné paloe kaɗawahaken ing paron: ɕak-ɕik, ɕak-ɕik, boten wonten peɗotipoen. Inggang waoe kawoela boten sami saged mastani, poenika pirantos poenapa kéwan; nanging poen danawa soeka soemereŕ, jèn poenika pirantos, dédé kéwan. Éwadéné temtoe pirantos inggang moeta-watosi sanget, sabab panjepengipoen inggang gaɗah ngatos-atos sanget. (Ikoe èrlodjiné toewan Gulliver).

Ing sak tjlane inggang kiwa wonten djalanipoen, agengipoen ngéram-éramaken. Inglebetipoen isi barang mas boender-boender, pangaosipoen temtoe kaŕah sanget. (Ikoe kanŕong radjoet isi ɗoewit mas njapoeloeh roepijah).

Ing banipoen (saboek) danawa wonten peɗangipoen, pandjangipoen langkoeng saking gangsal dedegipoen tijang; makaten malih ing ban ngrikoe wonten kanŕonganipoen, inggang kasingget dados kalih pérangan. Ing singgetan inggang satoenggal isi silinder (cylinder) timah ageng-ageng sanget, sarta singgetan satoenggalipoen isi djasad pringkilan, poenika saking pratélanipoen danawa: saged ndjebloeg. dados panggarapipoen kedah ngatos-atos, poenapa malih boten kénging tjelak-tjelak akalijan latoe. (Ikoe golok kambi ban isi mimis lan obat).

Andjawi saking poenika poen danawa gaɗah pilar pandjang kekalih, inggang kasambet dados satoenggal sarana balok;

poenika saking tjarijosipoen danawa satoenggalipoen pirantos ingkang mbebajani sanget. (Ikoë kestoelé toewan Gulliver).

Sang Praboe paring dawoeh, barang loro kang kaseboet ingisor dèwé, ikoe soepaja énggal kapoendoeta saka ing tangané toewan Gulliver, sarta kasimpena ing geḍong radjabranané Sang Praboe. Ananging toewan Gulliver diparingi peḍoek nganggo tjap kraton, kang mratélakaké: barang maoe bakal kaparingaké bali, ja-ikoe samangsa dèwèkné wis kena loenga saka ing Kabadjangan.

Pantjéné Sang Praboe ija kapéngin moendoet pirantiné danawa kang moeni tak-tik maoe, nanging sarèhné nganggo diranté, dadi Sang Praboe ing galih akèh soemelangé, moelané piranti maoe isih dilastarèkaké ana ing tangané toewan Gulliver. Ananging Sang Praboe kapéngin banget oeninga, apa baé goenané barang kang anèh-anèh maoe, moelané toewan Gulliver bandjoer didawoehi nggenahaké marang Pandjenengané. Sang Praboe banget ngoengoené ing galih, loewih manèh marang dandananing èrlodjiné, déné bisa moeni lan obah dèwé.

Panggawané ban kang isi mimis kambi kestoel marang geḍong radjabrana, sawisé digawèkaké enggon dèwé, djalaran ngèlingi moetawatiré maoe; koentjiné diasta ing Sang Praboe pijambak.

Toewan Gulliver sangsaja manoeh marang kaananing awaké, mangkono oega wong ing kono ija sangsaja soemanak; sing wedi marang dèwèkné wis ora ana, malah olèhé paḍa srawoengan wis kaja karo kantjané dèwé. Mangkono oega djarandjaran militèr sarta rakitan ing kaḍaton, wis ora ana sing kagèt weroeh toewan Gulliver, nganti tjeḍak banget karo sikilé.

Katjarita ing nalika samana ing satjeḍaké nagara kerep ana glaḍi perang. Saben dina toewan Gulliver weroeh pradjoerit liwat: pradjoerit ḍarat (infanterie), pradjoerit djaranan (cavalerie) sarta pradjoerit mrijeman (artilerie); mangkono oega Sang Praboe, ija kerep langkoeng arep ndjenengi glaḍi perang maoe. Sawidjining dina Sang Praboe kondoe saka ing ndjenengi glaḍi, mijos ing kono manèh, ndawoehaké timbalan marang toewan Gulliver, ndikakaké ngadeg ana ing dalan, sikilé dipetarṭangna, soepaja baris ing Kabadjangan nggoné arep loemeboe ing nagarané bisaha liwat ing gapoera kang doewé njawa ikoe. Toewan Gulliver moendjoek sandika.

Kang mangkono ikoe sadéla baé wong ing sadjroning nagara ing Kabadjangan wis pađa kroengoe kabèh. Moelané bandjoer ndilir wong kang teka pađa arep nonton, lanang-wadon, toewa-nom, ora ana peđoté.



Gambar 2.
Ora antara soewé barisé liwat ing sangisoring sikilé toewan Gulliver.

Sang Praboe toemoeli ndawoehaké timbalan marang djéndral kang mandégani baris, soepaja barisé katataa kaja parade, bandjoer diabanana liwat metoe ing sangisoring sikilé toewan Gulliver. Sang Praboe nitih koeda ana ing satjedaking ga-

poera oerip, arep ngabani lakoening pradjoerit. Ora antara soewé barisé liwat ing sangisoring sikilé toewan Gulliver, ja-ikoe pradjoerit ðarat teloeng èwoe, pradjoerit djaranan teloeng èwoe sarta pradjoerit mrijeman sèwoe; lakoening baris kabèh paða ndjèdjèg. Kang dadi panoetoeeping lakoe, ja-ikoe pradjoerit laoetan kambi penamboer lan panjalomprèt.

Lakoening baris maoe dadi tontonan kang geðé banget toemrapé marang wong ing Kabadjangan. Mangkono manèh Sang Praboe panggalihé oega soeka banget, déné lakoening baris loemeboe ing nagara ora ngoetjiwani. Sarèhné toewan Gulliver wis katon manoet-mitoeroeté, sarta nggoné ngadeg nalika dienggo liwat ing baris anteng banget, Sang Praboe bandjoer aparing kamoerahan: ðawoeh ngoetjoeli ranté kang kanggo nantjang toewan Gulliver, nganti bisa mrana-mrana ing sakarepé. Kang mangkono ikoe Sang Praboe oega nganggo moendoet remboegé para minister ðisik. Ananging toewan Gulliver nganggo diparingi pepatjak: ora kena metoe saka ing kikising nagara, jèn ora olèh palilahé Sang Praboe; jèn wis olèh palilah, soewéné nggoné loenga oega bakal ditemtokaké. Jèn ora olèh palilah, oega ora kena maleboe ing kradjaning nagara; jèn mlakoe koedoe tansah ngambah ing ratan geðé; ora kena tetoeron ana ing pangonan oetawa pasawahan, apa manèh ora kena pisan-pisan ngroesakaké alas-alasé ing nagara kono. Mangkono oega jèn mlakoe, koedoe tansah moelat, adja nganti midak wong oetawa ngroesakaké omah. Jèn Sang Praboe nggalih perloe, toewan Gulliver kena dioetoes, dohé nganti lakon nem dina.

Andjaba saka ing ikoe, jèn nagara ing Kabadjangan nemoe pakéwoeh perang karo satroené, ja-koe nagara kang doemoenoeng ing poelo Oekiran, ora adoh saka ing Kabadjangan, toewan Gulliver koedoe sagoeh ngréwangi, dadi mitrané wong ing Kabadjangan. Mangkono oega koedoe soempah, sabisa-bisa koedoe ngroesak marang kapal-kapalé perang moengsoehé. Apa manèh dèwèké diwadjabaké gawé gambaré (kaart) talatah ing Kabadjangan kabèh, koedoe rampoeng sadjroné rong sasi.

Toewan Gulliver sagoeh nampani pepatjak ikoe maoe kabèh, kadjaba sidji, ja-ikoe nggoné koedoe olèh palilah ðisik, jèn arep metoe saka ing kikising nagara. Moelané bandjoer doewé

panoewoen marang Sang Praboe: pepatjak sing sidji ikoe diso-waka. Ananging panoewoené tanpa gawé, djalaran karsané Sang Praboe kentjeng ora kena diowahi. Djalaran saka ing ikoe toewan Gulliver bandjoer disoempah sarta nanða-tangani pradjandjian kaja karsané Sang Praboe maoe. Sang Praboe banget soekané ing galih.

Lajangé pradjandjian bandjoer disimpeni ana ing geḍong ra-dya-poestaka. Nalika toewan Gulliver nanða-tangani lajang pradjandjian, Sang Praboe ndjenengi pijambak. Djalaran saka ing ikoe toewan Gulliver nglahiraké sembah-panoewoené sa-rana djèngkèng. Ananging bandjoer diḍawoehi ngadeg déning Sang Praboe, sarta Sang Praboe nglahiraké pangadjeng-adjengé: moega-moega toewan Gulliver dadia abdinjing nagara kang mantep sarta setya toehoe, sarta bisaha males betjik ma-rang sih-kawelasané Sang Praboe.

Boengahé toewan Gulliver, déné saiki wis mardika, bisa loenga sapanan-paran. Tjiptané wis masti bakal ana mangsa-kalané bisa loenga saka ing Kabadjangan. Ing batin doewé pangarep-arep, samangsa ḍèwèkné dolan-dolan oeroet pasisir, tarkaḍang ana praoe liwat, sing kena ditoempangi.

Ora antara lawas toewan Gulliver olèh palilah, kalilan maleboe ndeleng kradjaning nagara, aran koeta Maḍenda. Banget ing boengahé, djalaran olèhé njawang menarané nagara ikoe wis lawas, dadi kapénginé weroeh banget. Ing sadoe-roeng-doeroengé Sang Praboe wis ngoḍangaké timbalan, sasoewéné danawa loemeboe ing koeta, wong-wongé paḍa anaha ingomah baé, soepaja adja ana kang ketiwasan. Mang-kono oega toewan Gulliver ija diḍawoehi manèh, soepaja nggoné mlakoe ngati-atia, pandjangkahé adja seroe-seroe, adja nganti agawé tjilakané wong oetawa ngroesakaké omah.

Saking ngati-atiné, nalika toewan Gulliver loemeboe ing koe-ḷa, djasé ora dienggo, moeng nganggo kemédjan baé, sabab koewatir jèn djasé bakal njrèmpèd wong kang paḍa ana ing pajon. Djalaran pajoning omah paḍa kebak wong nonton. Nalika toewan Gulliver mlangkah ing pager-bata, akèh kang paḍa tabtaban atiné. Bareng sikilé toewan Gulliver ngambah ing ratan, omah-omah paḍa obah kaja ana linḍoe kang geḍé banget.

Lakoéné toewan Gulliver ngener marang kaḍatoné Sang

Praboe, djalaran kepénginé weroeh banget, kaja apa pasang-rakité. Kaḍatoné Sang Praboe doemoenoeng ana ing satengah-tengahing koeṭa, ana ing tempoekané ratan gedé loro, kang oeroet ing alang lan oedjoering koeṭa. Kinoebeng ing pager-bata, ḍoewoeré rong kaki; wangoening tjapoeri pasagi bener; sabèn let sapoeloeh kaki ana menarané sidji. Ing pager-bata maoe akèh bolongané kanggo mbeḍil saka ing djero, sarta ing sadjroning pager bata akèh mrijemé, kanggo ndjagani kaḍaton.

Daleming kaḍaton doemoenoeng ana ing satengah-tengahé aloen-aloen, kang kajoman ing oewit-oewitan toewa-toewa. Rerenggan lan singering jejasan, djaréné toewan Gulliver, moela pantjèn nggoemoenaké banget. Kabèh paḍa goembjar déning mas, slaka lan sesotya. Langséning kori lan djanḍéla kabèh paḍa sarwa soetra kang kandel lan aloes-aloes; djrambahé paḍa ginelaran baboet kang pèni-pèni, sarta médja koersiné kabèh paḍa kajoe séder oetawa kajoe èbben kang pepilihan, garapé apik-apik. Kedjaba saka ing ikoe ing kaḍaton ora koe-rang pasrèn kang èdi-èdi

Sang Praboe djoemeneng ana ing menaraning keḍaton kang ḍoewoer ḍéwé; saka ing kono saged mbagèkaké tekané toewan Gulliver, bandjoer ndangoe, kaprijé panemoené toewan Gulliver marang koeṭa kradjané Sang Praboe. Oendjoké toewan Gulliver: banget nggoné lam-lamen marang saroe pané kang sinawang, moelané bandjoer ngatoeri sembah-panoewoen marang Sang Praboe, déné woes karsa maringi palilah mleboe ing kradjaning nagara. Sawisé toetoeg nggoné ndedeleng, toewan Gulliver bandjoer bali moelih kalawan marem ing ati.

BAGÉAN III.

Lelaboahané toewan Gulliver ana ing Kabadjangan.

Katjarita noedjoe sawidjining dina toewan Gulliver lagi toeron ing soeketan sangareping omahé, bandjoer katekan ing oetoesané Sang Praboe, lakoéné katon goepoeh. Oetoesan mae ndawoehaké timbalané Sang Praboe, jèn toewan Gulliver ngandikan toemoeli loemeboe ing kaðaton, Sang Praboe karsa moenðoet remboegé, djalaran semoené ing Kabadjangan arep katekan moengsoeh saka ing Oekiran. Moelané Sang Praboe kagoengan panggalih mangkono, djalaran wong ing Oekiran wis mepak kapal-kapalé perang, semoené arep ngloeroeg marang Kabadjangan.

Moenggoeh saka panemoené wong ing Kabadjangan, ing sadjagat ora ana nagara kang nimbang gedé lan koewasané nagarané déwé. Sorsorané kang mèh nimbang, ja-ikoe nagara ing Oekiran, saka ing Kabadjangan moeng keletan sagara kang ambané watara moeng limang atoes méter; prenahé saka ing koeta Mañenda ana ing lor-wétan. Sang Praboe woes miðanget kabar saka ing mata-pitané, jèn wong ing Oekiran moela pantjèn arep ngloeroegi ing Kabadjangan, moelané wong sanagara oega paða ora kapénak atiné.

Sang Praboe oega wis aparing ðawoeh mepak wadya-bala ðaratan lan laoetan, sarta wadya-balané ðaratan karsa ditinðihi pijambak. Ananging sarèhné wong ing Oekiran wis misoewoer dadi lelananging laoetan, sanadjan wadya-balané ðaratan déwé wis mitajani, éwadéné wong ing Kabadjangan paða tjilik atiné. Saoeroeting pasisir paða koewatir jèn dioenggahi ing moengsoeh, moelané saroeapané tinging menara jèn bengi ora paða disoemed. Ing sabisa-bisa wong ing Kabadjangan paða golèk réka, kaprijé bisané ngalang-alangi moenggahé moengsoeh ing ðaratan, djalaran kapal-perangé moengsoeh paða ora ngoetjiwani sarta lakoéné rikat-rikat.

Djalaran saka ing ikoe Sang Praboe karsa moenðoet pitoe-loengé toewan Gulliver, kaja déné kang woes kaseboet ing lajang pradjandjijan. Toewan Gulliver diðawoehi ndjagani pa-

sisir; samangsa ana praoe moengsoeh katon teka, énggal awèha weroeh marang wong ing Kabadjangan, soepaja bandjoer bisa sedija kang mapagaké. Sarèhné doewoer banget, masti énggal weroeh, jèn ana moengsoeh teka.

Sang Praboe oega maringi pirsá marang toewan Gulliver, jèn kapalé perang pijambak diðawoehi meneng baé ðisik ana ing sawidjining plaboehan kang santosa. Sabab jèn metoe koewatir jèn diroesak déning moengsoeh, djalaran moengsoehé santosa banget.

Toewan Gulliver moendjoek sandika, bakal nglakoni saða-woehé Sang Praboe, ananging bandjoer ngatoeraké panemoené déwé. Moenggoeh panemoené, praoené kapal perang moengsoeh arep paða direboet, soepaja ing Kabadjangan toemoeli ilang koewatiré bakal diloeroegi ing moengsoeh. Sang Praboe banget soekané ing galih miðanget kasagoehané toewan Gulliver, nanging ketara jèn koewatos, bokmanawa toewan Gulliver ora koewat. Ananging toewan Gulliver ora ndoewèni koewatir mangkono, moeng doewé panoewoen: prakara ikoe kaagama wadi. Sang Praboe mrajogakaké sarta sagah ngagem wadi.

Katjarita toewan Gulliver wis olèh katrangan ing bab amba lan djeroné sagara ing saantarané Kabadjangan lan Oekiran, ja-ikoe saka ing sawidjining kapitan laoet ing Kabadjangan kang woes misoewoer kawroehé. Mangkono oega moenggoeh ing doenoengé plaboehan, kang kira-kira bakal kanggo ngang-kataké kapal-kapalé perang, sarta bab kakoewatané laoet wong ing Oekiran. Sarèhné wong ing Kabadjangan pantjèn wis terang banget marang kakoewataning moengsoehé, dadi sadéla baé toewan Gulliver wis bisa njakoep saroepané katrangan-katrangan, kang pantes dikawroehi.

Sawisé mangkono, toewan Gulliver bandjoer menjang pasisir lor, ja-ikoe ing panggonan kang arep-arepan bener karo poelo Oekiran. Ana ing kono bandjoer toeron ana ing saboerining pepoentok, perloe njawang marang Oekiran. Nalika barang-barangé dipriksa déning oetoesané Sang Praboe, ana sidji sing dioempetaké, ja-ikoe kèker (verrekijker) piranti kanggo ndeleng . barang kang adoh. Ikie kang dienggo njawang kapal-kapalé perang moengsoeh; bareng wis terang panjawangé, bandjoer bali menjang Maðenða, perloe ndjoepoek

ḍaḍoeng lan blébékan wesi pirang-pirang. Ḍaḍoeng ing Kabadjangan ikoe geḍé-geḍéné moeng sakenoer lajangan, moelané bandjoer diploentoe manèh rangkep teloe oetawa papat. Blébékané wesi paḍa diplengkoengaké didadèkaké ganṭol, bandjoer paḍa ditrapi ḍaḍoeng, saben ganṭol sidji ḍaḍoeng sidji.

Olèhé gawé ḍaḍoeng kang dipasangi ganṭol mangkono ikoe olèh sèket, bareng soré bandjoer digawa menjang pasisir lor, ing panggonané njawang kapal perangé moengsoeh, kaseboet ing ḍoewoer. Toewan Gulliver satekané ing kono, bandjoer tjoetjoel djas, sepatoe lan kaos, nganggo klambi waloelang lan tesmak kang geḍé, perloené soepaja panahing moengsoeh adja nganti toemama marang awaké. Sawisé mangkono bandjoer njabrang ing sagara, wiwitané ngroebjoek, nanging ora soewé djeroning banjoe dadi sagoeloe, moelané bandjoer nglangi. Ora nganti sapanginang soewéné toewan Gulliver wis tekan ing sabrangan, tjeḍak kambi kapal-kapalé perang moengsoeh. Ing nalika ikoe ing kapal perang lagi baé moeni tengarané wong mapan toeroe. Moelané wong ing kapal ora bakal énggal paḍa weroeh tekané toewan Gulliver, jèn adjaha kapal-kapalé bandjoer paḍa gondjing déning ombak geḍé kang djalaran saka ing panglanginé toewan Gulliver.

Kagèté para pradjoerit ing kapal-kapal perang wis ora kena winirasa, bareng paḍa weroeh ana danawa teka saka ing satengahing sagara marani kapal-kapalé. Akèh kang paḍa salang-toendjang njegoer ing sagara, nglangi menjang ḍaratan; ana oega kang paḍa bloeloengan mlajoe asasaran ana ing ḍèk kaja wong baring, ana kang nḍelik loemeboe ing kamar-kamaring kapal. Oepsir-oepsiré wis ora bisa nata marang pradjoerité sabab ora ana kang mradoeli marang abané.

Bareng tcewan Gulliver tekan ing panggonané kapal-kapal perang, ḍaḍoeng kang paḍa dikaloengaké ing goeloené dioetjoeli, saroepané kapal paḍa ditrapi gawané ganṭol sidji-sidji, poetjoeking ḍaḍoengé toemoeli ditalèkaké dadi sidji, nganti kapal-kapal maoe kena disèrèd bebarengan. Ananging bareng disèrèd isih angèl; moelané bandjoer disloeloepi, ranténing djangkar paḍa ditatasi kabèh.

Ora antara soewé para pradjoerit ing kapal-kapal perang maoe kagèté paḍa sarèh, toemoeli paḍa ngoedani panah marang

toewan Gulliver. Toedjoené toewan Gulliver nganggo klambi waloelang lan tesmak, dadi awak lan mripaté pađa kalis ing panah; éwadéné sarèhné panahé akèh banget, dadi tangan, goeloe lan rainé pađa kena ing panah. Ananging toewan Gulliver ora pisan-pisan gigrig atiné, poetjoeking ðađoeng kang wis ditalèkaké dadi sidji maoe, bandjoer ditjekel kentjeng, kapal perang 50 idji toemoeli disèrèd manengah.



Gambar 3.
Kapal perang 50 idji toemoeli disèrèd manengah.

Bareng wong ing Oekiran weroeh, jèn kapalé perang pađa digawa loenga déning danawa, banget ing pangoengoen lan tjiliké atiné, wong sanagara pađa prihatin. Moeng toewan Gulliver kang ngénak-énak nglangi bali menjang Kabadjangan nggawa djarahané.

Sang Praboe ing Kabadjangan kambi abdi-abdiné para prijaji ing kaḍaton, para djéndral lan para admiraal paḍa ngentèni baliné toewan Gulliver ana ing gisik. Ing batin paḍa koewatir, bokmanawa ora olèh gawé, sabab tékad kang dilakoni ing toewan Gulliver ikoe satemené moela pantjèn gawat banget. Koewatiré sangsaja banget, nalika toewan Gulliver katon teka. Ing nalika ikoe panoedjoe paḍang remboelan, toewan Gulliver katon nglangi dietoetaké ing kapal perangé moengsoeh; panjanané kang paḍa ngentèni: toewan Guilliver diboeroe ing kapal perangé moengsoeh.

Ananging bareng wis tjedak, toewan Gulliver ngoemboelaké tangané kang njekeli poetjoeking ḍaḍoeng kang kanggo nantjangi praoe kapal perang maoe, kambi moeni: „Moegi-moegi loehoera Sri Maha Radja ing Kabadjangan! Pedjah gesanging mengsahipoen sampoen kaasta ing astanipoen.” Ing nalika ikoe soekaning panggalihé Sang Praboe sabalané, wis ora kena winirasa. Kabèh bandjoer paḍa soerak: „Horé, horé! Oenggoel, oenggoel!” sarta paḍa boengah-boengah, mlajoe ngalor-ngidoel, ngétan-ngoelon, ana kang paḍa nggoeje, ana kang paḍa nangis, kabèh djalaran saka ing boengahé. Wong sing soegih lan sing miskin, sing gedé lang sing tjilik, paḍa rangkoel-rangkoelan kambi ora lèrèn-lèrèn olèhé paḍa ngalem marang kadigdajané toewan Gulliver, déné bisa ndjarah praoe-praoené kapal perang moengsoeh, saangkatan baé kena kabèh. Ora antara soewé bandjoer moeni moesik, kapal-kapal perang ing Kabadjangan paḍa katon teka, pradjoerité paḍa baris parade, saroepaning omah paḍa masang bandéra, sadjroning nagara paḍang goemebjar, djalaran saroepaning lampoe lan lentéra paḍa disoemedi kabèh, dadi paḍang kaja rina.

Bareng toewan Gulliver mentas, bandjoer sowan ing ngarsané Sang Praboe; Sang Praboe banget ing pangalem-banané. Toewan Gulliver diwastani sing ngloewaraké tanah Kabadjangan saka ing pakéwoeh gedé, moelané banget panedjané Sang Praboe marang lelaboehané toewan Gulliver. Toewan Gulliver sanalika kinawoela-wisoeda sinengkakaké ingaloehoer dadi Wadana-admiraal, ja-ikoe sénapatiné pradjoerit laoetan, sarta didadèkaké pepatib, olèh seseboetan Adipati.

Mangkono oega ing kaḍaton bandjoer ana pista gedé, toewan Gulliver diladèni ḍeḍaharan kang pèni-pèni sarta inoèman kang aloes-aloes. Pista ing kaḍaton ikoe nganti wajah ésoek lagi boebaran. Kadjaba saka ing ikoe nganti pirang-pirang dina wong ing Kabadjangan nggoné paḍa ramé-ramé. Kang mangkono ikoe moela pantjèn pantes banget, djalaran ora lawas olèh katrangan jèn kapal perang kang didjarah déning toewan Gulliver ikoe mèh ana teloeng-prapaté kapal perangé moengsoeh kabèh.

Watara let teloeng minggoe saka ing pandjarahé kapal-kapal perang maoe, ing Kabadjangan katekan oetoesan saka ing Oekiran, njowoen bedami, ing salawas-lawasé adja nganti peperangan manèh.

Toewan Gulliver diangkat déning Sang Praboe dadi panggedéning koemisi kang bakal ngremboeg olèhé arep beḍami karo oetoesan saka ing Oekiran. Kang mangkono ikoe sawidjining pangadji-adji kang gedé banget, nganti ndadèkaké panasing atiné para minister ing Kabadjangan.

Toewan Gulliver olèhé gawé pradjandjian ora abot, nanging adil, dadi ngantarani, jèn lawas olèhé bakal tentrem ora ana perang. Oetoesan ing Oekiran banget boengahé, pradjandjian maoe ditampani ora nganggo ndjaloek owahé saṭiṭik-ṭiṭika, sabab kang maoe panjanané, meṣti bakal olèh pradjandjian kang abot banget.

Ananging Sang Praboe sarta raad-nagara ora paḍa mrajogakaké marang pradjandjian maoe, semoené ora paḍa kèlingan, jèn oenggoelé ing Kabadjangan ikoe marga saka ing kadig-dajané toewan Gulliver. Pamanggihé Sang Praboe, pradjandjian maoe kengowelen marang moengsoeh; karsané Sang Praboe tjotjog karo panemoené raad-nagara, pradjandjiané koedoe diboti nganti moengsoehé ilang kakoewatané. Ananging toewan Gulliver kentjeng panemoené, pradjandjian maoe adja nganti diowahi. Bareng panemoené toewan Gulliver ing semoe ora bakal digoegoe, bandjoer prasetya: jèn ing Kabadjangan nganti kalakon perang manèh karo ing Oekiran, toewan Gulliver ora arep mitoeloengi manèh, samono ikoe, jèn Sang Praboe ora karsa netepaké kaja panoewoené toewan Gulliver maoe. Toewan Gulliver doewé pangira, jèn pradjandjiané

diaboti, mesji ratoe ing Oekiran ora bakal gelem nampani, ora woeroeng bandjoer perang manèh.

Sanadjan kang mangkono ikoe ora dadi karsané Sang Praboe, éwadéné ditoeroeti, nanging wiwit nalika samana sihé Sang Praboe marang toewan Gulliver sirna.

Woesana pradjandjiané beđami sida ditetepaké kaja pandja-loeké toewan Gulliver, para oetoesan ing Oekiran noeli arep pađa bali, perloe njoewoenaké asma lajangé pradjandjian marang ratoené. Ananging sadoeroengé mangkat para oetoesan maoe pađa nemoni toewan Gulliver disik, perloe awèh panarima djalaran saka ing gedéning pitoeloengé marang wong ing Oekiran. Mangkono oega para oetoesan nglairaké pangadjeng-adjenging ratoené, ja-ikoe kepéngin disowani ing toewan Gulliver. Toewan Gulliver oega sagoeh sowan, dèwèkné pantjèn kepéngin soemoeroep kahanané ing Oekiran. Para oetoesan bandjoer pada pamitan mangkat moelih marang nagarané.

Bareng toewan Gulliver sowan ingarsané Sang Praboe ing Kabadjangan, matoer njoewoen palilah arep loenga menjang Oekiran, kepéngin weroeh kahanané ing kana. Sang Praboe oega maringi palilah, nanging katara saka ing pasemon, jèn ora dadi kaparenging panggalihé, sarta kenané mangkat oega doeroeng diđawoehaké. Bareng toewan Gulliver njoewoen pirsá, kapan kaparengé mangkat, Sang Praboe kèndel baé, ora karsa paring wangsoelan.

Katjarita sawidjining soré lagi baé toewan Gulliver toeroe, toemoeli kagèt déning pambengoking wong akèh, ja-ikoe pađa alok-alok : „Omah kobong, omah kobong!” Panjanané toewan Gulliver, omahé dèwé kang kobong, moelané énggal tangi bandjoer metoe. Ananging bareng tekan ing djaba weroeh, jèn kang kobongan ikoe ing kađaton; ing sanđoewoering nagara koekoesé koemeloèn sarta geniné ngalad-alad manđoewoer kaja soenđoel-soendoela ing langit. Goemroedoeg wong kang arep pađa tandang, parané kabèh pađa menjang kađaton.

Toewan Gulliver bandjoer mlajoe menjang gisik, sepatoené kang sidji dikebaki banjoe, bandjoer bali menjang kađaton, banjoe kang ana ing sepatoe disok ing geni moeroeb, kang lagi ngroesak ing kađaton. Genine sanalika sirep, toewan Gul-

liver bandjoer bali moelih kalawan marem ing ati, ora sowé toeroe manèh.

Ananging toewan Gulliver lagi apes! Minister financiën, ja-ikoe minister kang njekel banda-béjaning nagara, wis lawas olèhé sengit marang toewan Gulliver, djalaran taðahé pangan akèh banget. Minister ikoe boengah banget ing ati weroeh Sang Praboe, olèhé ngandika marang toewan Gulliver nalika njoewoen palilah arep menjang ing Oekiran, wis ora patia



Gambar 4.

Banjoe kang ana ing sepatoe disok ing geni moeroeb, geniné sanalika sirep.

soemanak kaja dèk bijèn. Kang mangkono ikoe arep digawé lantaran kanggo matèni toewan Gulliver, moelané bandjoer ngoendjoeki oeninga ingarsané Sang Praboe, jèn kapitoenaning nagara kang marga déning gedéning bandjir, loewih gedé tinimbang karo jèn kaḍatoné Sang Praboe kebandjoera kobong nganti enték-entékan. Mangkono oega diterangaké manèh, jèn toewan Gulliver lastari pamanggoné ana ing Kabadjangan, ḍoewit nagara masṭi sangsaja tipis, djalaran taḍahé toewan Gulliver akèh banget.

Sang Praboe toemoeli nimbali para warganing raad-wadi, nanging toewan Gulliver sanadjan miloe dadi warga, éwadéné ora miloe ditimbali. Bareng para warganing raad wis ngloempoe, Sang Praboe ḍawoeh marang minister financiën, ndikakaké mratélakaké manèh goegaté marang toewan Gulliver, ja-ikoe olèhé gawé kapitoenaning nagara.

Kadjaba saka ing ikoe admiraal pradjoerit laetan ing Kabadjangan oega moewoehi goegat. Sarèhné toewan Gulliver dadi Wadana-admiraal, dadi sawisé bisa ndjarah kapalé perang moengsoeh kang akèh, toewan Gulliver pantjèné kawadajiban ngrosak kapal perang kang isih kari. Ananging toewan Gulliver nglirwakaké kawadjabané kang samono gedéné ikoe dadi tetep tjidra marang nagara.

Mangkono oega ana warganing raad-wadi kang ndakwa marang toewan Gulliver: ngiloni moengsoeh, djalaran nalika remboegan bab beḍami, toewan Gulliver tansah ngréwangi oetoesan ing Oekiran, sanadjan ana ngarepané wong akèh oetawa ḍeḍéwékan. Kang mangkono ikoe tegesé ora lija ija tjidra ing nagara.

Woesana pamité toewan Gulliver arep menjang Oekiran ikoe ija didakwa arep ngodjok-odjoki ratoe ing Oekiran, soepaja nantanga perang manèh karo Kabadjangan, arep dibantoe.

Moelané toewan Gulliver doewé tindak kang samono, kirané raad ora ana manèh moeng soemedyana ngloengsoer Sang Praboe saka ing kapraboné, soepaja awaké déwé bisaa madeg dadi ratoe, ngerèhaké nagara ing Kabadjangan kabèh.

Saroepaning dakwa lan panemoe maoe kabèh dimiḍangetaké déning Sang Praboe; sanadjan Pandjenengané satemené ora

Lelakoné Gulliver.

3.

nggega, malah paring ènget, jèn oenggoelé ing Kabadjangan moeng marga saka ing kekendelané toewan Gulliver, éwadéné rasaning remboeg meksa mratélakaké, jèn toewan Gulliver ikoe wong ala. Moeng ana minister sidji, ja-ikoe minister darah, kang wani mratélakaké, jèn para minister ing Kabadjangan ikoe paða ora weroeh ing panarima. Lelaþoehané betjik toewan Gulliver marang nagara diterangaké kabèh sarta doewé pandjaloek, toewan Gulliver ditekakna ing ngarepaning raad, soepaja ndjawaba saroepaning dakwa maoe.

Ananging panemoené minister darah ikoe ora dimoepakati déning raad.

Ing semoe para minister maoe wis paða saéka-praja arep matèni toewan Gulliver, moelané pantjasaning pangadilan loehoer: toewan Gulliver ditetepaké kaloe poetan tjidra marang nagara sarta kapatrapan paoekoeman: disirnakaké pandelengé sarana dipitjakaké mripaté karo pisan. Olèhé arep nindakaké paoekoeman ikoe ditemtokaké mangkéné: ing nalika toewan Gulliver toeroe, mripaté karo pisan koedoe diobong déning dokter mripat kang tinoedoeh, sarana poetjoeking toembak kang mengangah dadi wesi bang.

Sang Praboe oega mangajoe-bagja marang pantjasan kang mangkono ikoe, ora ana karsané ngowahi saþitik-þitika.

Moeng minister darah kang roemasa wadajib awèh weroeh marang mitrané ing bab bebaja kang bakal nekani. Panemoené ikoe dilaksanani sadoeroengé lajang poatoesané diasmani déning Sang Praboe.

Toewan Gulliver bandjoer nemtokaké apa kang arep dilakoni.

Atiné lara banget, déné Sang Praboe lan para ministeré paða ora weroeh ing panarima. Moelané sanalika koeþa kra-djaning nagara ing Kabadjangan arep digempoer, digawé rata karo lemah; ananging bareng dipikir dawa, roemasa kliroe, sabab kang loepoet lan kang ora loepoet bakal paða nandang kasangsaran kabèh. Moelané kekentjenganing panemoené, nalar ikoe moeng arep dirampoengaké sarana loenga saka ing Kabadjangan baé.

Tekané kongkonané kadjinemané minister darah maoe ing omahé toewan Gulliver wis wengi; bareng kadjineman wis loenga, toewan Gulliver bandjoer tata-tata, saroepaning doe-

wèké dikloempoekaké. Sarampoengé olèhé tata-tata, bandjoer dandan, ngantjingi lawang lan djendéla, toemoeli mapan toeroe isih dandan. Ing wajah bangoen raina tangi, klasa-bantalé ditalèni; bandjoer digawa karo bandané kabèh, lakoéné ngener marang pasisir. Satekané ing plaboehan, milih kapal perang sing gedé sidji, ja-ikoe kapal perang djarahan saka ing Oekiran; gegawané kabèh dimotaké ing kono, djangkaré dioenggahaké, toemoeli kapalé ditjantjang nganggo daçoeng. Sawisé mangkono, bandjoer nggeboer ing sagara, nglangi menjang plaboehan ing Oekiran kambi nggèrèd kapal sing momot barangé. Wong kang djaga ing plaboehan Kabadjangan banget ing kagèté, nanging sadoeroengé bisa ngoenèkaké tengara, toewan Gulliver wis ora katon, kaling-kalingan déning peçoet.

Lakoéné toewan Gulliver slamet tekan ing plaboehan Oekiran; wong ing kono paða banget ing boengahé katekan toewan Gulliver Djalaran wong ing satanah Oekiran wis paða weroeh, jèn nalika beðami akèh banget pitoeloengé toewan Gulliver marang Pandjenengané Sang Praboe ing Oekiran. Awit saka pandjaloeké toewan Gulliver ana wong sing ngatoeri pirsá marang Sang Praboe, jèn toewan Gulliver teka ing kono kepéngin sowan ingarsané. Antara let sadjam toewan Gulliver nampani dawoeh, jèn Sang Praboe sapanðèrèké woes sedija ana ing ara-ara saloring nagara, ngentosi pisonané toewan Gulliver.

Toewan Gulliver énggal sowan. Bareng tjedak, Sang Praboe toemègak saka titihané koeda, sarta Sang Pramèswari toemègak saka ing titihané rata, kaðèrèkaké ing para poetri. Toewan Gulliver bandjoer djèngkèng, ngaras astané Sang Pramèswari, toemoeli moendjoek marang Sang Nata, jèn wis lawas olèhé kepéngin weroeh nagara ing Oekiran. Oega matoer barès, jèn loengané saka ing Kabadjangan ikoe dapoer minggat, sabab laboehé betjik marang nagara arep olèhé wewales ala. Moelané saiki njoewoen pangaoeban marang Pandjenengané Sang Nata.

Sang Praboe sagah ngajomi marang toewan Gulliver, sarta maringi pambagé slamet ing satekané ing Oekiran. Sang Praboe bandjoer ndawoehaké paréntah, soepaja bakal pondokané toewan Gulliver ditataa; toewan Gulliver dililani

ngambah ing ngendi-endi sakarepé, anggeré adja nganti ngroe-sakaké tandoeran lan adja nganti agawé pitoenaning kawoelané Sang Praboe. Pawon ing kaḍaton tanpa ḍawoeh njeḍijani pangané toewan Gulliver.

Moenggoeh saka panemoené toewan Gulliver wong ing tanah Oekiran ikoe woedjoedé loewih gedé lan pawakané loewih santosa tinimbang wong ing Kabadjangan. Saben dina toewan Gulliver tansah ndjadjah ing satalatahé poelo Oekiran, nanging kang disenengi ḍéwé dolan ana ing gisik, sabab ndoewèni pangarep-arep, bokmanawa bisa weroeh praoe liwat. Ananging pangarep-arepé ikoe tanpa wasana.

Katjarita ing sawidjining dina wajah bengi ing Oekiran ana prahara gedé. Ésoké toewan Gulliver dolan-dolan menjang gisiking sagara ing pasisir wétan, kagèt weroeh sekotji gawéjan Europa mengkoereb kampoel-kampoel katoet ing ombak ora adoh saka ing gisik. Kira-kira ikoe sekotjiné praoe gedé kang benginé mentas katempoeh ing prahara, sekotjiné pisah, bandjoer katoet ing ombak. Sanalika toewan Gulliver nggebjoer ing sagara, nglangèni sekotji; bareng ketjandak, bandjoer digawa nglangi minggir sarta dientasaké ing ḍaratan pisan.

Toewan Gulliver bandjoer djèngkèng sjoekoer ing Pangéran; djalaran ing nalika ikoe doewé pangarep-arep kang mantep, jèn bakal bisa bali menjang nagarané manèh, ketemoe kambi bodjo lan sadoeloer-sadoeloeré. Banget maremé ing ati toewan Gulliver bandjoer bali menjang nagara, njoewoen sowan ingarsané Sang Praboe; bareng wis sowan toemoeli ngatoeraké lelakoné sarta kanijatané kabèh. Toewan Gulliver njoewoen oendagi toekang gawé praoe teloeng-atoes, soepaja mitoeloengana olèhé arep ndandani sekotji temon maoe nganti kena dienggo lajaran. Sabab sekotji ikoe nijaté arep dienggo tékad-tékadan metoe saka ing poelo Oekiran menjang tengah-tengahing sagara, bokmanawa bisa weroeh oetawa kepapag praoe gedé kang pinoedjoe lajaran ana ing kono.

Sang Praboe ḍangan banget ing galih karsa mitoeloengi marang toewan Gulliver, moelané bandjoer aparing ḍawoeh, toewan Gulliver diparingana oendagi teloeng-atoes soepaja mitoeloengana olèhé arep ndandani sekotji. Satemené moela

pantjen kebeneran, sabab minister financiën ing kono oega wis tjaos oendjoek marang Sang Praboe, jèn danawa Gulliver kelawasen olèhé ana ing Oekiran, wis mesti doewiting nagara bakal kakéhan entèké, toer ora woeroeng reganing redjeki oega bakal moendak larang. Sang Praboe karsa tindak pijambak inirsani sekotji temon maoe menjang gisik; kabèh sapanðèrèké paða goemoen banget weroeh gedéning sekotji, déné toewan Gulliver ana ing kono bisa linggih, bisa ngadeg, sekotjiné ora nggoling.

Toewan Gulliver saktjané oendagi teloeng-atoes olèhé toemandang-gawé rina-wengi, nganti rampoeng babar pisan. Bareng sekotji wis betjik kena dienggo, toewan Gulliver bandjoer wiwit kekloempoek sangoe, dimotaké ing sekotji.

Katjarita ana oetoesané ratoe ing Kabadjangan teka ing Oekiran, perloe nimbali toewan Gulliver énggala bali, sabab pamité wis entèk. Jèn toewan Gulliver mopo, bakal katetepaké tjidra ing nagara, kapotjot olèhé dadi Wadana-admiraal sarta pepatih ing Kabadjangan, sarta mitoeroet anggering nagara bakal kapatrapan paoekoeman pati.

Mangkono oega oetoesan maoe ija ngemban dawoeh kang katoer marang Pandjenengané Sang Praboe ing Oekiran, jakoe Sang Praboe ing Kabadjangan kagoengan pangadjengadjeng: jèn toewan Gulliver mopo, soepaja Sang Praboe ing Oekiran karsaa dawoeh mbalenggoe tangan lan sikilé, bandjoer katoempangna ing gètèk kang gedé, digawa menjang Kabadjangan, soepaja nglakonana paoekoeman kang woes dadi beneré. Jèn Sang Praboe ing Oekiran ora karsa nglaksanani pangadjengadjengé ratoe ing Kabadjangan, ora woeroeng pamitrané nagara loro ikoe bakal rengat, wekasan noewoehaké perang manèh.

Sang Nata ing Oekiran nganti teloeng dina olèhé rembagan ana ing raad karo para minister-ministeré, ing bab pangadjengadjengé ratoe ing Kabadjangan maoe. Sawisé tinemoe remboegé, bandjoer paring wangsoelan marang oetoesan ing Kabadjangan, mangkéné: prakara bakal baliné toewan Gulliver marang Kabadjangan Sang Praboe pasrah marang oetoesan, sabab Sang Praboe roemaos ora katjonggah mbalenggoe toewan Gulliver kalawan roda-paksa; kang mangkono ikoe wong ing

Kabadjangan déwé ija wis weroeh. Andjaba saka ing ikoe toewan Gulliver wis gawé praoe gedé, arep dienggo loenga adoh; ikoe Sang Praboe ing Oekiran ija ora ketjonggah ngalang-alangi.

Mangkono ikoe wangsoelané Sang Praboe marang oetoesan ing Kabadjangan; oetoesan toemoeli dililani moendoer.

Toewan Gulliver kongkonan ngatoeraké sembah-panoewoené marang Sang Praboe, déné poetoesianing raad ngowel marang awaké sarta ngatoeri oeninga soepaja dèwèké adja nganti gawé kasoehaning nagara ing Oekiran, arep toemoeli mangkat loenga, moeng ngentèni palilahé Sang Praboe.

Sang Praboe toemoeli maringi palilah. Sang Praboe sagar-wa-poetra sarta sapanèrèk pađa rawoeh ing plaboehan arep maringi slamet sarta mirsani mangkaté toewan Gulliver. Toewan Gulliver bandjoer njoewoen pamit sarana djèngkèng ana ingarsané Sang Praboe. Sang Praboe maringi pasangan aroepa doewit emas sèket kantong, isi ngrong-atoes idji, sarta maringi tanđa katresnan aroepa gambar salirané Sang Praboe, gedéné pađa karo salirané. Andjaba saka ing ikoe toewan Gulliver disangoni dagingé sapi satoes lan weđoes teloeng-atoes, banjoe ngombé satoes tong lan anggoer sèket tong; kéwan oerip: sapi nenem, banjèng loro, weđoes wadon nenem lan weđoes lanang nenem; kambi soeket lan beras kinira satjoekoepé.

Sawisé pamit-pamitan kambi wong akèh, toewan Gulliver ing wajah djam nem ésoek mantjal saka ing plaboehan ing Oekiran parané ngalor; wong kang ana ing darat pađa soerak-soerak aramé. Kabeneran anginé saka ing kidoel-wétan, dadi lakoening praoe lantjar banget, ora soewé gisiké ing Oekiran wis ora katon.

Sadina moepoet lakoéné toewan Gulliver ora lèrèn-lèrèn; bareng sorè lajaré pađa diroetjati, toewan Gulliver bandjoer ngglétak; saking sajahé ora soewé toeroe. Ing wajah mletèk srengéngé lagi tangi, lajaré bandjoer énggal-énggal dipasang manèh, lakoéné isih lastari ngalor bener baé. Ananging ing ngendi-endi ora ana praoe kang katon.

Watara djam teloe awan toewan Gulliver ndeleng nganggo kèkeré, weroeh ing kadohan ana praoe gedé lajar ngidoel-ngoelon. Akèh banget akalé soepaja sektjiné déwé katona



*II. Sawisé pamit-pamitan kambi wong akèh, nocli
mantjal saka plaboehan ing Oekiran.*

marang wong ing praoe lajar, nanging nganti soewé ora migoenani; wasana soewé-soewé semoené bisa katon. Tandjané: ing praoe lajar toemoeli ngoemboelaké gendéra sarta ngoenèkaké mrijem, nanging saking dohé toewan Gulliver isih koerang waspada marang gendérané. Ora antara soewé lakoening praoe dieneraké marang sektjiné toewan Gulliver.

Bareng praoené wis tjeđak, katon ana gendérané Inggris, ja-ikoe gendéra tanah woetah-getihé, saking boengahé toewan Gulliver krasa ngondok-onđok arep nangis. Bareng sektjiné wis tjeđak karo praoe bandjoer ditalèni, toewan Gulliver moenggah kambi nggawa gegawané kabèh.

Wondéné praoe lajar ikoe sawidjining praoe dagang Inggris, lagi teka saka ing nagara Tjina, arep bali menjang tanah Inggris, metoe ing samodra Gedé kang sisih lor. Kang mandégani praoe ikoe kapitan Riddel, sawidjining kapitan praoe kang wis misoewoer oenđagi; ikoe banget ing goemoené, déné ana ing sagara kang sepi mangkono kok kepag wong kang toenggal nagarané, lagi noenggang sektji ora karoewan parané.

Bareng toewan Gulliver wis kepénak, bandjoer wiwit njaritakaké lelakoné; kapitan Riddel wiwitané doewé pangira, jèn toewan Gulliver saking bingoengé dadi ndoewèni lara èngetan, moelané bandjoer ngomjang mangkono. Ananging toewan Gulliver bandjoer ngetokaké sapi, banțeng lan weđoesé saka ing pețèné, pađa disèlèh-sèlèhaké ing médjané toewan kapitan, pating kețimik mlakoe ngalor-ngidoel; ing kono toewan kapitan lagi ngandel marang tjaritané toewan Gulliver.

Mangkono oega toewan Gulliver ija noedohaké doewité mas peparingé ratoe ing Oekiran, karo gambaré Sang Praboe. Ing nalika ikoe ora ana wong kang ora ngandèl.

Lakoening praoe begdja tansah olèh angin betjik, ngliwati poelo Mađagaskar, bandjoer mandég ana ing Kaap de Goede Hoop perloe amèk banjoe ngombé; sawisé rampoeng, toemoeli mbandjoeraké lakoe moelih marang tanah Inggris.

Nalika tanggal kaping 2 April 1702 toewan Gulliver teka ing Bristol, ketemoe kambi bodjoné kang wis ora ngarep-arep, djalaran kinira wis tinggal-donja. Dadi enggoné loenga toewan Gulliver lawasé mèh teloeng taoen bener.

Radja-kajané olèhé nggawa saka ing Oekiran digawèkaké pangonan tjilik ana ing patamanané; bandjoer digawé tontonan sarana bajaran, nganti toewan Gulliver olèh doewit akèh. Pantjèné toewan Gulliver wis bisa oerip kepénak ana ing tanah Inggris, nanging sarèhné dasaré demen lelana, dadi ora betah manggon ana ing darat. Djalaran saka ing ikoe ora lawas dèwèké maleboe dadi dokter praoe manèh, arep miloe toewan kapitan Nicolaas lajaran ngoebengi boemi.

II.

Lakoené toewan Gulliver menjang ing tanah Kaboetan.

BAGÉAN I.

Tekané toewan Gulliver ing Kaboetan.

Katjarita dèk samana ing tanah Inggris lagi mangsa herfst, ja-ikoe saantarané mangsa panas lan mangsa adèm. Tetoewohan godongé paða ngrembaka; ing pasawahan, ing arara lan ing alas-alas akèh kembangé kang asri-asri. Kang mangkono ikoe kaja-kaja dadi pratanða pamité taoen kang lagi loemakoe, pamit marang saroeaning wong ing tanah Inggris kabèh, sarta pamit marang saroeaning wong, kang paða noenggang praoe kang aran *Avonturier*, kapitané toewan Nicolaas, lagi mangkat arep ngoebengi boemi.

Toewan Gulliver oega ana ing praoe kono dadi doktering praoe. Olèhé kepéntjoet marang lelakon kang élok-élok sarta kepénginé weroeh wong lan nagara mantja, agawé ora djenaké ana ing omah. Sanadjan omahé kepénak asri, éwadéné atiné ana ing omah ora bisa djendjem, kepéngin loenga adon, nggolèki pakéwoeh lan kangélan.

Lakoené praoe *Avonturier* kaleboe akèh kasoésahané, nanging ora nganti nemoni pakéwoeh kang gedé; wasana ngliwati pongolé tanah Afrika kang sisih kidoel, bandjoer soepitan Madagaskar. Ing kono ikoe anginé saben-saben witané betjik, nanging ora soewé adaté kerep bandjoer salin dadi prahara kang mbebajani toemrapé praoe-praoe, kang paða liwat ing kono.

Mangkono oega lelakoné praoe *Avonturier*.

Ing sadina moepoet ora ana angin, soréné ija doeroeng ana angin; lintang-lintang ing langit paða pating klentjar, pating krelip; ora ana wong sidji-sidjia sing koewatir bakal ana pakéwoeh.

Djoeroe-moeđiné ana kang djaga mlakoe-mlakoe ana ing ðèk sisih tengen. Kabèh wong ing praoe pađa ajem, ngroe-ngokaké ombak njempjok. Ora ana kang katon prihatin oetawa kroengoe ngesah. Kang djaga mlakoe-mlakoe ikoe djangkabé saja soewé saja kerep, pikirané lagi nglampra, moelih menjang nagarané.

Sanalika djoeroe-moedi kang djaga ikoe kagèt, tjiptané : „Arep ana apa iki, déné lintangé pađa ilang kabèh, langité ireng apeteng ? Mesti arep ana pakéwoeh.” Tjipta mangkono ikoe moela pantjèn bener, hawané lagi arep salin dadi ala, ora soewé mesti bakal ana prahara kang nggegirisi

Djoeroe-moedi maoe énggal menjang kamaré toewan kapitan, goegah-goegah sarana nořok lawang. Toewan Nicolaas bareng kroengoe lapoeré wong kang djaga, énggal dandan, nganggo topiné kang amba, toemoeli menjang ðèk, njekel komanđo, ja-ikoe ngepalani wong kang pađa njamboet-gawé. nDeleng pasemoné toewan kapitan wis teléla, jèn kaanané ing waktoe ikoe moetawatiri banget.

Ora soewé toewan kapitan keproengoe abané : „Kabèh pađa toemandang ing gawé ! saroepaning bolongan (djenđéla sapanoenggalané) ditoetoepi kabèh !” Lagi baé kang dipréntahi pađa toemandang, anginé gedé wis goemroeboeg nganti njoewèkaké lajar ing tijang kang nđoewoer, tiba ing ðèk kambi ðađoengé ; toedjoené ora ana wong kang ketiban oetawa kesampé. Para mantroes kang wis trampil-trampil énggal pađa mènèk arep ngoetjoeli lajar, nanging rekasa banget olèhé toemandang, djalaran lajaré wis pađa kisénan angin, dadi patingblendoek kentjeng banget, angèl tarik-tarikané. Lakoening praoe prasasat kaja disawataké

Abané toewan kapitan : „Taliné lajar dioetjoeli !’

Sawisé taliné lajar kang ngisor pađa oetjoel, lajar-lajaré bandjoer pađa njabeti tijang, nanging oega énggal ditjandaki déning para mantroes kang rosa-rosa, toemoeli diroetjati.

Praoe *Avonturier* prasasat kaja bařok krambil digawé dolanan déning aloen ana ing satengahing sagara.

Bareng lajaré wis diroetjati kabèh, — moeng kari sařitik ing tijang kang ngarep — lakoening praoe rada soeda rikaté. Sađéla-sađéla praoené kaja arep kependem ing saantarané aloen

loro, toemoeli kaja arep moenggah ing aloen kang ana ing ngarepé. Tijang-tijang pada pating gropak, tambang-tambangé pada njabet-njabet, blabag-blabagé pada menteloeng, kaja arep pada toegel-toegela. Sanalika ana banjoe njempjok moenggah ing dèk kang boeri, ngenani kang djaga nganti tiba; nanging kang nggentèni wis tjoemepak, dadi ora kapiran. Wiwit nalika ikoe sadéla-sadéla ana banjoe kang njempjok moenggah.

Nalika samana praoe *Avonturier* tansah kaja dioentjalaké déning ombak ngalor-ngidoel, ngétan-ngoelon, swarané pating krengkèt, pating grendjot, kaja arep remoek-remoeka. Toewan kapitan arep weroeh, menjang ngendi enering lakoéné praoené, ora bisa weroeh; djalaran, kedjaba lakoéné ora adjeg, pandomé oega ora bisa anteng, djaroémé moebang-moebeng ora karoe-karowan, dadi ora bisa noedohaké kéblat.

Mangkono oega anginé ija pidjer ngolah-ngalih baé. Tarka-dang njoeroeng praoe saka ing sisih tengen, nganti praoené kaja dibalangké mangiwa. Ananging lagi baé lakoéné rada adjeg bandjoer ana angin gedé saka ing kiwa, nganti praoené kaja arep nggoling manengen. Tarka-dang si praoe kaja disawataké madjoe.

Sarèhné petengé banget, saakal-akalé toewan kapitan olèhé arep njoemoeroepi kahanan ing sakiwa-tengening praoe, ora migoenani; mobat-mabiting praoe ikoe kang ngangèl-angèli,

Kang isih nggedèkaké atiné wong ing praoe, déné pada weroeh, jèn praoené nalika samana lagi ana ing tengah-tengah-ing sagara, sarta ora koewatir ketanggor ing karang. Kapitajan kang samono ikoe wis tjoekoep kanggo mbetahaké kro-daning prahara.

Nanging sarèhné ora weroeh doenoengé praoené ana ing endi, sarta parané menjang endi, dadi pangati-atiné toewan kapitan sangsaja banget; dèwèké roemasa nanggoeng njawané wong sapraoe, sarta roemasa nanggoeng kaslametaning praoené samomotané kabèh.

Jèn praoe lagi dioentjal-oentjalaké déning prahara, sadéla kaja disawataké ing sandoewoering aloen kang sagoenoeng-goenoeng doewoéré, bandjoer kaja ditjemploengaké ing djoe-rang kang djero, toemoeli digawé dolanan kaja bal, dibalangké ngiwa-nengen, wis masfi baé lakoening praoe ora kena ditiitèni

menjang endi parané. Apa manèh jèn groeboeing angin, swaraning aloen bebaroengan karo krengkèting praoe, ikoe wis prasasat lagi doemoenoeng ana ing samadyaning baris kang lagi tempoe. Nanging wong kang wis koelina lelakoe ana ing sagara, jèn panoedjoe lagi ana ing sadjroning pakéwoeh mangkono, pangroengoené sangsaja tengèn.

Mangkono oega kapitan Nicolaas ing nalika ikoe, sarèhné pandelengé saking petengé ora migoenani, dadi sing dienggo pangroengoené; olèhé nitèni owahing lakoené si praoe, dipirit saka saliné swaraning ombak kang njempjok.

Katjarita toewan kapitan njoba njandak kemoedining praoe, arep soemoeroep apa praoené isih kena dierèh; ing kono toewan kapitan sanalika krasa, jèn ana kang ngalang-alangi pange-rèhing praoe, bandjoer ditilingaké ana apa. Saka pangrasané toewan kapitan, krođaning sagara sangsaja moendak bangeté, panempoehing aloen sangsaja kerep, apa manèh aloen kang nempoeh ing sisih kiwa, kaja-kaja arep nggolingaké praoené manengen. Sarèhné toewan kapitan ndoewèni koewatir, bok-manawa praoené bandjoer katoet ing kali sagara (strooming) kang santer iliné ngener menjang sawidjining daratan, moelané bandjoer préntah marang djoeroe-moedi nomer sidji, dikon njekel kemoediné, dikon ngerèh madjoe bener baé; sawisé awèh préntah mangkono, toemoeli menjang dèk ngarep. Mantroes kang djaga ana ing pamandangan (uitkijk) ing tijang, dipréntahi sing ngati-ati, sing waspada pandelengé; dèwèkné dèwé bandjoer njawang mangarep, nanging ora weroeh apa-apa kang njamari. Moelané bandjoer bali menjang panggonané kemoedi; kaanané ing kono oega isih kaja nalika ditinggal, ora ana owahé sañtik-ñtika.

Saiki pepoentoning panemoené toewan kapitan, moeng arep ngichtijari, praoené adja nganti tekan ing kali sagara kang moetawatiri banget maoe. Bandjoer menjang kreteging praoe, awèh aba, soepaja lajar-lajaré pađa dipasang manèh sarta la-koening praoe dierèha menjang kéblat paraning angin.

Bareng lajaré wis pađa dipasang, praoené minger kambi njwara pating krengkèt, djalaran katempoeh ing angin gedé, ora soewé lakoené bener kaja karepé toewan kapitan. Nanging praoené bandjoer tekan ing kali sagara kang arep disingkiri maoe, dadi bandjoer katoet ing iliné kang santer.

Ora antara soewé mantroes kang djaga ana ing pamandangan alok: „Ngadjeng daratan!” Sakabèhé kang pađa kroengoe banget kagèt lan mirisé atiné, bandjoer pađa mandeng mangarep. Bandjoer ana sing alok manèh:

„Ing sisih tengen daratan!”

„Ing sisih kiwa daratan!”

Entèk atiné toewan kapitan njawang manengen bandjoer mangiwa. Ing sisih kiwa lan sisih tengen katon ana karang kang doewoer banget, prasasat mèh soenđoel ing langit, praoené tjoemlorot ana ing sela-selané, kaja panah dilepasaké saka ing gandéwa.

Toewan kapitan bandjoer aba: „Adjokna baé praoené!” aba mangkono ikoe ngoemandang déning tjeđak lan karang maoe. Praoené oega isih manoeet pangerèhing djoeroe-moeđi.

Praoe *Avonturier* toemoeli moenggah-međoen ing aloen manèh, ananging sanalika lakoéné bandjoer — kaja disoelap — dadi alon ana ing banjoe kang anteng. Karangé ing sisih kiwa lan sisih tengen wis pađa ora katon, lakoening praoe wis ora ana sing disamari; samono ikoe moeng nitik saka ing pandeleng ana ing petengan. Krođaning prahara, groeboeging angin sarta goemloeđoeging aloen, lamat-lamat isih keproengoe saka ing kadohan; ombaking banjoe alon panjempjoké marang praoe kang anteng lakoéné ana ing banjoe kang rata.

Toean kapitan bandjoer njeboet soekoer ing Pangéran, temboengé: „Banget soekoerkoe ing Goesti Allah, déné kaparingan loewar, slamet bisa mleboe ing sawidjining soenglon”. „Nanging ora antara soewé mantroes kang kapatah ndjadjagi djeroning sagara njoewara: „Kalih welas đepa!”

Toean kapitan bandjoer aba: „Djangkar ditjemploengaké!” sanalika djangkaré ditjemploengaké, swarané mak djegoer, praoené mandeg mak greg, ora obah.

Awaking praoe kang akèh-akèh, sarèhné sajabé banget, pađa dililani toeroe; moeng toewan kapitan kambi kantja satjoekoepé, pađa djaga ana ing ðèk; ora soewé, wong ing praoe pađa toeroe kepati.

Bareng wajah bangoen raina, ing sisih wétan wiwit ana trontong-trontong pađang, toewan kapitan moelat ngiwa-nengen ngarep-boeri. Ing kono katon, jèn praoené doemoenong

ana ing sawidjining soenglon, kambi sagara moeng kaelet-eletan sakètèng karang, lawangané tjijoet banget; dadi bisané maleboe ing soenglon kalawan slamet ikoe prasasat ditoe-loengi ing lelemboet. Ing satengening praoe, watara satoes mèter saka ing gisik, katon ana alas goeng liwang-liwoeng; nitik gedé-gedéning oewit-oewitané, alas ikoe alas toewa banget, oemoéré mesji wis atoesan taoen. Ing sakiwané katon ana ara-ara kañoekoelan ing soeket, doewoéré sadedeging wong. Ing tembing kanané alas, lamat-lamat toewan kapitan weroeh koekoosing geni, dadi semoené ing kono ana wongé.

Bareng awaking praoe wis pađa tangi, kang saparo pađa dipatah ndandani karoesakaning praoe, sing ngepalani oendaginging praoe. Déné kang saparo manèh, sawisé pađa sikep gegaman, bandjoer pađa noenggang sekotji nggawa tong wadāh banjoe, dikon golèk banjoe ngombé menjang daratan, sing ngepalani djoeroe-moeđi nomer sidji. Toewan Gulliver ndjaloek palilah marang toewan kapitan, arep miloe menjang daratan, arep weroeh kahanané ing pasisir, bokmanawa bisa nemoe tandoeran oetawa kéwan kang anèh-anèh; toewan kapitan oega ngilani.

Let saprapat djam wis pađa tekan ing gisik, olèhé pađa mentas ora rekasa; nanging ora pađa nemoni kali, belik oetawa sendang; tabeting wong oega ora ana. Awit saka préntahé djoeroe-moeđi wongé kang papat dikon kèri noenggoni sekotji, lijané bandjoer pađa mangkat golèk banjoe ngombé kang neras, oeroet gisiking sagara.

Déné toewan Gulliver golèk paran dèwé, arep ngoepaja tandoeran kang anèh-anèh, sabab ing kono tetoeoelané ketel sarta soeboer-soeboer banget. Bareng lakoené tekan ing panggonan kang gares sarta akèh pađasé, olèhé arep golèk tandoeran kemma, moelané bandjoer bali, arep menjang panggonané sekotji manèh. Ananging bareng tekan ing kono, goemoené doedoe-doedoe, déné weroeh kantjané — tanpa awèh tengara — wis pađa noenggang sekotji, arep bali menjang praoe, olèhé melahi abikoet, kaja wong diojak ing matjan. Toewan Gulliver arep njeloek bali menjang kantjané, nanging sanalika weroeh ana sipat manoengsa, gedéné ngédab-édabi, lagi ngroebjoek noetoeti kantjané, kambi nggereng saking nepsoené.

Gedéning danawa ikoe watara samenaning grédja, swarané kaja gloedog, banjoe kang diambah ing sikilé pađa moentjrat doewoer banget. Toedjoené sekotjiné wis rada adoh, sarta ing kono akèh karangé kelem kang landep-landep, dadi lakoening danawa katon rekasa.

Toewan Gulliver njoba arep noetoeti sekotji, ananging tangèh jèn bisaa, moelané bandjoer bali menjang daratan. Nanging ora antara soewé banget kagèté weroeh praoe *Avonturier*, satekané sekotji bandjoer mbabar lajar, mangkat alon metoe ing sekètèng karang, loemeboe ing tengahing sagara. Toewan Gulliver énggal moenggah ing karang satjedaké ing kono, bandjoer ngawé-awé menjang praoe, nanging tanpa gawé. Ora soewé praoené wis ora katon.

Saka ing karang panggonané ngadeg, toewan Gulliver bisa njawang ing daratan kalawan tjeťa ; ing kono toewan Gulliver weroeh, jèn tanahé ing daratan pađa ditandoeri kabèh. Nanging tandoerané béda banget karo kaanané ing kéné, doewoeré pađa ngéram-éramaké banget. Tandoerané pari gedéning daméné watara pađa karo deleging oewit-oewitan kang tjilik-tjilik ing kéné, doewoeré ora koerang saka sapeloeh mèter.


Toewan Gulliver toemoeli moelat moebeng, bandjoer moe-doen saka ing panggonané. Satekané ing ngisor, nemoe ratan amba, nanging anané ing kono moeng dadi dalan tjilik ana ing satengahé pasawahan. Toewan Gulliver nganti soewé olèhé mlakoe noeroet ratan ikoe, ananging ora bisa njawang mangiwa oetawa manengen, djalaran kaling-kalingan ing tandoeran pari kang doewoer banget. Barèng olèhé mlakoe watara wis olèh sadjam, tekan ing entèk-entèkaning ratan ; ingarepé ana oendak-oendakan toenda papat, gedé lan doewoeré ngéram-éramaké, doewoeré sidji-sidjining oendak-oendakan watara ana rong dedegé, dadi tangèh bisané moenggah. Ing sakiwa lan satengené oendak-oendakan ikoe ana džadabé, doewoeré doega-doega ana rong-poeloeh mèter. Barèng lagi golèk brobosan, sanalika weroeh ana danawa sidji teka saka ing sawah, gedéné lan santosané ngoengkoeli boeta kang noetoeti sekotji maoe. Saking kagèt lan wediné toewan Gulliver bandjoer nloesoep, oempetan ana ing sadjroning tandoeran pari. Saka ing pandelikané toewan Gulliver weroeh danawa maoe mandeg ngadeg

ana ing oendak-oendakan kang ndoewoer dèwé, moelat moebeng, bandjoer ngoendang kantjané swarané kaja gloedog, tangané soerawéan kaja awèh sasmita, nanging toewan Gulliver ora mangerti apa karepé; dawaning tangané watara ana sapoetjang. Sanalika ana kang soemaoer saka ing kadohan, swarané oega nggegeteri; ora soewé ana danawa nenem teka kambi njangkang arit, gedéning arit kira-kira tikel sapoeloh kambi arit loemrah. Wong kang oendang-oendang, jèn nitik roepa lan panganggoné, semoené loerahé kang pađa dioendang; sing teka bandjoer pađa dipréntahi, nanging toewan Gulliver ora mangerti, moeng pangoetjapé manis. Kang dipréntahi pađa manloek, toemoeli wiwit pađa mbabadi tandoeran pari ing panggonané ndelik toewan Gulliver.

Swarané olèhé pađa mbabadi tandoeran pari, wis prasasat blandong pađa negori kajoe ing alas. Saking kagèté toewan Gulliver bandjoer golèk dalan arep soemingkir, sabab koewatir, jèn kesrèmpèd ing arité, ora woeroeng babar pisan. Nanging lakoené ora bisa rikat, sabab tandoerané pari akèh kang kerep banget, sela-selané angèl dibrobosi. Bareng toewan Gulliver tekan ing panggonan kang tandoerané pari pađa roeboeh déning kodanan lan katempoeh ing prahara, roemasa entèk atiné, ora bisa bablas olèhé arep oempetan; mangka kang pađa babad sangsaja soewé sangsaja tjeđak.

Toewan Gulliver awaké krasa tjapé, ora doewé kakoewatan, entèk atiné bandjoer ngglétak ana ing legokan, soemedja ngentèni patiné. Ing nalika ikoe rasané atiné angles, kèlingan nggoné gampang ninggal tanah woetah getihé, ndjoeroengi hawa-nepsoené kepéngin weroeh ing paran, wekasan arep nemoni pati sija-sija.

Katjarita soewé-soewé danawa kang babad maoe sing sidji wis tjeđak banget kambi toewan Gulliver, nganti toewan Gulliver wedi, jèn kepidak oetawa kena ing arité, ora woeroeng babar pisan, moelané bandjoer ndjerit djalanan saking wediné. Danawané toemoeli lèrèn olèhé babad, njawang mangisor; bareng weroeh marang toewan Gulliver, bandjoer toemoengkoel arep ndekep; patrapé ngati-ati banget kaja wong arep ndekep beboeron tjilik kang doeroeng taoe disoemoeroepi. Toewan Gulliver arep njoba mloempat, arep mlajoe,



III. Toewan Gulliver mboekak topiné, bandjoer koermat ndingkloek.

nanging wis kasèp. Sabab doeroeng nganti bisa mloempat wis ketjandak, ditjekel déning danawa, didjapit ing djempolé lan dridjiné sidji, bandjoer dioemboelaké, diiling-ilingi, watara saka ing rainé danawa ana samèter. Toewan Gulliver ora lija moeng pasrah ing Pangéran; sanadjan pandjapiting dridji kaja noegel-noegelná iga, éwadéné maksa dibetah-betahaké nggoné anteng. Tangané digawé ngapoe-rantjang kaja patrapé wong ndjaloek ngapoera, bandjoer memelas sambaté, ndjaloek soepaja dietjoelna.

Si danawa semoené goemoen banget ndeleng polahé toewan Gulliver, bandjoer dilebokaké ing sak roempi, patrapé ngati-ati banget kaja wong marang kéwan tjilik kang langka anané. Sawisé mangkono danawa bandjoer gegantjangan menjang nggoné loerahé ja-ikoe danawa kang weroeh disik marang toewan Gulliver maoe semoené sawidjining boeta tani kang soegih. Boeta batoer toemoeli noedoehaké olèh-olèhané marang loerahé; loerahé ija banget ing goemoené. Toewan Gulliver diiling-ilingi awaké sakodjoer; sarèhné bafoeké kebak ramboet, dadi didamoni soepaja rainé katona tjeŕa, nganti toewan Gulliver keplepeken, mèh ora bisa ambekan. Boeta loerah toemoeli ngoendangi batoer-batoeré kabèh paŕa ditakoni apa sing oewis-oewis ing pasawahané ora taoe ana beboeron tjilik kang kaja mangkono. Kabèh wangsoelané, doeroeng taoe mranggoeli; moelané ing sabandjoeré dikon sing moelat bokmanawa isih ana toenggalé.

Bareng toewan Gulliver disèhèhaké ing lemah, bandjoer mlakoe wira-wiri, perloené kanggo noedoehaké jèn ora ndoewèni sedyá arep loenga. Saroepaning boeta kang ana ing kono paŕa ngroeboeng marang toewan Gulliver, demen ndeleng solahé. Toewan Gulliver toemoeli mandeg ngadeg ing ngarepé boeta loerah, mboekak topiné, bandjoer koermat ndingkloek, toemoeli djèngkèng kambi ngoemboelaké tangané kaja patrapé bangsa Europa ndjaloek sih-kawelasan.

Semoené boeta loerah bandjoer mangerti, jèn toewan Gulliver ikoe sawidjining titah kang doewé boedi, doedoe kéwan, tandané bandjoer kerep goeneman menjang toewan Gulliver. Nanging tjalatoené boeta loerah toewan Gulliver ora mangerti satemboeng-temboenga, moelané moeng diwangsoeli sarana

Lelakoné Gulliver

4.

gèdèg kanji pasemon takon karepé. Toewan Gulliver bandjoer njoba goeneman nganggo saroeaning basa kang dibisani genti-genti; danawa banget olèhé nilingaké, nanging tanpa gawé, sabab ora ana sing dimangertèni satemboeng-temboenga. Sarèhné ora paða bisa sapotjapan, dadi sabisa-bisa moeng paða nganggo sasmita baé olèhé paða nglahiraké karepé.

Boeta-boeta batoer toemoeli paða dikon njamboet-gawé, toewan Gulliver didjoendoeng alon-alonan, digawa mleboe ing-omah, arep ditoedoehaké marang bodjoné. Bareng bodjoné weroeh marang toewan Gulliver, bandjoer ndjerit sarta mlajoe kaja kaloemrahané wong wadon, jèn weroeh kéwan tjilik kang doefoeng taoe disoemoeroepi. Moelané ndjerit, djalaran wis taoe kroengoe sarta taoe matja tjarita, jèn ing sadjroning boemi ana wongé badjang, tjilik-tjilik banget, jèn dialani ing wong, bisa males agawé soesah. Dadi toewan Gulliver dikira panoenggalané wong badjang ikoe.

Sanadjan boeta wadon gilané banget, toewan Gulliver meksa digawa mleboe menjang kamar, bandjoer disèlèhaké ing médja. Wiwitané boeta wadon moeng wani ngindjen saka ing lawang, soewé-soewé bandjoer mleboe, njedak, wasana wani ngeloes-eloos,

Ora antara soewé sarèhné wis wajahé wong mangan awan, ana batoer teka nggawa basi isi olah-olahan, moenggoeh gedéning basi ngoengkoeli djembangan wedelan kang gedé; basi bandjoer disèlèhaké ing médja. Sing paða linggih arep mangan, kadjaba boeta lanang wadon isih ana manèh: botjah teloe, wadon sidji lanang loro, kambi boeta wadon toewa sidji, nganggo tesmak, gedéné ngéram-éramaké. Toewan Gulliver oega disèlèhaké ing médja mangan kono, bandjoer diirisaké iwak kambi roti déning boeta wadon, diwadahi ing basi kajoe dolanan botjah, bandjoer dieloengaké.

Toewan Gulliver koeremat ngingkloek marang boeta wadon, ngrogoh lading lan garpoe saka ing saké, bandjoer wiwit mangan; para danawa banget boengahé njawang. Toewan Gulliver oega diwènèhi anggoer ana ing gelas likeur (tjilik), éwadéné nggoné nampani maksa tangan loro bandjoer diombé minangka pamoedji slamet marang boeta wadon; para danawa kang paða mangan banget boengahé ndeleng.

Toewan Gulliver diawé marang boeta lanang, bandjoer marani ora nganggo wedi; nanging bandjoer ditjandak sikilé déning anaké lanang kang tjilik dèwé — pantjèn botjah ndoegal, lagi oemoer sapoeloh taoen — toemoeli didjoendjoeng dioebeng-oebengaké kambi digegoejoe. Toedjoené toewan Gulliver bandjoer ditjandak déning bapakné, disèlèhaké ing médja alon-alonan, toemoeli anaké ditempiling nganti moeni mak keplak. Toewan Gulliver diiling-ilingi awaké kambi diemèk-emèk, bok-manawa ana sing owah. Nanging toewan Gulliver bandjoer ngoebengaké topiné kaping teloe, minangka tanða, jèn awaké slamet ora koerang sawidji apa. Ing batin dèwèké koewatir, jèn bakal dialap-poelih déning anaké sing doewé omah, kang olèh tempiling saka ing bapakné maoe, sabab kaloemrahané botjah ndoegal mangkono wataké. Moelané toewan Gulliver bandjoer djèngkèng ana ngareping boeta bapa kambi noedingi anaké, sarta ing sabisa-bisané awèh sasmita warna-warna, kang karepé ndjaloekaké ngapoera anaké. Boeta bapa semoené nglegani pandjaloeké, sarta anaké toemoeli dililani ngeloes-eloos alon marang toewan Gulliver.

Sasoewéné paða mangan, sanalika koetjing kekasihé sing doewé omah teka, mentjolut menjang pangkoné boeta wadon sing toewa; gedéné koetjing ikoe watara paða karo sapi sing gedé. Bareng koetjing ikoe dieloes-eloos kambi dipakani, saking senengé bandjoer nggereng. Sarèhné woedjoedé medèni, dadi toewan Gulliver rada gila, nanging bareng weroeh, jèn koetjing ikoe ora mradoeli marang dèwèkné, ilang wediné bandjoer wani mlakoe-mlakoe ana ingarepé; bareng ditjedaki, malah koetjingé sing kagèt sarta wedi, bandjoer moendoer.


Nalika olèhé paða mangan wis arep rampoeng, ana batoer wadon mleboe, mbopong anaké sing doewé omah sing tjilik dèwé, watara lagi oemoer sataoen. Bareng botjah ikoe weroeh marang toewan Gulliver, bandjoer kerèh-kerèh kambi loendjak-loendjak, karepé ndjaloek dolanan betjik sing katon ikoe.

Bijoengé koerang dawa pamikiré, toewan Gulliver ditjandak, dioeloengaké marang anaké; wis mesji baé kaja kaloemrahané botjah tjilik dioeloengi apa-apa, toewan Gulliver bandjoer arep diemplok. Saking koewatiré toewan Gulliver sanalika gemborgembor ndjaloek toeloeng, nganti botjahé kagèt, toewan Gul-

liver diboewang. Toedjoené embokné trengginas nađhi sing diboewang nganggo srebèdè; adjaa mangkono wis mesji toewan Gulliver kebantiing, ora woeroeng babar-pisan. Botjahé dienengenengi déning embané sarana ngoenèkaké krontjongé; krontjongé ikoe awoedjoed wađah wesi boender, isiné krikil, ana ranténé dikaloengaké ing botjahé. Swarané mbrebegi banget, nganti toewan Gulliver ora bisa kroengoe lan ora weroeh apa-apa.

Bareng olèhé pađa mangan wis rampoeng, lawangé diengakaké, toemoeli ana asoe loro maleboe, gedéné sagadjah-gadjah, pađa moenggah ing médja, golèk lorodan. Ora soewé boeta lanang ngadeg, bandjoer metoe karo asoené, nanging nganggo meling marang sing wadon đisik, soepaja wongé badjang direksaa sing betjik-betjik, adja nganti nemoni apa-apa. Botjah-botjahé isih pađa kèri sadéla, boengah ndeleng toewan Gulliver mlakoe-mlakoe ana ing saantarané basi lan piring; loewih manèh anaké wadon, panjawangé marang wong badjang kedèptesmak, sarta pandjagané kaja marang barang kang gedé regané.

Saking sajahé toewan Gulliver krasa arip banget; boeta wadon mangerti, toewan Gulliver bandjoer didjoendjoeng, digawa menjang senjong panggonané toeroe, toemoeli ditoerok-



Gambar 5.

Tikoes mroe kang sidji ditoewek dadané, kapisanan mati ngenggon.

aké ana ing bantal sadjroning patoeroné sarta dikemoeli nganggo katjoe poetih kang amba. Ora soewé toewan Gulliver bisa toeroe kapénak; bareng watara wis olèh rong djam, tangi, djalaran kapèk déning swara, kang oega ana ing sadjroning patoeroné.

Sanalika woewoeh kagèté weroeh tikoes loro gedé-gedé; saopama adja tangia, ora woeroeng ditjakot. Mangka kang sidji wis tjedak banget karo rainé. Toewan Gulliver mloempat, narik pedangé kanggo roemeksa kaslametaning awaké; tikoes maoe kang sidji ditoewek dandané, kapisanan mati ngénggon tjedak kambi sikilé toewan Gulliver; sidjiné mlajoe soemranjal.

Sawisé mangkono toewan Gulliver bandjoer mlakoe-mlakoe ana ing sadjroning patoeron, sabab ora wani toeroe manèh; arep moedoen saka ing patoeron ija ora bisa, sabab doewoeré ora kedjamak. Ora antara soewé boeta wadon kang doewé omah teka, arep ndeleng toewan Gulliver; bareng weroeh olèhé mentas pantjakara, banget ing goemoené. Toewan Gulliver ditoempangaké ing tangané, dieloes-eloes, bandjoer digawa menjang kamaré anaké wadon; ana ing kono disèlèhaké ing médja. Ing nalika ikoe toewan Gulliver noedohaké pedangé kang goepak getih marang boeta wadon; katon ing semoe, jèn gedé banget atiné.

Boeta wadon toemoeli ngoendang anaké wadon, dikon ngreksa wongé badjang, sabab dèwèkné dèwé isih doewé pagawéan ana ing kebon; déné anaké wadon ikoe lagi oemoer sangangtaoen, botjah manis lan olèh piwoelang betjik.

BAGÉAN II.

Toewan Gulliver menjang kradjaning nagara.

Wiwitané toewan Gulliver wedi marang botjah wadon anaké sing doewé omah, sabab koewatir, jèn awaké bakal dienggo dolanan sakarep-karep. Ananging loepoet panjanané, sabab wekasané botjah wadon ikoe banget roemeksané marang toewan Gulliver, ing sabisa-bisa dikepénakaké awak lan atiné. Panggarapé marang toewan Gulliver kaja marang bonékahé. Diga-

wèkaké patoeron tjilik, ditoempangaké ing kréta tjilik pangejoenané bonékahé, nanging gedéné meksa tjoekoep kanggo toeroe toewan Gulliver. Salawasé toewan Gulliver ana ingomahé boeta tani, patoeroné ija ana ing kréta tjilik ikoe. Kréta tjilik ikoe diwadahi ana ing peṭèn pasagi; peṭéné disèlèhaké ana ing bandoelan, perloené: jèn toewan Gulliver toeroe, adja nganti dimoena-sika ing kéwan. Wah, kaja apa legané atiné toewan Gulliver, jèn mapan toeroe ana ing patoeroné kang empoe ikoe. Toewan Gulliver oega digawèkaké panganggo kanggo toeroe, bakalé mori sing aloes banget; nanging sanadjan aloesa dikaja apa, pangrasané toewan Gulliver isih loewih kasar tinimbang mori kang kasar ḍéwé, sing wis taoe disoemoeroepi.

Mangkono oega toewan Gulliver saben dina diwoelang basané wong ing tanah kono déning anaké wadon sing doewé omah maoe. Tjarané moelang wiwitané mangkéné: goeroené noedingi barang warna-warna kambi diarani djenengé. Lagi sawatara dina baé olèhé sinaoe toewan Gulliver wis akèh kawroehé temboeng, kena dienggo goeneman sawatara.

Toewan Gulliver déning goeroené diwènèhi djeneng „Gildrig”, kang bandjoer karan salawasé doemoenoeng ana ing tanah Kaboetan; moenggoeh tegesé djeneng ikoe ing temboeng Djawa: „wong badjang.”

Katjarita kabaré wis soemebar, jèn boeta tani maoe ana ing pasawahané nemoe sawidjining titah sing anèh, woedjoedé wis kaja wong, nanging gedéné moeng sadridji; doewé temboeng ḍéwé nanging oega wis rada mangerti basané wong ing kaboetan kono; jèn dipréntahi apa-apa, meṭi bandjoer dilakoni toemoeli; jèn dioendang, gelis marani sarta patjaké lan solah bawané taklim banget.

Noedjoe sawidjining dina boeta tani ketekan mitrané, sing omahé, ora patia adoh saka ing kono; perloené mrono arep ngjakinaké kabar sing soemebar maoe. Toewan Gulliver bandjoer dioenggahaké ing médja, dikon ngoenoes peḍangé, mboekak topiné sarta dikon koeremat nḍingkloek, tjekaké ditanggap kapinterané. Sing doewé omah diwènèhi remboeg déning mitrané, soepaja „Gildrig” dienggowa tontonan nganggo bajaran ana ing kèrmis; meṭi bakal akèh olèhé. Boeta

tani kapinoedjon ing ati; sarèhné ing nalika ikoe ing koeta satjedaké ing kono kebeneran lagi ana kèrmis, moelané arep toemoeli ditjoba. Toewan Gulliver toemoeli diwadahi ing does, digawa menjang kèrmisan. Anaké wadon oega didjak, soepaja ngopènana marang toewan Gulliver. Ing does wadahi toewan Gulliver maoe disèlèhi patoeron bonékah, soepaja empoeke. Ananging sanadjan mangkonoa toewan Gulliver meksa moemet, djalaran dalané banget olèhé moenggah mejoen.

Sanadjan moemet dikaja apa, bareng teka ing panggonan kang diparani, toewan Gulliver bandjoer digawa menjang loesmèn, dilebokaké ing kamar kang gedé, dikon ngadeg ing médja. Embané linggih ing koersi, ngarepaké médja, andjagani toewan Gulliver; saben-saben awèh aba, toewan Gulliver mitoeroet.

Kaja mangkono ikoe sing nonton gentèn-gentèn, saben-saben toewan Gulliver, koedoe: mlakoe moebeng ing médja, ngoenoes pedangé dienggo main pentjak, koemat ndingkloek, bandjoer koedoe mangsoeli pitakoné pamomongé nganggo temboengé ing nagara kono. Pamomongé kentjeng banget olèhé nglarangi sing pađa nonton, ora kena pisan-pisan nggepok marang toewan Gulliver; saben ana sing mleboe anjar, ija bandjoer dioendangi larangan maoe.

Boeta tani semoené akèh olèhé doewit, tanjané toewan Gulliver bandjoer digawèkaké omah tjilik apreki ana ing kono, sarta wiwit rada digoematèni. Sarèhné toewan Gulliver sadina moepoet ora lèrèn-lèrèn, soréné bandjoer tiba soemapoet. Olèhé ora kepénak toewan Gulliver rong dina lawasé; olèhé ngopèni embané ora ngoetjiwani; bareng mari, bandjoer wiwit digawé tontonan manèh, nanging ora pati srebeگان kaja kang oewis.

Boengahé toewan Gulliver kaja apa, bareng kermisé boebar, sarta awaké digawa moelih menjang omahé boeta tani manèh. Watara rong sasi ajémé atiné toewan Gulliver, toemoeli boeta tani — awit saka remboegé mitrané — doewé nijat arep mitoutonaké wongé badjang manèh, ija-ikoe menjang koeta kradjané tanah ing Kaboetan. Anaké wadon, djenengé Glumdalclitch, ija didjak manèh, dikon ngopèni toewan Gulliver sarta ngerèh kaja adaté. Omah panggonané toewan Gulliver, sing djrambah lan pageré moebeng dilangsé empoeke, panggawané sarana

dipangkoe déning Glumdalclitch, soepaja toewan Gulliver adja nganti banget-banget kontragé kaja kang oewis; omah maoe kedjaba dienggoni, oega dienggo waḍah sangoe pangané toewan Gulliver. Sadéla-sadéla, ija-ikoe saben ndjaloek, toewan Gulliver diwetokaké saka ing omahé, bisaa olèh hawa kang njegeri, sarta bisa njawang panggonan kang diliwati. Lakoéné boeta tani menjang kradjaning nagara ikoe noenggang djaran, sadina-sadinané olèhé mlakoe ora moepoet; bareng wis olèh sapoeloeh dina, paḍa teka ing nagara Ngawoe-awoe langit, kradjané tanah Kaboetan.

Ing sadalan-dalan, jèn mandeg, toewan Gulliver oega dipitontonaké nganggo bajaran, nganti olèhé ḍoewit boeta tani oega pantes. Djalaran saenggon-enggon akèh boeta kang merlokaké nonton marang wong badjang, kang moeng sadridji gedéné.

Satekané ing Ngawoe-awoe langit boeta tani bandjoer njéwa omah gedé, ana sapinggiring ratan kang ramé, tjedak banget karo kaḍaton. Bandjoer gawé wara-wara dipatjak ing lajang-lajang kabar, mratélakaké tekané wong badjang ing nagara kono; mangkono manèh ing ngendi-endi ditèmplèki oendang-oendang, oeniné mangkéné:

Moekdjidjat kaloka kadjana-prija. Dirèng naté wonten ing donja.

ALIT-ALITING MANOENGSA!!!

Sinten ingkang saged mlampah, énggal mangkata, sinten ingkang gaḍah paningal, énggal njatakna ḍatang moekdjidjat-ing Pangéran poenika, ing donja tanana maḍa.

Koela atoeri rawoeh, mirsani sarta anggalih!

Oendang-oendang ikoe pasah. Ésoeké ing wajah oemoen-oemoen, ing sangarepé omah paséwané boeta tani maoe wis akèh danawa kang arep paḍa nonton, nganti djedjel oejel-oejelan. Ing kono oega ana moesiké kanggo panariké wong nonton, swaraning moesik banget olèhé mbrebegi koeping. Saroepaning boeta kang entas paḍa nonton boengahé banget, ora oewis-oewis ing pangalemé; kabèh paḍa kanḍa, jèn doeroeng taoe weroeh tontonan kang kaja mangkono anèhé. Malah akèh danawa sardjana kang paḍa merlokaké nonton, sarta ramé olèhé paḍa madoe kahanan lan asalé toewan Gulliver.

Toewan Gulliver satemené mesakaké banget, sabab sadinané koedoe main ping sapoeloeh ana ing sandjoewoering médja, ja-ikoe mitontonaké apa kang kaseboet ing lajangé programma, kang ndadèkaké goemoené kang paða nonton. Sarèhné kawroehé bab basané ing nagara kono wis loemajan, dadi ija mangerti apa kang dadi rasanané boeta kang paða nonton.

Ananging sarèhné awak lan pikirané tansah rekasa banget mangkono, dadi sangsaja akèh tampané doewit boeta tani, sangsaja ndadèkaké soesahé toewan Gulliver, awit rasaning awaké sangsaja soeda-soeda kakoewatané. Woedjoeding awaké sangsaja koeroe, ndadèkaké banget welasé Glumdalclitch marang toewan Gulliver; nanging, sanadjan Glumdalclitch banget-banget olèhé ndjaloekaké lèrèn, éwadéné bapakné ora awèh, saben dina toewan Gulliver adjeg dikon njamboet-gawé. Bareng boeta tani doewé pangira, jèn wongé badjang ora woeroeng bakal mati, bandjoer doewé nijat arep didol sapajoe-pajoené, ora kégoeh ditangisi déning anaké

Katjarita nalika samana ana prijaji saka ing kaðaton teka, ja-ikoe oetoesané Sang Pramèswari, moendoet marang boeta tani, soepaja wongé badjang énggal digawaa sowan mleboe ing kaðaton, sabab Sang Pramèswari lan para poetri ing kaðaton wis paða mireng, dadi paða kepéngin mirsani ing woedjoedé. Boeta tani matoer sandika, bandjoer mangkat; ana ing dalan toewan Gulliver digirèn-girèni arep dipilara. jèn ana ing kaðaton nganti ngoetjiwani.

Sang Pramèswari soeka banget ing galih mirsani kalakoean, tenaga sarta kawroehé toewan Gulliver.

Toewan Gulliver djèngkèng ing médja ana ngarsané Sang Pramèswari; Sang Pramèswari ngoeloengaké astané, bandjoer ditjandak déning toewan Gulliver sarta diamboeng; kang mangkono ikoe toemrapé bangsa Europa minangka pakoermatan. Sang Pramèswari akèh-akèh pandangoené marang toewan Gulliver, wangsoelané toewan Gulliver, banget ndadèkaké soeka pirenaning galihé. Toewan Gulliver oega dida-ngoeloe, apa gelem ndjèrèk ing Pandjenengané dadi abdi badjang-an; kang mangkono ikoe pamanggihé Sang Pramèswari loewih betjik tinimbang mrana-mrana dadi tontonan mangkono. Atoer wangsoelané toewan Gulliver: jèn sing doewé

awèh, dèwèkné boengah banget dadi abdiné Sang Pramèswari; ananging doewé panoewoen adja nganti pisah karo goeroe lan pamomongé, ja-ikoe Glumdalclitch, awit pamoelasarané marang dèwèkné betjik banget.

Sang Pramèswari toemoeli ndangoe marang boeta tani, apa awèh wongé badjang dipoendoet toekoe; jèn awèh, kena diregani sing larang. Satemené boeta tani ing batin boengahé banget, nanging réwa-réwa abot olèhé arep ngetjoelaké toewan Gulliver. Bareng Sang Pramèswari sagah maringi sèwoe wang mas, bandjoer disoemanggakaké. Mangkono oega Sang Pramèswari aparing dawoeh, jèn anaké, Glumdalclitch, ija dipoendoet ana ing kañaton, soepaja lastari ngopèni marang wong badjang. Boeta tani ing batin oega banget ing boengahé sabab anaké bandjoer bisa olèh pagawéan ana ing kañaton; éwadéné lairé ija api-api abot banget nggoné arep pisah karo anaké. Anangin Glumdalclitch dèwé matoer sandika, banget boengahé diabdèkaké ing Sang Pramèswari, sarta sagoeh lastari dadi emban pamomongé toewan Gulliver.

Déné kang roemasa begdja lan boengah dèwé ja-ikoe toewan Gulliver, sabab bisa loewar saka ing tangané boeta tani, kang moeng nedya ngarah doewit, ora nganggo ngèlingi kawarasané toewan Gulliver.

Doewit patoekoné wong badjang toemoeli dibजारaké déning djoeroe gedongé Sang Pramèswari marang boeta tani; bareng sing adol wis loenga, toewan Gulliver didjoendjoeng ditoempangaké ing astané Sang Pramèswari, dibekta menjang kantoré Sang Praboe, soepaja Sang Praboe pirsaa.

Sang Praboe ikoe ora remen sesembranan, pada-wadanané ngengreng; moelané pangandikané marang Sang Pramèswari asemoe rengoe: „Pangrasamoe baé keprijé, déné kéwan tjilik mengkono kogawa mleboe menjang panggonankoe njamboet-gawé ngremboeg kaperloeaning nagara?” Sang Pramèswari semoené wis koelina menjang temboengé Sang Praboe mengkono ikoe, moelané ora moendoer. Toewan Gulliver disèlèhaké ing médja panjeratané Sang Praboe, sarta didawoehi ngatoeraké lelakoné kang oewis-oewis. Toewan Gulliver nglakoni sadawoeh, tjekak nanging aos. Sang Praboe olèhé miñangetaké saja soewé saja karenan.

Bareng atoeré toewan Gulliver wis rampoeng Glumdalclitch ditimbali maleboe ing kantoré Sang Praboe, didangoe apa atoeré wong badjang ikoe njata. Oendjoeké Glumdalclitch, saroe pané atoeré toewan Gulliver sing njaritakaké lalakoné ana ing tanah Kaboetan kono, dèwèké neksèni, jèn bener kabèh.

Maoené Sang Praboe kagoengan panggalih, jèn toewan Gulliver ikoe sawidjining golèk kang nganggo piranti, moelané bisa moeni lan obah dèwé; nanging bareng ditilingaké, bisa njaritakaké lalakoné kalawan tètèh, soewé-soewé Sang Praboe pijamabak ija bandjoer toemoet ngoengoen. Ananging sarèhné doeroeng patia pitadjeng temenan, moelané bandjoer oetoesan nimbali poedjangané nagara kono sing wis pinoendjoel teloe; bareng paða sowan, toemoeli diðawoehi niti-priksa kahanané toewan Gulliver

Poedjangga teteloe soewé sarta titi banget olèhé mriksa awaké toewan Gulliver; wasana panemoené paða dèwé-dèwé. Panemoené kang tjètjèg moeng: toewan Gulliver ikoe sawidjening titah kang anèh banget, njebal saka ing kaloemrahan, moelané betjik kasimpèna ing spiritus, soepaja ing tembé boeri dikawroehana déning boeta toeroen-toeroené. Kang loro panemoené toewan Gulliver ikoe doedoe bangsaning manoengsa, akèh èmperé menjang kéwan. Kang sidji ngarani: ja bangsaning manoengsa, nanging kang tjiliké ngéram-éramaké. Ananging sarèhné wong badjang kang tjilik dèwé, ja-ikoe abdiné badjangan Sang Pramèsuari, jèn ditimbang karo toewan Gulliver, isih awoedjoed danawa, moelané poedjangga kang loro ora moepakat banget.

Sawisé paða bantah-bantahan ramé, poedjangga teteloe maoe golong panemoené, jèn toewan Gulliver ikoe sawidjining manoengsa kang salah kedadèn.

Kang mangkono ikoe banget ndadèkaké larané atiné toewan Gulliver, moelané bandjoer ngatoeri oeninga menjang Sang Praboe, jèn dèwèké ikoe wong, asalé saka sawidjining nagara kang gemah-ardja, wongé kèhé majoeta-joeta, kabèh woedjoed lan gedéné paða karo dèwèkné, paða manggon ana ing koeta-koeta lan dèsa-dèsa; moenggoeh omah-omah, oewit-oewitan lan kéwan-kéwané gedéné oega timbang karo gedéning wongé; ing kana oega ana pasawahan, alas-alas, kebon-kebon,

pamelikan, praoe-praoe, ora béda karo ing tanah Kaboetan kono. Déné panemoené para poedjangga kang paða niti priksa ing awaké, ikoe loepoet kabèh.

Poedjangga teteloe maoe paða mèsem ngroengokaké atoreré toewan Gulliver marang Sang Praboe mangkono ikoe. Ananging Sang Praboe akèh pitadjengé, bandjoer oetoesan nim-bali boeta tani kang nemoe toewan Gulliver ikoe, didangoe pijambak keprijé patrapé olèhé nemoe toewan Gulliver. Wasana Sang Praboe pitadjeng marang atoreré toewan Gulliver tinimbang karo atoe panemoené para poedjangga maoe.

Sang Praboe toemoeli maringi palilah marang Sang Pramès-wari, dililani ngingoe toewan Gulliver ana ing kaðaton; bandjoer dawoeh nata kamar sidji kanggo panggonané toewan Gulliver, ja-ikoe tjedak kambi kamar-kamaré Sang Pramèswari; mangkono oega pandjagané ija dipasrahaké marang Glumdalclitch, kang banget goemoen lan boengahé weroeh saoeпа-rengganing kaðaton.

Sang Pramèswari aparing dawoeh marang oendaginging kaðaton, ndikakaké gawé peði, arep dienggo kamar patoeroné toewan Gulliver. Peði ikoe sing digawé kajoe kang aloes, dikenditi wesi, diwènèhi tjendéla doedoetan, lawang sidji, sarta kamar tjilik loro ing kiwa-tengen, sing sidji dienggo koelah, sidjiné kamar kanggo dandan. Peði ikoe digawèkaké toetoepe, kang kena diboekak, minangka pjané. Abdi gerdji ing kaðaton di-dawoehi nggawèkaké patoeron, bakalé mori lan soetra sing aloes-aloes. Médja, koersi lan bangkoe-bangkoené sing digawé gaðing kabèh, saroeپaning bekakas paða disekroepi karo djrambahé, perloené jèn dielah-elih, adja nganti ana sing tiba. Témbok-témboking kamar kabèh paða dilangsé nganggo isèn-isèn kapoek, lawang lan tjendéla-tjendélané paða nganggo kantjing sing pèni-pèni. Toetoepeing peði kena diinebaké oetawa diboekak, ing doewoer diwènèhi gelangan, dadi omahé toewan Gulliver kena digantoeng kaja koeroengan manoe.

Sarèhné panganggoné toewan Gulliver doedoe panganggon wong ana ing kaðaton, moelané bandjoer digawèkaké panganggo manèh, bakalé sarwa soetra sing aloes-aloes. Jèn mangan toewan Gulliver olèh bekakas slaka; basi, piring, sén-dok, porok lan ladingé, kabèh slaka. Jèn ing kaðaton dahar

soré, toewan Gulliver miloe mangan ana ing sanĉingé Sang Pramèswari, nganggo koersi lan médja tjilik, ditoempangaké ing médja ĉahar; kang mangkono ikoe banget ndadèkaké senengé kang paĉa ĉaharan kabèh.

Sang Praboe remen banget miĉingetaké atoe tjaritané toewan Gulliver, saben-saben diĉawoehi tjarita bab kahanané tanah woetah-getihé, sarta kahanané ing tanah-tanah kang wis disoemoeroepi. Tjaritané toewan Gulliver moeng ana sa-prakara sing ora dipitadjeng déning Sang Praboe ja ikoe jèn toewan Gulliver wis taoe menjang sawidjining tanah, kang wongé saking tjilik-tjiliké, paĉa nganggep boeta marang toewan Gulliver. Sabab, gèk sapira geĉéné wong ing kono ikoe, Sang Praboe ora saged ngraosaké.

Mangkono ikoe kahanané toewan Gulliver ana ing sadjroning kaĉaton ing Ngawoe-awoe langit, bisa tentrem ngilangaké sajahé kang oewis-oewis; nanging ana kang banget moerinané ing ati, ja-ikoe abdiné badjangan Sang Pramèswari lawas. Ikie ing batin banget sengité marang toewan Gulliver, nanging lairé ora ngetarani; djalarané ora lija moeng marga roemasa kalah sih Jèn ditimbang kambi toewan Gulliver, abdi badjangan ikoe moela pantjèn bandjoer katon geĉé banget. Ora kenĉat-kenĉat pangarahé, sabisa-bisa koedoe arep ngadjar marang toewan Gulliver.

Katjarita noedjoe sawidjining dina, ngarepaké wajahé paĉa sarapan, toewan Gulliver wis linggih ngarepaké médjané mangan, nanging doeroeng ana wong lijané; boeta abdi badjangan moenggah ing koersiné ĉahar Sang Praboe, bandjoer njandak toewan Gulliver, ditjemploengaké ing basi kang kebak pohan, kang ana ing médja ĉahar kono, bandjoer ditinggal loenga; sarèhné toewan Gulliver ora doewé panjana apa-apa, dadi ora nganti bisa soewala, bandjoer glagepan ana ing sadjroning pohan. Sanadjan toewan Gulliver baed nglangi, éwadéné rekasa olèhé arep mentas saka ing sagara pohan; adjaa Glumdalclitch énggal mleboe mrono, bok manawa dadi lan tiwasé. Sana-liko dientas saka ing basi, éwadéné wis akèh olèhé klebon pohan.

Bareng Sang Pramèswari mireng lelakon kang mangkono, toewan Gulliver bandjoer diĉawoehi nggawa menjang kamar patoeroné, nanging satemené ora perloe, djalaran toewané Gul-

liver — kedjaba rada koewaregen pohan — ora apa-apa. Déné abdi badjangan kang tjidra maoe kapatrapan paoekoeman: dirangkèt sarta diḍawoehi ngombé pohan, kang entas dienggo langèn déning toewan Gulliver maoe nganti entèk.

Ananging paoekoeman ikoe ora patia ana gawéné, djalaran ora lawas abdi badjangan maoe mitenah manèh marang toewan Gulliver Ing médja ḍahar ana baloeng sawatara, sing wis diarahi soengsoemé, paḍa diedegaké ana ing piring tilas waḍahé. Bareng lagi sepi, moeng toewan Gulliver ḍéwé sing ana ing kono, lagi mangan ngarepaké médjané, boeta badjangan moeng-gah ing koersi, njanḍak sikilé toewan Gulliver kiwa-tengen, didjoendjoeng bandjoer didjedjelaké ing bolonganing baloeng saka ing ḍoewoer, dadi sirahé kang dilebokaké ḍisik. Olèhé ndjedjelaké rosa banget, nganti toewan Gulliver soemapoet panoné, ora weroeh lan ora kroengoe apa-apa. Sang Pramès-wari doekané banget, nganti abdiné boeta badjangan diwetokaké, ija ikoe kaparingaké marang salah sawidjiné poetri, pandèrèké Sang Pramèswari, banget ndadèkaké boengahé toewan Gulliver.

Ananging kang ndadèkaké seḍihé toewan Gulliver ora moeng abdi badjangan maoe baé; ana ing kaḍaton akèh kang paḍa ngisin-isin nanging satemené ḍèwèkné ḍéwé kang loepoet, apa manèh déning djirihé. Saroepaning boeta ora ana sing bisa ngerti, déné toewan Gulliver wedi marang semoet lan marang laler. Ananging kang mangkono ikoe satemené ora nggoemoenaké, djalaran gedéning semoet ngoengkoeli gangsir sarta laléré samanoek dara. Kerep baé, jèn ana semoet oetawa laler méntjok ing adjangé arep ngarah tjoewilan iwak oetawa roti, nggoné nggoesah nganggo peḍangé; nanging jèn akèh kang teka, ija bandjoer ditinggal mlajoe.

Kang banget ndadèkaké boengahé toewan Gulliver, ja-ikoe jèn diḍawoehi ndèrèk Sang Pramèswari pepara ing désa ngadésané ing Kaboetan kono. Omahé ora taoe kèri sarta kepénak banget panjawangé saka ing titihan karétané Sang Pramèswari marang saroeapané pasawahan, kebon-kebon alas-alas, padésan lan boeta-boeta kang paḍa kaliwatan oetawa kepapag. Ora lawas toewan Gulliver soemoeroep, jèn tanah Kaboetan ikoe sawidjining tanah djasirah, ing sisih lor-wétan

kawatesan déning pagoenoengan, kang akèh goenoengé geni. Pagoenoengan ikoe doeroeng taoe diliwati ing djanma manoengsa, moelané doeroeng ana sing weroeh, apa ing tembing kananané pagoenoengan ikoe ana wongé apa ora; sarta jèn ana, gèk bangsané wong apa. Déné ing sisih lijnané, tanah Kaboetan ikoe kawatesan ing sagara kabèh. Kaliné ing kono ora patia akèh, ing sangareping moewarané paða ana karangé doewoer doewoer, sarta ing saeroeting pasisiré kabèh ombaké paða gedé-gedé, tangèh kenaa ditjedaki ing praoe. Dadi tanah ing Kaboetan ikoe doenoengé mentjil adoh lor adoh kidoel, nganti wongé in kono doeroeng weroeh tanah lijané manèh kedjaba tanah woetah getihé déwé. Ing Kaboetan ikoe kaleboe akèh djiwané, koetjané kang gedé-gedé ana karo-belah, bètèngé satoes sarta désané akèh banget. Koe-
ta kradjaning nagara awoedjoed rong pérangan, kang kapisah déning kali; sakiwa lan satengening kali mèh paða gedéné. Kaðatoné doemoenoeng ana ing satengening kali, ora awoedjoed gedong gedé sidji, nanging awoedjoed gedong pirang-pirang, wewangoenané warna-warna, ngrompol dadi saenggon; kamaré paða gedé-gedé, patamanan lan aloen-aloené paða amba-amba banget.

Toewan Gulliver jèn metoe saka ing kaðaton, ora kena darat, saben-saben masi koedoe ditoenggangaké ing kréta kaðaton déning pamomongé, preloené soepaja adja nemoe pakéwoeh apa-apa. Sarèhné lakoening karéta jèn ngambah ing ratan banget gondjingé, ora kapénak banget toemrapé marang toewan Gulliver, dadi omahé diwènèhi tambang waloelang, kena dienggo anggantoeng oetawa dikaloengaké ing goeloené Glumdalclitch.

Katjarita ing sawidjining dina toewan Gulliver (saomahé) digawa menjang petamanan, disèlèhaké ing panggonan, kang pangrasané Glumdalclitch ora ana moetawatiré; lawanging omahé diboekak, soepaja toewan Gulliver bisaa mlakoe-mlakoe golèk hawa kang kapénak; bandjoer ditinggal dolan karo kantjané ora adoh saka ing kono. Sapoengkoeré Glumdalclitch sanalika asoené djoeroe taman teka, toewan Gulliver ditjandak, digonðol menjang panggonané bendarané; bareng tekan ing ngarepé djoeroe taman, toewan Gulliver

disèlèhaké ing soeketan. Bareng weroeh, djoeroe taman banget ing kagèté, sabab dèwèkné weroeh, jèn toewan Gulliver ikoe kekasihé Sang Pramèswari. Toewan Gulliver tjahjané poetjet kaja majit, énggal didjoengdjoeng déning djoeroe taman sarta ditakoni apa ora ana baloengé sing poetoeng oetawa awaké sing tatoe. Toedjoené panjokoting asoe ngati-ati banget, dadi toewan Gulliver slamet, ora babak ora boesik. Djoeroe taman banget ing boengahé, toewan Gulliver bandjoer dibalèkaké ing panggonané maoené. Sadoeroengé toewan Gulliver bali, Glumdalclitch teka; bareng toewan Gulliver ora katon, sarta dioendang ora soemaer, banget ing kagèt lan koewatiré. Kaja apa boengahé Glumdalclitch bareng djoeroe taman teka nggawa toewan Gulliver, sarta bandjoer njaritakaké lelakoné. Ananging wiwit nalika samana toewan Gulliver ora taoe ditinggal manèh déning Glumdalclitch.

Sarèhné toewan Gulliver wis yakin dadi kekasihé Sang Pramèswari, moelané lawas-lawas para poetri ing kaḍaton oega bandjoer paḍa miloe asih. Saben-saben toewan Gulliver karo Glumdalclitch ditimbali, diḍawoehi tjarita bab lelakoné kang oewis-oewis, bab tanah-tanah lan bangsa ingamantja, kang wis taoe ditekani déning toewan Gulliver. Tjaritané toewan Gulliver maoe enggoné ngroengokaké para poetri wis kaja dongèng kang banget éloké.

Anoedjoe sawidjining dina Sang Pramèswari ndangoe marang toewan Gulliver, apa dèwèkné bisa nglakokaké praoe lajar; moelané Sang Pramèswari ndangoe mangkono, sabab Pandjenengané pirsá, jèn toewan Gulliver dèmen lalajaran ngambah ing sagara. Bareng toewan Gulliver matoer, jèn bisa, Sang Pramèswari bandjoer ḍawoeh nggawèkaké praoe lajar tjilik sidji marang toekang gawé praoe. Ing kamaré Sang Pramèswari diḍawoehi nggawèkaké bèdji gedé, tjoekoep dienggo nglakokaké praoené toewan Gulliver sakarep-karep. Bareng praoené dadi, bandjoer dietjèt, tijangé paḍa dipasangi lajar, toewan Gulliver mapan moenggah ing praoe, banget ndadèkaké soekaning pangalihé Sang Pramèswari sapan-ḍèrèké. Kabèh paḍa ndamoni lajaring praoe kambi goemoejoe; praoené tjoemlorot kaja panah dilepasaké saka ing gendéwa. Toewan Gulliver tarkaḍang rekasa banget olèhé

arep ngénggakaké praoéné, soepaja adja nganti ketanggor ing plestèr pinggiring bèdji.

Dadi oeripé toewan Gulliver ana ing kaḍaton Ngawoe-awoe langit pantjèné seneng banget, ora ana koetjiwané sawidji apa. Ananging sanadjan mangkono, éwadéné meksa kerep ndoewèni tjipta kapéngin moelih menjang tanah woetah getihé, sarta kepéngin weroeh ing omahé; saking bangeting kepénginé nganti katon nglentrih.



Gambar 6.

Kabèh pada ndamoni lajaring praoe kambi goemoejoe.

Katjarita noedjoe sawidjining dina toewan Gulliver nemoe pakéwoeh, mèh baé dadi lan tiwasé. Nalika samana panoedjoe panas banget, toewan Gulliver metoe saka ing kamaré arep ngisis; toemoeli linggih ana ing sangareping kamaré Glumdalclitch. Sanalika ana keḷèk bangkokan teka, toewan Gulliver ora weroeh, bandjoer ditjanḍak digawa mènèk metoe ing talang, bandjoer mloempat ing pajon. Glumdalclitch weroeh jèn momongané digawa ing keḷèk, bandjoer gembor-gembor ndjalok Lelakoné Gulliver.

5.

toeloeng. Sanalika wong sadjroneg kaḍaton paḍa tandang aramé, toedjoené Sang Praboe lan Sang Pramèswari lagi paḍa teḍakan, lagi baé enggoné paḍa biḍal. Ana abdi kang teka nggawa anḍa dawa, nanging si keḥèk enggoné ana ing woewoenganing kaḍaton, dadi anḍané ora tekan. Toewan Gulliver lagi didjapit ing sikilé kang boeri, arep didoelang panganan saka ing kemilané, dadi ditjara kaja anaké. Anḍané disamboeng-samboeng bandjoer dipasang ing témboking kaḍaton; ananging bareng keḥèk weroeh, doewé pangira, jèn awaké arep ditjekel, toewan Gulliver bandjoer dietjoelaké, ditinggal mlajoe. Toewan Gulliver sanalika tjekelan genḍeng kentjer.g banget, sabab pajoné ndeder banget, dadi gampang banget tibané. Moelané atiné tansah ḍeg-ḍegan, djalaran jèn nganti mroetjoet nggoné tjekelan, wis mesti bandjoer tiba kebanting ana ing plestèring plataran. Toedjoené ana botjah sing peng-pengan, wani mènèk ing pajon, toewan Gulliver ditjandak, dilebokaké ing sak, bandjoer digawa meḍoen, salamet tekan ing lemah. Bareng Sang Pramèswari kondoe saka besijar, mireng, jèn toewan Gulliver mèh katiwasan, botjah kang noeloengi maoe bandjoer digandjar.

Saking kagèté toewan Gulliver bandjoer lara, pirang-pirang dina ora menjat-menjat saka ing patoeron. Bareng waras, para poetri ing kaḍaton paḍa mbéda ngisin-isin, toewan Gulliver ditjengès mentas rangkad karo keḥèk.

BAGÉAN III.

Toetogé lelakoné toewan Gulliver, sarta bisané bali moelik menjang nagarané.

Sarèhné toewan Gulliver ana ing kaḍaton Kaboetan ora doewé panggawéan kang mesti, dadi pantjèné akèh banget nganggoeré, éwa samono ora gelem ngénak-énak nganggoer baé. Dèwèkné njambi gawé dandanan kang agawé goemoené Glumdalclitch lan saroe pané boeta ing kaḍaton kabèh, malah Sang Praboe lan Sang Pramèswari oega paḍa toemoet ngoengoen. Woeloe parasan goemalané Sang Praboe digawé djoengkat, sarta rémané Sang Pramèswari digawé koersi lan

radjoet rinengga ing asmané Sang Pramèswari nganggo aksara mas. Dandanan ikoe kabèh paḍa ditjaosaké ing Pandjenengané Sang Pramèswari, sarta bandjoer paḍa diparingaké ing geḍong moesijoeming nagara kalawan palilahé Sang Praboe. Ana ing geḍong moesijoem dikroekoebi ing geḍah dadi ton-tonané wong akèh.

Sang Praboe ikoe moempoeni banget menjang gerḍing, moelané ing kaḍaton kerep ana concert, tegesé paḍa geḍingan lagoe Europa, déné kang paḍa main para ahli geḍing ing nagara kono kang woes misoewoer. Toewan Gulliver sabensaben ija miloe ngroengokaké. Anoedjoe ing kaḍaton ana concert. Sang Praboe ndangoe marang toewan Gulliver, apa ing nagarané ija ana corcert kaja mangkono, sarta apa dèwèké ija doewé pangerti marang geḍing. Sarèhné nalika isih botjah wis taoe sinaoe main piano, dadi toewan Gulliver moendjoek, jèn doewé pangerti marang geḍing. Sanalika Sang Praboe aparing ḍawoeh, toewan Gulliver ndikakaké toemoeli njoba noedohaké kawroehé geḍing.

Ing kamar panggonané Glumdalclitch ana pianoné geḍé banget, ikoe toewan Gulliver diḍawoehi njoba naboe. Ananging bareng toewan Gulliver wis dilinggihaké ngarepaké piano; bandjoer kèwoehan; djalaran, kang sapisan tangaré koerang dawa, kapingdoné ora koewat ngenet wilahé (toets). Ananging Sang Praboe kepénginé mirengaké banget; wasana toewan Gulliver doewé panemoe, wilahé arep ditenet nganggo sikilé baé. Toemoeli ditjoba; sanadjan rekasa, éwadéné bisa ngoenèkaké geḍing sawatara; Sang Praboe katon karenan ing panggali.

Sang Praboe kerep nimbali toewan Gulliver, ndikakaké nggawa saomahé menjang kamar kantoré Sang Praboe. Sabensaben omahé bandjoer disèlèhaké ing médja panjeratan, toewan Gulliver diḍawoehi metoe nggawa koersiné, bandjoer dienggo linggih ana ing sanḍoewoering médja panjeratané Sang Praboe. Sing mesthi bandjoer akèh pandangoené Sang Praboe, tarkaḍang nganti toewan Gulliver kèwoehan, pandangoené sing endi sing arep ditjaosi wangsoelan ḍisik. Ananging jèn toewan Gulliver wis wiwit tjarita Sang Praboe nggoné miḍangetaké sarèh lan banget olèhé nilingaké.

Sang Praboe moendoet katrangan kang gamblang ing bab papréntahan ing nagarané toewan Gulliver, bab babadé, bab lakoe-lakoening perang, bab pranataning wadya-bala laoetan lan daratan, bab banda-béjaning nagara lan sapanoenggalané, kang loemrah dadi pandangoning para ratoe. Mangkono oega Sang Praboe ija ndangoe bab loh-tjengkaring palemahan, woeloe-wetoené, hawané, bab padagangan, kataberèn lan sapanoenggalané; pandangoné Sang Praboe lan atoe wangsoelané toewan Gulliver kabèh pađa ditoelisi déning sécretarisé Sang Praboe.

Katjarita wis sawatara taoen toewan Gulliver olèhé ana ing tanah Kaboetan; pangarep-arepé bisaa bali moelih menjang nagarané manèh sarta bisaa ketemoe karo anak bodjoné lawas-lawas bandjoer sirna. Sang Praboe wis ngoendangaké paréntah, samangsa ana praoe saka ing nagarané toewan Gulliver oetawa saka ing tanah panoenggalané teka ing Kaboetan oetawa kéntas mrono déning prahara, praoe sawongé kabèh kawadahana ing krandjang bandjoer diatoerna menjang kađaton.

Tarkađang toewan Gulliver ngenesé banget, nganti kepengin toemoeli kapoendoeta, djalaran, sanadjan saroe paning danawa menjang dèwèké pađa soemanak-soemanak, éwadéné oeripé ikoe dianggep akèh èmpéré karo méntjo tinimbang karo oeriping wong woes aloes boediné.

Noedjoe sawidjining dina Sang Praboe aparing dawoeh, jèn Sang Pramèsuari arep teđakan menjang pasisir kidoel nganggo ngampil bekakas lan abdi saka ing kađaton, perloe arep ngasokaké salira. Toewan Gulliver oega diđawoehi ndèrèk saomahé, ora kena kèri. Soepaja adja nganti kontrag nemen-nemen, omahé toewan Gulliver diwènèhi bandoelan, kang kena dienggo ngaso oetawa toeroe. Sanđoewoering bandoelan ikoe digawèni bolongan pasagi déning oendagi, perloené soepaja tansah oléha hawa anjar, djalaran jèn ora mangkono, jèn pinoedjoe panas, ing kono mesji ora mbetahi banget, awit olèhé ana ing dalam bakalé lawas. Bolongan ikoe nganggo diwènèhi toetoep lérégan, soepaja kenaa ditoetoep oetawa diboekak ma-noet ing sakarepé.

Teđaké Sang Pramèsuari ikoe menjang pasanggrahan ing Giri-taşik, woedjoed lan sesawangané ing kono asri banget.

Doenoenging dalem pasanggrahan ana ing satengah-tengahing patamanan, ngarepaké sagara; sakoebenging dalem, pasoe-ke tané dirampasi rata, rinengga ing goelan kekembangan, ipoekan tetandoeran lan patamanan kang dipajoni. Kamar-kamar lan oendak-oendakané pađa ginelaran baboet prang-wedani kang kandel-kandel lan aloes-aloes, jèn ditambah ora ana swarané. Saben podjokan lan legokaning témbok ana peřétané sađang kang gedé-gedé, gođongé pađa noetoepi gedahing tjendéla.

Rawoéh Sang Pramèswari ing wajah soeroep srengéngé, ing pasanggrahan katon soerat-soerat koening, kembang, mawar ing patamanan pađa katon goembjar anglam-lami sarta gedahing tjendéla pađa moerob déning soroting srengéngé kang lagi mingslep.

Ananging Glumdalclitch lan toewan Gulliver pađa banget sajahé, dadi ora merdoeli marang asrining sesawangan, moeng pađa kepéngin ngaso. Saking sajahé Glumdalclitch bareng ésoek awaké krasa lara, dadi ora loenga-loenga saka ing patoeron. Déré toewan Gulliver ésoeké wis krasa seger, dadi kepéngin banget dolan ing patamananing pasanggrahan, ananging ing batin akèh koewatiré. Toemoeli diparingi kanři déning Sang Pramèswari, ja-ikoe abdi kapoetran isih botjah. Abdi kapoetran diđawoehi nggawa toewan Gulliver saomahé menjang gisik; jèn wis tekan ing gisik, dieđoena, soepaja toewan Gulliver bisaa ngrasakaké hawa ing sagara kang njegeri awak. Glumdalclitch wanti-wanti olèhé meling marang abdi kapoetran, dikon sing ngati-ati lan sing moelat, adja nganti toewan Gulliver nemoni apa-apa.


Satemené abdi kapoetran olèh pagawéan kang kaja mang-kono ikoe, ing batin ora seneng. Toewan Gulliver saomahé bandjoer digawa moebeng-moebeng ing patamanan watara satengah djam soewéné, bandjoer disèlèhaké ana ing pađas sa-pinggiring sagara.

Toean Gulliver ngalèlèh ana ing bandoelané kambi njawang menjang sagara, ing batin banget kepénginé olèh pitoeloeng, sabab pangarep-arepé olèh pitoeloengan, tekané ora lija moeng saka ing sagara. Pikirané bandjoer nglampra menjang nagarané déwé, ora soewé saking sajahé déning panas, bandjoer

•

toeroe. Bareng abdi kapoetran weroeh, jèn toewan Gulliver toeroe, bandjoer nginebi tjendéla lan lawangé; sarèhné saka ing pangrasané ing kono ikoe sepi ing pakéwoeh, moelané bandjoer ditinggal loenga golèk endog manoeek lan kidjing ana ing satjedaké paðas kono.

Katjaritá toewan Gulliver enggoné toeroe kagèt, djalaran krasa gelanganing omahé ana kang njendal rosa banget; ing batin toewan Gulliver arep njrengeni abdi kapoetran déning sembranane olèhé njlèhaké omahé, nanging toemoeli krasa, jèn omahé ana sing nggawa moemboel ing awang-awang, sarta bandjoer diplajokaké rikat banget. Saking kepénginé weroeh, awaké lagi nemoni apa, bandjoer ngoengak ing tjendéla; banget ing goemoené, déné kang katon ora ana manèh kedjaba méga lan banjoe. Ing sanðoewoéré ana swara boed-boed seroe banget; bareng toemenga, weroeh manoeek garoeða kang banget gedéné, njengkerem omahé, digawa miber ana ing awang-awang.



Gambar 7.

Bareng toemenga, weroeh manoeek garoeða kang banget gedéné njengkerem omahé.

Sarèhné panggandané aloes banget, garoeda maoe saka ing kadohan weroeh, jèn ing peři pasagi ikoe ana wongé, bandjoer nglajang mangisor, njamber omahé toewan Gulliver, arep digawa moelih menjang soesoehé.

Ibering garoeda sangsaja soewé sangsaja doewoer; ora soewé swaraning swiwi sing boed-boed maoe moendak seroené, mangkono oega omahé bandjoer kaja diontang-antingaké, prasasat praoe katempoeh ing prahara. Bareng ngoengak ing djaba toewan Gulliver weroeh, jèn ana garoeda loro manèh teka, kang nlaðoeng arep ngreboet bajangané garoeda kang disik. Ora soewé lelakoné toewan Gulliver nggegirisi banget. Djalaran bandjoer krasa, jèn omahé tiba kaja disawataké mangisor bener, nganti toewan Gulliver ora bisa ambekan. Doega-doega sasoe-wéné garoeda paða pantjakara reboetan bajangan, gelanganing omahé toewan Gulliver mroetjoet saka ing tjakaré garoeda, omah saisiné tiba tjoemlorot menjang boemi. Toewan Gulliver ing nalika ikoe kang katjipta ora lija moeng bakal patiné, sabab wong tiba samono doewoeré ikoe elok jèn bisaa slamet.

Ora antara soewé toewan Gulliver kroengoe swara djoemegoer nggegeteri, bandjoer peteng deðet alimengan ing sawatara menit soewéné. Toemoeli krasa, jèn omahé moemboel alon-alonan, ora soewé ana paðang-paðang soemorot saka ing tjendélané. Nitik saka golang-golingé, omahé toewan Gulliver ing nalika ikoe tiba ing banjoe kang djero, kira-kira ana ing sagara, toemoeli kampoel-kampoel ana ing kono. Sarèhné kendité wesi santosa sarta kaprenah ana ingisor dadi bisa timbang, ora nganti bisa nggoling; mangkono manèh ija kendit wesi ikoe kang marakaké ora bisa roesak, nalikané omah maoe tiba ing banjoe. Mangkono oega sarèhné omahé toewan Gulliver ikoe garapané moela pantjèn ora ngoetjiwani, andjing-andjingané lawang, tjendéla lan lija-lijané paða rapet-rapet, dadi ora bisa klebon banjoe sañtik-ñtika. Toedjoené saroepaning be-kakasé paða disekroepi karo djrambahé kabèh; adjaa mangkono nalika tibané maoe toewan Gulliver mești ketiwasan.

Toewan Gulliver bandjoer mboekak tjendélané lérégan kang ana ing sanðoewoering bandoelané, soepaja bisaa olèh hawa anjar; pamboekaké rekasa banget, nanging kena; nanging

atiné meksa doeroeng kepénak. Moelané mangkono, djalaran koewatir jèn samangsa-mangsa omahé ketanggor ing karang, oetawa katoet ing angin oetawa aloen, mesjíné ija bandjoer nemahi patiné ana ing dasaring sagara. Kedjaba saka ing ikoe sangoené pangan toewan Gulliver moeng kari sañtik, dadi jèn ora toemoeli olèh pitoeloenging Pangéran, mesji bakal mati kaliren. Ing batin kepénginé banget: bali menjang pasanggrahan Giri-tasik, menjang enggoné Glumdalclitch. Bareng kèlingan kaja apa prihatiné pamomongé ngrasakaké ðèwèkné, bandjoer metoe lohé. Mangkono manèh prihatiné sangsaja ngranoehi, bareng kèlingan jèn ðèwèkné ora bisa ichtijar apa-apa, djalaran kaja manoeek ana ing sadjroning koeroengan. Toewan Gulliver oega njoba ndedel toetoepping omahé, soepaja mengaa, djalaran arep ndeleng ing djaba, kepéngin weroeh doenoengé ikoe kira-kira ana ing endi; nanging pandedelé tanpa gawé, djalaran pjaning omahé ora obah. Moelané toewan Gulliver bandjoer toeron ana ing bandoelané, ngentèni patiné.

Kaja mangkono ikoe kaanané toewan Gulliver nganti pirang-pirang djam. Wasana bandjoer kroengoe swara mak-rek, kaprenah ana ing gebjoging omahé, ing panggonan tjanjèlaning tambang kang sok dienggotjekelan nggawa omahé. Ing kono krasa ditjènèng, sarta katon jèn aloené njempjok omahé nganti tekan ing tjendéla. Toemoeli krasa, jèn omahé miring mrono. Toewan Gulliver, kang maoené wis pasrah menjang Pangéran, saiki doewé pangarep-arep manèh bakal olèh pitoeloeng; djalaran doewé pangira, jèn kang mangkono ikoe saka pang-gawéning manoengsa, moelané bandjoer arep njoba gemborgembor. Panggemboré ndjaloek toeloeng nganggo basa warna-warna, nanging tanpa wasana. Ananging ðèwèkné krasa, jèn omahé mlakoe, parané adjeg. Kang mangkono ikoe soewéné nganti sadjam. Toemoeli krasa, jèn omahé kang sisih ngarep ketanggor barang sing atos. Toewan Gulliver ing nalika ikoe wis koewatir, jèn omahé kanðas ana ing karang, ananging bandjoer kroengoe ana wong paða mlakoe ana ing toetoepping omahé, sarta kaja kroengoe swaraning wong.

Toewan Gulliver njoba gemborgembor manèh, nanging oega tanpa gawé. Arep mènèk menjang tjendéla, soepaja

bisaa ndeleng saka ing kono, ija ora bisa; moelané bandjoer doewé akal katjoené ditalèkaké ing tekené. Gawéané gendéra ikoe bandjoer dibrobosaké ing tjendélané lérégan, diobat-abitaké kambi bengok-bengok ndjaloek toeloeng.

Toemoeli olèh wangsoelan soerak saka ing djaba: „Horé, horé, horé!”; ikoe banget ndadèkaké boengahé toewan Gulliver, loewih manèh, déné swara maoe tetéla swarané wong Inggris. Toewan Gulliver kroengoe ana wong marani bolonganing tjendélané, gendérané disisihaké,, bandjoer ana swara mangkéné: „É, poenapa ing salebeting grobog poenika wonten tjangipoen? Sinten?” Toewan Gulliver lega banget atiné, bandjoer soemaoer: „Manawi sampéjan bangsa Inggris, koela sampéjan toeloengi inggih bangsa sampéjan pijambak, ingkang dipoenkoendjara kados wonten ing salebetipoen pasangan tikoes. O, Allah, ja ora talah, énggal koela sampéjan loewari!”

Kang ana ing doewoer mangsoeli, jèn kang ana ing djero cra soesah koewatir, wis slamet ana ing tangané bangsa Inggris. Grobogé wis ditarik tekan ing praoe, sadéla engkas oendagining praoe teka, arep gawé bolongan ana ing toetoe-ping grobog, kang tjoekoep kanggo ngetokaké kang ana ing djero. Toewan Gulliver mangsoeli, jèn ora perloe gawé bolongan; djalaran toetoe-ping grobog kena diboekak sarana njè-nèng gelangan kang ana ing doewoeré. Kang ana ing djaba mangsoeli karo goemoejoe, jèn ing kono ora ana danawa kang koewat narik barang kang samono aboté; bekakas ija ora ana. Toewan Gulliver bandjoer gèdèg-gèdèg roemasa boḍoné, djalaran, ora kèlingen, jèn wongé kang paḍa ana ing djaba, gedéné moeng paḍa karo awaké déwé.

Olèhé ngentèni toewan Gulliver marang rampoengé olèhé gawé bolongan oendagining praoe, nganti kapara soewé; bareng rampoeng, bandjoer dioeloeri arḍa ḍaḍoeng; toewan Gulliver bandjoer mènèk mandoewoer kalawan banget ing boengahé. Bareng tekan ing doewoer, amor karo bangsané déwé, saking bangeting boengahé, bandjoer tiba soemapoet. Bandjoer didjoendjoeng ing mantroes, digawa menjang kamaré toewan kapitan; ana ing kono dipoelasara, soewé-soewé éling.

Bareng toewan Gulliver wis éling temenan, bandjoer doewé pândjaloek marang toewan kapitan, soepaja barang-barangé kang ana ing grobog tilas omahé, disimpena ana ing praoe, djalaran toewan Gulliver owel, jèn ilanga; déné woe-djoeding barang: bandoelan soetra, patoeron gaḍing, sarta médja, koersi, lemari, dandanan gaḍing kabéh. Mangkono oega gebjogé paḍa dilangsé nganggo soetra kang adi-adi.

Toewan kapitan bareng kroengoe, doewé pangira, jèn toewan Gulliver lara èngetan; djalaran panjanané, grobog kang diarani omah déning toewan Gulliver ikoe ora lija moeng waḍah kanggo ngoendjara dèwèkné baé. Éwadéné kanggo ngénaki atiné toewan Gulliver, sapandjaloeké disagoehi; nanging toewan Gulliver dikandani, dikon ngepénakaké awak lan atiné, adja mikir apa-apa; déné prakara barang-barangé betjik dipasrahna menjang dèwèknéné, kapitaning praoe kang kadjibah ngremboeg.

Toewan kapitan bandjoer menjang dèk, awèh préntah menjang mantroes sawatara, dikon mleboe menjang grobog, niti-priksa barangé toewan Gulliver kang ana ing kono. Wasana toewan kapitan banget ing goemoené, déné barang kang tinemoe ing sadjroning grobog trep kaja pratélané toewan Gulliver. Barang-barang ikoe paḍa digawani moenggah menjang dèk, mangkono oega baboet lan langséné. Toewan kapitan oega akon njopot gelangan slaka kang ana ing toetoe ping grobog, bandjoer dioenggahaké menjang praoe. Gelangan ikoe gedéné watara saroḍaning karéta, boboté samomotané wong loro kang antep, awit kang digawé slaka woetoe, ora growong ing djero.

Bareng saroepaning dandanan kang ana ing grobog omahé toewan Gulliver wis didjoepoeki sarta wis dioenggahaké menjang praoe kabéh, sarta blabagé kang kena dienggo wis didjoepoeki, grobog katon isi banjoe, ora soewé bandjoer kelem.

Ing nalika ramé-raméné paḍa ngoenggahaké barang saka ing grobog ikoe toewan Gulliver kepénak olèhé toeroe, nganti pirang-pirang djam ora tangi-tangi. Impèné ora lija moeng olèhé ana ing tanah Kaboetan lan olèhé mentas nandang ka-soesahan dietoetaké ing pakéwoeh. Bareng tangi, awaké krasa

seger; sarèhné wis wajah djam sanga soré, toewan kapitan akon nata mangan, sarta toewan Gulliver dikon miloe mangan bebarengan.

Sawisé rampoeng olèhé pađa mangan, toewan Gulliver dikon njaritakakè lelakoné sing tjeťa, sarta kaprijé moela-boekané, déné ðèwèkné nganti dikoendjara ana ing grobog kampoel-kampoel ana ing sagara, ðéwé emplé mengkono. Sadoeroengé toewan Gulliver wiwit tjarita, dikandani déning toewan kapitan, jèn ðèk awané toewan kapitan ndeleng nganggo kèkeré, weroeh ana sing kampoel-kampoel ana ing sagara, maoéné kinira roesakan praoe. Nanging bareng tjeđak, katara saka ing wangoéné, jèn doedoe praoe. Djoeroe moediné bandjoer dipréntahi nglakokaké praoené mrono, toemoeli akon ngedoenaké sekotji kanggo niti-priksa kang genah. Bareng mantroes kang niti-priksa pađa bali, pratéla jèn kang kampoel kampoel ikoe omah, djalaran katon ana tjendélané. Toewan kapitan nggegoejoe kabodohaning mantroesé, saking kepénginé weroeh bandjoer mangkat ðéwé noenggang sekotji, arep niti-priksa, nganggo nggawa ganťol lan dađoeng kang sentosa-sentosa. Sagarané anteng, moelané toewan kapitan nganti kaping pinđo olèhé akon melahi sekotjiné ngoebengi kang kinira omah maoe; nanging ora ana wongé kang katon. Toewan kapitan bandjoer préntah njèrèđ omah ikoe menjang praoe, soepaja kenaa dititi-priksa kang kalawan tjeťa. Wasana ana katjoe ditalèkaké ing teken katon mentjoengoel saka ing tjendéla, amratandani, jèn ing djero ana wongé sing dikoendjara. Dadi bandjoer énggal-énggal diichtijari bisané ngloewari wong sing ana ing djero. Moenggoeh bandjoeré toewan Gulliver wis weroeh ðéwé.

Sanalika toewan Gulliver takon, apa toewan kapitan oetawa lijané ana kang weroeh manoeek kang banget gedéné, klar nggawa omahé sarana ditjengkerem nganggo koekoéné. Ananging wangsoelané toewan kapitan: „Boten, boten wonten.”

Toewan Gulliver bandjoer takon manèh, kira-kirané toewan kapitan saka ing kono tekané ing daratan kang tjeđak ðéwé, watara sapira dohé. Wangsoelané toewan kapitan, mitoeroet étoengan kang kena dipertjaja: saťitik-saťitiké lakon woloeng dina. Ananging kang mangkono ikoe ditemtokaké loepoet

déning toewan Gulliver; nalikané dèwèkné ditemoe, dohing praoe saka ing djaratan ora nganti lakon woloeng djam. Toewan kapitan kroengoe pratélané toewan Gulliver mangkono ikoe moeng mèsém, mangkono oega nalika ditjritani, jèn ana manoek kang kelar nggawa omah sarana dijengkerem maoe.

Toewan Gulliver moering-moering, déné kanðané ora diendel, bandjoer njoba arep gawé ngandelé toewan kapitan. Dèwèké njaritakaké lalakoné sing oewis-oewis, wiwit mangkaté saka ing tanah Inggris nganti ing wektoe olèh pitoeloengé toewan kapitan ikoe.

Toean Gulliver bandjoer ndjaloek peñiné, sidji, sing sorogé ditjekel dèwé, preloené arep awèh paseksèn, jèn tjaritané maoe temen. Bareng teka, peñi ikoe diboekak ana ngarepé toewan kapitan, isiné barang-barang olèhé ngloempoekaké nalika ana ing nagaraning danawa, ikoe paða di wetok-wetokaké, ditoedoehaké marang toewan kapitan. Moenggoeh woedjoeding barang: ana entoeping tawon, geðéné sadridji-dridji; ali-ali mas, peparingé Sang Pramèswari ing Kaboetan, geðéné sakaloeng asoe; dom dawané satengah méter; oentoe boeta, geðéné paða karo oentoe gadjah; lan sapanoenggalané, kang paða ngéram-éramaké geðénc. Barang-barang paseksèn tjaritané toewan Gulliver ikoe bisa njoeda koerang pangandelé toewan kapitan, dadi ngoendakaké kadjéné toewan Gulliver.

Kang tansah digoemoeni déning toewan kapitan, déné swarané toewan Gulliver, jèn tjarita, seroené ora djamak. Goe-moené toewan kapitan kelahir menjang toewan Gulliver, sarta takon, apa wongé ing tanah Kaboetan ikoe paða soeda pangroengoe. Wangsoelané toewan Gulliver, olèhé paða goeneman wong ing praoe kono saka pangrasané swarané moeng paða klesik-klesik, malah toewan kapitan, jèn aba ana ing kreteg, swarané ja klesik-klesik mangkono. Djalaran dèwèkné wis lawas olèhé koelina kroengoe swaraning danawa kang banget seroené; mangkono oega dèwèkné, jèn goeneman karo danawa, ija koelina seroe banget.

Toewan kapitan lan toewan Gulliver olèhé paða linggihan omong-omongan nganti kapara wengi; minangka tanða panarimané olèhé wis ditoeloengi, toewan kapitan diwènèhi gela-

ngan slaka woetoe, kang maoené tjoemanthèl ana ing toetoeing omahé toewan Gulliver. Dèwèkné dikandani toewan kapitan, jèn praoe kang lagi ditoenggangi ikoe mentas saka ing Tongkin, arep moelih menjang tanah Inggris; ana ing dalam nijaté ora arep mampir-mampir.

Bareng toewan Gulliver wis miloe noenggang praoe, ora antara lawas bandjoer ana angin passaat. Praoené dilakokaké oeroet pasisiré kidoel poelo Bornéo, bandjoer ngliwati soepitan Soenda, ing sakidoelé poelo Soematra, toemoeli diénggokaké ngidoel-ngoelon menjang Kaap de Goede Hoop. Moelané mangkono, djalaran dèk samana doeroeng ana dalané metoe ing soesoekan Soewès (Kanaal van Suez) lan ing sagara Tengah (Middellandsche Zee).

Bareng tekan ing pasisiré kidoel tanah Afrika, bandjoer mampir ing sawidjining palaboehan, dadi njimpang saka ing nijaté, djalaran perloe arep amèk banjoe ngombé lan toekoe kaboetoehan lijané. Ananging toewan Gulliver, sanadjan doeroeng taoe mrono, éwadéné ora moedoen saka ing praoe.

Sawisé ketjoekoe boetoehé, bandjoer noetogaké lakoe; ora lawas lakoening praoe slamet tekan ing palaboehané koefa Portsmouth ing tanah Inggris. Toewan Gulliver olèhé miloe noenggang praoe ikoe lawasé teloeng sisi.

Sarèhné toewan Gulliver doeroeng doewé doewit kanggo mbajar séwaning praoe dadi barang-barangé gaðing paða diwènèhaké menjang toewan kapitan kanggo tjekelan disik. Ananging toewan kapitan ora gelem nampani, malah awèh weroeh, jèn dèwèkné ora pisan-pisan ngarep-arep paséwan panoempangé toewan Gulliver. Toewan Gulliver salawasé ana ing praoe dianggep dajohé toewan kapitan, sarta toewan kapitan wis marem déning olèhé ngroengokaké tjaritané toewan Gulliver. Wasana wong loro maoe paða andoem slamet, patrapé wis kaja mitra lawas; toewan Gulliver banget-banget pandjaloeké marang toewan kapitan, kapan-kapan bisa dikon merlokaké tilik menjang omahé ing Redriff. Toewan kapitan sagoeh.

Sawisé mangkono toewan Gulliver bandjoer moedoen menjang daratan; barang-barangé dimotaké ing grobag, awaké dèwé noenggang djaran séwan moelih menjang omahé.

Satekané ing omah, anak-bodjoné pađa ketemoe slamet; bareng pađa weroeh menjang toewan Gulliver, boengahé wis tan kena winirasa, sabab ora dinjana, jèn isih oerip. Bodjor é mlajoni, bandjoer ngrangkoel; saking boengahé toemoeli nangis. Para mitra-mitrané oega pađa miloe boengah; toewan Gulliver dèwé banget soekoeré ing Pangéran, déné awaké wis pina- ringan loewar saka ing Kaboetan, tanahé para danawa.

III.

Lelakoné toewan Gulliver menjang poelo kang nglajang ana ing awang-awang.

BAGÉAN I.

*Toewan Gulliver lajangan manèh, bandjoer katjekel
ing badjag.*

Katjarita toewan Gulliver olèhé ana ing omah watara lagi pat-belas dina, noeli ditiliki mitrané lawas, ja-ikoe toewan kapitàn William Robiñson ing Cornwallis, panggedéné sawidjining praoe lajar kang betjik lan santosa, gedéné satoes ton. Toewan Gulliver dèk bijèn wis taoe miloe dadi dokteré praoe toewan kapitan Robiñson, lajangan menjang Levant; dèk samana toewan Gulliver ora dianggep kalèrèhan, nanging direngkoeh kaja sadoeloer lanang oetawa mitra; ing sabandjoeré oega dadi mitra betjik. Sarèhné saiki toewan kapitan Robiñson kroengoe, jèn mitrané — kang woes dianggep ora ana — wasana moelih, moelané bandjoer ditiliki. Moenggoeh perloené, kedjaba arep ngétokaké boengahé lan kepéngin kroengoe tjaritané kang élok-élok, ing batin oega doewé nijat arep nari toewan Gulliver, arep dikon dadi dokteré praoené manèh. Moelané bandjoer tjarita menjang toewan Gulliver, jèn rong sasi engkas dèwèkné arep lajangan menjang tanah Indija-Wétan, nggawa praoené kang aran *De Hoop*; wasana bandjoer doewé pandjaloek, toewan Gulliver dikon miloe dadi dokter praoe. Blandjané ditikeli tinimbang karo kaloemrahané, sarta ana ing praoe pangkaté ana ing sangisoring kapitan bener, dadi tinimbang oepsir-oepsir lijané, doewoer dèwé; mangkono manèh olèh sor-soran dokter praoe sidji manèh lan pambantoe loro.

Wis mesji baé panariné toewan kapitan maoe pantes dipikir, apa manèh sarèhné toewan Gulliver weroeh, jèn toewan ka-

pitan ikoe wong toewa kang temen sarta kapitan kang pinter, dadi kanĉané kena dipertjaja. Djalaran saka ing ikoe toewan Gulliver ora bisa nolak panariné maoe, loewih manèh sarèhné awaké déwé wis kepéngin banget ndjadjah tanah-tanah kang doeroeng disoemoeroepi, ora ngétoeng saroepaning pakéwoeh kang oewis-oewis. Kang isih dadi pakéwoeh moeng sarèhné bodjoné doeroeng didjak remboegan awèh lan orané; bareng remboegan, bodjoné wiwitané kentjeng ora awèh, nanging bareng digenah-genahaké, jèn akèh kaoentoengané, wasana — sanadjan ing batin aboté banget — bandjoer awèh.

Katjarita bareng wis tekan semajaning mangsa, nalika tanggal ping 5 Agustus 1706 toewan Gulliver mantjal saka ing plabochan Bristol, noenggang praoe *De Hoop*. Lakoening praoe rekasa déning tansah katempoeh ing prahara, éwadéné ðèk tanggal ping 11 April 1707 slamet tekan ing plabochan Fort St George. Ana ing kono praoe *De Hoop* lèrèn teloeng minggoe, kang sapisan perloe ndandani karoesakaning praoe, kang kapingdu toewan kapitan perloe golèk geneping poeng-gawané, djalaran ana ing dalan ana kang katiwasan.

Saka ing Fort St. George lakoéné praoe *De Hoop* teroes baé menjang ing Tongkin; sanadjan ing soepitan Malaka akèh badjagé, éwadéné lakoéné ana ing kono slamet, ora koerang sawidji apa, nganti tekan ing plabochané koèta Hanoi. Toewan kapitan ana ing kono arep lèrèn rada lawas, djalaran dagangan kang arep dimot ana ing kono, nalika samana doeroeng teka kabèh; mangka pangoesoengé saka ing tengah-tengahé tanah kono tarkaĉang nganti pirang-pirang sasi lawasé, djalaran dalané doeroeng betjik.

Soepaja awaking praoe adja paĉa nganggoer baé, sarta soepaja olèha idjol wragadé nggoné kanĉeg ana ing kono, toewan kapitan ana ing Hanoi toekoe praoe tjilik, arep dimoti dagangan, kang kira-kira disenengi déning wong bangsa Melajoe ing poelo-poelo sakiwa-tengené ing kono. Toewan Gulliver didadèkaké panggeĉéné praoe tjilik ikoe, sarta dikoesakaké dedagangan karo bangsa Melajoe maoe. Toewan kapitan déwé ora arep loenga-loenga saka ing Hanoi, arep ichtiar soepaja pangoesoengé dagangan kang dientèni maoe bisa rikat. Déne pradjandjéané toewan Gulliver arep diwènĉi saporoning olèh-olèhané baĉi.

Katjarita praoe tjilik maoe wis ana ing plaboehan Hanoi, golang-goling déning ombak. Olèhé ngemotaké barang dagangan doeroeng rampoeng, lagi pađa dioenggahaké déning koeli sarta ditata déning mantroes-mantroesé. Déné barang dagangané aroepa: moeté gelas, sembagi-sembagi, gelang, kaloeng sapanoenggalané, tèh lan lija-lijané.

Olèhé momot barang dagangan ikoe nganti pirang-pirang dina, wasana rampoeng. Mangkono oega panggedéné oega wis soemekta; sawisé pamitan menjang toewan kapitan, bandjoer moenggah ing praoe sarta préntah ngoenggahaké djangkar. Nalikané ranténing djangkar ditarik moenggah, lajaré dibabar, sarta dipasang gendéra Inggris, bandjoer ana angin betjik teka. Praoené toewan Gulliver noeli mangkat manengah ing sagara, kabèh kang ana ing praoe pađa ndoewèni pangareparep olèha kaentoengan kang gedé. Lakoening praoe teloeng dina lawasé olèh angin betjik, parané tansah mangidoel bener baé. Wasana katempoeh ing prahara, kang njoeroeng praoe wiwitané mangalor-ngétan, bandjoer mangétan. Sawisé mangkono, bandjoer olèh angin betjik manèh saka ing lor-koelon.

Bareng lakoéné wis olèh sapoeloeh dina, ing wajah ésoek toewan Gulliver dilapoeri, jèn ing ngarep ana praoe lajar loro katon. Bareng saja moendak tjeđak, katon jèn praoe maoe djoengkoeng kang njamari, sabab ora pađa nganggo gendéra oetawa klèbèt. Ing nalika ikoe ana djoeroe moeđi kang lapoer, jèn ing boeri oega ana katon praoe sawatara; jèn ndeleng dandanané, kira-kira praoning badjag.

Toewan Gulliver wiwitané ora ngandel, moelané mangsoeli sesembranan, jèn ora saben djoengkoeng Tjina pađa mbadjag ana ing sagara. Ananging bareng praoe maoe wis pađa tjeđak, lakoéné dirinđikaké, sabab arep nggenahaké lakoening praoené toewan Gulliver; ing kono toewan Gulliver awas pandelengé nganggo kèker, jèn ing praoe maoe pađa ana mrijemé, sarta wongé pađa sikep gegaman kabèh. Dadi dakwané djoeroe-moeđi maoe bener. Toewan Gulliver bandjoer préntah akon ngisèni mrijemé teloe kang ana ing praoené, noeli didjagani ing mantroes sidji-sidji, pađa njekel geni kabèh, dadi wis sedija njoemed, samangsa ana préntahé toewan

Lelakoné Gulliver

6.

Gulliver; kabèh ikoe toemindaké sarana alon, lirih, soepaja adja nganti katon saka ing praoening badjag.

Saroepaning mantroes, kang ora perloe kanggo ana ing dèk, paða ditjekeli beðil sarta diwènèhi obat mimis akèh, paða dikon mapan ana ing tijang-tijang; jèn ditempoeh ing moengsoeh, soepaja bandjoer paða ngoedanana mimis saka ing kono. Sawisé mangkono, lajar-lajaring praoe anoeli paða dikentjengi. Bareng olèhé tata-tata wis rampoeng, kabèh paða api-api ora weroeh marang praoe djoengkoeng kang paða ngetoetaké; déné praoené dèwé lastari dilakokaké mangidoel baé.

Pangiraning badjag, moelané praoe kang dietoetaké meneng baé, ora katon arep bangga, kinira saking djirihé, ora wani mapagaké; loepoeté mangkono, ja pantjèn ora kedoega bangga, amarga ora soemekta. Djalaran saja tjeðak, lakoéné saja dirikataké. Lakoening djoengkoeng prasasat paða balapan, ðisik-ðisikan olèhé arep nempoeh, soepaja énggala ketjanðak boeroné. Djoengkoeng kang ngojak saka ing tengen, ora soewé wis tjeðak banget, watara salepasé mimising mrijem.

Toewan Gulliver ora sah olèhé angon sapolahing moengsoehé nganggo kèkeré, ananging préntahé kentjeng, wongé ora kena pisan-pisan ndisiki mbeðil oetawa ngoenèkaké mrijem. Karepé toewan Gulliver ing sabisa-bisa adja nganti ana getih woetah. Ananging kakentjenganing panemoené, samangsa ditempoeh, ija bandjoer toemandang; malah jèn perloe, arep dilaboehi nganti saentèking kakoewatané.

Praoe djoengkoeng kang tjeðak dèwé dideleng nganggo kèker, katon jèn wis roemanti arep ngoedani mimis. Moelané toewan Gulliver bandjoer préntah wongé paða dikon toeron kabèh ana ing dèk. Wong kang dipréntahi lagi baé rampoeng olèhé paða mapan toeron, ing kono toemoeli oedan mimis saka ing mrijemé moengsoeh, nanging ora ngenani wong oetawa agawé karoesakan apa-apa. Toewan Gulliver ora gelem ngetjèh-etjèh obat mimisé, moelané ora bandjoer males, moeng ngénak-énak mbandjoeraké lakoe, soepaja saja ditjeðakana déning djoengkoeng moengsoehé; jèn wis tjeðak toemoeli arep ditanðangi. Djoengkoeng moengsoehé ora mangerti, moelané léna; doega-doega doewé pangira, jèn praoe kang diboeroe ora

sikep gegaman, moelané bandjoer saja tjeḍak, soewé-soewé moeng kari sapambeḍil doh³.

Panemoené toewan Gulliver ing nalika ikoe wis sedéngé mbalèkaké moengsoeh; sabisa-bisa moengsoehé arep ditjilikaké atiné baé, dinganti kawoes ora wani madjoe manèh. Moelané bandjoer awèh aba nibani mimis marang mantroes-mantroes ing praoené moengsoeh. kang paḍa mapan ana ing sangisoring tijang. Tibaning mimisé ngenani djoeroe-moeḍi sidji lan mantroes kang paḍa ndjagani mrijem. Barising badjag saking kagèté katon bingoeng; sadoeroengé tata. praoené toewan Gulliver wis ngoenèkaké mrijemé loro. Karoesakaning moengsoeh nggegirisi nganti ḍèking djoengkoeng kebak déning djsim lan wong ketaton, sarta kang kari paḍa bingoeng. Praoené toewan Gulliver énggal diinger sarta mrijem sidjiné disoemed, mimisé ngenani, nganti djoengkoengé borot.

Dadi djoengkoenging badjag sidji ikoe wis ora ngoewatiri, nanging kantjané sangsaja tjeḍak, sarta wis ana kang sedija arep noeloengi djoengkoeng kang lagi arep kelem, toewin ana kang arep nempoeh praoené toewan Gulliver. Toewan Gulliver wis ora bisa ngisèni mrijemé manèh, djalaran beḍiling moengsoeh wis kaselak paḍa moeni. Sanadjan pambeḍilé mantroesé ḍéwé ora paḍa ngoetjiwani, nanging sarèhné karoban moengsoeh, dadi tan mangga poeliba. Ora soewé djoengkoenging moengsoeh njeḍak, praoené toewan Gulliver dikepoeng déning badjag, djalaran saking kèhing momotané, ora bisa ngontjati moengsoeh. Badjagé pating-bedigas paḍa moenggah ing praoené toewan Gulliver. Sarèhné moengsoehé doedoe tanḍing, moelané toewan Gulliver bandjoer awèh préntah marang wongé. dipoerih paḍa noengkoel, sarta paḍa sèlèh gegaman. Jèn ta ditandangana sarana perang roeket, sarèhné kèhing moengsoehé tikèl sapoeloeh, ora lija ja moeng njorohaké pati baé.

Toewan Gulliver saktantjané bandjoer paḍa dibanda, toemoeli isining praoené paḍa didelengi. Ing nalika ikoe oega panggedéning djoengkoeng, tjatjahé teloe, paḍa teka marani toewan Gulliver. Kang loro bangsa Tjina, nanging kang sidji, kirané toewan Gulliver bangsa Europa. Toewan Gulliver takon nganggo temboeng Inggris marang panggedé kang bangsa Europa.

Kang ditakoni wangsoelané oega nganggo temboeng Inggris asongol, mratélakaké jèn toewan Gulliver saktjané arep ditalèni adoe gigir loro-loro, bandjoer arep ditjemploengaké ing sagara, minangka wewales nggoné matèni djoeroe-moedi lan mantroes-mantroesé.

Toewan Gulliver toetoer, jèn dèwèkné lan kantja-kantjané mantroes pađa bangsa Inggris kabèh, moelané doewé pandjaloek pađi diwelasana; moelané wani doewé pandjaloek kang samono sabab kang didjaloeki ija bangsa Inggris, toer kang agama Kristen. Kang ikoe soepaja pandjaloeké maoe dilantarna marang kantjané panggedé bangsa Tjina.

Pandjaloeké toewan Gulliver mangkono ikoe, apa manèh olèhé mratélakaké bangsané Inggris, semoené malah ndadèkaké woewoehing nepsoené panggedé bangsa Europa; djalaran olèhé kanđa marang kantjané panggedé bangsa Tjina ija nganggo temboeng Tjina, katon peřenangan banget karo noedingi marang toewan Gulliver

Kapitané praoening badjag kang gedé déwé bangsa Tjina, nanging bisa tjara Walanda. Ikie marani toewan Gulliver, bandjoer nakokaké praoené, wongé lan momotané; toewan Gulliver mangsoeli barès apa sanjatané. Menjang kapitan Tjina ikoe toewan Gulliver oega ndjaloek sih-kawelasan, awaké lan kantjané adja pađa dipatèni. Wangsoelané kapitan Tjina, toewan Gulliver saktjané ora soesah pađa koewatir, jèn bakal dipatèni. Toewan Gulliver mangsoeli, jèn gedé banget panarimané marang kasagoehané kapitan Tjina; nanging bandjoer kanđa marang panggedé bangsa Europa, jèn dèwèkné goemoen banget, déné sih-kawelasané bangsa Tjina, toer boeda, marang dèwèkné kok loewih gedé tinimbang bangsané déwé, toer kang agama Kristen.

Ora soewé toewan Gulliver roemasa kedoewoeng déning koe-rang pangati-atiné, moeni kaja mangkono menjang panggedéning djoengkoeng bangsa Europa maoe. Djalaran panggedéning praoe maoe bandjoer remboegan karo kantjané bangsa Tjina, ndjaloek soepaja toewan Gulliver ditjemploengna ing sagara. Sanadjan pandjaloek kang mangkono ikoe ora ditoeroeti, éwadéné toewan Gulliver meksa olèh paoekoeman kang loewih abot tinimbang mati ditjemploengaké ing sagara.

Mantros-mantrosé toewan Gulliver noeli didoem marang djoengkoeng djoengkoenging badjag, praoené toewan Gulliver diisèni mantros Tjina; déné toewan Gulliver déwé disèlèhaké ing sawidjining sekotji, kang wis ana lajaré, disangoni pangan tjoekoop kanggo patang dina, bandjoer arep ditjoelaké ana ing satengahing sagara. Kapitan Tjina sabisa-bisa arep ngalang-alangi, nanging ora bisa; bisané tetoeloeng moeng moewoehi sangoené pangan, sarta ora awèh. Jèn toewan Gulliver diglédah awaké. Panggedé bangsa Inggris ngadeg ana ing dèking praoené kambi ngoenèk-oenèkaké lan njepatani akèh-akèh marang toewan Gulliver.

Bareng sekotjiné toewan Gulliver wis ditjoelaké menjang tengahing sagara, badjag toemoeli paða mbabari lajaré, bandjoer mangkat, ora soewé wis paða ora katon saka ing sekotjiné toewan Gulliver. Toewan Gulliver panjawangé marang praoe-praoe maoe karo mrebes-mili.

Saiki toewan Gulliver déwé-emplé olèhé ana ing satengahing sagara gedé. Sekotjiné lémbak-lémbak ora karoewan sing diparani; wasana toewan Gulliver ndeleng nganggo kèkeré kaja-kaja weroeh poelo sawatara ana ing sisih kidoel-wétan. Sarèhné anginé betjik, toewan Gulliver bandjoer mbèbèr lajaré, pangarahé soepaja ing sadoeroengé peteng bisaa tekan ing salah sawidjiné poelo kang katon maoe; pangarep-arepé kasembadan, watara let teloeng djam lakoéné tekan ing sawidjining poelo, kang lemahé waðas, bandjoer mentas ing daratan. Ananging ing kono ora ana tilasing manoengsa. Ana ing pasisir toewan Gulliver nemoe endog manok pirang-pirang; bandjoer ngloempokaké kajoe réntjékan kambi soeket garing, dienggo mbakari endogé; panggawéné geni sarana fitikané. Sasoré ikoe kang dipangan ija moeng endog manok ikoe, djalaran sangoené pangan ing sabisa-bisané arep diwèt-ewèt. Benginé toewan Gulliver toeroe ana ing sadjroné geronganing paðas, sing digawé lèmèk oega kajoe réntjékan lan soeket kang garing; olèhé toeroe ija kaleboe kepénak.

Èsoeké toewan Gulliver golèk tilasing manoengsa oetawa kéwan, nanging ora nemoe. Toemoeli bali menjang sekotjiné, mbabar lajaré, dilakokaké menjang poelo lijané, kang kapernah

ana ing sisih kidoel-wétan; ana ing kono ora soewé; toemoeli menjang poelo lijané manèh. Poelo kang nomer teloe ikoe maoené kinira tjeḍak, nanging bareng diparani, sanadjan olèhé melahi disengka, éwadéné nganti limang djam lagi tekan, toer isih koedoe moebeng golèk babagan kang kepénak. Wasana olèh soenglon tjilik, geḍéné watara moeng tikel sapoeloehing sekotjiné bandjoer mentas ing ḍaratan.

Poelo maoe akèh banget paḍasé, moeng ana ara-arané sawatara, paḍa ana teḷoekoelané kang aroem gandané. Sate-ngah-tengahing poelo ana goenoengé sidji, wangoené kaja toempeng; toewan Gulliver ngira, jèn ikoe goenoeng geni kang wis sirep. Sangoené pangan toewan Gulliver, kang isih kèri ana ing sekotji, bandjoer didjoepoek sarta disimpeni ana ing goewa sadjrining paḍas satjeḍaké soenglon maoe. Ing kono akèh banget enḍogé manoek, moelané toewan Gulliver arep ana ing poelo ikoe sawatara dina. Sekotjiné bandjoer dientasaké, toemoeli ngloempoekaké kajoe rèntjèkan karo soeket garing, dienggo gawé patoeron. Olèhé enḍog oega paḍa disimpeni amor kambi sangoené pangan; bareng wis mangan soré, toemoeli ngalèlèh ana ing patoeroné, saking sajahé ora soewé toemoeli toeroe kepati.

Katjarita toewan Gulliver kagèt déning kroengoe swara saka ing sadjrining boemi, toemoeli linggih nilingaké swara maoe. Pangrasané kroengoe gloeḍoeg saka ing kadohan, moelané doewé pangira, jèn arep ana oedan angin; nanging bandjoer terang pangroengoené, jèn swara maoe saka ing sadjrining boemi. Swarané saja seroe, sarta djoemegoeré kaja-kaja ing sadjrining boemi lagi glaḍi perang nganggo mrijem. Lemah ing sangisoré toewan Gulliver krasa gondjing, sarta sanadjan hawané katon anteng, éwadéné toewan Gulliver kroengoe swara pating-tjroewèt, pating-glereng, pating-glero, kaja lagi ana gara-gara. Tjowèting manoek kang paḍa lelawatan, tarkaḍang ketanggor ing paḍas, ngoendakaké girisé toewan Gulliver. Toewan Gulliver ora samar, jèn kang mangkono ikoe pratandané jèn ing kono arep ana linḍoe geḍé, kang adaté banget olèhé gawé karoesakan.

Toewan Gulliver kagèt, bandjoer metoe menjang lawangan-ing goewa. Bareng tekan ing djaba banget kagèt lan goe-

moené marang kaanan kang katon. SanĊoewoering goenoeng kang ana ing satengah-tengahing poelo, ana koekoesé peteng, kang saja soewé saja moenĊak kandel. Langité ðèk awan katon biroe, paĊang soemilak, nanging ing nalika ikoe katon peteng soerat-soerat abang, remboelané ora katon sarta lintang-lintangé paĊa soerem kabèh. Koekoes kang peteng akandel maoe saja soewé saja moenĊak amba maratani; ora soewé toewan Gulliver kalimpoetan ing pepeteng.

Ing nalika samana ing kono isih siĊem premanem, ora ana sabawané walang asisik, nanging ing kadohan lamat-lamat ana swara goemloeĊog, kaja nggondjingna boemi. Koekoes peteng kang ana ing sanĊoewoering goenoeng maoe, toemoeli petjah; ing tengah-tengahé ana geniné moemboel. Sawisé mangkono, bandjoer peteng nĊeĊet. Ing nalika ikoe boeminé gondjang-gandjing kaja praoe katempoeh ing prahara; ing kadohan toewan Gulliver kroengoe swarané paĊas paĊa djoegroeg.

Toemoeli ana swara goemloeĊog manèh, wiwitané liriĊ, nanging saja soewé saja moenĊak seroené, wasana djoemegoer kaja mrijem sèwoe moeni bareng. Bandjoer ana koekoes metoe manèh, boeminé gondjing, ora soewé lèrèn, nanging rasané nggegirisi banget. Koekoesé bandjoer pijak manèh, ing tengah-tengahé ana geniné moemboel kaja metoe saka ing kawahé goenoeng geni; ora soewé poeloné katon kaja kobong arata. Ora soewé koekoesé toemoeli toemangkeb manèh sarta bandjoer peteng nĊeĊet alimengan.

Sawisé mangkono bandjoer ana swara djoemegoer manèh, seroené ngoengkoeli sing oewis. Toewan Gulliver mandeng marang poentjaking goenoeng. Ing kono katon ana koekoes kandel amor geni lagi moemboel, metoe saka ing tela kang banget ambané.

Djoemegoering swara ngéram-éramaké; jèn ana mrijem sèwoe dioenèkaké bareng, swarané isih doeroeng mantra-mantra, jèn mèmpera. Poeloné gondjang-gandjing, saeroeting lamboengé goenoeng bandjir lahar panas.

Sanalika ing kawah katon paĊang goemebjar mblerengi, djalaran ana geni boender kaja andaroe kang gedé banget tjoemlorot moemboel ing awang-awang, semoené kaja metoe

saka ing poesering boemi. Poetjaking goenoeng katon kaja djèdi kang banget gedéné, kebak isi wesi mangangah.

Bareng krođaning goenoeng geni maoe wis menđa, bandjoer ana prahara gedé, angroesakaké saroe pané kang katempoeh, netepi paribasan : kang malang-malang poetoeng. kang rawé-rawé rantas. Oewit-oewitan kang gedé-gedé pađa roengkad oetawa toegel gampangé wis kaja wit teboe ; swarané pating-gropak, pating-gabroeg kaja arep kijamat. Ing awang-awang akèh isiné sempalan pang, watoe, lahar lan awoe panas pađa lelawatan, toemoeli pađa koemroetoeg tiba ing lemah.

Toewan Gulliver toemoeli mlajoe loemeboe ing goewa manèh. Ora soewé kroengoe swara koemrotjok kaja ana oedan kang diesokaké saka ing langit. Moelané bandjoer metoe manèh menjang lawanganing goewa, ana ing kono weroeh ana oedan gedé nggegirisi, kamoran awoe ; sadjabaning goewa ana banjoené mimplek-mimplek kaja boeboer tjowèr sangsaja soewé sangsaja akèh. Gempalaning pađas pađa kaja disawataké ana ing awang-awang, toemoeli pađa tiba koemroetoeg ana ing pađas sapinggiring pasisir. Goenoengé isih tausah krođa, swarané nggegirisi ; poetjaké gempal, toemoeli ngglongsor mangisor kaja sagara geni. Oedané awoe sangsaja kandel, banjoe sagara katon biroe boetek déning awoe.

Toedjoené toewan Gulliver olèh pangoengsèn ana ing goewa ikoe, nanging kok bisa nemtokaké slameté ija ora ; dèwèkné bandjoer djèngkèng ana ing lawanganing goewa, pasrah ing Pangéran, ngentèni tibaning pepesèn kalawan sabar ing ati. Ananging swara kang nggegirisi maoe saja soewé saja menđa, petengé oega saja soeda, soewé-soewé pađang déning bambang wétan. Anginé toemoeli lèrèn, langité pađang soemilak, wasana srengéngéné trontong-trontong mleṭèk, mađangi poelo kang entas katiban ing wewelak.

Toewan Gulliver rasané kaja wong entas ngimpi. Bareng ana rina manèh, boedi lan krekaté oega pađa bali manèh kaja kang maoe-maoe. Saiki terang panemoené, jèn poelo ikoe wis ora kena dienggoni manèh, samono ikoe, jèn ora nedja mati ana ing kono. Moelané ing sabisa-bisa arep loenga saka ing kono. Ananging menjang ngendi?

Sarèhné ing sisih kidoel katon isih ana poeloné manèh, moelané bandjoer soemedja mrono Sekotjiné bandjoer diresiki, djalaran kebak awoe lan endoet, sangoené didjoepoeke kabèh, bandjoer lajar menjang poelo kang katon ana ing sisih kidoel maoe. Lakoéné slamet tekan ing kono; sawisé mangan, bandjoer mlakoe-mlakoe bola-bali oeroet sapinggiring gisik kambi mikir kahananing awaké kang memelas ikoe. Sanadjan langité paḍang sarta srengéngéné goemebjar, éwadéné polatané toewan Gulliver soentroet déning prihatiné.

Sasoewéné toewan Gulliver mlakoe-mlakoe kambi mikir-mikir mangkono, sanalika paḍanging srengéngé mbleret apeteng. Toewan Gulliver kagèt, koewatir jèn arep ana goenoeng geni ndjebloeg manèh, bandjoer toemenga; djalaran, jèn moeng méga baé ora bisa gawé peteng kang samono. Bareng toemenga, banget goemoené weroeh krembjah-krembjah ana ing satjedaking srengéngé; woedjoedé ora kepar kaja koekoes oetawa méga, nanging kempel, tjoemlorot marani panggonané toewan Gulliver. Moenggoeh woedjoed lan wewangoenané kaja poelo, nglajang ana ing awang-awang. Dideleng nganggo kèker ḍasaré katon rata; mangkono oega ing sagara katon ana ajang-ajangané tjeṭa.

Toewan Gulliver énggal moenggah ing paḍas, poelo kang lagi nglajang ditamataké nganggo kèkeré; bareng panglajangé ana ing sanḍoewoering sagara watara paḍa ḍoewoeré karo panggonané toewan Gulliver, ing kono katon ana wongé lagi paḍa mlakoe-mlakoe ana ing sapinggiring poelo. Ananging wong maoe lagi paḍa apa, toewan Gulliver ora bisa weroeh, djalaran saking dohé.

Saḍéla toewan Gulliver doewé pangira, jèn kang katon ikoe matakapèn, kaja kang sok katon ing sagara weḍi, meṣṭiné ing sagara oega ana. Ananging bareng dipikir manèh, jèn ta matakapèna, mangsa anaa ajang-ajangané, jèn pinoedjoe ngaling-ngalingi srengéngé. Moelané ora kena ora, meṣṭi sawidjining barang kang maedjoed; pangrasané toewan Gulliver, tjeṭa katon poelo, kang ora koemambang ana ing banjoe, nanging nglajang ana ing awang-awang. Kang mangkono ikoe meṣṭi baé toewan Gulliver ora mangerti, nanging woedjoedé tjeṭa mangkono.

Sarèhné wong ikoe wis dikodrataké dèmen oerip sarta dikodrataké dèmen golèk pangaoeban menjang bangsané dèwé, dadi toewan Gulliver ora nganggo dipikir manèh, sanalika bandjoer ngoewoeh-oewoeh sarosané, sarta katjoené diobat-abitaké ana ing sandoewoering sirabé, soepaja toemoeli katona. Toewan Gulliver bandjoer weroeh, wong ing poelo awang-awang ana kang mlajoe manengah, bandjoer ora katon. Poeloné tòemoeli kaja mandeg sadéla, ora soewé katon marani toewan Gulliver. Mangkono oega bandjoer katon tjeṭa, jèn ing sapinggiring poelo kang tjeṭak dèwé, akèh wongé paḍa ngloempoek, noedingi marang toewan Gulliver, sarta paḍa awèh sasmita, jèn wis paḍa weroeh marang dèwèkné. Wong kang paḍa ngloempoek maoe sangsaja tjeṭak karo panggonané toewan Gulliver ija sangsaja weroeh akèh. Let sawatara menit poelo maoe wis tjeṭak banget, nganti ḍasaré kang ana ing ngisor dèwé watara moeng kari sèket mèter dohé saka ing panggonané toewan Gulliver.

Toewan Gulliver bandjoer djèngkèng ana ing paḍas kang dienggoni, sarta melas-asih ngaṭoengaké tangané loro, minangka sasmita, jèn dèwèkné ndjaloe dientasa saka ing kasangsarané ikoe. Wong ing poelo awang-awang ana sidji kang njaloe toewan Gulliver nganggo basa, kang toewan Gulliver ora mangerti, nanging lagoené soemanak. Toewan Gulliver mangsoeli nganggo temboeng Itali nanging wong ing awang-awang semoené ija ora mangerti.

Wong ing poelo awang-awang toemoeli awèh sasmita toewan Gulliver dikon moedoen saka ing paḍas kang dienggoni, toemoeroena menjang pasisir; toewan Gulliver mitoeroet kalawan banget boengahé ing ati.

Poelo awang-awang bandjoer nijoe menjang panggonané ngadeg toewan Gulliver, kaja ana sing nglakokaké, nanging ora katon. Toemoeli ana bangkoe kèrèkan toemoeroen saka ing poelo maoe arep dienggo ngèrèk toewan Gulliver moeng-gah menjang poelo. Sanadjan nalar kang mangkono ikoe njalawadi banget, éwadéné toewan Gulliver ora nganggo mikir soewé-soewé, bandjoer moenggah linggih ing bangkoe, dikèrèk mandoewoer tekan ing poelo awang-awang.

Bareng toewan Gulliver wis moenggah, bandjoer diroboeng wong pirang-pirang. Enggoné paḍa njawang katon ing semoe,

jèn pađa éram banget; toewan Gulliver diiling-ilingi awaké sakodjoer, ora ana sing kliwatan. Mangkono oega toewan Gulliver ija banget goemoené ndeleng wong ing kono, panjawangé ora oewis-oewis, sabab, sanadjan wis akèh sesoeroepané éwadéné ing salawasé oerip doeroeng taoe weroeh wong kang kaja mangkono anèhé, anèh tenagané lan anèh panganggoné. Sirahé kabèh pađa mènglèng, ana kang mènglèng ngiwa lan ana kang mènglèng nengen; mangkono oega mripaté, kang sidji nglirik iroengé, sidjiné nglirik menjang awang-awang. Panganggoné oega pađa anèh-anèh, beḍahan lan wewangoenané, sarta pađa rinengga ing gambar srengéngé, remboelan lan lintang-lintang, oetawa gambar tetaboehan, kaja ta: gambar soeling, tjlempong, slomporet lan lija-lijané, kang toewan Gulliver doeroeng taoe weroeh.



Gambar 8.

Toean Gulliver di roeboeng ing wong pirang-pirang kang pada anèh-anèh

Wong-wong maoe semoené lagi pađa seneng-seneng, ananging patjaké ora pađa sembrana, dadi tenaga lan panganggoné kang mangkono anèhé maoe pantjèn wis dadi kalomrahané ing kono.

BAGÉAN II.

Toewan Gulliver njaritakaké kahanané ing poelo awang-awang lan wongé kang ngenggoni.

Toewan Gulliver didjak ing sawidjining wong, didjak moenggah menjang poetjaking poelo, ja-ikoe menjang kaḍatoné ing kono; dalané ngliwati oendak-oendakan watoe. Ing sangareping kaḍaton ora ana padjagané; ing poelo kono pantjèn ora ana saradadæ. Dadi toewan Gulliver gampang bisané teroes maleboe ing kaḍaton; ing sadjroning kaḍaton rerenggané ora ngoetjiwani. Toewan Gulliver teroes diirid maleboe ing sawidjining bangsal, panggonané séwaka Sang Praboe, kang lagi pinarak ing ḍampar kentjana, diaḍep ing para prijajiné kang gedé-gedé.

Ing sangarepé ḍampar kentjana ana médjané gedé, kebak isi globe pepeṭaning boemi lan langit, sarta piranti warnawarna kang kanggo ana ing ngèlmoe palintangan. Sang Praboe lagi mirsani sawidjining gambar kaart kang gedé, semoené lagi nggalih bab lakoening kodrat oetawa lagi moendoet ka-trangan bab sawidjining piranti anjar. Ing kono ana wong toewa, ramboeté wis poetih, semoené poedjangga lagi nggenahaké piranti maoe. Bareng olèhé nggenahaké poedjangga ikoe wis rampoeng, Sang Praboe lagi mirsani marang wong kang ngirid toewan Gulliver maoe, ndangoe sarta miḍangetaké oendjoeké. Doega-doega oendjoeké wong maoe, ngatoeri oeninga bab tekané toewan Gulliver ing poeloné kono, sarta mratélakaké, jèn toewan Gulliver ora mangerti temboengé wong ing kono. Sang Praboe bandjoer aparing ḍawoeh apa-apa marang abdi; noeli abdi kang ngirid toewan Gulliver menjang sawidjining kamar sadjroning kaḍaton; ana ing kamar kono toewan Gulliver didjaga sarta diladèni ing abdi loro, apa kekoerangané diseḍijani.

Jèn toewan Gulliver ngadeg ana ing sangareping tjendéla, bisa njawang kahanané poelo ikoe kabèh. Dèwèkné lam-lamen banget njawang asriné patamananing kaḍaton, kang dikotak-kotak matoenda-toenda. Dawané sidji-sidjining sisihé patamanan ikoe watara ana patang-atoes mèter. Doenoengé ana ing lamboenging goenoeng, digawé toenda-toenda pirang-pirang,

pasang rakité kaja omah koemiði Griek oetawa Roem ing djaman koena. Saben satoenda-toendané kasangga ing gapoera plengkoeng, ing ngisor déwé endèk, saja mandoewoer saja moendak doewoeré; gapoera ing doewoer déwé dohé saka ing lemah kang ngisor déwé, ana sèket kaki: Déné toendaning patamanan kang ana ing doewoer déwé ora nganggo gapoera. Patamanan maoe pasang-rakité pèni banget jasané leloehoeré Sang Praboe ing djaman koena.

Nalikané toewan Gulliver lagi lam-lamen njawang asrining patamanan, kasaroe tekané abdi ing kaḍaton nggawa rampadan mangan awan kanggo toewan Gulliver. Rampadané ora ngoetjiani, moelané toewan Gulliver olèhé mangan krasa nikmat banget, djalaran woes sawatara dina moeng koedoe narima mangan endog manok lan roti beskoewit sangoené saka ing praoe baé Olèhé mangan toewan Gulliver bebarang karo wong loro, wanda lan tenagané mrijajèni, doega-doega ija prijaji sadjroning kaḍaton. Prijaji loro maoe njambi mengertèkaké toewan Gulliver menjang djeneng-djenengé olah-olahan lan inoem-inoeman kang diladèkaké, nganggo temboengé wong ing kono. Saḍéla baé toewan Gulliver wis akèh kawroehé temboeng, dadi wis bisa ndjaloké déwé apa kang dikepéngini.

Sarampoengé olèhé paḍa mangan, prijaji loro maoe paḍa loenga, nanging ora soewé ana prijaji sidji manèh teka, nggawa pèn, kertas lan mangsi. Sarana sasmita prijaji ikoe awèh weroeh jèn tekané mrono diḍawoehi déning Sang Praboe ndikakaké moelang basané wong kono marang toewan Gulliver. Toewan Gulliver bandjoer diwoelang, soewéné nganti teloeng djam, olèh-olèhané akèh bangat, djalaran toewan Gulliver moela pantjèn lantip. Mangkono oega pamoelangé oega wasis, patrapé mangkéné: abdi kang paḍa ana ing kono salah sidji didjaloeke apa-apa. goeroené ngarani djenengé barang maoe kambi ditoelis, toewan Gulliver dikon noelisi tjarané Inggris ana ing boeriné. Gambar-gambar kang ana ing panganggoné, kaja ta: gambar srengéngé remboelan lan lintang-lintang, paḍa ditoedingi sarta diarani djenengé, toewan Gulliver dikon noelisi tjarané Inggris. Sadjroné teloeng djam ikoe toewan Gulliver wis bisa ngarani lan noelisi saroeapaning barang kang ana ing

kamaré nganggo basané wong ing kono. Bareng olèhé moelang wis olèh teloeng djam, goeroené loenga, toewan Gulliver bandjoer ngapalaké tjaetané, soepaja adja gampang laliné.

Kaja mangkono ikoe patrapé olèhé sinaoe toewan Gulliver saben dina, bareng wis olèh sawatara dina, kawrohé wis loemajan. Toewan Gulliver diwènèhi weroeh déning goeroené, jèn poeloné ikoe djenengé poelo „Lapoeta”, tegesé ing temboeng. Djawa „poelo nglajang”.


Bareng olèhé sinaoe watara wis olèh saminggoe, toewan Gulliver ditimbali sowan ingarsané Sang Praboe; ing nalika ikoe toewan Gulliver wis bisa nampani pangandikané Sang Praboe, sarta ing sabisa-bisa oega njaosi wangsoelan ing pandangoené, nanging olèhé njaosi wangsoelan ikoe isih rekasa banget.

Katjarita Sang Praboe aparing dawoeh nglakokaké poeloné ngener ngalor-ngoelon, sabab Sang Praboe karsa teḏak menjang kradjaning nagarané, ja-ikoe ing „Lagaḏo” tegesé sing goembjar”, doenoengé ana ing boemi.

Bareng aboering poelo wis olèh sangang djam — nanging toewan Gulliver ora krasa apa-apa — teka ing sanḏoewoering koeta kang rada geḏé sarta asri pasang rakité, ja-ikoe koeta Lagaḏo, kradjané ing nagara kono. Sarèhné Sang Praboe ana ing kono akèh kang arep digalih, dadi poelo Lapoeta koedoe lèrèn ana ing kono; déné toewan Gulliver, sarèhné salawasé ana ing kono doeroeng taoe metoe saka ing kaḏaton, djalaran wedi jèn katoet ing angin, ora woeroeng bakal ketjemploeng ing sagara, saiki njoewoen palilah arep ndeleng saoeпа-rengganing poelo. Sang Praboe pareng, malah goeroené diḏawoehi ngirid sarta diḏawoehi noedohaké lan nggenahaké kabèh saisining poelo.

Toewan Gulliver banget kepénginé weroeh, dajaning apa baé kang bisa ngerèh lakoéné poelo awang-awang ikoe. Ananging sadoeroengé diterangaké déning goeroené, ḏewèkné didjak ndeleng poeloné lan pérang-pérangané kabèh ḏisik.

Poelo ikoe wangoéné boender, geḏéné koerang loewih ana sapoeloeh èwoe baoe. Dasaré ing ngisor rata, kang digawé inten digaḏoek-gaḏoekaké sarta ditoempoek-toempoek, kandelé ana satoes mèter. Sanḏoewoering ḏasar inten ditoempangi



*IV. Bareng olèhé sinaoe wis olèh saminggoe, toewan Gulliver
ditimbali Sang Praboe.*

marmer, sanĊoewoering marmer krikil, bandjoer lemah. Ċasaré kang atos-atos paĊa miring manengah, moelané saroe-paning banjoe kang tiba ana ing kono, kaja ta boen oetawa oedan, paĊa mili menjang satengah-tengahing poelo; ana ing kono bandjoer didadèkaké tlaġa, asri sinawang. Sarèhné banjoe ing telaga ikoe ngoekoes déning panasing srengéngé, dadi geĊéné tansah adjeg. Mangkono oega sarèhné poelo maoe kena dierèh moenggah menjang sanĊoewoering peĊoet oetawa méġa, dadi bisa naĊahi banjoe sakarep-karep, akèh oetawa saġiġik.

Watara ing satengah-tengahing poelo ana djoerangé geĊé, kanggo dalané para sardjana ahli palintangané ing kono, jèn menjang goewa palintangan, kang doenoengé watara ana sèket mèter saka ing Ċasar inten. Toewan Gulliver bandjoer mrono karo goeroené; ing kono témbok lan pjané kabèh marmer. Kamaré teloe paĊa geĊé-geĊé, oeroet dadi saladjoer, rina-wengi paĊang déning lampoe mas rong-poeloeh, kang soroté pating pantjoerat katampeġ déning intening djrambah. Ing kamar kang geĊé Ċawé akèh médjané, kang paĊa isi gambar-gambar kaart lan piranti palintangan warna-warna. Nanging kang banget ndadèkaké goemoené toewan Gulliver, ja-ikoe sawidjining wesi brani, geĊé lan wangoené wis kaja gemboenging praoe. Ja wesi brani ikoe kang doewé daja, déné poelo maoe kena dierèh sakarep-karep. Toewan Gulliver bandjoer dimengertèkaké déning goeroené, mangkéné:

Wesi brani ikoe dawané watara teloeng mèter, ing pérangané kang kandel Ċéwé garisé tengah (kandelé) ana karo tengah mèter. Ing tengah-tengahé bener — nimbang boboté — diwènèhi inĊen inten, dadi wesi brani maoe timbang bener; botjah tjilik baé bisa andjomplangaké ing sakarep-karepé. Wesi brani ikoe goemantoeng ana ing panggonan kang kinoebeng ing inten, kena dilèrègaké marang sawidjining bolongan. Sarèhné plengkoeng lan inĊené inten wesi brani maoe gaġoek dadi sidji, sarta ikoe kabèh dajané ganĊèng karo inten Ċasaring poelo, moelané ora ana wong kang bisa ngobah-obah wesi brani maoe saka ing panggonané, jèn plengkoengé inten ora digepoek Ċisik.

Ija wesi brani ikoe kang dienggo ngerèh, déné poelo ikoe kena dilakokaké sakarep-karep sarta kena dioenggahaké oetawa

dieḍoenaké. Wesi brani ikoe doewé poel loro, kang sidji dajané njènèng boemi, sidjiné nolak, dadi wis djiblès kaja poelé bekakas èlèktrik. Kang djaga ana ing panggonaué wesi brani ikoe sawidjining sardjana ahli palintangan; jèn ana ḍawoehé Sang Praboe, oepama karsa toemeḍak, poelé wesi brani kang ndoewèni daja njènèng maoe diarepaké menjang boemi, poeloné mesṭi bandjoer toemoeroen alon-alonan menjang boemi. Jèn poelé kang doewé daja panolak diarepaké menjang boemi, poeloné mesṭi bandjoer moemboel kaja balon. Jèn wesiné brani digawé rata, paḍa benggangé karo boemi, poeloné bandjoer manḍeg kekedjer, ora moenggah ora moeḍoen, djalaran daja kang narik lan kang nolak boemi paḍa koewaté dadi poer. Jèn wesiné brani diiringaké, poeloné bandjoer nglajang, eneré menjang poel kang ndoewèni daja panarik. Dadi jèn poelo maoe wis ana ing awang-awang, lakoéné kena dierèh sakarep-karep sarana ngirang-ngiringaké wesiné brani. Wesi brani ikoe sing doewé tjekelan para sardjana ahli palintangan, kang woes pinter-pinter sawatara; ikoe kang paḍa ngerèh lakoening poelo, manonet sakarsané Sang Praboe.

Kaja apa goemoené toewan Gulliver, nalika weroeh olèhé nglakokaké saroepaning bekakas maoe, toer moeng nganggo tangan baé.

Soepaja poelo awang-awang ikoe tansah ana sing ngawat-awati, moelané ing angger-ageng ana pepatjaké: Sang Praboe sarta poetrané kang sepoeh ḍéwé loro ora kena pisan-pisan nilar poelo maoe. Mangkono oega ing kono koedoe tansah ana sardjana ahli palintangan salawé kang djaga.

Kadjaba saka ing ikoe poelo awang-awang ikoe katemtokaké dadi kagoenganing karaton kang ora kena toemiba ing tangan lija.

BAGÉAN III.

*Toewan Gulliver loenga saka ing poelo awang-awang,
bandjoer menjang nagarané Sang
Praboe ing Lapoeta.*

Bareng toewan Gulliver wis soemoeroep kabèh kaanané ing poelo awang-awang maoe, bandjoer wiwit doewé kepéngin loenga saka ing kono, arep bali menjang boemi. Kang sapi-san djalaran kaanané ing kono adjeg baé, dadi bosen; kang kapindo, jèn dèwèkné lastari ana ing kono baé, wis mesti ora bisa moelih menjang tanah Inggris. Moelané nijaté kentjeng ing sabisa-bisa arep loenga saka ing poelo ikoe, moeng ngen-tèni mangsa-kala kang betjik baé.

Nalika samana ing kaḍaton ana sawidjining prijaji bangsa loehoer, isih sentanané Sang Praboe ing Lapoeta. Bangsa loehoer ikoe kerep nimbali toewan Gulliver, didjak rasan bab kaanané ing tanah Europa, sing mesti bab prakara pranataning nagara, tatatjara lan prakara goena-pangawikan. Noedjoe sawidjining dina toewan Gulliver doewé panemboeng marang bangsa loehoer ikoe, kasoewoena palilahé Sang Praboe, kenna loenga saka ing poelo ikoe, arep toemoeroen menjang boemi. Bangsa loehoer maoe sagoeh; ora lawas toewan Gulliver olèh palilahé Sang Praboe, kena moeḍoen menjang boemi.

Sang Praboe akèh peparingé gandjaran menjang toewan Gulliver, sarta bangsa loehoer maoe nggawani lajang, toewan Gulliver dititipaké menjang mitra-mitrané kang ana ing koeta Lagado, ja-ikoe kradjané ing Lapoeta. Poelo toemoeli dilakokaké; bareng tekan ing sanḍoewoeré sawidjining goenoeng, kang dohé lakon rong djam saka ing Lagado, poeloné mandeg, toewan Gulliver toemoeli dieḍoenaké, patrapé kaja nalika moenggahé.

Bareng toewan Gulliver wis krasa ngambah lemah manèh, saking boengahé bandjoer tjetjolotan kaja botjah tjilik. Dèwèké bandjoer gembor-gembor awèh panarima sarta pamitan marang wong ing Lapoeta, kang isih paḍa kèri ana ing sapinggiring poelo. Bareng poeloné nglajang manèh, toewan Gulliver toemoeroen saka ing goenoeng, ngener marang koeta ing Lagado.

Lelakoné Gulliver.

7.

Dalané toewan Gulliver wiwitané ngliwati pagoenoengan kang kebak kebon anggoer, bandjoer ngliwati pasawahan kang pariné lagi koening, bandjoer panganan kang soeketé idjo-idjo, toemoeli padésan kang omahé pađa kinoebeng ing patamanan kang asri-asri. Wasana tekan ing sakèfènging koèta, bandjoer maleboe ing koèta ora nganggo ana kang moenasika. Ora ana sing njana pisan-pisan, jèn toewan Gulliver ikoe wong mantja, sabab nalikané isih ana ing poelo awang-awang wis salin panganggo kaja wong ing Lapoeta. Mangkono oega sarèhné bisa temboengé wong ing kono, dadi ana ing kono oega bisa tjatoeran kepénak.

Ora soewé lakoéné toewan Gulliver tekan ing sawidjining ratan kang ramé; mangkono oega omahé wong kang digo-
lèki ija bandjoer ketemoe; bareng maleboe ketemoe sing doewé omah, toemoeli ngoeloengaké lajangé titipan bangsa loehoer kang isih ana ing poelo Lapoeta. Kang doewé omah ikoe sawidjining prijaji gedé, djenengé toewan Munodi; sawisé matja lajang, bandjoer mbagèkaké marang toewan Gulliver. Toewan Munodi toemoeli préntah seđija kamar pondokan sidji, sabab salawasé toewan Gulliver ana ing Lagađo, arep dikon monđok ana ing kono baé. Toewan Munodi goemati banget, marang đajohé.

Ésoeké toewan Munodi wis seđija kréta ana ing ngarepan, sabab đajohé arep didjak nonton sadjroning koèta, ja-ikoe nonton saroepané kang pantes dineleng; bareng toewan Gulliver wis seđija, bandjoer pađa mangkat. Koèta Lagađo ikoe kaleboe koèta gedé, wewangoenaning omahé pađa anèh-anèh, ratané pađa amba-amba. Satengah-tengahing koèta, ja-ikoe ing panggonan kang ramé banget, katradjang ing kali kang banjoené bening, dadi koètané prasasat diparo bener. Témbok-témboké pađa kandel-kandel, lan santosa-santosa sarta pađa rinengga ing menara. Ratan-ratané pađa disrasah sarta katon resik-resik, mangkono oega omah-omahé ija pađa asri-asri. Ing sadjabaning koèta ora pati adoh ana pamelikané marmer, dadi jèn nagara arep gawé gedong-gedong kang prajoga, wis ora kekoerangan banda. Saoeroeting kali kang nradjang koèta akèh banget kreteg-kretegé bata oetawa wesi, mangkono oega ing kaliné ija ramé déning praoc panambangan tjilik-tjilik.

Satengah-tengahing koeṭa, tjeḍak karo kali, ana aloen-aloené kang kinoebeng ing toko gedé-gedé, moelané aloen-aloen maoe diarani aloen-aloen pasar. Sadina moepoet toewan Gulliver olèhé nenonton, moelané bareng ing wajah soré moelih, awaké krasa sajah banget. Sing doewé omah awèh remboeg, ésoeké betjik besijar metoe menjang sadjabaning koeṭa baé, sabab ora patia agawé sajah; toewan Gulliver mitoeroet.

Ésoeké bandjoer paḍa mangkat noenggang kréta menjang sadjabaning koeṭa, paḍa ngliwati sekètèng marmer, rinengga ing retja singa gedé-gedé. Koeṭané kang djaba katon reged, nanging ora soewé ngambah padésan kang banget asriné, ing salawasé oerip toewan Gulliver doeroeng taoe weroeh panggonan kang kaja mangkono asriné. Sakiwa-tengening ratan patamanan kang anglam-lami banget; bareng pangalembanané toewan Gulliver kelahir, toewan Munodi tjrita, jèn padésan ikoe ḍèwèké sing doewé, pantjèn nedja dipamèraké marang toewan Gulliver.

Krétané bandjoer maleboe ing patamanan, kang njenengaké banget, sawisé ngambah dalan resik kang kajoman ing wit-witan kawak gedé-gedé, bandjoer mandeg ing sawidjining omah geḍong tjara koena. Ing sakiwa-tengening omah akèh pantjoerané fontein, dalan-dalan kang ajom, alas-alasan sing asri-asri, sarta bèdji kang nengsemaké ati. Ana ing kono rasané toewan Gulliver wis kaja ana ing swarga

Sawisé paḍa ngaso sawatara, toewan Munodi akon nata mangan ana ing papan kang kepénak, toemoeli paḍa mangan ana ing kono kambi rerasan, goemjek banget. Toewan Gulliver ditjritani déning sing doewé omah bab babad lan tata-tjarané ing nagara kono; mangkono oega ḍèwèkné oega njaritakaké bab tata-tjarané ing tanah Europa, awit toewan Munodi ija ḍemen ngroengokaké.

Toewan Munodi olèhé paḍa ana ing pasanggrahané karo ḍajohé nganti sawatara dina, toemoeli paḍa bali menjang koeṭa, sabab sing doewé omah ora bisa ninggal lawas-lawas marang panggawéané. Moenggoeh toewan Munodi ikoe satemené Gouverneuré ing koeṭa Lagaḍo. Sabandjoeré toewan Gulliver didjak nonton kantor-kantor, sekolahan-sekolahan, moeséjoem-moeséjoemé ing nagara kono, lan sapanoenggalané

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:32 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.3192402338625
Public Domain in the United States; Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Bareng toewan Gulliver wis roemasa tjoekoep olèhé nenonton ana ing Lagaḍo, bandjoer wiwit mikir olèhé arep moelih menjang Inggris. Déné tinemoening pamikiré mangkéné:

Sasoewéné ana ing Lagaḍo toewan Gulliver kroengoe, jèn kradjané Sang Praboe ikoe ing sisih lor watesan karo Samodra Gedé; ing kono ana koetané kabandaran gedé, jaikoe gedé-gedéning koetané tanah Lapoeta. Koeta kabandaran ikoe wongé paḍa alakoe dagang karo sawidjining poelo, kaprenah ana ing sakidoel-wétané tanah Djepang, djenengé poelo Lugnag. Toewan Gulliver doewé pangira, jèn saka ing poelo Lugnag mesti ana dalané menjang Djepang.

Mangkono ikoe panemoené toewan Gulliver. Jèn wis kelakon ana ing Djepang, mestiiné gampang bisané bali menjang tanah Inggris. Sing doewé omah bandjoer dikandani, oega moepakat, bandjoer awèh bihal loro, kang sidji kanggo toenggangan, sidjiné kanggo ngemot sangoené toewan Gulliver. Kadjaba saka ing ikoe toewan Gulliver diwènèhi lajang menjang sawidjining oepsir laoet ing koeta kabandaran kaseboet ing ḍoewoer, djenengé koeta Malḍonaḍo.

Sawisé pamitan menjang sing doewé omah toewan Gulliver bandjoer mangkat, ora lawas lakoéné tekan ing koeta Malḍonaḍo, slamet ora koerang sawidji apa. Ananging satekané ing kono kebener ora ana praoe kang arep mangkat menjang poelo Lugnag, dadi koedoe lèrèn ngentèni. Lajang titipané toewan Munḍi bandjoer diwènèhaké menjang oepsir laoet kang dikirimi; wondéning oepsir laoet ikoe ngiras dadi panggedéné kabandaran ing Malḍonaḍo. Toewan Gulliver diponḍokaké ana ing omahé oepsir laoet ikoe, nanging banget tjoewané ing ati, déné ana ing kono kroengoe, jèn anané praoe menjang Lugnag isih lawas, énggal-énggalé sasasi engkas. Sing doewé omah awèh remboeg, sasoewéné ngentèni praoe, betjik dolan menjang poelo Glubdubdrib, dohé saka ing Malḍonaḍo moeng lakon limang djam. Sing doewé omah sagoeh njeḍijani praoené, sarta arep miloe karo mitrané sawatara.

Toewan Gulliver banget boengahé, remboegé toewan oepsir laoet dadi ditampani, apa manèh bareng kroengoe, jèn Glubdubdrib ikoe tegesé: „Poeloné toekang soelap” dadi doewé pangarep-arep, jèn bakal weroeh kang pantes ditonton.

Katjarita noedjoe sawidjining dina wajah ésoek toewan Gulliver saktanjane noenggang praoe lajar tjilik, mangkat saka ing Malдонадо menjang poelo Glubdubdrib; ana ing dalam seneng, ora soewé slamet tekan ing panggonan kang sinedja. Ana ing dalam toewan Gulliver wis kroengoe, jèn kang ngenggoni poelo ikoe para toekang soelap; déné kang wasis déwé panjoelapé, ja-ikoe Gouverneuré ing kono. Toewan Gouverneur ikoe, jèn moeng ngoendang wong mati baé, wis dianggep kaloemrahan, malah bandjoer kena dierèh sadjroné patlikoer djam, nanging ja moeng samono soewé-soewéné. Toewan Gulliver ditjaritani mangkono ikoe ing batin krasa ora ngandel, sabab dèwèkné ora mangerti, jèn ana wong bisa doewé kaloewihan samono; ananging banget kepénginé toemoeli weroeh marang jektiné kabar kang mangkono ikoe.

Bareng praoené wis laboeh, toewan oepsir laoet bandjoer baé teroes menjang dalemé toewan Gouverneur ing kono, ndjalokaké sowan sawidjining wong mantja, kang tekané mrono moeng perloe arep soemoeroep kaloewihané para toekang soelap. Pandjaloké sowan toewan Gulliver dililani, moelané bandjoer pađa mangkat arep menjang Gouverneur an saktanjane kang saka ing Malдонадо.

Doeroeng adoh saka ing palaboehan, lakoéné ménggok ngliwati dalam kang kajoman ing wit eik kawak pirang-pirang sarta ing kono gandané aroem. Bareng tekan ing dalem Gouverneur an lawang-lawangé pađa menga déwé, sarta bareng wis diliwati pađa mineb déwé. Toemoeli pađa ngliwati gang plengkoeng, kang dioeroeng-oeroeng ing wong djaga kiwa-tengen, panganggo lan gegamané isih tjara koena, sawangané medèni banget, nganti toewan Gulliver krasa wedi, nanging ora mangerti apa sababé. Saka ing kono bandjoer moenggah ing oendak-oendakan, kang dilèmèki ing baboet prang-wedani bloedroe, dadi jèn diambah, ora ana swarané. Ing sakiwa-tengené akèh rerenggan lan pasrèné warna-warna.

Bareng tekan ing doewoer toewan Gulliver saktanjane pađa ngliwati kamar asri-asri pirang-pirang, kabèh pađa ana sing djaga, panganggo lan gegamané oega kaja kang wis kapraté-

lakaké ing doewoer; toemoeli paða tekan ing bangsal kang arep dienggo nemoni. Toewan Gulliver goemoen banget, déné ing kono ora ana tjendélané.

Bareng wis paða mleboe ing bangsal, bandjoer paða diirid menjang ngarepané toewan Gouverneur, paða koeremat nding-kloek kaping teloe. Sawisé paða dibagèkaké sapatoté, toemoeli paða ditjarani loenggoeh ing koersi kang wis disedjikaké ing sakiwa-tengening paloenggoehané toewan Gouverneur.

Toewan Gouverneur ikoe, sanadjan wong ing poelo Glub-dubdrib ndoewèni basa déwé, oega mengerti basa Lapoeta; toewan Gulliver diatjarani njaritakaké lelakoné nalika lelakoe ing sagara lan ing daratan. Saking enggoné arep noedoehaké, jèn olèhé paða tetemon ikoe mligi tetemon partikeliran, abdi-abdi kang paða djaga ana ing kono paða dikon soemingkir kabèh. Patrapé nggoné akon loenga moeng sarana ditoedingi baé, kabèh bandjoer paða ilang paða sakala, ora karoewan parané. Weroeh lelakon kang kaja mangkono ikoe toewan Gulliver katon rada kagèt. Ananging bandjoer ditoetoeri déning toewan Gouverneur, jèn toewan Gulliver ora soesah koewatir apa-apa. Déné kantjané dajoh, sarèhné wis taoe ngalami lelakon kang kaja mangkono, dadi ajem baé; ikoe kang nggedèkaké atiné toewan Gulliver, bandjoer wiwit njaritakaké lelakoné. Ananging sasoewéné tjarita sadéla-sadéla koe-doe ngingetaké tilas panggonané ngadeg abdi kang paða moesna maoe. Ananging ora ana apa-apa kang katon.

Bareng toewan Gulliver wis rampoeng olèhé tjarita, toewan Gouverneur doewé panemboeng marang dajohé, jèn paða sardjoe, diatoeri mangan ana ing kono. Kabèh oega paða sagoeh. Toewan Gouverneur bandjoer kedjèp, sanalika ing tèmboeking bangsal ana lawang loro paða menga déwé, dajohé bandjoer paða diirid maleboe menjang sawidjining bangsal, asri oepa-renggané; ing kono wis ana sedjian dahar pista ana ing médja, tjatjahé ambengan tjoekoep trep kanggo toewan Gouverneur sadajohé. Kabèh toemoeli paða tata loenggoeh disambi omong-omongan kepénak. Bekakasé dahar sarwa slaka toelèn; sidji-sidjining ambengan ditjawisi kenði mas déwé-déwé, gelasé kabèh paða inten gosokan, sarta wadèhé

anggoer warna-warna, ana kan mas lan ana kan slaka. Mangkono oega dèdahan lan inoemané ija ora ngoetjiwani, pantes kambi bekakasé. Olèhé pađa omong-omongan sasoewéné pađa bodjana goemjek banget. Kang pađa ngoesoengi dahan lan ngladèni dahan lelemboet sawatara. Toewan Gulliver ing nalika samana wis ora pati wedi kaja maoené, nanging sadéla-sadéla, jèn kèlingan, ija isih sok mrinding. Déné kang pađa digoenem ramé ja-ikoe bab kamadjoeané nagara ing Lapoeta, toewan Gouverneur nemtokaké, jèn bakal tansah moemboel kaanané ana ing donja.

Bareng paladéné wis ngadjokaké piring boewah, toewan Gouverneur takon marang dajohé, pađa ndjaloek wowohan apa; sabab toewan Gouverneur arep awèh soegoeh wowohan kang pađa disenengi ing dajohé dèwé-dèwé, toer kang anjaran, lagi moedoen saka ing wité. Bareng dajohé kabèh wis pađa nglahiraké apa sing dikepéngini, toewan Gouverneur ngadeg saka ing paloenggoehané, piringing dajohé kabèh pađa dioesapi, toemoeli bali linggih ing panggonané manèh. Sawisé mangkono bandjoer noetogaké olèhé omong-omongan karo dajohé, nanging ora soewé bandjoer keplok. Ing kono sanalika piring-piring kang diajep pađa ana wowohané kaja déné pandjaloeké sing ngajep maoe. Ana sing olèh manggis, ana nanas, pelem, appel lan lija-lijané kang pađa seger-seger, kabèh ora ana sing gèsèh karo pandjaloeké. Kaja apa goemoen lan boengahé para dajohé kabèh, wis mesti baé ora bisa nglahiraké sing trep karo kaanané.

Bareng nggoenem prakara goemoené wis sirep, toewan Gulliver bandjoer takon marang toewan Gouverneur, kaprijé bisané ana lelakon kang mangkono. Toewan Gouverneur mangsoeli, jèn kang mangkono ikoe ora kena dikandak-kandakaké. Ananging toewan Gulliver ditoetoeri, jèn toewan Gouverneur doewé préwangan lelemboet, kang kena dikongkan-kongkon; lelemboet ikoe didjaloekana apa baé ija bisa nekani, sanadjan adoha panggonané dikaja apa.

Wowohan maoe bandjoer pađa dipangan, kabèh pađa ngalem ing pèniné.

Toewan Gulliver sakantjané olèhé merdajoh ana ing Gouverneur nganti ing wajah soré. Toewan Gouverneur oega

nemboeng marang toewan Gulliver bengi ikoe dikon nginep ana ing kono, ananging toewan Gulliver ing batin krasa wedi, dadi mangsoeli, jèn ora bisa, adja dadi atiné, sabab wis dise-dijani pondokan déning mitrané.

Toewan Gouverneur mangsoeli kambi mèsèm, jèn ora bisa, ja ora dadi apa, nanging banget-banget pandjaloeké, ésoeké baé toewan Gulliver diarep-arep bali menjang Gouverneur manèh. Sanadjan toewan Gulliver ing batin satemené aloewoeng bali menjang Maldonado, éwadéné roemasa koerang pantes, jèn pandjaloeké toewan Gouverneur ikoe ditoelaka, moelané bandjoer sagoeh. Ananging satemené ing batin rada aras-arsen.

Ésoeké toewan Gulliver bali menjang Gouverneur manèh, nanging déwé baé, djalaran kantjané ora pađa dioendang. Ing nalika ikoe, jèn weroeh lelemboet kang pađa katon, wis ora pati gila kaja maoené. Olèhé nampani sing doewé omah koeremat banget; ésoek ikoe toewan Gulliver oega sara-pan ana ing kono. Sasoewéné pađa omong-omongan toewan Gulliver dililani doewé pandjaloek apa-apa, anggeré bisa, arep dilegani déning toewan Gouverneur. Toewan Gulliver ana ing nagarané wis taoe kroengoe, jèn dèk bijèn ana sawidjining prèwangan kang misoewoer, djenengé Faust, ikoe kadigdajané kang komoek déwé olèhé bisa ngoendangi wong kang wis pađa ora ana (mati). Kedjaba saka ing ikoe dèwèkné oega wis kroengoe, jèn toewan Gouverneur oega bisa nekakaké wong kang wis ora ana, moelané arep ditjoba. Dèwèkné ngarani wong dèk djaman koena, sing djenengé misoewoer ana ing sadjrone babad; toewan Gouverneur dikon nekakaké woedjoedé. Katjarita sapa sing diarani déning toewan Gulliver, ija bandjoer kasatmata, ja-ikoe: Menelaus, kang misoewoer kaprawirané; Agamemnon, kang kalok kawitjaksanané; Achilles, kang konđang kadigdajané; Iskandar Doelkarnèn, Hanibal, César, Pompejus, Theodorik, Karel de Groote lan sapanoenggalané; toewan Gulliver olèhé njawang ndomblong.

Sawisé mangkono toewan Gulliver ditakoni, apa isih ana manèh wong sing wis ora ana, kang arep disoemoeroepi; nanging toewan Gulliver mangsoeli, jèn wis tjoekoep; djalaran enggoné njawang marang woedjoedé wong pirang-pirang kang wis pađa ora ana maoe, gawé kenđaking atiné.

Toewan Gulliver bandjoer didjak moebeng ndedelengi ing sadjroning dalem Gouverneur kabèh, toemoeli didjak menjang patamanan ing sabocrining dalem. Ing kono ana paḍas, kang lawangé bandjoer menga ḍéwé, bareng dikedjèpi déning toewan Gouverneur. Wong loro ikoe toemoeli paḍa mleboe ing paḍas, ngliwati gang, kang kapaḍangan déning sorot biroe. Dalané ménggak-ménggak, wasana tekan ing sawidjining tlaḡa. Bareng lakoéné tekan ing kono, témboking paḍas kang ana ing sabranganing tlaḡa, bandjoer menga ḍéwé, sarta ana botjahé wadon prawan-prawan rong larik paḍa metoe. Salarik-lariké ana botjahé wadon nenem lan kepalané wadon sidji; kepalané panganggoné sarwa poetih, botjahé wadon sarwa djambon, paḍa nganggo sléndang koemitir. Bandjoer paḍa tjanḍak-tjanḍakan tangan, djedjogédan ana ing sanḍoewoering tlaḡa, tjoekating tandangé kaja ora ngambah banjoe. Mangkono oega ing nalika ikoe lamat-lamat keproengoe ana swarané moesik, ja-ikoe kang didjogèdi maoe. Botjah wadon rong larik maoe olèhé paḍa ndjogèd anglam-lami banget sinawang, tarkaḍang larikané paḍa tradjang-tradjangan, bandjoer paḍa ngedoh, oetawa paḍa déné marani. Wasana paḍa ngloempoek, kampoel-kampoel ana ing banjoe, katon kaja karangan kembang mawar poetih lan mawar abang.

Bareng dikedjèpi déning toewan Gouverneur, kabèh paḍa moesna.

Toewan Gulliver banget panoewoené marang toewan Gouverneur, déné diwènèhi weroeh djogèd kang betjik banget, salawasé oerip doeroeng taoe weroeh djogèd kang kaja mangkono betjiké.

Sarèhné toewan Gulliver wis roemasa tjoekoep olèhé nampani pakoermatané toewan Gouverneur, sarta pantjèn wis semajan kambi kantjané arep bali menjang Malḍonaḍo ing dina ikoe oega, moelané bandjoer pamitan sarta awèh panarima manèh marang toewan Gouverneur. Sawisé mangkono bandjoer metoe nggolèki kantjané. Soréné toewan Gulliver sakantjané paḍa bali menjang Malḍonaḍo kalawan slamet, ora koerang sawidji apa.

BAGÉAN IV.

*Toewan Gulliver lajar menjang poelo Lugnag, bandjoer
moelih menjang tanah Inggris mctoe
ing tanah Djepang.*

Bareng toewan Gulliver watara wis patbelas dina olèhé dadi dajohé panggedéné koéta kabandaran ing Malḍonaḍo, bandjoer kroengoe kabar, jèn ing plaboehan ana praoe sing wis sedija arep lajar menjang poelo Lugnag. Toewan Gulliver banget ing boengahé, énggal tata-tata bakal sangoené. Sing doewé omah oega akèh olèhé njangoni kaboetoehané ing dalan. Bareng wis pamitan karo sing doewé omah, bandjoer mangkat menjang plaboehan, para mitrané akèh kang ngeter-aké tekan ing praoe.

Katjarita toewan Gulliver bandjoer mantjal saka ing plaboehan ing Malḍonaḍo menjang poelo ing Lugnag kalawan marem ing ati. Ing batin banget panarimané marang Pandjenengané Sang Praboe ing Lapoeta sakawoelané kabèh, djalaran ana ing kono tansah olèh panganggep betjik, ndèkaké ing maremé.

Saka ing Malḍonaḍo menjang ing poelo Lugnag ikoe lajaran teloeng minggoe. Wiwitané lakoening praoe njeneng-aké atiné kang paḍa noenggang, saben dina toewan Gulliver roemasa tansah moendak tjeḍak karo tanah woetah getihé; ananging noedjoe sawidjining dina wajah tengah wengi paḍa sakala ana prahara gedé. Lakoening praoe njimpang saka ing dalané, dadi tekané ing Lugnag mesti bakal moendak lawas manèh. Ananging ora lawas praharané lèrèn, langité paḍang soemilak, lakoening praoe lantjar ngambah sagara kang kimplah-kimplah biroe, ngener marang poelo kang diparani. Toewan Gulliver ing batin wis ora saranta olèhé ngentèni waktoe tekané ing Lugnag, sabab, jèn wis tekan ing kono, panganggepé prasasat wis tekan ing Inggris, djalaran lakoéné kang kari wis karoewan. Katjarita poeloné bandjoer katon, ora antara soewé tekan ing moewaraning kali Clumegnig, ja-ikoe kali kang nradjang koéta kabandaran ing Lugnag.

Bareng lakoening praoe watara moeng koerang lakon sa-djam saka ing koetané, bandjoer nibakaké djangkar, sarta

awèh tengara ngoendang loods. Let satengah djam ana loods loro teka, ikoe kang nglakokaké praoené metoe ing sela-selaning karang kang katon lan kang ora katon; jèn kang nglakokaké doedoe loods, wis mesji ora bisa toemindak. Sawisé moedik ing kali sawatara dohé, bandjoer tekan ing plaboehan, sapinggiring koeja bener.

Katjarita ana mantroesing praoe kang awèh weroeh menjang loods, jèn toewan Gulliver ikoe wong mantja, nagarané adoh banget. Sarèhné ing kono ana pepatjak kentjeng, jèn wong mantja ora kena liwat metoe ing kono, dadi loods maoe bandjoer lapoer menjang panggedéné kabandaran.

Bareng toewan Gulliver arep moedoen menjang daratan, bandjoer dipriksa déning poenggawa kabandaran, pamriksané slesih lan soemengit banget. Poenggawa kabandaran pamriksané toewan Gulliver nganggo temboeng Lapoeta, sabab para prijaji kabandaran ing kono kabèh pađa bisa basa Lapoeta, djalaran pakaremaning sasrawoengané para poenggawa kabandaran maoe karo para soedagar ing Lapoeta.

Toewan Gulliver olèhé awèh katrangan oega nganggo basa Lapoeta, tjekak nanging tjeta. Dèwèkné mratélakaké, jèn saka ing tanah Lapoeta arep menjang Lugnag, nanging ora ngakoe bangsa Inggris, ngakoe bangsa Walanda, sabab dèwèkné weroeh, jèn dèk samana bangsa Europa kang kena maleboe ing tanah Djepang, moeng bangsa Walanda. Kandané menjang poenggawa kabandaran, dèwèkné kang maoe mangkat saka ing nagara Walanda, nanging bareng tekan ing satjedaké pasisiré tanah Lapoeta, praoené kèrem déning katempoeh ing prahara, kantjané kabèh pađa mati keblebek. Dèwèkné dèwé dientas déning sawidjining poelo kang nglajang ana ing awang-awang, bandjoer menjang ing Malđonado kalawan pali-lahé Sang Praboe ing Lapoeta. Saiki dèwèkné saka ing Malđonado arep menjang ing Djepang metoe ing Lugnag; saka ing Djepang nijat ladjoe moelih menjang nagarané dèwé.

Poenggawa kabandaran olèhé ngroengokaké ora nganggo tjatoeran saketjap. Bareng toewan Gulliver wis rampoeng olèhé tjarita bandjoer dikandani déning poenggawa kabandaran, jèn dèwèkné mitoeroet angger-anggering nagara koedoe ditjekel, sabab ing kono ora kena katekan ing bangsa Europa. Toewan

Gulliver koedoe dikoendjara nganti ana dawoeh katrangan saka ing kradjaning nagara. Prakara ikoe ija arep toemoeli ditindakaké, nanging kira-kira olèhé katrangan nganti sawatara dina. Toewan Gulliver takon, apa ora kena ngentèni katrangan ana ing praoe baé; wangsoelané poenggawa: ora kena, sabab koewatir, jèn minggat. Dadi toewan Gulliver kepeksa mitoe-roet loemeboe ing koendjara.

Toewan Gulliver bandjoer diirid menjang sawidjining omah tjilik, nanging resik goemrining, ana ing sapinggiring plaboehan, dadi saka ing kono bisa njawang menjang kali lan menjang sagara; ing sangareping lawangé ana sing djaga, soepaja toewan Gulliver adja nganti minggat. Ananging toewan Gulliver dililani dolan-dolan ana ing patamanan ing saboerining omah pakoendjarané, kang kinoebeng ing tém-bok kang doewoer-doewoer. Kedjaba saka ing ikoe wongé ing kono menjang toewan Gulliver pada soemanak-soemanak, sarta tjadongé mangan lan ngombé oega ora ngoetjwani. Mangkono oega toewan Gulliver ija dililani nampani dajoh. Mangka bareng wong akèh pada kroengoe, jèn ing kono ana wong bangsa Europa ditahan, bandjoer akèh soedagar kang soegih-soegih pada teka nemoni, kepéngin kroengoe kaanané ing tanah Europa. Wong kang nemoni ikoe pada awèh beboengah apa-apa marang toewan Gulliver; kang mangkono ikoe wis dadi adat tjaraning nagara.

Toewan Gulliver bisané tjatoeran karo para soedagar maoe djalaran amèk djoeroe basa, ja-ikoe sawidjining wong nonoman barengané noenggang praoe saka ing Maldoenado. Wong nonoman ikoe lahiran ing Lugnag, nanging wis lawas manggon ana ing Maldoenado, dadi kapinterané basa loro ikoe wis ora ngoetjwani.

Katjarita toewan Gulliver wis roemasa ora saranta olèhé ngentèni toemoeli ana katrangan teka. Ananging banget ndadèkaké ing kagèté, djalaran dawoehing panggedéné nagara: toewan Gulliver saradja-darbèké kagawaa menjang kradjaning nagara, katjara tahanan, kairingna ing pradjoerit djaranan sapoeloeh. Toewan Gulliver doewé pandjaloek, dèwèkné déwé karo djoeroe-basané ditoenggangna ing djaran. Pandjaloeké toewan Gulliver ikoe ditoeroeti, bandjoer pada mangkat

menjang kradjaning nagara, diiringaké ing pradjoerit, barang-barangé dimotaké ing kréta, oega diiringaké ing pradjoerit.

Pradjoerit pangiringé kang sidji ndisiki lakoe, soepaja ngatoerana oeninga tekané toewan Gulliver ingarsané Sang Praboe ing Lugnag, dadi Sang Praboe saged toemoeli nemitokaké kapan lan ana ingendi olèhé arep mirsani marang toewan Gulliver. Toewan Gulliver lakoéné ana ing tengah, dioeroeng-oeroeng ing pradjoerit, nganti tekan ing kradjaning nagara.

Bareng toewan Gulliver olèhé ngentèni dawoeh ana ing koeṭa Lugnag wis olèh rong dina, lagi ana dawoeh ditimbali menjang kaḍaton, diirid sowan ingarsané Sang Praboe déning Adjudant. Toewan Gulliver, bareng wis teka ingarsané Sang Praboe, bandjoer soedjoed sarana mengkoereb ana ingarsané Sang Praboe kambi ngamboeng lemah; kang mangkono ikoe saka pangrasané toewan Gulliver mitoeroet tata-tjarané ing tanah Asia.

Sang Praboe olèhé nampèni kalawan soemèh ing wadana, toewan Gulliver diḍawoehi ngadeg sarta didangoe, keprijé nalaré déné nganti toemeka ing nagarané.

Toewan Gulliver ngoendjoekaké nalar-nalaré kaja déné pratélané marang poenggawa ing kabandaran. Sang Praboe katon jèn ngoengoen banget, sarta mratélakaké soekaning panggalihé déné bisa tetemon karo wong kang wis akèh sesoeroepané. Sang Praboe aparing dawoeh marang abdi ing kaḍaton, diḍawoehi roemeksa betjik-betjik marang toewan Gulliver sarta diḍawoehi maringi kamar pondokan ana ing sadjroning kaḍaton.

Mangkono oega toewan Gulliver diparingi ḍoewit sakanṭong kanggo mbajari kaboetohané kang tjilik-tjilik. Malah toewan Gulliver ditari arep diabdèkaké dadi prijaji ana ing kaḍaton, nanging sarèhné kepénginé moelih wis banget, dadi moeng njoewoen sih kamoerahané Sang Praboe kaparingana palilah ladjoe menjang Djepang, saka ing kono arep golèk praoc kanggo moelih menjang nagarané.

Sang Praboe karsa maringi palilah, anggeré toewan Gulliver gelem ngentèni ḍisik sawatara dina ana ing kaḍaton; toewan Gulliver matoer sandika, bandjoer diparingi lajang nitipaké

toewan Gulliver marang Sang Mikaḍo, ja-ikoe djedjoeloeking ratoe ing Djepang.

Toewan Gulliver ana ing kaḍaton ing Lugnag roemasa seneng pikiré, sabab digoematèni banget. Bareng wis olèh ing sawatara dina, bandjoer njoewoen pamit ingarsané Sang Praboe. Sang Praboe pareng, toewan Gulliver diparingi gandjaran warna-warna, sarta dititipi pisoengsoeng, katoer marang pandjenengané Sang Mikaḍo ing Djepang, toewan Gulliver diḍawoehi njaosaké déwé kambi lajangé. Toewan Gulliver oega diḍawoehi njaosaké katemenané Sang Praboe, olèhé sadèrèkan karo Sang Mikaḍo. Mangkono oega toewan Gulliver diparingi ḍoewit mas, kèhé patang-atoes patang-poeloeh papat. Tjatjah nganggo angka kang paḍa mangkono ikoe wis dadi kasenangané Sang Praboe ing Lugnag.

Mangkaté toewan Gulliver menjang koeḍa plaboehan ing pasisir-lor nganggo dikoermati djadjaran saka ing kaḍaton, kang awit saka ḍawoehé Sang Praboe. Bareng teka ing koeḍa plaboehan banget boengahé ingati kroengoe kabar, jèn nem dina engkas ana praoe kang arep mangkat menjang Djepang. Toewan Gulliver bandjoer ngremboeg panggonan, bareng wis wajahé bandjoer mantjal. Lakoéné slamet, bareng wis olèh patbelas dina tekan ing koeḍa palaboehan kang ramé, ja-ikoe ing Jokohama.

Koeḍa Jokohama ikoe doemoenoeng ana ing sapinggiré soenglon Jèḍḍo, tjeḍak karo koeḍa kradjaning nagara, ja-ikoe koeḍa Tokijo. Bareng praoené maleboe ing plaboehan, bandjoer ana prijaji saka ing kaḍaton teka, arep niti-priksa asalé sidji-sidjining wong kang paḍa noempang. Djalaran nalika samana larangan gedé, jèn ana wong bangsa Europa, saljané bangsa Walanda, wani ngambah ing tanah Djepang; sapa sing wani nglanggar, mesti olèh oekoem pati. Toewan Gulliver, kedjaba pratéla, jèn dèwèkné bangsa Walanda, oega noedoehaké lajangé Sang Praboe ing Lugnag sing katoer marang pandjenengané Sang Mikaḍo. Prijaji kaḍaton ora samar marang tjaping lajang, apeḍa ratoe ndjoendjoeng keré; moelané bandjoer kanḍa marang toewan Gulliver, patjaké anḍap-asor banget, jèn dèwèkné sagoeh mitoelingi ing saperloené; sabab toewan Gulliver dianggep prijaji gedé, oetoesané Sang Praboe ing Lugnag. Toewan Gulliver

sabarangé bandjoer ditoenggangaké ing sekotji goepmèn, mentas menjang daratan. Bareng para prijaji ing Jokohama pađa kroengoe, jèn toewan Gulliver nggawa lajang kondjoek ing ngarsané Sang Mikađo, banget olèhé pađa ngoermati. Toewan Gulliver diwènèhi pondokan kang prajoga. pepak sedijané abdi, djaran, kréta, kena dienggo sowan menjang kađaton ing Tokijo; tjekaké pondokané patoet kanggo oetoesaning ratoené nagara kang memitran.

Toewan Gulliver krasa seneng banget ana ing omah-pondokané. Éwadéné oega bandjoer kongkonan wong sowan menjang kađaton ing Tokijo, njoewoen palilah bakal ing pisowané. Sarèhné lagi dadi oetoesaning ratoe, moelané énggal tanpa dawoeh, jèn kapareng sowan.

Toewan Gulliver olèh papagan karéta saka ing kađaton; ananging bareng lakoéné tekan ing sakèřenging koeđa, bandjoer koedoe moedoen saka ing kréta; saka ing kono lakoéné nganti tekan ing keđaton koedoe darat, dioeroeng-oeroeng ing batoer toekon patang-poeloeh, ana kang bangsa koelit poetih lan ana kang koelit ireng. Sadalan-dalan lakoéné dadi ton-tonan, éwon wong kang pađa nonton tekaning oetoesan. djalaran enggoné nampani nganggo pakoermatan gedé mangkono.

Satekané ing kađaton oega ditampani kalawan pakoermatan, bandjoer diirid sowan ing ngarsané Sang Mikađo. Toewan Gulliver olèhé ngoendjoekaké nawala karo djèngkèng, mangkono oega enggoné ngoendjoekaké welingé idjoan Sang Praboe ing Lugnag. Bareng nawalané wis diwaos, Sang Mikađo bandjoer ndangoe akèh-akèh marang toewan Gulliver; enggoné pađa wawan-pangandika nganggo djoeroebasa kang bisa tjara Walanda. Slesih banget pandangoéné Sang Mikađo marang asal, lelakon lan kanijatané toewan Gulliver.

Toewan Gulliver moendjoek, jèn dèwèkné ikoe soedagar Walanda, entas loenga lajangan adoh, bandjoer praoéné kèrem déning katempoeh ing prahara, awaké kéntas ing daratan. Saka ing kono bandjoer bisa menjang ing Lugnag, lakoéné ngliwati daratan lan laoetan. Ana ing Lugnag sowan ingarsané Sang Praboe, bandjoer diparingi palilah mbandjoeraké lakoe menjang Djepang, sabab Sang Praboe roemaos dadi mitrané Sang Mikađo, djalaran lakoe dagang saantarané Lugnag lan

Djepang ramé banget. Pangadjeng-adjengé Sang Praboe toewan Gulliver ana ing Djepang bisaa olèh praoe kanggo moelih menjang nagarané déwé.

Sang Mikaḍo paring pangandika, sasaged-saged arep mi-toeloengi toewan Gulliver bisané moelih marang nagarané. Mangkono oega awan ikoe toewan Gulliver diḍawoehi mangan ana ing kaḍaton.

Sang Mikaḍo paring sasmita, bandjoer ana gamelan moeni ngrerangin; Sang Mikaḍo toemoeli djengkar, mlebet menjang sawidjining bangsal, diḍèrèkaké ing toewan Gulliver lan para prijaji gedé kang paḍa sowan. Ing bangsal kono wis ana seḍijan ḍahar; Sang Mikaḍo lan toewan Gulliver bandjoer mapan lenggah noenggal médja, nanging para prijaji lijané paḍa mapan; loenggoeh ing médja sédjé, ora kena noenggal médja karo Sang Mikaḍo. Sasowéné paḍa ḍahar, akèh-akèh pandangoené Sang Mikaḍo menjang toewan Gulliver, sarta katon soeka ing galih, déné toewan Gulliver nélakaké, jèn soegih kawroeh.

Bareng olèhé paḍa ḍaharan wis rampoeng, Sang Mikaḍo ḍawoeh nata kamar kanggo ponḍokané toewan Gulliver, sarta toewan Gulliver ditari, apa ésoeké gelem nḍèrèk mbebeḍag menjang sadjabaning nagara. Toewan Gulliver matoer sandika.

Kebeneran ésoeké terang, langité paḍang soemilak; soroting srengéngé pating pantjoerat katampek déning rereng-ganing kaḍaton ing Tokijo, kang pating glebjar. Nalika samana kang arep mbebeḍag paḍa mangkat saka ing koeta menjang alas pagoenengan ing sadjabaning nagara. Satekané ing alas pambeḍagan. ing kono wis ramé, djalaran para abdi toewa-boeroe wis paḍa nḍisiki, dadi wong akèh wis paḍa kroengoe, jèn Sang Mikaḍo arep karsa mbebeḍag karo tamoené. Mangkono oega wong sing arep paḍa nggosokaké beboeron, ija wis paḍa seḍija.

Kabèh panata lan panindaké ora ana kang ngoetjiwani. Sasowéné mbebeḍag kabèh paḍa seneng banget, olèhé ija akèh. Olèh-olèhané paḍa digawani ing abdi pepikoel.

Bareng olèhé paḍa mbebeḍag wis tjoekoep soewéné, bandjoer paḍa lèrèn; bareng aba mangkat moeni, paḍa boḍol bali menjang nagara.

Soréné toewan Gulliver dikoermati pista ana ing kaḍaton.

Ésoeké manèh toewan Gulliver moebeng sadjroning koefa nonton apa-apa kang pantes dineleng. Kang banget ndadèkaké goemoené toewan Gulliver, ja-ikoe sawidjining tjanði, doemoenoeng ana ing panggonan kang doewoer pejané kaja dadi pasemoning kasaktèn. Déné omahé tjanði prasasat ka-boentel ing mas kabèh, ija bener tipis nanging mas toelèn, doenoengé ana ing poepoentoeuk; saka ing kéblat papat ana dalané oendak-oendakan kanggo moenggah mrono. Toewan Gulliver ija moenggah; bareng tekan ing doewoer rasané soemlengeren ndeleng saoeпа-rengganing tjanði, olèhé sarwa pèni lan sarwa goembjar. Pirang-pirang pajon lan menara mas oetawa salaka tjilik-tjilik, kang tinarètès ing sesotya, pating pantjoerat déning katampek ing srengéngé. Ing ngendi-endi akèh gendérané srengéngé-mlejèk, pating klèbèt reboet oenggoel karo lelajoe. Ing dalan oendak-oendakan akèh wongé kang paða moenggah oetawa paða moedoen, panganggoné paða matjak-matjak; ing plataraning tjanði akèh wongé kang paða mlakoe-mlakoe. Ing sakiwa-tengening tjanði akèh retjané kéwan sing anèh-anèh, paða dienggo padasan, banjoené mantjoer adjegan. Sadjroning tjanði oega akèh retjané mas lan salaka warna-warna woedjoedé. Saben pajon lan saben manara paða ana lontjèngé, dadi swarané koemroesoek kaja ombaking sagara.

Toewan Gulliver salawasé oerip doeroeng taoe weroeh kang sarwa goembjar sarta sarwa pèni kaja mangkono; bareng bali menjang kaðaton, ing batin isih krasa lam-lamen.

Ésoeké toewan Gulliver arep mangkat menjang Nagasaki, sabab ing palaboehan Nagasaki akèh praoe kang lajangan menjang tanah Europa. Sang Mikaðo dawoeh ngeteraké nganti tekan ing Nagasaki pisan. Sarèhné toewan Gulliver arep metoe ing sagara, moelané diparingi praoe kagoengané Sang Mikaðo pijambak, kapitané mitajani.

Katjarita lakoené toewan Gulliver slamet tekan ing Nagasaki, ora koerang sawidji apa. Ana ing kono monðok ing omahé panggedéning kabandaran; banget boengabé ing ati kroengoe saka sing doewé omah, jèn wis mèh ana praoe mangkat menjang Amsterdam, djenenging praoe *Ambon*, gedéné patang-atoes sèket ton.

Lelakoné Gulliver.

8.

Toewan Gulliver bandjoer menjang plaboehan karo sing doewé omah, arep ndeleng praoe *Ambon* maoe. Satekané ing praoe, bandjoer pađa nemoni kapitané aran toewan Theodoor van Grult. Sarèhné toewan Gulliver ðèk bijèn wis taoe manggon ana ing nagara Walanda lawas, malah wis taoe sekolah ana ing koefa Leiden, moelané olèhé tjatoeran tjara Walanda wis kaja basané dèwé.

Toewan kapitan nakokaké lelakoné toewan Gulliver sing oewis-oewis. Toewan Gulliver olèhé tjarita tjekak nanging aos; sanadjan akèh sing ora dikandakaké, éwadéné ora ngatarani. Sasoewéné pađa omong-omongan toewan Gulliver takon, apa dèwèkné kena miloe noenggang praoe *Ambon* menjang nagara Walanda. Toewan kapitan mangsoeli kena, anggeré toewan Gulliver gelem mbajar séwan kaja kang wis dadi beneré. Ananging bareng kroengoe, jèn toewan Gulliver ikoe dokter, bandjoer dililani miloe noempang tanpá bajaran sapangané, angger gelem dadi dokter praoe, jèn ana wong lara, koedoe dipitoeloengi déning toewan Gulliver. Djalaran nalika mangkaté praoe ikoe, katempoeh ing prahara gedé, dokteré dèwé ana ing sagara Indija ilang katjemploeng ing sagara.

Toewan Gulliver sagoeh; toewan kapitan bandjoer prén-tah njedijani kamar. Toewan Gulliver ditakoni, apa isih doewé sanak-sadoeloer kang ana ing nagara Walanda; toedjoené toewan Gulliver akèh kawanoehané ana ing nagara Walanda, dadi bisa ngarani Walanda sawatara, kang kena diakoe sanaké. Kang pađa diarani djenengé maoe Walanda ing provincie Gelderland, dadi toewan kapitan wis ora samar, jèn lelawané remboegan ikoe bangsané dèwé.

Toewan Gulliver toemoeli nata koper-koperé, dikon nggawa menjang praoe; ing dina mangkaté praoe toewan Gulliver die-teraké sing doewé omah menjang plaboehan. Sawisé pađa andoem slamet, toewan Gulliver mangkat, noenggang praoe lajar *Ambon*. Lakoéné tansah olèh angin betjik, nganti ngliwati tanah djasirah Malaka lan soepitan Malaka, sing misoewoer akèh badjagé; wasana slamet tekan ing Kaap de Goede Hoop. Ana ing kono praoe *Ambon* lèrèn, sabab akèh perloené, ja-ikoe: amèk banjoe ngombé, toekoe boetoe

lan ndandani karoesakaning praoe, nanging toewan Gulliver ora moeḍoen saka ing praoe.

Wasana nalika tanggal ping 10 April 1710 praoe *Ambon* tekan ing Amsterdam; ana ing dalam mantroesé mati teloe djalaran saka ing lara, sarta tiba saka ing tijang gedé sidji. Pradjandjéané toewan Gulliver olèhé dadi dokter praoe, ing nalika samana dadi wis rampoeng. Moelané bandjoer pamitan menjang toewan kapitan van Grult; sawisé mangkono, toemoeli mentas menjang daratan.

Ora antara lawas toewan Gulliver mangkat saka ing Amsterdam menjang tanah Inggris. Ing wajah bengi malem tanggal ping 16 April praoe kang ditoenggangi maleboe ing plaboehan, dadi ésoeké toewan Gulliver bisa werosih tanah woetah getihé manèh, sawisé loenga kanem tengah taoen lawasé.

Toewan Gulliver énggal ambandjoer menjang Redriff, ing dina ikoe oega tekan ing omahé. Boengahé anak-bodjoné wis ora kena winirasa, déné wis entèk pangarep-arepé, woesana bisa ketemoe manèh karo toewan Gulliver mangka tekané prasasat makdjleg tanpa sangkan. Mangkono oega toewan Gulliver déwé, ija roemasa bekdja banget, déné anak-bodjoné pada ketemoe slamet kawarasan kabèh.

Bareng wis pada tentrem pikiré, toewan Gulliver bandjoer njaritakaké lelakoné marang anak-bodjoné. Sing disandang oetawa sing dideleng, kasoesian lan kaboengahané ana ing paran adoh, kabèh ditjaritakaké, ora ana sing kaliwatan. Kang pada ngroengokaké pada ndomblong kabèh saking ngoengoené.

IV.

Lelakoné toewan Gulliver ana ing tanah Kaboetan kang kapindo.

BAGÉAN I.

*Toewan Gulliver loenga menjang Ostende bandjoer dadi
kapitané praoe „de Gouden Draak.”*

Toewan Gulliver ikoe oeripé ana ing omah kepénak, moe-
lané saroe paning kasangsaran lan kasoésahan sing wis disan-
dang, moeng sadéla olèhé ngrasakaké. Ora lawas wis toekoel
kepénginé arep loengan manèh, kepéngin weroeh tanah lan wong
mantja. Ana ing omah sanadjan ajem, sarèhné ora doewé
pagawéan sing adjeg, dadi bandjoer ora betah. Toer saben
kataman ing pakéwoeh ing batin wis doewé nijat, samangsa
slamet bisa moelih ing omahé, ora arep loenga-loenga manèh.
Éwadéné sarèhné pantjèn ndoewéni dasar dèmen marang
lelakon sing élok-élok, dadi bandjoer kepéngin weroeh dja-
djahan manèh.

Kang ikoe toewan Gulliver bandjoer tata-tata arep loengan
noenggang praoe manèh, ora predoeli ditangisi ing anak-
bodjoné. Nalika tanggal kaping 1 Desember toewan Gulliver
mangkat lajangan saka ing plaboehan Limehouse, noenggang
praoe kang aran *De twee Gebroeders*, kapitané toewan August
Smith. Bareng tanggal 25 toewan Gulliver slamet tekan ing
plaboehané koeta Ostende.

Ana ing Ostende toewan Gulliver ketemoe karo oepsir-laet
sawatawa, sing wis tepoeng betjik karo dèwèkné. Bareng para
mitra-mitrané kroengoe, jèn toewan Gulliver kepéngin ndja-
djah tanah sing adoh-adoh, pađa sagoeh nggolèkaké praoe sing
arep lajangan adoh. Toewan Gulliver noeli ditepoengaké rem-
boeg karo sawidjining firma ing Ostende kono. Kadadéaning
remboeg: toewan Gulliver didadèkaké kapitané praoe lajar

kang aran *de Gouden Draak*, sarta ing sawatara sasi engkas koedoe mlakoe lajar menjang tanah Tjina lan Djepang.

Sawoesé kadadéan remboegé, toewan Gulliver bandjoer bali moelih menjang omahé. Ana ing omah bareng wis tetemon karo anak-bodjoné sawatara minggoe, bandjoer bali menjang Ostende manèh, arep nata bakal mangkaté praoe, sing dadi tjekelané.

Bareng panatané praoe wis rampoeng, wis sedija samomotané pisan, nalika tanggal ping 1 April 1711 toewan Gulliver mantjal saka ing plaboehané koeŕa Ostende. Lakoéné slamet olèh angin betjik; bareng tanggal kaping 23 April tandjoeng Teneriffe katon, ora antara lawas goenoeng-goenoengé ing tanah Afrika oega bandjoer paŕa katon. Wasana lakoening praoe tekan ing Kaap de Goede Hoop; ana ing kono toewan Gulliver mandeg woloeng dina, perloe toekoe boetoe.

Katjarita ana ing kono mantroesé toewan Gulliver minggat sing woloé; poelisiné ing kono kentjeng banget olèhé nggolèki, ananging meksa ora ketemoe. Sarèhné ana ing koeŕa Kaapstad toewan Gulliver ora bisa olèh mantroes manèh, dadi kepeksa mbandjoeraké lakoe moeng karo mantroes kang kari baé. Saliwaté pongolé tanah Afrika kang sisih kidoel, lakoening praoe dieneraké marang poelo ing Maŕagaskar. Bareng poelo Maŕagaskar katon, toewan Gulliver weroeh praoe roesak kampoel-kampoel ana ing sagara; bareng ditamataké nganggo kèker, katon ing ngarepané ana retjané singa; toewan Gulliver ora samar, jèn ikoe praoe Inggris. Moelané bandjoer akon ngoenèkaké mrijem, ananging ing praoe kang roesak maoe meksa ora ana sabawané apa-apa, dadi toewan Gulliver bandjoer noetogaké lakoe. Bareng lakoéné olèh rong mijl, toewan Gulliver weroeh sekotji, kang lagi marani praoené toewan Gulliver karo awèh sasmita jèn katjilakan.

Praoené toewan Gulliver bandjoer dilakokaké marani sekotji maoe, wongé diatas, dioenggahaké ing praoe, kabèh paŕa katon memelas banget. Wong ing sekotji maoe wis nem dina olèhé ora paŕa mangan apa-apa, sarta doeroeng soewé sing sidji wis ketiban oendi arep dipatèni kanggo pangané kantjané. Kang katiban oendi ngrerepa ndjaloe inah sadjam, soepaja bisaa maŕep marang bakal patiné. Ananging doeroeng nganti

genep sadjam, wis pađa dientasi sarta dioenggahaké ing praoe *de Gouden Draak*, ikoe dadi kabèh pađa roemasa bekdja, loewih manèh kang katiban oenđi.

Saka tjaritané mantroes-mantroes kang pađa dipitoeloengi, praoené kang maoe aran *de Trouwe Anna*, kapitané toewan Smedley, lagi moelih saka ing nagara Tjina; bareng tekan satjedaké ing poelo Mađagaskar, ketanggor ing karang. Awaking praoe sing patang-poeloeh kambi kapitané pađa mati keblebek.

Mantroes-mantroes sing dipitoeloengi maoe olèhé ngopèni ana ing *de Gouden Draak* ora kakoerangan; toewan Gulliver doewé panari: dipilih endi, dientasaké ana ing Mađagaskar, karo miloe dadi mantroesing praoené. Kabèh pađa milih dadi mantroes ana ing *de Gouden Draak*, dadi ing nalika ikoe toewan Gulliver ana ing satengah-tengahing sagara bisa nemoe boetohé kang perloe banget. Toer olèh wong kang kepotangan njawa marang dèwèkné, wis mesti baé pan-tes kena dipitaja antepé.

Nalika tanggal kaping 2 Djoeni ing saantarané djam sanga lan sapoeloeh soré, katjarita ana prahara teka, semoené arep nggegirisi, ing tijang-tijanging praoe adjeg katon ana telohé, mratandani jèn arep ana bebaja gedé. Angin lor-koelon krođané nggegirisi, nganti rolikoer dina olèhé nganggo dolanan menjang *de Gouden Draak*. Bareng tanggal 24 Djoeni praharané lèrèn, nanging lajaré wis adjoer rowak-rawèk, sarta toewan Gulliver ora weroeh, doenoenging praoené ing nalika ikoe ana ing ngendi. Anđoengané lajar bandjoer dikon ndjoepoek kanggo njalini; praoené toemoeli dilakokaké ngalor-ngétan.

Bareng tanggal ping 28 Djoeni mantroes kang ana ing uitkijk sanalika njwara: „Ngarep đaratan!”

Ing nalika ikoe ora ana wong kang ngarep-arep đaratan, moelané kabèh pađa kagèt.

Praoené sangsaja njedak marang đaratan, djalaran anginé saka ing kidoel-koelon. Saja tjedak menjang đaratan, toewan Gulliver saja kèlingan menjang woedjoedé palemahan ing sakiwa-tengené pagoenoengan wađas kang ana ing ngarepé. Soewé-soewé toewan Gulliver ora samar, jèn praoené saiki ana ing djadjahané tanah Kaboetan.

Toewan Gulliver bandjoer njandak rođa kemoedining praoe, ora nganggo goeneman saketjap menjang djoeroe-moedi sing njekel. Praoené bandjoer dilakokaké metoe sela-selaning karang sapirang-pirang. nganti mleboe ing soenglon; ana ing kono bandjoer nibakaké djangkar.

Toewan Gulliver bandjoer akon ngedoenaké sekotji sidji, toemoeli ditoenggangi menjang djaratan karo mantroes sawatara.

BAGÉAN II.

Toewan Gulliver menjang ing kradjané tanah Kaboetan manèh, sowan Sang Praboe lan Sang Pramèswari sarta ngloewari mitrané, Glumdalclitch, saka ing koendjara. Wasana bandjoer minggat saka ing kono.

Bareng wis pađa tekan ing djaratan, bandjoer pađa ngoebres pasisiré ing kono, nanging ora nemoe tabeting manoengsa oetawa kéwan, dadi bandjoer pađa nijat bali menjang praoené. Nijaté toewan Gulliver arep noeroet pasisir sarana noenggang praoené, nganti bisa nemoni wong. Ananging bareng tekan ing panggonaning sekotjiné, ketemoe ana ing pentasan, sabab saganané pinoedjoe sob. Ora lija toewan Gulliver koedoe sabar ngentèni robing sagara manèh.

Sarèhné panasé soemelèt banget, para mantroes pađa mentang lajar, dienggo ngaueb; déné toewan Gulliver karo djoeroe moedi loro pađa moenggah maleboe menjang djaratan. Lakoéné toewan Gulliver sakantjané doeroeng patia adoh, pađa weroeh ana danawa; toewan Gulliver ora samar, jèn ikoe boeta ing Awoe-awoe-langit. Kantjané karo pisan banget kagèté, bandjoer mlajoe asipat koeping.

Ananging toewan Gulliver malah njeloek danawané nganggo basané ing kono; danawané goemoen banget weroeh toewan Gulliver. Sanadjan dèwèkné ikoe boeta pasisir, ija ikoe toekang amèk iwak, éwadéné wis weroeh, jèn toewan Gulliver ikoe dèk bijèn abdi badjangan kekasih ing kađaton, dadi bareng weroeh, ija ora pangling. Danawa banget boengahé, déné bisa nemokaké abdi badjangan, kang woes ilang samono

lawasé; toewan Gulliver bandjoer didjoendjoeng, diedegaké ing èpèk-èpèké sarta ditakoni, tekané ing kono ikoe saka ing ngendi.

Toewan Gulliver bandjoer njaritakaké lelakoné, enggoné nganti mentas ing djaratan ikoe; danawané toemoeli énggal-énggalan menjang gisik, arep weroeh, apa njata, jèn isih akèh toenggalé wong kang tjilik-tjiliké samono. Bareng mantroes-mantroesé weroeh diparani ing boeta, bandjoer énggal-enggalan paða njèrèd sekotjiné menjang banjoe, toemoeli arep diwelahi. Ananging tanpa gawé, djalaran danawané kaselak teka; sekotjiné bandjoer didjoendjoeng, digawa mentas, disèlèhaké ing djaratan, watara satoes mèter dohé saka ing banjoe.

Toewan Gulliver mangkroek-mangkroek ana ing lengening danawa; kantjané mantroes paða ditoetoeri adja tjilik-tjilik atiné, sabab danawané ora bakal ganggoe-gawé apa-apa. Toewan Gulliver bandjoer ndjalok ngalih menjang sekotji; kantjané toemoeli ditoetoeri akèh-akèh, semoené rada ngandel.

Toewan Gulliver noeli doewé pandjalok menjang danawa, soepaja awaké sakantjané kabèh paða digawaa menjang omahé. Sekotji saisiné bandjoer ditjandak déning danawa, ditoempangaké ing poendaké, digawa moelih menjang omahé. Ana ing omahé paða disoegoeh mangan lan minoem; sawisé paða mangan, bandjoer disèlèh-sèlèhaké ana ing patoeroné anaké, soepaja paða ngasoa.

Mantroes maoe sing sidji ngoelèt, bandjoer tiba kebanting, nganti klenger, ora obah-obah ana ing lemah, djalaran dwoering patoeron saka ing lemah ora koerang saka patang mèter. Toewan Gulliver sakantjané ija kroengoe, nanging ora ana sing bisa noeloengi. Toedjoené sing doewé omah énggal maleboe, dadi mantroes sing tiba bandjoer ditoeloengi, disèlèhaké ing bantal manèh; ora soewé éling, nanging gigir lan sirahé isih krasa lara banget.

Toewan Gulliver ditoetoeri déning danawa, jèn sekotji sawongé kabèh arep digawa menjang nagara ing dina ikoe oega, sabab dèwèkné ora wani tanggoeng ing pandjagané. Dohing nagara saka ing kono ana 50 mijl, moelané mantroes-mantroes paða ora ngandel, jèn ing dina ikoe oega bisa tekan ing nagara, sanadjan boetaa sing nggawa. Ananging toewan Gulliver,



*V. Ana ing dalan danawa lèrèn ing sawidjining waroeng,
gawané sekotji saisiné disèlèhaké ing médja.*

sarèhné wis soemoeroep terang moenggoeh kaanané ing kono, ora ndoewèni samar pisan-pisan.

Bareng kabèh wis paḍa dikon mangan manèh, toemoeli paḍa dikon mapan ing sadjroning sekotji, sekotjiné bandjoer dipoenḍak. Toewan Gulliver mapan ana ing sanding koepingé danawa, soepaja bisaa omong-omongan karo ḍewèknèné. Sing ditakokaké ḍisik, ja-ikoe bab kaslametané Glumdalclitch, mitrané; bandjoer nakokaké, apa wong ing Kaboetan paḍa mengerti keprijé loengané toewan Gulliver saka ing tanah Kaboetan. Danawa awèh weroeh, jèn sailangé toewan Gulliver, Glumdalclitch bandjoer dikoendjara; nanging kang banget diprihatini déning Glumdalclitch, déné ilangé toewan Gulliver kok ora karoewan katrangané mangkono.

Mangkono oega Sang Praboe lan Sang Pramèsvari ija banget ing pangoengoené; olèhé nggolèki ndjlimet ora kakoe-rangan; abdi kapoetran, kang dipasrahi roemeksa, sanalika diwetokaké saka ing kaḍaton. Toer abdi kapoetran maoe isih bangsa loehoer, wis patjangan karo sawidjining poetri, darahé Sang Praboe. Ananging toewan Gulliver meksa ora ketemoe, dadi kinira wis mati, moelané ing kaḍaton bandjoer nda-woehaké pangoengoen woloeng sasi lawasé. Éwadéné Sang Pramèsvari isih kerep ngandikakaké bab abdiné badjangan, sing ditresnani banget.

Toewan Gulliver olèhé omong-omongan karo danawa ikoe isih bisa kepénak, moelané boengah banget, déné isih bisa basané ing tanah Kaboetan, doeroeng lali. Ana ing dalan danawa lèrèn ing sawidjining waroeng gawané sekotji saisiné disèlèhaké ing médja. Ana mantroes sidji arep metoe saka ing sekotji, kepéngin weroeh ing médja kono ana apa baé; ananging keplèsèd bandjoer tiba ketjemploeng ing basi isi tjokak. Sa-oepama adjaa pinter nglangi, mestji mati keblebek ing tjokak. Toedjoené bandjoer dientas déning danawa kang anggawa, pandjoepoké kaja wong ngentas laler saka ing wédang, moeng nganggo dridjiné sidji.

Bareng danawa sagegawané wis paḍa djadjan, toemoeli mbandjoeraké lakoe; bareng ngarepaké soeroep srengéngé, paḍa tekan ing sadjabaning nagara. Bareng arep maleboe ing nagara, sekotjiné ditoetoepe nganggo katjoening danawa,

sing ana ing djero nganti pađa keplepeken. Moelané ditoepi, perloené soepaja adja nganti katon, moendak bandjoer ana sing ngatoeri oeninga menjang kađaton, sadoeroengé ðèwèkné teka.

Danawa banget boengahé, déné satekané ing kađaton, ora ana sing weroeh menjang gawané. Moeng abdi sing djaga kori mesti baé ora kena nglebokaké wong, jèn doeroeng terang apa gegawané. Sing djaga kori didjak soemingkir sadéla, bandjoer ditoedoehi isining sekotji, kang bakal katoer ingarsané Sang Pramèswari. Sing djaga kori ikoe ðèk-bijèn wis tepoeng karo toewan Gulliver, moelané ija ora pangling. Sanalika bandjoer mlajoe ngatoeri oeninga ingarsané Sang Pramèswari.

Katjarita Sang Pramèswari lagi pinoedjoe đahar karo Sang Praboe. Bareng pađa mireng, jèn toewan Gulliver teka, karo-karoné pađa djoemeneng, sarta Sang Praboe aparing đawoeh, soepaja toewan Gulliver kasowanaké toemoeli. Saka ing kadohan toewan Gulliver weroeh, jèn tekané ikoe banget ndadèkaké soekaning panggalihé Sang Praboe lan Sang Pramèswari, katara saka ing pasemoning wadanané; soekaning panggalihé sangsaja moendak, bareng pađa pirsra, jèn isih ana toenggalé wong badjang pitoe manèh.

Wong woloe maoe bandjoer didjoendjoengi saka ing sidji-sidji déning Sang Praboe, pađa disèlèh-sèlèhaké ing baki kang ana ing médja, soepaja kenaa diiling-ilingi kang tetéla. Sang Pramèswari kambi para prijaji lan poetri-poetri kađaton oega pađa toemoet ngiling-ilingi kabèh.

Sang Praboe bandjoer njarijosaké prihatosé pijambak, lan Sang Pramèswari toewin saisining kađaton kabèh nalika pađa kètjalan toewan Gulliver. Toewan Gulliver noeli didawoehi njaritakaké lelakoné kabèh, wiwit ilangé saka ing kono nganti sabaliné ikoe.

Toewan Gulliver matoer sandika, bandjoer wiwit tjarita. Olèhé tjarita nganggo diwoewoehi, jèn banget prihatiné nalika ontjat saka ing kađaton ing Ngawoe-awoe langit, moelané banget pangoediné ngarah bisané olèh praoe; bareng wis olèh, bandjoer golèk kantja didjak nggolèki tanah Kaboetan. Ing nalika ikoe toewan Gulliver — atoeré marang Sang Praboe —

roemasa bekdja banget, déné bisa bali menjang tanah sing ditresnani.

Bareng Sang Nata miḍanget, jèn praoené toewan Gulliver isih kèri ana ing pinggir pasisir, bandjoer arep paring ḍawoeh, ndikakaké ndjoepoek praoe maoe saisiné, dipoenḍoet menjang kaḍaton. Ananging toewan Gulliver mēnggak, Sang Praboe diatoeri njabaraké ḍisik sawatara dina. Sabab arep dioekoer ḍisik sing slesih; jèn oewis, saka panemoené toewan Gulliver, panggawaning praoe betjik nganggo kréta, soepaja adja nganti roesak. Sang Praboe mrajogakaké panemoené toewan Gulliver, moelané bandjoer njarah.

Noeli paḍa rerasan prakara warna-warna; bareng toewan Gulliver ngira wis mangsané, bandjoer matoer njoewoenaké pangapoera Glumdalclitch, kaloewarana saka ing koendjara. Sarèhné Sang Praboe lagi rena panggalihé, Glumdalclitch sanalika andikakaké ngloewari.

Bareng Glumdalclitch diloewari saka ing koendjara sarta weroeh toewan Gulliver isih oerip, boengahé tan kena winirasa. Saking boengahé bandjoer mlajoe menjang médja, toewan Gulliver didjoendjoeng ditoempangaké ing tangané, bandjoer digawa djogédan, ora predoeli lagi ana ingarsané Sang Praboe oetawa Sang Pramèswari; toewan Gulliver dikekep-kekep kentjeng nganti soemapoet panoné.

Sawisé mangkono toemoeli paḍa mbandjoeraké olèhé paḍa ḍaharan, njandjing toewan Gulliver saktanjané, sing ora oewis-oewis ngoengoené marang lelakon kang lagi sinawang.

Bareng wis wajahé paḍa ngaso, Glumdalclitch njoewoen palilahé Sang Praboe, wongé badjang arep digawa menjang kamaré kabèh, awit ḍèwèkné sing arep ngreksa. Sang Praboe pareng, toewan Gulliver saktanjané toemoeli paḍa ditoerok-toerokaké ana ing bantaling patoeroné, dikemoeli nganggo katjoené

Saking sajahé mantroes-mantroes ora soewé paḍa toeroe kepati, moeng toewan Gulliver sing isih mbandjoeraké omong-omongan karo Glumdalclitch Glumdalclitch njaritakaké lelakoné ing kaḍaton kono, nalika ilangé toewan Gulliver; oega mratélakaké prihatiné ḍéwé déning ditinggal ing ḍèwèknéné. Nganti wengi banget toewan Gulliver lagi toeroe.

Ésoeké toewan Gulliver sakantjané pađa ditimbali menjang kamar palenggahané Sang Pramèswari. Toewan Gulliver bandjoer diđawoehi njaritakaké lelakoné manèh.

Katjarita mantroesé toewan Gulliver ana sidji aran James Frampton, sing baoed ndjogèd; saking olèhé arep males gawé soekaning panggalihé Sang Pramèswari, James Frampton maoe dikon ndjogèd déning toewan Gulliver ana ingarsané Sang Pramèswari lan para poetri sadjroning kađaton. Kabèh pađa seneng banget njawang djogèdé James Frampton. Sang Pramèswari bandjoer ndangoe marang toewan Gulliver, apa òewèkné ija bisa ndjogèd mangkono. Atoer wangsoelané toewan Gulliver, ija bisa ndjogèd nanging ora betjik mengkono. Ewadéné toewan Gulliver meksa diđawoehi ndjogèd tjara Inggris, bandjoer dilaksanani. Ananging pasemoné Sang Pramèswari katara jèn ora patija kapinoedjon panggalihé kaja nalika mirsani djogèdé James Frampton.

Toewan Gulliver matoer, jèn ing nagarané djogèd ikoe kaleboe kaloemrahan, nganti ana wong kang panggawéané moelang djogèd. Sang Pramèswari ngoengoen banget, djalaran ing nagarané djogèd ikoe kaleboe langka.

Ora antara soewé Sang Praboe oega rawoeh mrono; toewan Gulliver diparingi pirsá, jèn wis ana ðanawa sing dipatah bakal miloe toewan Gulliver menjang praoe, kabèh pađa gedé-gedé lan rosa-rosa.

Déné toewan Gulliver nalika pađa mapan toeroe, wis remboegan karo kantjané, ja-ikoe bab rékané olèhé pađa arep ontjat saka ing tanah Kaboetan. Pangarahé: wong lan praoené adja nganti ana sing kapiran, oetjoel saka ing tangané. Mangka panemoené wis golong, jèn nganti dietoetaké ing danawa, wis mesji ora bakal bisa ontjat saka ing kono. Dadi ing saiki toewan Gulliver koedoe bisa noelak, adja nganti danawa maoe pađa miloe.

Moelané bandjoer matoer menjang Sang Praboe, jèn ora prajoga dieteraké danawa akèh, betjik sidji baé, ja-ikoe boeta toekang amèk iwak, sing anggawa òewèkné sakantjané menjang keđaton ðèk soréné. Djalaran, jèn akèh-akèh boetané kang ngeteraké, wong kang isih pađa kèri ana ing praoe, mesji pađa banget wediné, djalaran doeroeng taoe weroeh danawa;

sing mesji bandjoer mopo, ora gelem didjak menjang nagara, dadi bakal gawé ribed. Ananging jèn toewan Gulliver déwé sing dioetoes ora nganggo dieteraké ing danawa, toewan Gulliver nemtokaké, jèn kantjané bakal kagawa kabèh.

Sang Praboe soeka ing galih mirengaké atoe-panemoené toewan Gulliver, moelané bandjoer pasrah, mangsa bođoa toewan Gulliver, Sang Praboe noeroet baé.

Glumdalclitch ija kepéngin arep miloe, ananging oega kena dipenggak, narima dikon ngentèni baliné ana ing kađaton baé.

Danawa toekang amèk iwak tanpa dawoeh ndikakaké nggawa bali wong badjang-badjang maoe menjang gisik, sarta panggawané didawoehi sing ngati-ati. Dawoehé Sang Praboe kalaksanan, toewan Gulliver saktjané slamet pađa teka ing gisiking sagara. Danawa toekang amèk iwak ditoetori, jèn toewan Gulliver saktjané arep pađa ladjoe menjang praoe, arep ngoekoeri praoené kanggo ngira-ira, kena dipinggiraké tekan ing ngendi, sing adja nganti roesak. Dadi danawa toekang amèk iwak ésoeké wajah awan baé dikon ngentèni toewan Gulliver saktjané ana ing kono. Toewan Gulliver saktjané bandjoer noenggang sekotji, diwelahi menjang ing praoené; danawa toekang amèk iwak tansah njawang baé saka ing daratan nganti sekotjiné ora katon, djalaran kaaling-alingan ing tandjoeng.

Watara let sadjam toewan Gulliver saktjané mantroes woes pađa tekan ing praoené; saking soewéné olèhé loenga kapi-tané, wong kang pađa kèri ana ing kono, kabèh wis tjilik atiné. Wis mesji baé toewan Gulliver saktjané kabèh énggal pađa tata-tata, arep toemoeli loenga saka ing kono. Bareng wis soemekta, bandjoer ngoenggahaké djangkar; praoe toemoeli dilakokaké alon-alon oeroet ing sela-selaning pađas lan karang, metoe menjang tengahé sagara gedé; soréné wis adoh, élok jén kenaa ditoetoti ing danawa.

Awaking praoe kang ora miloe mentas menjang daratan wis mesji baé goemoen banget weroeh lalakon kang mangkono ikoe, toemoeli pađa ditjaritani lelakoné kang entas pađa mentas. Nanging wiwitané ora ana sing pađa ngandel, malah sing tjrita pađa dikira owah pikiré; éwadéné soewé-soewé bandjoer pađa ngandel kabèh.

Praoené noeli dieneraké ngalor-ngoelon, sabab toewan Gulliver doewé panjana, jèn pasisiré tanah Tjina prenahé mrono, kira-kira lakon rongpoeloeh dina. Nanging sanadjan lakoéné wis olèh salikoer dina slamet tansah olèh angin betjik, éwadéné meksa doeroeng ana daratan katon. Kang mangkono ikoe banget ndadèkaké tjiliké atiné toewan Gulliver, loewih manèh bareng ana peḍoet sing kandel banget, wis mesji baé ora bisa ngira-ira babar-pisan, doenoengé ikoe ana ing endi.

Ésoeké mantroes kang ana ing uitkijk pratéla, jèn ana praoe katon; soréné wis tjeḍak banget. Katrangané praoe Nederland. lajar saka ing Batawi arep menjang tanah Oestralia. Ing kono ana wongé lagi gembar-gembor ndjaloeke toeloeng, djalaran praoené borot; olèhé paḍa mompa banjoené ija ora kakoerangan, nanging banjoené kang ana ing djero tansah moendak baé, dadi kira-kira praoené wis ora kena ditoetoeti. Nalikané praoené toewan Gulliver katon. praoe Walanda maoe wis ngeḍoen-eḍoenaké sekotji arep dienggo loenga ngili. Nanging bareng ana pitoeloeng teka, sekotji-sekotjiné bandjoer dienggo ngoesoengi sangoené pangan lan barang-barang kang akèh pangadjiné. Toewan Gulliver ija ngrewangi, soepaja enggoné oesoeng-oesoeng bisaa rampoeng, ing sadoeroengé peteng.

Katjarita lagi baé rampoeng, praoe Walanda maoe bandjoer miring, ora soewé ambles alon, sinawang déning wong kang paḍa ana ing *de Gouden Draak*. Ing praoe *de Gouden Draak* nalika samana kebak momotané barang lan wong. Woewoeh-woewoeh bandjoer ana angin gedé saka ing lor dadi praoené toewan Gulliver kepeksa koedoe dilakokaké mangidoel. Kedjaba saka ing ikoe bareng bengi praoené klebon banjoe, nganti wongé paḍa koewatir, jèn bakal kèrem. Mantroes-mantroesé paḍa groendelan djalaran toewan Gulliver kakèhan olèhé ngentas wong saka ing praoe Walanda sing kèrem. Panemoené: jèn praoené nganti nemoe bilai, ikoe loepoeté toewan Gulliver. Nanging toewan Gulliver ajem baé, olèhé nindakaké papréntahané lastari kentjengé.

Bareng wajah bangoen raina, praharané menḍa, nanging isih ana peḍoet kandel, nganti wong kang ngerèh lakoening praoe ora weroeh marang endasing praoené. Lakoening

praoe isih diadjegaké baé, nanging ora soewé bandjoer kang-
deg mak-greg, djalaran ketanggor

Wong ing sadjroning praoe kabèh wis mesji baé banget ing kagété, malah toewan Gulliver kaja-kaja roemasa kedoe-woeng nggoné ngentasi wong saka ing praoe Walanda maoe. Djalaran akèh wongé wadon, kang bandjoer pađa nangis lan djerit-djerit, nganti mboebrahaké tataning praoe. Bareng wis ora kena ditoeteri, bandjoer pađa dikon nalèni déning toewan Gulliver. Akal mangkono ikoe ana gawéné.

Ora antara soewé peđoeté ilang, srengéngéné katon soemilak. Ing kono toewan Gulliver weroeh, jèn praoené kanđas ing weđèn, dawaning weđèn watara satengah mijl. Mangkono oega, katon jèn doenoenging praoené ana ing satjedaking đaratan, emboeh tanah sing gedé, emboeh poelo.

Sanadjan ora ana sing weroeh, ing nalika ikoe doenoengé ana ing endi, éwadéné pađa gedé atiné, djalaran roemasa tjedak karo đaratan. Apa manèh sarèhné lastari pađang, dadi toewan Gulliver bandjoer akon ngoesoengi barang-barang nganggo sekotji, digawa menjang đaratan. Nanging sarèhné doeroeng weroeh kaanané ing kono, dadi toewan Gulliver akon mantrosé sapoeloeh, kang pađa pengpengan, dikon mentas đisik, roemeksa pengoesoenging barang; kabèh pađa dikon sikep beđil.

BAGÉAN III.

*Toewan Gulliver mentas menjang đaratan,
praoené koedoe diotaki.*

Wong kang pađa dikon mentas đisik, bareng tekan ing gisik, bandjoer pađa moenggah ing gegoemoek, arep weroeh kaanané ing kono. Panjawangé moebeng, ananging ora ana sing weroeh omah oetawa tilasing djanma manoengsa. Toemoeli pađa bali menjang praoe, lapoer marang toewan Gulliver. Sarèhné ora soewé bandjoer soré, dadi ing sawengi ikoe toewan Gulliver nedja nginep ana ing praoené baé; ésoeké bandjoer arep pađa toemandang oesoeng-oesoeng. Ésoeké wong sapoeloeh kang kapatah djaga maoe, dikon mentas

disik, soepaja masanga taroeb, kanggo waḍah barang-barang kang diesoengi, adja nganti kodanan oetawa kanginan. Lijané paḍa toemandang oesoeng-oesoeng kabèh; bareng soré olèhé oesoeng-oesoeng wis olèh akèh, toewan Gulliver bandjoer miloe mentas menjang ḍaratan. Ana ing ḍarat toewan Gulliver remboegan karo kantjané, apa kang bandjoer koedoe paḍa dilakoni.

Pantjasané nggoné paḍa remboegan: wongé kang sabagéan koedoe toemoeli paḍa gawé djagang ngoebengi tebané, soepaja adja nganti gampang ketekan ing kéwan galak oetawa katokoep déning moengsoeh. Kang kapatah énggal paḍa toemandang, nganggo patjoel, linggis lan wadoeng. Kang sabagéan manèh dipatah niti-priksa kaanané ing ḍaratan sakiwa-tengené ing kono, lan kang sabagéan lijané manèh dipatah golèk banjoe, kajoe lan sapanoengalané.

Isih ana wong rolas manèh, kaleboe oendagi-oendagingining praoe, kang isih paḍa dikon kèri déning toewan Gulliver ana ing praoe, dipatah niti-priksa kaananing praoené; jèn wis rampoeng, koedoe lapoer marang toewan Gulliver. Soréné toewan Gulliver tanpa lapoeran, jèn enḍasing praoe roesak babar pisan, ora kena didandani, sanadjan didandanana ana ing pentasan, ija wis ora kena.

Kang ikoe toewan Gulliver bandjoer nemtokaké, jèn praoe *de Gouden Draak* koedoe dioḥaki; blabag-blabagé arep digawé praoe barkas, kenaa dienggo lajangan menjang Batawi; sabab mitoeroet pétoengé toewan Gulliver, palaboehan kang tjedak déwé saka ing kono, ja-ikoe plaboehan Batawi.

Ésoeké kabèh paḍa toemandang ngoḥaki praoe, nanging oega ana kang dipatah djaga lan niti-priksa kaanan, kang doeroeng disoemoeroepi. Wongé wadon paḍa dipatah amèk iwak lan golèk enḍog. Sabisa-bisa sangoené pangan arep diwèt-wèt, kanggo ndjagani sing ora-ora Nanging ora antara lawas, bandjoer kekoerangan banjoe djalaran olèhé belik tjilik banget, ora njoekoepi kaboetohané, mangka saprono doeroeng bisa olèh belik manèh.

Beboeron ing poelo ikoe oega ana, malah toewan Gulliver wis bisa mbeḍil manoek sawatara, ngoendakaké énaké olèhé paḍa mangan.

Ing teba kono digawèkaké pepoenṭoek tjilik, kanggo ma-sangi mrijem kang dientasaké saka ing praoené, dadi ing kono moendak santosané.

Katjarita ora oedan-oedan, bareng wis patbelas dina olèhé gawé praoe barkas wis gatra praoe, nganti kena dienggoni wong lanang wadon rolas kambi sangoené pangan pisan. Ing nalika ikoe koedoe ditemtokaké sapa sing koedoe mangkat menjang Batawi, sabab lakoe kang mangkono ikoe moeta-watiri banget. Saka panemoené toewan Gulliver betjik dioenḍi baé; oega dimoepakati déning wong akèh. Kang katiban ing oenḍi wong Inggris loro lan Walanda nenem; Walandané kang sidji tilas djoeroe moenḍiné praoe kang wis kèrem.

Patlikoer dina kaétoeng saka ing kanḍasing praoe *de Gouden Draak* praoe barkas maoe bisa mangkat. Sasoewéné isih katon saka ing ḍaratan, wong ing barkas lan ing ḍaratan ora peḍot-peḍot olèhé paḍa njangoni slamet lan moedjèkaké kari slamet sarana topi lan katjoené. Kang paḍa kèri banget panoewoené ing Pangéran kang sipat moerah lan asih, moega-moega kantjané kang lagi golèk pitoeloeng sarana lakoe kang gawat maoe, kaparingana slamet. Soewé-soewé praoe barkas ilang ana ing tjakrawala.

Saka panemoené toewan Gulliver wong kang isih paḍa kèri, perloe banget paḍa doewé pagawéan kang meṣti, soepaja ora bandjoer paḍa pasoelajan. Goenggoengé kabèh ana wongé lanang teloengatoes pitoelas, wong wadon sawidak papat lan batoer teloe. Toedjoené kabèh paḍa bagas-kawarasan sarta nalika kanḍasing praoe ora ana sing katiwasan, paḍa slamet kabèh. Wong samono ikoe dipérang dadi patang golongan déning toewan Gulliver, sarta paḍa diwènèhi leloerah déwé-déwé; pamérané ora digawé paḍa kèhé. Kang sapérangan dipatah dadi pradjoerit ana ing kament, pérangan kang kapinḍo roemeksa lan djaga mrijem, pérangan kang kateloe ngopèni lan nglakokaké sekotji kang isih ana, lan kang sapérangan manèh kapatah golèk lan ngolah pangan. Doenoenging kament ikoe doeroeng patia prajoga, pangané isih akèh koetjiwané, sarta isih kerep kekoerangan banjoe. Djalara saka ing ikoe isih arep paḍa niti-priksa manèh kaanané ing poelo ikoe kang rada adoh.

Lelakoné Gulliver.

9.

Wongé bandjoer kapérang dadi patang golongan manèh : kang sagolongan dikepalani déning toewan Morrice, djoeroe moedi nomer sidji, kapatah niti-priksa mangoelon; golongan kapindo, dikepalani déning toewan Gulliver déwé, kedjibah mangidoel; golongan kateloe, dikepalani déning kapitan Walanda, toewan Hayes, dipatah manengah. Déné sakariné ija ikoe golongan kang kaping pat, koedoe kèri djaga ing kament, bokmanawa ana apa-apa. Ésoeké pađa mangkat nglakoni kawadjibané déwé-déwé, . nggawa sangoe pangan tjoekoe kanggo teloeng dina.

Golongané toewan Gulliver bareng lakoéné wis olèh sapoe-loeh mijl, lagi nemoe kalèn kang banjoéné bening aseger. Sakiwa-tengening kalèn akèh .kekajoné gedé-gedé, toer aoeb. Ana ing kono toewan Gulliver lèrèn : sawisé pađa ngasolan pađa ngombé, bandjoer mangkat manèh noeroet kalèn, nganti ing wajah soré. Toemoeli lèrèn, masang taroeb sarta gawé padjagan. Bareng wis rampoeng, bandjoer pađa mangnan, nanging petengan baé, sabab koewatir, jèn ana padang-padang oetawa koekoes, bokmanawa konangan ing moengsoeh. Ananging sawengi ikoe slamet, ora ana apa-apa.

Ésoeké toewan Gulliver saktjané pađa mbandjoeraké lakoe, ora antara soewé lakoéné tekan ing sapinggiring alas gedé ana ing èrèng-èrènging pagoenoengan. Toewan Gulliver arep maleboe ing alas, nanging kantjané dipréntahi saben-saben dikon gawé tetenger. soepaja baliné adja nganti kesasar. Sawisé mangkono, bandjoer pađa maleboe.

Saentèking alas toemoeli pađa tekan ing sapinggiring sagara. Ing kadohan, watara nem mijl dohé, katon ana wit-witan kang gedé-gedé banget. Wiwit saka ing panggonané tekan ing wit-witan gedé-gedé ikoe awoedjoed ara-ara kang rata. toer akèh banjoéné bening. Toewan Gulliver nedja nginep ana ing kono, bandjoer akon dadèn geni, toemoeli pađa mangnan.

Ésoeké toewan Gulliver bali menjang panggonané, nggawa kantjané kang sabagéan, déné kang sabagéané manèh pađa dikon kèri ana ing kono. Soréné toewan Gulliver tekan ing panggonané. Kantjané kang dikepalani déning toewan Morrice lan kapitan Hayes wis pađa ana ing kono, tekané ndisiki rong djam; ikoe ora pađa olèh gawé, ora nemoe banjoe lan

ora nemoe tilasing djanma-manoengsa oetawa beboeron apa-apa. Moelané kabèh paða boengah banget, bareng dikabari olèh-olèhané lakoéné toewan Gulliver.

Kang ikoe kabèh paða saremboeg arep bojong menjang panggonan olèhé nemoe toewan Gulliver maoe, kang diwènèhi djeneng „Groenendal” déning toewan Gulliver. Barang-barangé arep paða dioesoengi nganggo sekotji-sekotjiné; wong wadon, botjah-botjah lan wong lanang sing ora nglakokaké sekotji, arep paða mlakoe.

Toewan Gulliver moepakat banget, moelané ésoeké bandjoer wiwit paða bojongan.

BAGÉAN IV.

*Toewan Gulliver jasa padocoengan kang manggon,
sarta mbandjoeraké olèhé niti-priksa
kaananing poelo.*

Satekané ing Groenendal, bandjoer wiwit paða gawé goeboeg kanggo pondokan ana ing sapinggiring kali tjilik, kang diwènèhi djeneng Bronbeek. Ing kono ikoe ora kekoerangan beboeron, banjoe, iwak oetawa endog manoe, dadi wis ora ngoetjiwani. Lemahé loh, moelané saben goeboeg paða digawèkaké kebon sajoeran. Sakoebenging tetroeke digawèni bètèng kandel lan djagang djero; bètèngé paða dipasang mrijem. Olèhé tata-tata mangkono ikoe nganti sawatara lawas.

Katjarita ana mantroes sidji sing mbeboeroe menjang alas, olèhé akèh banget nganti ora koewat nggawa moelih déwé. Moelané olèh-olèhané manoe ana sing digantoeng ing pang, arep dibalèni ésoeké manèh. Ananging bareng ésoeké bali, weroeh ana matjan gedé lagi mangan manoe. Sarèhné ora pisan-pisan njana, dadi kagèté banget, sadéla bingoeng: arep mlajoe apa ndelik. Ananging sarèhné si matjan semoené doeroeng weroeh babar-pisan menjang dèwèkné, bandjoer oempetan aling-alingan oewit gedé; matjané dibeðil saka ing kono. Matjan nggero nggegirisi, bandjoer tiba goembroeg ana ing lemah kaja wit-witan roeboeh, krontjalan sadéla bandjoer mati.

Nganti soewé mantroes sing mbeðil, doeroeng wani njeðaki bajangané; nanging soewé-soewé wani; bareng tekan ing pang-

gonané, matjané wis ora nglisik. Mimisé ngenani daḍa, teroes ing djantoeng. Bareng wis teteg pikiré, matjan bandjoer dikelèti, waloelanggé digawa moelih menjang tetroekan.

Lelakon mangkono ikoe, sanadjan wiwitané agawé boengah, nanging bandjoer agawé tjiliké atiné wong akèh; mesthiné isih ana toenggalé, sabab matjan ikoe ora taoe déwé, anggeré ana sidji, ija ana toenggalé. Ananging alas maoe nganti digropjoki ping pirang-pirang, meksa ora taoe mranggoeli matjan oetawa kéwan galak lijané.

Andjaba saka ing ikoe jèn praoe barkas kang menjang Batawi lakoené slamet, pantjèné wongé wis wajahé bali, nanging meksa isih sepi baé.

Toewan Gulliver akon negor wit gedé sidji, delegé didegaké ana ing gisik nganggo dipasangi lajar amba; perloené, bok-bokmanawa ana praoe liwat, katona saka ing praoe. Mangkono oega jèn bengi ing gisik digawèkaké geni gedé. Ananging kang mangkono ikoe nganti nem minggué lawasé, ora ana pakolèhé apa-apa. Dadi sangsaja lawas pengarep-arepé olèh pitoeloeng sangsaja tipis. Andjaba saka ing ikoe isih ana nalar saprakara manèh, kang agawé tjiliking atiné toewan Gulliver, ja ikoe beboeroné saja lawas saja soeda. Olèh-olèhané mbeḍil nalika samana sadina-dinané watara moeng saprapaté bijèn-bijèn. Moelané toewan Gulliver gawé pranatan saminggoené moeng kena mangan iwak manoeek ping teloe, dadi sing mesti moeng mangan iwak loh, awit ikoe bisa olèh ing sakarep-karepé.

Ananging sanadjan ditataa mangkono, olèh-olèhané mbeḍil manoeek meksa sangsaja soeda-soeda baé, nganti koewatir, jèn manoeké ing kono bakal entèk babar-pisan. Djalaran saka ing ikoe toewan Morrice bandjoer dikongkon niti-priksa mangidoel, bokmanawa ing kana isih akèh manoeké, lakoené noenggang sekotji. Bareng loengané wis olèh teloeng dina, bandjoer bali, sekotjiné kebak beboeron, malah ana tjèlèngé, iwaké goerih banget. Nalika samana wong-wong ing tetroekan maoe paḍa rada gedé atiné, apa manèh bareng dikandani déning toewan Morrice, jèn ing sisih kidoel ana poeloné manèh tjilik, kang dadi kaḍatoning beboeron. Toewan Morrice doewé pangira, jèn ing poelo ikoe ana kaliné gedé

mili mangelon, dèwèké kepéngin niti-priksa mrono. Toewan Gulliver moepakat, djalaran saka panemoené perloe banget njoemoeroepi kaanané poelo kang lagi dienggoni.

Toewan Morrice bandjoer mangkat noenggang sekotji karo kantjané rolas kang pađa kepéngin miloe, nggawa sangoe pangan tjoekoep kanggo woloeng dina. Parané ngidoel-ngoelon, kang kari pađa njangoni slamet kabèh.

Bareng wis woloeng dina toewan Morrice saktantjané ora ana teka, toewan Gulliver ndoewèni koewatir, jèn pađa nemoe tiwas. Dèwèkné ora wani ngetjoelaké sekotjiné manèh, sabab moeng kari sidji; jèn ketiwasan, bandjoer entèk sekotjiné. Dadi moeng dientèni baé kalawan tjilik ing ati.

Wasana ing rolas dinané toewan Gulliver ndeleng nganggo kèkeré weroeh praoe teloe, sing sidji semoené sekotjiné toewan Morrice. La sing loro ikoe praoe apa? Pitoeloeng apa pakéwoeh?

Ora antara soewé ana praoe katon manèh sapoeloeh; ing kono toewan Gulliver ndoewèni pangira, jèn kang pađa teka ikoe mesti moengsoeh. Moelané énggal awèh paréntah: kabèh pađa dikon sikep gegaman, mrijemé pađa dikon ngisèni sarta lawang-lawangé pađa dikon ngantjingi, dadi soemekta, jèn katempoeh ing moengsoeh. Ananging bareng tjedak praoené pađa ana ing boeri kabèh, kang ana ingarep sekotjiné toewan Morrice. Bareng Morrice wis ana ing pinggir, watara sapanjeloe saka ing daratan, bandjoer tjeloek-tjeloek, ndjaloek sekotji kang tjilik, arep dienggo mentas. Sekotji tjilik dikirimaké; toewan Morrice ngalih mrono karo kantjané dèwé sidji, sarta diiringaké ing wong kang panganggoné ireng; toewan Gulliver bandjoer mapagaké menjang gisik. Bareng wis mentas, toewan Morrice awèh weroeh, jèn barengané ikoe oetoesané Gouverneur ing koefa sakidoelé ing kono watara dohé rongpoeloeh mijl. Ana ing kana toewan Morrice ditampani betjik banget déning toewan Gouverneur.

Toewan Gulliver bandjoer minger ngarepaké oetoesan, pađa diwanoehaké déning toewan Morrice; oetoesan mbagèkaké nganggo temboeng Prasman (Fransch). Karoné pađa tabikan, oetoesan noeli ndjaloek ditoedoe-h-toedoe-haké kaanané ing tetroekan kono. Kabèh noeli pađa ditoedoe-haké, oetoesan banget ing boengahé.

Oetoesan oega kanđa marang toewan Gulliver, jèn wis ditjritani ing lelakoné déning toewan Morrice; moelané saiki mrono, moeng perloe arep njatakaké. Bandjoer takon marang toewan Gulliver. apa kantjané kang isih pađa kèri ana ing praoe kena moeđoen ing đaratan; jèn ora kena, ðewèkné bandjoer arep bali menjang praoené. Toewan Gulliver mangsoeli banget ndadèkaké boengahing atiné, jèn oetoesan sasantjané kabèh pađa gelem ngaso ana ing tetroekané. Oetoesan katon banget ing boengahé.

Sasoewéné oetoesan bali menjang praoe ngoendang kantjané, toewan Gulliver takon marang Morrice, keprijé lelakoné salawasé loenga rolas dina ikoe.

BAGÉAN V.

Toewan Morrice njaritakaké lelakoné marang toewan Gulliver.

Bareng oetoesan wis noenggang sekotji menjang praoené, toewan Morrice bandjoer tjarita kaja kang kaseboet ingisor iki:

„Ing dinten mangkat-koela saking ngriki, sadinten moepoet lampah-koela ngidoel-ngilèn kémawon; sareng sonten, doemoegi ing moewaraning lèpèn ageng, ladjeng kèndel wonten ingrikoe. Éndjingipoen ladjeng moeđik ing lèpèn waoe; sareng watawis sampoen angsal tigang mijl, doemoegi ing satoeng-galing tlagu ageng, inggih poenika ingkang dados sirahipoen lèpèn waoe. Tlagu waoe saja manengah lampah-koela saja wijar, sarta kafah poelonipoen alit-alit, ingkang tetoe-koelanipoen sarwa idjem njenengaken manah. Sareng sonten koela sami kèndel wonten saantawisipoen poelo kekalih, soemedja sipeng wonten ingrikoe; tebihipoen saking đaratan watawis wonten samijl; jèn sampoen éndjing nijat bađe ming-gah đateng đaratan. Sanadjan nalika sijangipoen boten wonten tilas-tilasipoen djanma-manoengsa, éwadéné ing wiwitanipoen koela boten sami kirang pangatos-atos. Ananging sareng sampoen tengah daloe maksa boten wonten poenapa-poenapa, kantja-koela ladjeng sami koela-poerih ngaso, sabab sajahipoen sanget.

„Sinten ingkang saged ngraosaken goemoen-koela sakantja, sareng éndjing tangi, soemèrep-soemerep sampoen dipoen-kepang ing baita kalihwelas; anggènipoen saged ontjat ké-mawon kados-poèndi. Koela sakantja ladjeng sami rembagan, kekenjelaning manah namoeng soemedja bangga, manawi karodapeksa; boten pisan-pisan badé noengkoel dateng tijang wanan.

„Tijang ingkang sami ngepang, semoenipoen soemerep. jèn koela sakantja sami tata-tata badé bangga; tandanipoen boten dangoe ladjeng wonten ingkang madjeng mawi njepeng bandéra pejak sarta moengel sora, mawi temboeng Sepanjol jèn boten wonten kanijatan awon babar-pisan, dados boten leres, jèn kaanggepa mengsah.

Koela ladjeng pitakèn, poenapa sababipoen, déné koela sami kakepang rapet makaten; ingkang makaten poenika rak tindak-ing mengsah!

„Wangsoelanipoen, boten kok nijat ngepang mengsah makaten, sedjanipoen sedjia, bokmanawi perloe kedah mitoeloengi poenapa-poenapa. Tijang ingkang ambekta bandéra pejak ladjeng pitakèn, kados-poèndi larah-larahipoen, déné ngantos kesasar ing tлага poenika. Koela ladjeng njarijosaken larahipoen, miwiti malah mekasi.

„Sareng tijang waoe mireng, jèn koela sakantja sami bangsa Inggris, — sanget ndadosaken ing goemoen-koela — déné ladjeng pitakèn mawi temboeng Inggris, poenapa namoeng kantoen koela sakantja poenika tijangipoen baita *de Gouden Draak*. Sarèhning manah-koela dèrèng patosa pitados, dados koela ladjeng mangsoeli, jèn inggih, namoeng kantoen poenika; sanèsipoen sampoen sami keblebek ing saganten.

„Koela sakantja ladjeng sami dipoen-djak toemoet pijambakipoen, katemtokaken badé sami angsal pitoeloengan ing sapan-tesipoen.

„Roemijinipoen koela pitakèn, ngrikoe poenika ing poèndi. Wangsoelanipoen, ing tanah karadjan Sporunđa; kiya kradjan-ing nagari oegi anama Sporunđa, tebihipoen saking ngrikoe namoeng gangsal mijl; koela sakantja badé sami dipoen-djak mrikoe.

„Sareng tijang waoe soemerep, jèn koela sakantja sami madjeng moendoer, ladjeng 'tjarijos kaṭah-kaṭah, mratélakaken, jèn koela sakantja boten soesah koewatos poenapa-poenapa. Jèn koela sami kepéngin kèndel wonten ing tanah ngrikoe, kedah toemoet dateng pijambakipoen. Saking pamanggih-koela mila inggih prajogi manoet; jèn baḍé bangga mengsah kalihan tijang samanten kaṭahipoen, prasasat soeloeng aleboe geni. Ananging jèn koela ladjeng sami késah saking ngrikoe, inggih kénging, boten wonten ingkang baḍé moena-sika. Tijang waoe baḍé wangsoel dateng baitanipoen roemijin, soepados koela sageda rembagan kalihan kantja roemijin.

„Koela sakantja ladjeng sami rembagan; kadadosaning rembag, baḍé sami toemoet dateng ing Sporunḍa. Koela ladjeng akèn melahi sekotji dateng panggènaning oetoesan, baḍé soeka katrangan kadadosanipoen ing rembag. Oetoesan ladjeng dateng ing sekotji koela mawi mbekta kantja satonggal. Nalika sami wanoehan, oetoesan ngaken nama Cashida, kantjanipoen Bonaskar. Kalih-kalihipoen panganggènipoen mrabot; koela mratélakaken goemoen-koela, déné toewan Cashida saged basa Sepanjol sarta basa Inggris, mila koela ladjeng pitakèn, kados-poendi moela-boekanipoen. Nanging pijambakipoen boten poeroen ladjeng ngandaraken, sabab baḍé toemoenten mangkat, soepados datengipoen ing Sporunḍa sampoen ngantos kedalon.

„Toewan Cashida ladjeng soeka préntah dateng kantjanipoen mawi temboengipoen tijang ingrikoe; boten antawis dangoe wonten baita dateng, kaṭah isinipoen. Sekotji-koela ladjeng dipoen-gandèng kalihan baita poenika. Lajaripoen sami dipoen-bèbèri ladjeng mangkat; nanging baita sanès-sanèsipoen taksih sami kèndel wonten ingrikoe.

„Lampahing baita rikat; sareng watawis djam kalih sijang, tlaganipoen sampoen katingal tjjoet, boten dangoe doemoegi ing soengapaning lèpèn asri; baita moedik ing lèpèn poenika, dangoe-dangoe doemoegi ing kiṭa Sporunḍa, ingkang doemoenoeng ing sawanganipoen lèpèn kalih. Toewan Cashida ngroemijinaken tijang noempak sekotji alit, soepados ngabari dateng koela sakantja. Sareng koela sakantja sami dateng

ing babagan, kaṭah sanget tijang ingkang sampoen sami ngadang, sabab sadaja kepéngin sami soemerep dateng koela sakantja.

„Toewan Cashida mentas roemijin, ladjeng rembagan dangoe kalihan satoenggalipoen prijantoen ingkang panganggènipoen tjemeng. Toewan Cashida ladjeng soeka sasmita dateng toewan Bonaskar, jèn sami kénging mentas sadaja. Koela ladjeng sami mentas, sarta sami dipoen-bagèkaken déning tetijang ingkang sami ngadang.

„Lampah-koela sakantja roemijinipoen ngambah margi alit ingkang kaeaban déning oewit-oewitan ingkang asri-asri, boten dangoe doemoegi ing radinan ageng, ladjeng doemoegi ing satoenggalipoen aloen-aloen, oegi asri déning kaṭah oewit-oewitanipoen; wasana doemoegi ing grija geḍong ageng angen-greng. Ladjeng sami minggah ing oendak-oendakan, kalebetaken ing grija; medal ing satoenggalipoen kamar ageng, pèni oepa-rengganipoen; ladjeng kèndel wonten ing kamar alit. Ingrikoe sampoen wonten sedjanipoen neḍa tjara Europa; sarèhning sedjanipoen boten koetjiwa, sarta koela sakantja mila pantjèn ngelih sanget, mila anggèn-koela sami neḍa kénging kabasakaken: kaja kéré menang moeloed.

„Sasampoenipoen sami neḍa, koela sakantja ladjeng sami kairid dateng pondokan. Boten antawis dangoe toewan Cashida dateng, tjrijos dateng koela, jèn éndjingipoen pijambakipoen baḍé dateng malih, sabab koela sakantja baḍé dipoen-irid sowan ing dalemipoen Gouverneuripoen ingrikoe. Wondéné namanipoen Gouverneur toewan d'Albicorma. Sasampoenipoen tjarijos makaten, ladjeng késah, koela sakantja sami mapan tilem.

„Éndjingipoen wantji djam nem éndjing koela tangi kagèt déning oengeling lontjèng, sareng djam pitoe toewan Cashida dateng sesarengan kalihan toewan Bonaskar. Koela dipoen-tjarijosi, jèn sakedap malih wonten panganggé dateng, sabab pisowan koela dateng Gouverneur mitoeroet tata-tjaranipoen nagari kedah manganggé kados tijang ingrikoe. Sareng panganggé dateng, koela sakantja ladjeng sami dandos. Sarampoenging dandos, toewan Cashida ladjeng moelang patrap lan tjaranipoen tijang sowan pepanggihan akalihan toewan Gou-

verneur. Menggah panganggé-koela sakantja mèh sami kémawon, bédanipoen namoeng panganggé-koela pijambak langkoeng aloes tinimbang kantja-koela, sarta koela mawi topi, kantja-kantja-koela namoeng sami mawi kopjah. Boten antawis dangoe wonten prijantoen dateng nama toewan Sèrmoḍas, poenika ingkang ngirid pisowan-koela dateng Gouverneur.

„Lampahipoen katata makaten: ingkang wonten ngadjeng pijambak toewan Cashida kalihan Bonaskar, ladjeng toewan Sèrmoḍas kalihan koela. ladjeng kasambetan kantja-koela, djèdjèr ngalih-ngalih. Lampahipoen ménggak-ménggok ing radinan pinten-pinten, wasana doemoegi ing grija geḍong ageng, djrambah lan témbokipoen sami marmer peḥak lan tjemeng. Ing plataranipoen kaḥad pradjoeritpoen ingkang djagi, panganggénipoen sami bloedroe abrit, sadaja sami mandi waos. Pradjoerit waoe sami ngoeroeng-oeroeng margi ingkang sami koela-ambah. Sadoemoeginipoen ing régol, kedah sami kèndel ngentos timbalan, dangoenipoen watawis saprapat djam.

„Boten antawis dangoe wonten oengeling slomprèt, poenika sasmita, jèn koela sakantja kalilan ladjeng. Koela sakantja ladjeng sami loemebet, kèndel ing satoenggaling kamar, asri rerengganipoen. Abdi-abdi ingkang sami wonten ingrikoe panganggénipoen oegi sarwa tjemeng.

„Toemoenten wonten prijantoen kekalih dateng, panganggénipoen sarwa tjemeng sarta nganggé bintang. Poenika tjarijos dateng toewan Sèrmoḍas, jèn sami katimbalan.

„Koela sakantja ladjeng sami malebet, nglangkoengi kamar pinten-pinten, ingkang sami pèni-pèni oepa-rengganipoen, sangsaja malebet sangsaja pèni. Wasana doemoegi ing satoenggaling bangsal ageng, ingrikoe wonten prijantoenipoen lenggah, pasemonipoen ngengreng inggih poenika toewan Gouverneur. Ing sakiwa tengenipoen kaḥad prijantoenipoen ageng-ageng ingkang sami toemoet lenggah

„Toewan Gouverneur ngagem rimong woengoe; prijantoen sanèsipoen panganggénipoen sarwa tjemeng, sarta sami nganggé bintang sadaja, nanging bintangipoen warni-warni.

„Koela sakantja sami koermat ndingkloek kaping tiga, sapisanipoen nalika malebet, kaping kalhipoen sareng watawis doemoegi ing tengah, sarta kaping tiganipoen sareng doe-

moegi ing ngarsanipoen toewan Gouverneur; kaping tigani-
poen poenika andap sanget pandingkleekipoen.

„Toewan Sèrmoḍas madjeng, ngatoeraken pisowan-koela
sakantja. Ladjeng gentos toewan Cashida ingkang madjeng,
ngatoeraken larah-larahipoen anggènipoen kepanggih kalihan
koela sakantja. Toewan Gouverneur katingal rena ing pang-
galih anggènipoen mirengaken atoe tjarijosisipoen toewan
Cashida.

Satelasing atoe tjarijosisipoen toewan Cashida, toewan Gou-
verneur djoemeneng saking palenggahanipoen, mbagèkaken
ḍateng koela sakantja, sarta ladjeng ḍawoeh ḍateng toewan
Sèrmoḍas, sadangoenipoen koela sakantja sami wonten ing
Sporunda, kaopènana sarta kadjagia ingkang saé-saé. Makaten
oegi toewan Gouverneur ladjeng oetoesan ḍateng Sévarinda,
inggih poenika kiṭa kradjaning nagari Sporunda, njaḍong
ḍawoeh ing ngarsanipoen Sang Praboe, kados-poendi ingkang
dados kaparengipoen menggah ing koela sakantja.

Sasampoenipoen makaten, koela ladjeng sami kapareng moen-
doer; oendoer-koela oeroet-oeroetanipoen oegi kados nalika
sowanipoen; boten antawis dangoe doemoegi ing pondokan.
Sarèhning bentèriipoen sanget, dados ing sadinten poenika
koela boten késah-késah malih, sami wonten ing pondokan
kémawon. Ananging sontenipoen toewan Sèrmoḍas ḍateng,
koela dipoendjak dolan neningali ing salebetipoen kiṭa.

Ing tanah Europa koela dèrèng soemerep kiṭa, ingkang
bagoesipoen kados kiṭa ing Sporunda. Geḍong-geḍongipoen
sami asri-asri, patamananipoen ageng-ageng rinengga ing retja
marmer sapinten-pinten, radinanipoen wijar-wijar sarta kaṭah
aloen-aloenipoen ingkang anglam-lami. Makaten oegi ing
poendi-poendi, kados ta: ing grija-grija sarta ing radin-radinan,
sami resik goemrining.

„Sareng mantoek. doemoegi ing pondokan sedijan neḍa
sampoen tjoemawis, toer boten ngoetjiwani, mila karaos nikmat
sanget anggèn-koela sami neḍa. Sasampoenipoen neḍa ladjeng
sami mapan tilem; saking sajahipoen boten dangoe ladjeng sami
tilem kepatos, kadoes oelam katoeba. Saoepami boten dipoen-
goegaha déning toewan Cashida, temtoe tangi-koela kerinan,
saking sakétjanipoen anggèn-koela tilem.

„Sasampoenipoen sami sarapan, koela sakantja ladjeng sami dipoendjak ningali pabrik-pabrikng nagari. Sareng sonten, oetoesan ingkang dateng ing Sévarinda wangsoel, ngemban timbalanipoen Sang Praboe dateng toewan Gouverneur, jèn koela sakantja kedah kaladosaken dateng Sévarinda.

„Ing nalika poenika tjipta-koela: „Saiki keprijé?”

„Wasana kakentjenganing manah koela namoeng soemedja blaka ing sakawontenanipoen. Mila koela ladjeng tjarijos dateng toewan Sèrmođas, jèn taksih kařah panoenggilan-koela ingkang sami kesasar dateng poelo poenika. Toewan Sèrmođas ladjeng ngatoeri pirsas dateng toewan Gouverneur, sarta toewan Gouverneur inggih ladjeng énggal-énggal oetoesan ngoendjoeki oeninga ing ngarsanipoen Sang Praboe. Déné koela sakantja tapi dawoeh boten kénging késah-késah saking Sporunđa ngantos wonten dawoeh katrangan saking ngarsanipoen Sang Praboe.

„Sareng oetoesan wangsoel saking Sévarinda, ndawoehaken timbalanipoen Sang Praboe, jèn sadaja tijang mantja ingkang sami kasangsaran wonten ing poelo poenika, dados kalihan ingkang sami kantoen, sami katimbangan dateng Sévarinda sadaja, boten wonten ingkang kénging kantoen. Nawala dawoehipoen Sang Praboe oegi mawi njeboetaken, jèn koela sakantja sadaja sami katanggal ing kawiloedjenganipoen”.

BAGÉAN VI.

Toewan Gulliver sakantjané pađa menjang Sporunđa.

Bareng djoeroemoedi wis rampoeng olèhé tjarita, bandjoer takon marang toewan Gulliver, kaprijé kang dadi panemoené. Déné panemoené djoeroemoedi dèwé, nilik saropeaning kaanan kang wis disoemoeroepi, mrajogakaké mitoeroet sakarsané Sang Praboe. Sarèhné wis kesoesoe, toewan Gulliver bandjoer netepaké panemoené ja-ikoe arep menjang Sporunđa sakantjané kabèh. Moeng ana nalar sidji kang agawé petengé atiné toewan Gulliver: jèn ana pitoeloeng teka saka ing Batawi, mangka ing kono tinemoe soewoeng, mestiné ora bakal weroeh, sing arep ditoeloengi pađa ana ing endi. Nanging djoeroemoedi ngajem-ajemi, jèn ing tanah Sporunđa akèh praeré,

kang pađa lajaran menjang tanah sabrang; dadi jèn ana ing kono ora pađa krasan, isih pađa bisa moelih menjang tanahé dèwé-dèwé.

Wasana oetoesan saka ing Sporunđa ja-ikoe toewan Sèrmođas, teka. Ikie dikandani, jèn toewan Gulliver sakanťjané kabèh arep pađa miloe menjang Sporunđa. Sawisé pađa mangan, wong-wong lan barang-barangé pađa dimotaké ing praoc, toemoeli pađa mangkat.

Pakoermatan lan pangadji-adji kang marang toewan Gulliver ngoengkoeli kang marang toewan Morrice. Bareng toewan Gulliver teka ing dalem Gouverneur, toewan Gouverneur ngadeg saka ing palengghané, mapagaké sarta bandjoer ngrangkoel marang toewan Gulliver. Kantjané toewan Gulliver pađa diwènèhi pondokan kabèh, sarta pađa diwènèhi panganggo betjik-betjik, ora kekoerangan sawidji apa.

Ora antara lawas ana dawoeh saka ing koetja kradjaning nagara, jèn saroe pané wong mantja kang pađa ing Sporunđa, pađa di dawoehi nggawa menjang Sévarinđa. Bandjoer pađa diangkataké noenggang gètèk noeroet ing kali; sadalan-dalan pađa njawang tetandoeran, alas-alas lan koetja-koetja kang asri-asri.

Satekané ing Sévarinđa ditampani kalawan pakoermatan, sarta dipondokaké ing sawidjining gedong gedé kang ndjlegedag banget, kamar-kamaré pađa rinengga asri. Soréné ana dawoeh saka ing kađaton, jèn ésoeké toewan Gulliver sakanťjané kabèh pađa ditimbali; sing bakal ngirid ija toewan Sèrmođas.

Bareng wis wajahé, toemoeli pađa mapan toeroe; ésoeké, wajah djam nem, pađa tangi kagèt déning swaraning moesik. Bandjoer ana batoer maleboe ing kamaré toewan Gulliver nggawa panganggo peparingé Sang Praboe marang toewan Gulliver. Mangkono oega toewan Gulliver diwènèhi weroeh, jèn pisowané menjang kađaton wis ditemtokaké djam woloe. Toewan Gulliver sakanťjané bandjoer pađa dandan énggal-énggalan. Bareng rampoeng, toemoeli pađa boedjal sowan menjang kađaton. Ing tjendéla-tjendéla wongé rèntèp pađa seneng nonton wong mantja kang goemridig kaja lagi arakan. Sakiwa-tengening ratan omahé pađa gedé-gedé lan

asri-asri rerenggané, Éramé kang lagi pađa liwat ora oewis-oewis, nanging entèk-entèkaning goemoené, bareng lakoéné tekan ing kađaton.

Doenoenging dalem kađaton ana ing tanah kang geneng, kinoebeng ing djagang, kang ana kretegé gantoeng slaka woetoeħ aranté mas, kanggo dalan maleboe menjang régol-ing kađaton. Dalemé kađaton doemoenoeng ana ing satengah-ing aloen-aloen, kang kinoebeng ing témbok marmer sap teloe; ing sela-selaning témbok ana patamanané kang asri-asri, ri-nengga ing retja kang awig garapé. Wangoening dalem pasagi, moebeng pađa ana gađriné.

Bareng toewan Gulliver maleboe ing bangsal sasana-séwaka, Sang Praboe wis lenggah ing đampar kantjana, ngagem makoeđa. kang pinatik ing sesotya goemebjar. Đamparé kantjana ana ing djrambah doewoer, nganggo oenđak-oenđakan slaka toenđa nem. Saben toenđaning oenđak-oenđakan ana retjané singa loro amripat sesotya mentjorong.

Bareng tekan ing toenđaning oenđak-oenđakan kang kaping pat, prijadi rolas kang pađa nampani nisih ngiwa lan nengen, toewan Gulliver soedjoed ing mestèr. Bandjoer ana sasmita, jèn toewan Gulliver wis kalilan ngadeg. Sawisé ngadeg, bandjoer koermat nđingkloek, wasana matoer ingarsané Sang Praboe nganggo temboeng Prasman, mangkéné soerasaning atoreré:

„Sri Maha Radja, ingkang asipat mirah lan asih!”

„Inkang sami soeméwa wonten ingarsa dalem poenika tetijang mantja, ingkang sami manggih kasangsaran wonten ing pasisiripoen nagari-dalem, djalaran baitanipoen kanđas.

Séwoe lepat njoewoen sih pangapoenten-dalem, déné kawoela, atas namanipoen abdi-dalem kantja-kawoela sadaja, akami-poeroen ngoendjoekaken sembah panoewoen kawoela ing sananđap sampéjan-dalem, déning sampoen anampèni sih wilasa kamirahan-dalem, ingkang tanpa timbang poenika.”

Toewan Gulliver bandjoer diđawoehi madjoe, didangoe akèh-akèh moenggoeh ing kaanané ing tanah lan kaanané paprén-tahan nagara ing Inggris.

Bareng arep pađa moendoer, toewan Gulliver diparingi peřèn nganggo ditrètès ing inten, kambi kaloeng mas nganggo menđali. Olèhé maringaké kambi đawoeh: sasowéné ana

ing kono (Sporunđa) kaloeng maoe diđawoehi ngenggo, soepaja wong akèh pađa soemoeroepa, jèn toewan Gulliver ikoe kaleboe kekasihé Sang Praboe. Mangkono oega Sang Praboe aparing đawoeh marang abdi, wong mantja ikoe kabèh didawoehi njeđjani kamar ponđokan ana ing sadjroning kađaton, awit pađa dianggep tamoené Sang Praboe pijambak.

Moendoeré saka ngarsané Sang Praboe, toewan Gulliver sakantjané pađa diirit menjang bangsal đahar, kang dawané ana 300 kaki; ing kono wis ana seđijan đahar, kang ora ngoetjiwani. Sang Praboe lan Sang Pramèswari kambi pangéran teloe lan poetri nenem, oega, pađa toemoet đahar ana ing kono. Ananging para loehoer maoe méđjané đahar misah, doemoenoeng ana ing sangisoring padjangan kaprabon, kang asri sinawang.

Sabakdané đahar toewan Gulliver ditimbali ingarsané Sang Praboe manèh, diwanoehaké karo Sang Pramèswari; Sang Pramèswari manis pandangoené marang toewan Gulliver. Sang Praboe maringi pirsá, jèn toewan Gulliver sakantjané wis pađa disedjijani karéta lan djaran toenggangan kanggo moebengmoebeng nonton ing sadjroning koetja. Wondéné Sang Praboe pijambak arep teđak mbebeđag.

Kang pađa ditonton déning toewan Gulliver kabèh agawé marem; déné kang banget ndadèkaké éramé jaikoe geđong Raad van Justitie lan tjanđi. Koepelé tjanđi ikoe kang digawé mas moerni nganggo dirètès ing inten. Ing satjedaké tjanđi ikoe ana pasaréané, ja-ikoe pasaréané para ratoe ing kono; sidji-sidjining pasaréan pađa ana retjané.

Soréné, sarèhné pađa banget sajahé, énggal pađa mapan toeroe. Ananging sadoeroengé bisa toeroe, pađa kagèt weroeh pađang-pađang ana ing patamanan, goembjar kaja goenoeng kobong. Bareng menjat saka ing patoeroné, weroeh ana ramé-ramé lagi njoemedi kembang api, ja-ikoe minangka pakoermatané Sang Praboe marang tamoené.

Sanadjan toewan Gulliver sajahé banget, éwadéné saboobaré kembang api meksa ora gampang olèhé arep toeroe. Kabèh lelakoné, sing wis ditonton lan dirasakaké pađa katon ing mripat, dadi toewan Gulliver tansah mikir aènging lelakoné, ora bisa-bisa toeroe.

BAGÉAN VII.

Toewan Gulliver ndèrèk Sang Praboe menjang tengahé tanah Sporunda lan menjang poelo Monatamia.

Ing sawidjining dina wajah ésoek oemoen-oemoen toewan Sèrmoðas teka ing pondoké toewan Gulliver, dioetoes maringi weroeh, jèn Sang Praboe ésoek ikoe oega arep teðak pepriksa, toewan Gulliver dikarsakaké ndèrèk. Ing aloen-aloening kaðaton wis ana sedjian toenggangan oenta, dadi toewan Gulliver koedoe énggal-énggal mrono. Oenta ikoe lakoéné rikat banget, ora rekasa jèn ing sadinané arep dilakokaké satoes mijl.

Tindaké Sang Praboe doeroeng ana sadjam wis tekan ing koeta Magnaudi, kapernah ana ing sakidoelé Sévarinda. Ana ing kono Sang Praboe dikoermati soerak ambal-ambalan déning wong akèh kang paða ana ing ratan. Tindaké toemoeli ngliwati tanah pagoenoengan, kang asri banget; wasana rawoeh ing koeta Tiftani, kang misoewoer déning gedé-gedéning gedong-gedongé sarta déning betjiking hawané.

Kang dadi Gouverneur ing kono Pangéran Moriski; ikoe mapag rawoehé Sang Praboe, didèrèkaké para prijaji ing kono.

Ésoeké Sang Praboe teðak menjang pasanggrahané ing poelo Kristako, dohé saka ing Tiftani moeng rong mijl, teðaké nitih praoe kang rerenggané ora koetjiwa. Ana ing pasanggrahan kono Sang Praboe lerep patbelas dina lawasé.

Ing nalika ana ing Kristako toewan Gulliver moendjoek menjang Sang Praboe njoewoen palilah arep moelih kambi kantjané kabèh. Sang Praboe nggalih, jèn panoewoené ikoe pantes banget, moelané ija bandjoer dililani, sarta aparing dawoeh ngroekti praoe, kang bakal kanggo ngeteraké toewan Gulliver saktjané menjang ing poelo Monatamia. Doeroeng nganti sasasi praoené wis roemanti.

Toewan Gulliver bandjoer nemtokaké dina bakal mangkaté, sarta toemoeli pamit-pamit marang tetepoengané. Sang Praboe oega maringi palilah marang toewan Gulliver saktjané, dililani sowan pamitan ingarsané. Ing nalika paða sowan, toewan Gulliver saktjané diparingi gandjaran warna-warna,

kang akèh banget pangadjiné; mangkono oega Sang Praboe paring pirsá, jèn toewan Sèrmođas isih dikarsakaké lastari dadi pamomongé nganti tekan ing poelo Monatamia.

Katjarita nalika tanggal ping 22 Augustus toewan Gulliver sakantjané pađa moengghah ing praoe, bandjoer mangkat noeroet kali Trumbello nganti tekan palaboehan ing Rocara. Bareng tekan ing palaboehan Rocara, praoené lèrèn sawengi ngiras ngentèni loods. Ésoeké mangkat arep maleboe menjang tengahé sagara, nanging sarèhné ana angin gedé saka ing kidoel-koelon, dadi lakoéné ora bisa madjoe-madjoe. Ing wajah awan angin gedé maoe lèrèn, malah benginé bandjoer ana angin betjik, dadi ésoeké poelo Monatamia wis katon.

Toewan Gulliver wis kroengoe, jèn palaboehané poelo Monatamia ikoe moetawatiri banget, moelané bandjoer akon ngoenèkaké mrijem, soepaja ana loods teka. Bareng ana loods teka, banget goemoené, déné praoe ikoe isiné moeng wong bangsa Europa òk. Moelané ora pati ngandel; ananging bareng wis digenah-genahaké déning toewan Sèrmođas, loods pertjaja, bandjoer gelem nglakokaké praoené.

Palaboehan Monatamia ikoe kaleboe palaboehan betjik banget, akèh èmpéré karo palaboehan Portsmouth ing tanah Inggris, malah isih loewih gedé lan loewih santosa. Djenenging palaboehan noenggal karo djenenging poeloné, sarta isih dadi djadjahané karadjan ing Sporunđa. Kadjaba poelo Monatamia isih akèh poeloné manèh kang dadi djadjahané karadjan ing Sporunđa; mangkono oega poelo kang dienggoni ing toewan Gulliver sakantjané bijèn, ija djadjahan Sporunđa.

Toewan Gulliver lan toewan Sèrmođas bandjoer sowan toewan Gouverneur ing Monatamia, arep njoewoen palilah bab pangedolé barang dagangan, gawané toewan Gulliver. Toewan Gulliver dililani adol dagangané ana ing Monatamia, moelané bandjoer pađa dioesoengi menjang đaratan, arep didol. Satekané ing đaratan banget pajoéné, sađéla baé enték. Let teloeng minggoe toewan Gulliver wis bisa mangkat menjang Batawi; lakoéné slamet bisa tekan ing Batawi; ana ing kana saroepané wong kang ora arep ladjoe menjang tanah Inggris, pađa dieđoenaké menjang đaratan.

Lelakoné Gulliver

10.

Toewan Gulliver ana ing Batawi ora arep lèrèn lawas-lawas, nanging koedoe nggenepi poenggawaning praoené disik. Bareng poenggawané wis bisa genep, toewan Gulliver bandjoer mangkat, ladjoe menjang tanah Inggris.

Sadjroné patbelas dina lakoéné toewan Gulliver slamet, ora koerang sawidji apa. Ananging ing limalas dinané katjarita djoeroemoedi toewan Morricé maleboe ing kamaré toewan Gulliver, awèh weroeh, jèn mantros-mantros arep paða mbaléla menjang kapitané lan marang oepsir-oepsiring praoe. Toewan Gulliver bandjoer begadring karo djoeroe-djoeroe moediné kabèh, remboegan kaprijé ichtijaré moenggoeh ing prakara ikoe. Remboegé: sabisa-bisa kang dadi bénggolé, arep ditjkel, soepaja kang akèh bandjoer paða mitoeroet. Nanging olèhè remboegan doeroeng nganti rampoeng, lawangé menga didedel saka ing djaba, toemoeli ana mantros rongpoeloh paða maleboe, kabèh paða njekel kestoel. Toewan Gulliver sakan-tjané djoeroe moedi paða digirèn-girèni: jèn bangga, arep paða dirampoengi.

Toewan Gulliver tatag takon, apa kang dadi sababé. Nanging bénggoling brandal mangsoeli, jèn toewan Gulliver ora kena takon dosa, moeng koedoe meneng baé. Bénggol ndjaloek nggentèni dadi kapitan, toewan Gulliver dikon trima manoet mitoeroet baé.

Wangsoelané toewan Gulliver: „Jèn wis tekan ing Kaap de Goede Hoop, akoe rak meksa bakal dadi kapitan manèh; dadi apa perloené akoe saiki dikon lèrèn?” Wangsoelané bénggol: „Ja mengkono, jèn akoe wong boðo; nanging praoené rak ora bakal laboeh ing Kaap de Goede Hoop. Déné jèn kowé arep mrana, bakal dakwènèhi sekotji sidji, kena ko-enggo karo sapa sing arep miloe ing kowé”. Sawisé tjalaṭoe mangkono, bénggol bandjoer ngedjèpi kantjané. Toewan Gulliver, toewan Morricé sakan-tjané djoeroe moedi, bandjoer paða ditoebroeki ing mantros akèh, digawa loenga, dilebokaké ing sekotji. Sawisé mangkono, bénggol bandjoer ngloempoekaké mantros-mantros, sarta paða ditakoni, apa gelem nganggep dèwèkné dadi kapitaning praoe. Sapa sing ora gelem, dikon paða noesoel toewan Gulliver menjang sekotji. Mèh kabèh paða gelem ngakoe bénggoling

branđal dadi kapitan, moeng ana mantroes loro sing milaloe bareng mati karo toewan Gulliver tinimbang karo dadi kalèrèhaning branđal Moeng pađa doewé pandjaloe, soepaja barang-barangé déwé baé pađa dioeloengna. Bareng barangé wis pađa diwènèhaké, mantroes loro maoe bandjoer pađa noe-soel menjang sekotji.

Sekotji bandjoer ditjemploengaké ing sagara, praoené mbandjoeraké lakoe. Ing sekotji toewan Gulliver disedijani panganggo, gaman, pangan tjoekoep kanggo rong sasi sarta banjoe ngombé saetong.

Ing nalika ikoe mitoeroet kira-kirané toewan Gulliver, panggonané ikoe saka ing đaratan watara dohé ana satoes mijl; ananging jèn ana prahara, mesji bakal ketiwasan, sabab sekotjiné wis mesji ora bakal koewat. Dadi pangarep-arepé menjang kaslametan tipis banget, moelané ora ngéramaké, déné toewan Gulliver ora mradoeli marang simpenané inten, sing diedomi ana ing rangkepaning djasé rok.

Sadina moepoet wong sadjroning sekotji pađa meneng baé, ora ana sing tjatoeran. Bareng wiwit peteng, toewan Gulliver saktjané ing batin wis pasrah; nanging bareng ésoek, pađa ndoewèni pangarep-arep manèh, moelané wiwit pađa gelem mangan. Bandjoer pađa remboegan. Panemoené toewan Morricé gèsèh karo toewan Gulliver, sabab saka étoengané toewan Morrice: doenoengé ing nalika ikoe ora adoh karo pasisiré poelo Mađagaskar, kira-kira ing sadjroné teloeng dina bakal nemoni đaratan. Manoet remboegé toewan Morricé sekotjiné bandjoer dilakokaké ngalor-ngoelon.

Toewan Gulliver ora moepakat banget, jèn arep mentas ing Mađagaskar, djalaran wongé isih pađa ambek sija banget; nanging mantroesé kang sidji mratélakaké, jèn wong ing Mađagaskar ikoe ora ambek sija kajadéné kanđané wong akèh. Mantroes ikoe wis taoe miloe kasangsaran ana ing pasisiré poelo Mađagaskar, nanging olèh pitoeloeng betjik saka wongé ing kono. Moelané bandjoer ditetepaké mlakoe ngalor-ngoelon baé.

Bareng lakoéné mangkono ikoe wis olèh teloeng dina, doeroeng ana đaratan katon; malah ing patang dinané ija doeroeng. Toewan Gulliver saktjané pađa banget ing

prihatiné; ija bener isih doewé tanḍon pangan, nanging saja madjoe, sagarané sangsaja njamari, dadi koewatir, jèn sekotjiné bandjoer nggoling.

Katjarita ing dina kaping paté maoe wajah soré ing awang-awang menḍoengé nggameng, ombaké oega wiwit moemploek, ngatarani, jèn arep ana prahara. Njata ora soewé ana angin gedé teka. Ing nalika ikoe toewan Gulliver saktantjané ora lija moeng koedoe pasrah. Dadi kang katjipta ora ana manèh moeng bakal patiné

Praharané ora manḍeg-manḍeg nganti pirang-pirang djam, nanging soewé-soewé bandjoer kenḍo. Saḍéla-saḍéla sekotjiné kasempjok ing ombak kang ḍoewoer, bandjoer paḍa ditawoe sarosané; nanging lagi baé asat, wis klebon banjoe manèh, ija bandjoer ditawoe manèh. Wasana bareng nggagat bangoen ésoek, sagarané wiwit anteng, ombaké ora patia ḍoewoer-ḍoewoer; malah bareng srengéngé mleḷèk, banget paḍa boengahé ing ati, déné paḍa weroeh ḍaratan ana ing ngarepé kapéring manengen.

Ora antara soewé sekotjiné tekan ing gisik; bareng toewan Gulliver saktantjané paḍa ngantjik lemah bandjoer paḍa djèng-kèng moedji soekoer ing Pangéran kang sipat asih.

Anggoné paḍa mentas ing ḍaratan ana ing saantarané paḍas loro, kang paḍa nglodjok menjang sagara, nanging toewan Gulliver saktantjané ora ana sing weroeh kaanané ing kono. Toewan Gulliver lan toewan Morricé bandjoer paḍa moenggah ing paḍas. Ing kono paḍa banget ing kagèté weroeh, jèn enggoné mentas ikoe ana ing poelo tjilik, kang ora didoengi ing wong, koebengé watara moeng rong mijl. Nanging ana ing kono paḍa nemoe toek, dadi paḍa bisa ngombé lan ngisèni tong tanḍoné banjoe.

Saeroeting gisik akèh blabag lan lijané, tilas péranganing praoe kang wis paḍa roesak. Toewan Gulliver doemadakan weroeh ragangan wong, ing sandingé ana gendoelé toetoepan, isi lajang. Lajang ikoe bandjoer diwatja déning toewan Gulliver, soerasané mangkéné:

„Bokmanawi ing samangsa-mangsa wonten tijang mriki, soemerepa, jèn poenika djsim koela, Frederik van Noort, ingkang lelajaran saking Nderland ḍateng tanah Indija noem-

pak baita *Prins van Oranje*, nanging ladjeng manggih tiwas, baitanipoen kéntas déning prahara wonten ing poelo poenika.

Risakaning baita ladjeng sami dipoen damel baita alit déning koela sakautja; nanging ing nalika koela pinoedjoe tilem, kantja-kantja koela sami késah noempak baita alit waoe. Sareng koela tangi, pantjènipoen baita alit poenika taksih katingal wonten ing katebihan, nanging panggembor sarta pangoewoeh-koela tanpa damel.

Ingriki koela ngaken nampèni oekoem Allah ingkang adil, sabab koela sampoen naté medjahi tijang, dados pantes manggih pedjah sija-sija”.

Toewan Gulliver mrebes mili, satamaté matja lajang maoe, sarta kélingan, jèn paoekoemaning Pangéran ora kena disélaki.

Toewan Gulliver sakantjané bandjoer paða bali menjang sekotjiné, toemoeli paða remboegan. Kadadéaning remboegé: arep paða ichtijar kaslametan menjang lija panggonan manèh. Jèn arep manggon ana ing poelo ikoe lawas-lawas, mestji ora bisa, sabab ing kono ora ana kang kena dipangan.

Sawisé mangkono toemoeli mbabar lajar, mangkat ngalorngoelon; pangarep-arepé bisaa teka ing pasiré tanah Afrika, sabab pangrasané kabèh, poelo Madagaskar wis kepoengkoer. Sanadjan toewan Gulliver doewé kaart sing kena dipitaja, éwadéné ora bisa ngétoeng poelo maoe ana ing endi prenahé.

Saben paða mangan, tjadongé tansah disoeda-soeda, djalaran ora bisa weroeh, isih pirang dina olèhé koedoe lajaran mangkono ikoe. Ananging ésoeké toewan Morricé weroeh djaratan, katon ana ing ngarepé ngladjoer mangidoel. Toewan Gulliver sakantjané krasa boengah manèh déning roemasa loewar saka ing bebaja keblebek ing sagara. Bareng soré dohé saka ing djaratan watara moeng kari rong mijl. Pangarahé toewan Gulliver ing sabisa-bisa arep mentas soré ikoe oega, nanging sanalika banget kagèté, bareng weroeh, jèn sekotjiné kaboen-tjang menjang tengahing sagara. Moelané bandjoer nibakaké djangkar; sanadjan isih koedoe gentèn djaga, éwadéné paða roemasa olèh ngaso. Nanging olèhé paða ngaso ikoe ora patia soewé. Watara ing wajah tengah wengi toewan Gulliver tangi, kagèt déning panggemboré toewan Morricé; bareng djèwèké arep ngadeg, ora bisa, djalaran tangan lan sikilé

paða dieroet. Sanadjan nggoné boedi ngentèkaké karosan, éwadéné meksa ora bisa oewal. Bandjoer kroengoe pasambaté toewan Morricé manèh.

Toewan Gulliver wis ora samar, jèn ing nalika ikoe ana roebéda, bandjoer arep nggoegah mantroes-mantroesé. Ananging bandjoer kroengoe, jèn mantroesé paða geloet pisoeh-pisoehan, sing sidji arep ndjegoeraké sidjiné menjang sagara. Wasana karo-karoné paða kedjogoer ing sagara.

Ora antara soewé sing sidji mentas bali menjang sekotji, toemoeli siðem premanem ora ana swara apa-apa. Moelané toewan Gulliver doewé pangira, jèn sing mentas ija bandjoer mati; soepaja weroeha genahé, bandjoer dioendang djenengé. Saoéré goemeter, bandjoer tjarita, jèn toewan Morricé oemoek nggawa radjabrana akèh pangadjiné; dèwèké karo kantjané mantroes soemedja ngreboet radjabrana maoe. Bareng toewan Morricé toeroe bandjoer paða dipatèni, nanging katrangané ora doewé apa-apa. Moelané mantroes loro bandjoer paða toetoehtoetoehan, wasana kedrawasan dadi paða pantjakara, nganti paða ketjemploeng ing sagara; sarèhné kantjané ora bisa nglangi, dadi bandjoer mati keblebek, dèwèkné dèwé bisa mentas. Nalikané arep paða matèni toewan Morricé, toewan Gulliver dieroet ðisik, soepaja adja nganti miloe-miloe marang prakara ikoe.

Mantroes maoe sawisé tjarita, bandjoer marani toewan Gulliver natasi eroet-eroetané. Bareng ésoek djisimé toewan Morricé katon gilang-gilang ana ing ðasaring sekotji, bandjoer disalati dèwé sarta ditjemploengaké ing sagara.

Ing nalika samana bandjoer ana angin betjik midid saka ing sagara, dadi sekotjiné loemarang menjang ðaratan. Nanging toewan Gulliver ora boengah djalaran ing batin pangarep-arepé ing nalika ikoe angoer miloea mati. Moelané mangkono, marga roemasa ora kedoega momoran karo wong kang wis taoe matèni wong; aloewoeng amor karo kéwan galak ana ing satengahing alas, tinimbang karo mantroes kantjané ikoe.

Lakoening sekotji alon ngener menjang pasisir, nanging ing ðaratan ora ana wong kang katon. Wasana toewan Gulliver weroeh ana praoe, katon ana ing tjakrawala, watara dohé ora loewih saka rong mijl.

Katjarita mantroes maoe djèngkèng doewé pandjaloek marang toewan Gulliver, dosané adja nganti diwijak. Wiwitané toewan Gulliver ora gelem sagoeh, nanging bareng mantroes maoe katon banget kedowoengé, sarta gelem prasetya ora arep manèh-manèh nglakoni panggawé ala mangkono, bandjoer arep meneng baé disik.

Bareng toewan Gulliver weroeh praoe, énggal awèh sasmita jèn ketiwasan; wong ing praoe oega bandjoer paða weroeh marang sasmitané toewan Gulliver. Praoe gedé bandjoer marani, soewé-soewé tjedak bandjoer ngroetjati lajar sarta ngedoenaké sekotji.

Katrangané praoe ikoe praoe-dagang Prasman. Toewan Gulliver ditampani déning toewan kapitan kalawan soeka boengahing ati, bandjoer njaritakaké lelakoné ana ing praoené dèwé, nanging ora kanða jèn kang maoe ana kantjané manèh, kang miloe disingkiraké ana ing sekotjiné.

Praoe Prasman ikoe lajar saka ing Sijem, djenenging praoe *Le Faucon*, kapitané toewan Saint André. Toewan kapitan doewé pangira, jèn tilas praoené toewan Gulliver bandjoer mbadjab. Moelané toewan kapitan doewé pangira mangkono, djalaran dèwèkné teloeng dina kang kepoengkoer mentas nandangi praoe badjab, woedjoeding praoe trep kaja tjaritané toewan Gulliver. Praoening badjab maoe ilang tijangé déning mrijemé toewan kapitan, sarta panggedéné oega kapoepoe, moelané bandjoer ontjat.

Katjarita mantroesé toewan Gulliver, sadoeroengé tekan ing Kaap de Goede Hoop, ketjanðak ing lara bandjoer mati. Djisimé katjemploengaké ing sagara. Dadi toewan Gulliver wis ora perloe ngladèkaké wong dosa maoe marang pangadilan.

Praoe Prasman maoe ana ing Kaapstad lèrèn nganti rong sasi lawasé, perloe ndandani karoesakan. Sawisé rampoeng, bandjoer mangkat noetogaké lakoe, wasana slamet tekan ing koeta Saint Malo ing tanah Prasman. Toewan Gulliver arep mbajar paséwaning praoe nggoné miloe noempang, nanging toewan kapitan ora gelem nampani. Malah toewan kapitan arep noekoe sekotjiné toewan Gulliver; oega diwènèhaké, nanging toewan Gulliver ora gelem nampani doewité, dadi dianggep minangka pamales sihé toewan kapitan. Malah bareng

toewan Gulliver pamitan, toewan kapitan isih diwènèhi manèh inten las-lasan saelas, kang pèni banget.

Saka ing koeṭa Saint Malo toewan Gulliver bandjoer menjang Parijs; ana ing kono toewan Gulliver bisa adol gawané inten, bandjoer noetoegaké lakoe, moelih menjang tanah Inggris.

Bareng tekan ing omah, banget kagèt lan pangoengoené ing ati, déné bodjoné wis ora ana, wis ndisiki moelih marang djaman kalanggengan. Moelané ana ing omah toewan Gulliver kasepèn banget, dadi roemasa banget ing seḍihé.

V.

Lelakoné toewan Gulliver kang wekasan.

BAGÉAN I.

Kanggo nglipoer atiné, toewan Gulliver bandjoer lajarian manèh.

Katjarita toewan Gulliver ana ing omah ora karo bodjoné, roemasa kasepèn banget, bandjoer nijat nglipoer pikiré sarana lelajarian manèh. Djalaran saka ing ikoe bareng ditari dadi kapitané praoe *Avonturier*, bandjoer énggal ditampani. *Avonturier* ikoe praoe dagang kang gedé, déné gedéné 350 ton. Nijaté saiki moeng arep dadi kapitan baé, moelané bandjoer nampani toewan Robert Peerfoy, dadi dokter praoe.

Bareng wis soemekta, toewan Gulliver noedjoe ing mangsa herfst mangkat saka ing palaboehan Portsmouth. Ana ing satjedaké tandjoeng Teneriffe toewan Gulliver kepapag karo mitrané lawas, ja-ikoe toewan kapitan Peacock, kang arep koelak kajoe campêche menjang Honduras, bandjoer arep digawa menjang tanah Inggris. Toewan Peacock didjak déning toewan Gulliver lajarian menjang samodra Kidoel, nanging toewan Peacock ora gelem. Ing boeri toewan Gulliver kroengoe, jèn praoené toewan Peacock katempoeh ing prahara, bandjoer kèrem, wongé pađa mati keblebek kabèh, moeng ana djongos praoe sidji kang bisa slamet olèh pitoeloeng.

Toewan Gulliver déwé mbandjoeraké sedyané. Nanging bareng tekan ing djadjahan kang hawané panas, awaking praoené akèh kang mati, ora koewat panasing hawa. Ana ing Kaapstad toewan Gulliver kepeksa golèk mantroes manèh. Nanging ora lawas ngrasakaké kedoewoeng, djalaran weroehé wis kasèp, jèn mantroesé anjar satemené akèh badjagé.

Ing nalika samana wongé toewan Gulliver watara ana 50. Préntahé panggedéning Maatschappij, toewan Gulliver dikon srawoengan dagang karo wong ing poelo-poeloné samodra

Kidoel, sarta dikon ndjadjah poelo-poelo kang doeroeng kawroehan ing wong akèh.

Katjarita genço-genço, kang pađa maleboe dadi mantroes ana ing Kaapstad, pađa ngrimoek kantjané, didjak pađa mbaléla marang toewan Gulliver. Kanijatané arep pađa ngoewasani praoené. Noedjoe sawidjining dina toewan kapitan ana ing kamaré pađa ditoekoep, ditalèni tangan lan sikilé, sarta digirèn-girèni, jèn nganti soewala, arep ditjemploengaké ing sagara. Toewan Gulliver wis ora bisa soewala, dadi moeng asrah bongkokan.

Wasana bandané dioetjoeli, nanging sikilé diranté diolèhaké karo patoeroné; mangkono oega ana kang dikon ndjaga nganggo sikep beđil: jèn toewan Gulliver katon arep ontjat, mesji bandjoer dibedil. Jèn pangan, saben wajahé mangan, mesji dikirim; nanging papréntahaning praoe bandjoer ditjekl ing bénggoling brandal. Kanijatané arep pađa mbadjag menjang kapoelowan Indija Nederland. Nanging koedoe njan-tosakaké balané đisik, sabab jèn wongé moeng samono, wis mesji baé doeroeng kelar. Moelané arep pađa ngedol dagangan momotané praoe đisik; jèn oewis, bandjoer arep pađa menjang poelo Mađagascar, golèk woewoeh kantja badjag.

Praoe bandjoer dilakokaké moebeng ana ing sagara nganti pirang-pirang dina, ora karoewan parané. Toewan Gulliver ora weroeh babar pisan, praoené ikoe eneré menjang endi, djalaran isih ditoetoep ana ing kamaré, toer koedoe tansah anteng, ora kena njobawa. Pandjagané kentjeng sarta sađéla-sađéla digirèn-girèni arep dipatèni.

Katjarita ana mantroes sidji teka ing kamaré toewan Gulliver, dikongkon déning kapitaning praoe anjar, dikon awèh weroeh, jèn toewan Gulliver arep toemoeli dieđoenaké ing đaratan. Toewan Gulliver mopo, nanging tanpa gawé. Malah toewan Gulliver takon sapa kang dadi kapitan baé, ora diwangsoeli.

Toewan Gulliver dipeksa maleboe ing sekotji; panganggoné sing betjik-betjik dikon ngenggo sarta disangoni patelesan saboentel. Goloké kena digawa, nanging gegaman lijané koedoe pađa ditinggali kabèh. Mangkono oega kanjong-kanjongé kang isi đoewit lan barang ringkes, ora pađa dipredoeli. Se-

kotjiné diwelahi menjang daratan, toewan Gulliver bandjoer dientasaké ana ing kono. Toewan Gulliver ngasih-asih ndja-loek diwènèhi weroeh, kira-kira dèwèkné ikoe ana ing endi. Ananging mantroes-mantroes kang ditakoni, ija pađa ora weroeh. Sabab karepé kapitan anjar, samangsa nemoni daratan, toewan Gulliver arep dientasaké ana ing kono. Mangka ing nalika ikoe lagi nemoni daratan sapisan. Mantroes-mantroes pađa awèh remboeg, toewan Gulliver dikon énggal mentas sing adoh, soepaja adja nganti ketiwasan déning robing sagara. Sawisé awèh remboeg mangkono, mantroes-mantroes toemoeli pađa bali menjang praoené.

Dadi saiki toewan Gulliver kari dèwé ana ing poelo, kang doeroeng disoemoeroepi. Bandjoer rada mentas manengah, toeron ana ing pepoentok kambi njawang sekotji kang marani praoené. Dideleng sarana kèkeré sekotji maoe katon tekané ing praoe, wongé pađa moenggah, toemoeli sekotjiné dikèrèk moenggah; ora soewé praoené mbabar lajar, bandjoer mangkat. Panjawangé toewan Gulliver nganti praoené ora katon.

Saiki toewan Gulliver wiwit mikir apa sing arep dilakoni. Sawisé rampoeng pamikiré, bandjoer ngadeg, soemedja ndjadjah kaanané ing kono; jèn ketemoe karo wong alasan, tékadé moeng arep masrahaké pati-oeripé. Nanging ing batin isih doewé pangarep-arep bisané slamet, sabab isih nggawa dandan rèmèh-rèmèh, kajata: gelang, kaloeng, djoengkat lan sapanoenggalané; ikoe doega-doega kang bakal mitoeloengi awaké. Dandan kang kaja mangkono ikoe satemené akèh olèhé nggawa saka ing nagarané, pantjèn arep didol; nalika dèwèkné arep dientasaké, mrelokaké nggawa ing sawatara.

Sasoewéné loemakoe toewan Gulliver weroeh wit-witan kang ditandoer lelarikan, ing sela-selané akèh soeketé, malah ana tandoerané pari. Olèhé mlakoe ngati-ati banget, sabab koe-watir, jèn bandjoer dikrojok ing wong alasan oetawa dipanah saka ing kadohan. Toewan Gulliver wis ngandel, jèn poelo ikoe dienggoni ing wong, sabab kedjaba kang kaseboet ing doewoer, oega weroeh tapaking manoengsa.

Wasana lakoéné toewan Gulliver tekan ing sawidjining ratan amba; ing kono akèh tapaké wong, tapak kéwan kang trajaké belah, sarta tapak djaran; déné kang akèh, ja-ikoe tapaké


djaran. Mangkono oega toewan Gulliver weroeh machloek mèmper wong. nanging anéh sipaté, pađa ana ing ara-aran ana ing kekajon. Woedjoedé medèni banget, nganti toewan Gulliver ora bisa ngarani, apa panoenggalané manoengsa, apa panoenggalané ketèk kang gedé-gedé. Toewan Gulliver panjawangé aling-alingan groemboel, soepaja bisa terang.

Ora antara soewé ana sing njeđak panggonané toewan Gulliver, moelané panjawangé bandjoer bisa tjeđa. Sirah lan dađané pađa kafoekoelan ing ramboet arémbjak-rémbjak, sarta adjénggot kaja weđoes bérok. Tangan lan sikilé oega pađa kafoekoelan ing woeloe, nanging koelité isih katon, ja-ikoe abang-abang koesi.

Pangirané toewan Gulliver kentjeng jèn machloek kang katon ikoe bangsaning ketèk, apa manèh bareng katon bisa mènèk ing wit-witan kang doewoer-doewoer, sarta bandjoer trampil mantjoluté saka ing sawidjining pang menjang pang lijané. Roepaning woeloené warna-warna, ana kang abang nom, ana kang abang-toewa oetawa ireng. Ananging toewan Gulliver doeroeng taoe mranggoeli kéwan kang nggegilani kaja mangkono.

Wasana toewan Gulliver soemedja mbandjoeraké lakoené, arep golèk omah wong; goloké diliga. Sanalika ana ketèk gedé sidji marani; bareng disawang déning toewan Gulliver, bandjoer mandeng, pasemoné kaja doeroeng taoe weroeh wong. Bandjoer njeđak manèh kambi ngoemboelaké tangané. Nanging bandjoer disampé nganggo gigiring goloké toewan Gulliver; moelané ora wani nganggo lanđepé, sabab koewatir, jèn ndadèkaké nepsoené wong ing kono. Djalaran akèh tanah-tanah, kang kéwané dianggep soetji, dadi jèn matèni kéwan, dianggep dosa gedé

Kagèt déning panjampéné toewan Gulliver, machloek kang kinira ketèk maoe moendoer kambi ndjerit; ora soewé akèh kantjané kang teka arep tetoeloeng, watara ana patangpoeloeh. Toewan Gulliver dikepoeng sarta katon arep pađa ditandangi. Toewan Gulliver bandjoer mlajoe menjang sawidjining wit-witan, kanggo sèndèn nampani pangamoeking ketèk sarana goloké. Éwadéné soewé-soewé toewan Gulliver koewalahen. Toedjoené ketèk-ketèk maoe sanalika bandjoer pađa loenga kabèh, toewan Gulliver ora mangerti, apa kang dadi sababé.



*VI. Toewan Gulliver dikepoeng sarta katon arep
nada ditandangi.*

Toewan Gulliver bandjoer noetogaké lakoéné kambi mikir-mikir, apa baja kang dadi sababé, déné ketèk-ketèk maoe sanalika kok bandjoer pađa ontjat kabèh.

Ora soewé toewan Gulliver weroeh machloek kang loewih anèh manèh, woedjoedé kang saparo manoengsa kang saparo djaran, pađa mlakoe rinđik ana ing ara-ara, parané menjang panggonané ketèk-ketèk maoe. Toewan Gulliver ngira, jèn ikoe kang dadi djalaraning loengané ketèk-ketèk maoe.



J. vander Heyden

Gambar 9.
Kang sidji njènèng topiné toewan Gulliver.

Bareng djaran kang asipat manoengsa maoe weroeh marang toewan Gulliver, saking ngoengoené bandjoer mandeg. Ora soewé njedak sarta ngiling-ilingi toewan Gulliver, pasemoné katon, jèn goemoen banget. Nanging bareng toewan Gulliver arep mbandjoer, toemoeli diaḍangi. Toewan Gulliver ngaroeh-aroeḥi, nanging djaran kang sipat manoengsa ora mangerti, moelané gèḍèg. Toemoeli ana sidji manèh teka. Karoné paḍa bagé-binagé, nanging toewan Gulliver ora mangerti basané. Toemoeli paḍa soemisih, remboegan kambi mlakoe-mlakoe, naging sadéla-sadéla njawang marang toewan Gulliver, semoené djoemaga, adja nganti toewan Gulliver bisa ontjat.

Olèhé paḍa remboegan soewé, moelané toewan Gulliver soemedja mbandjoeraké lakoené, arep golèk désa oetawa omah, kang didoenoengi ing wong. Nanging bareng djaran kang sipat manoengsa kang teka ḍisik maoe weroeh, jèn toewan Gulliver arep loenga, bandjoer ngabani akon mandeg. Toewan Gulliver kagèt, bandjoer mandeg, rasané kaja ngentèni préntah; ing sabisa-bisa wediné ora dikétokaké. Nanging ing batin banget tjiliké ing ati.

Djaran kang sipat manoengsa maoe bandjoer paḍa njedaki sarta ngiling-ilingi toewan Gulliver, namataké woedjoedé. Kang sidji njènèng topiné toewan Gulliver, toemoeli diboekak sisan déning toewan Gulliver déwé ndadèkaké goemoené sakarokaroné. Sepatoe lan kaosé toewan Gulliver oega diiling-ilingi, banget olèhé namat-namataké.

Djaran kang asipat manoengsa loro maoe roepa lan woedjoedé paḍa baé, kang béda moeng oelesing woeloené. Awak lan sikilé wis trep kaja djaran, moeng ing sanḍoewoeré sikil ngarep ana gemboengé manoengsa nganggo tangan lan enḍas manoengsa. Rainé wis djiblès rai wong, malah pasemoné tadjem banget.

Toewan Gulliver doewé pangira, jèn kang paḍa ketemoekaro dèwèkné ikoe toekang soelap; olèhé paḍa aḍapoer mangkono ikoe, moeng arep sembranan marang toewan Gulliver. Moelané bandjoer njoba toetoer mangkéné marang djaran kang asipat manoengsa:

„Toewan-toewan, koela gaḍah panginten, jèn sampéjan sami „toekang soelap; jèn panginten koela poenika leres, temtoe „sampéjan saged mangertos sawarning basa. Pramila koela-

„ngatoeri pirsā ing sampéjan, jèn koela poenika satoenggali-
„poen tijang Inggris ingkang memelas, déné manggih sangsara
„wonten ing pasisirpoen poelo poenika. Sapoenika koela
„gaḍah panoewoen, kaparenga koela noempak ing gigir sam-
„péjan, ladjeng kabektaa ḍateng satoenggaling grija oetawi
„kiṭa, soepados koela saged angsal pitoeloeng Sampéjan baḍé
„koelaépahi sagaḍah-gaḍahankoela, ingkang kénging koela-
„ḍinḍal, inggih poenika lading lan gelang poenika.”

Olèhé tjalaṭoe mangkono ikoḗ kambi ngetokaké lading lan gelang saka ing sak-ing koelambiné. Djaran kang asipat manoengsa paḍa meneng baé, nanging olèhé ngroengokaké ditingalaké banget. Bareng toewan Gulliver meneng olèhé tjatoeran, loro-loroné paḍa goeneman nganggo basané ḍéwé, toemoeli kang sidji pamitan, loenga njongklang. Sidjiné, ja-ikoe kang ketemoe karo toewan Gulliver ḍisik, awèh sasmita, jèn toewan Gulliver kena noetoegaké lakoéné. Toewan Gulliver mitoeroet, nanging dietoetaké déning djaran kang sipat manoengsa, sarta bareng lakoéné rinḍik, bandjoer digelak sarana temboeng: „hun, hun!”

Toewan Gulliver ing sabisa-bisa bandjoer awèh sasmita, jèn keselé banget, dadi lakoéné ora bisa rikat. Djaran kang asipat manoengsa semoené mangerti, tanḍané bandjoer manḍeg, soe-paja toewan Gulliver léréna.

BAGÉAN II.

*Toewan Gulliver ana ing panggonané djaran
asipat manoengsa.*

Sawisé lèrèn saḍéla, toewan Gulliver mbandjoeraké lakoéné, soewéné olèhé mlakoe isih karo tengah djam. Toemoeli teka ing sawidjining omah, pajoné damèn. Bareng weroeh omah, toewan Gulliver roemasa doewé pangarep-arep bakal olèh kaslametan.

Djaran kang asipat manoengsa awèh sasmita soepaja toewan Gulliver maleboea ing omah ḍisik. Bareng wis maleboe, ing sadjroning omah katon djembar banget, djrambahé lemah lem-poeng kang digawé atos. Akèh panoenggalané djaran asipat

manoengsa, ana kang pađa linggih ing koersi lan ana kang pađa njamboet gawé. Djaran kang asipat manoengsa, kang ngetoetaké toewan Gulliver, bandjoer noetoeti maleboe; ikoe bandjoer ngandani kantjané akèh-akèh, semoené mitoetoeri, adja pađa moenasika marang toewan Gulliver. Ing sadjroning omah ikoe kedjaba panggonan kang wis dileboni, isih ana panggonané loro manèh. Toewan Gulliver didjak maleboe ing panggonan kang kaping teloe, dadi ngliwati panggonan kang sapisan lan kang kapingdo. Panggonan kang kaping teloe ikoe djrambahé digelari klasa aloes-aloes, mangkono oega beka-kasé ing kono moela pantjèn loewih betjik tinimbang ing panggonan kang sapisan. Ingkono ana djaran sipat manoengsa toewa sidji linggih ing koersi, nggoné njawang marang toewan Gulliver katon soemengit. Kang ngeteraké toewan Gulliver bandjoer tjatoeran karo bangsané kang toewa ikoe.

Ora antara soewé djaran asipat manoengsa toewa awèh sasmita, toewan Gulliver dikon miloe, didjak metoe menjang boeri; ing kono ana omahé manèh. Bareng pađa maleboe, toewan Gulliver kagèt banget weroeh ketèk gedé teloe, pannoenggalané kang pađa kepranggoel ana ing dalan. Ikoe pađa ditjantjangi sarta lagi pađa mangan bangsaning lobak.

Djaran sipat manoengsa toewa préntah marang batoeré, dikon ngoetjoeli ketèk sidji, bandjoer dikon ngadeg djèdjèr toewan Gulliver. Bandjoer disawang sarta ditanđing-tanđing déning djaran asipat manoengsa toewa.

Gilané toewan Gulliver sangsaja banget, bareng weroeh, jèn kéwan kang kaja ketèk maoe sesipatané akèh èmperé karo wong. Rainé rata sarta amba, iroengé gedé nanging amblek, lambéné ndjebir, tjangkemé amba, dadi kaja déné wong alasan. Bédané karo wong alasan, moeng koekoené dawa-dawa, èpèk-èpèké kasar lan roepané abang nom, mangkono oega gigiré akèh banget woeloené.

Djaran asipat manoengsa semoené kèwoehan banget, bareng pananđingé tekan ing tangan lan sikil. Kira-kira djalaran toewan Gulliver nganggo sanđangan, mangka ing kono semoené ora mangerti babar pisan menjang sanđangan.

Toewan Gulliver toemoeli diwènèhi lobak; oega ditampani, bandjoer diamboe, nanging bandjoer dieloengaké bali, pa-

tjaké taklim. Toewan Gulliver bandjoer gèdèg-gèdèg, mi-
nangka sasmita, jèn pangané doedoe lobak.

Ketèké toemoeli dikon ngandangaké; toewan Gulliver ban-
djoer ditakoni sarana sasmita, apa sing didojani. Nalikané toewan
Gulliver lagi mangsoeli, bandjoer ana sapi liwat. Toewan Gulli-
ver bandjoer noedingi sapi maoe, sarta ing sabisa-bisané awèh
sasmita, jèn dèwèkné kepéngin ngepoeh poehané. Djaran asipat
manoengsa mangerti, moelané toewan Gulliver bandjoer didjak
maleboe ing sawidjining omah; ing kono akèh poehané winadahan
ing djembangan lan tong, pangroematé resik-resik. Toewan
Gulliver bandjoer diwènèhi poehan satoewoeng gedé; bareng
diombé, krasa seger banget, kekoewatané oega krasa moendak.

Ora antara soewé toewan Gulliver weroeh toenggangan, woe-
djoedé mèmper kèsèr, ditarik ing jahoe papat — jahoe ikoe dje-
nengé kéwan kang mèmper ketèk lan mèmper manoengsa maoe
— mandeg ana ing sangareping omah. Sing noenggangi sawidji-
ning djaran asipat manoengsa kang wis toewa; semoené sikilé
kiwa tætoe, tandané: bareng moedoen, lakoéné pintjang.

Djaran asipat manoengsa sing teka ikoe bandjoer didjak
mangan ana ing kono déning sing doewé omah. Moenggoeh
rampadané awoedjoed iris-irisan roti ditjeloebaké ing poehan,
lan gorèngan djagoeng. Toewan Gulliver dikon miloe man-
ngan, linggihé ana ing sandingé sing doewé omah. Toewan
Gulliver mangerti, jèn kang paða ditjatoer sasowéné mangan,
ora lija ja moeng awaké.

Sasowéné mangan toewan Gulliver bisa sinaoe djenengé:
poehan, banjoe, geni lan sapanoenggalané, nganggo temboengé
ing kono, nganti bisa mangerti lan bisa moeni.

Bareng soré toewan Gulliver kena golèk papan dèwé kang-
go toeroe. Bareng wis olèh, bandjoer ditatani damèn sarta
dienggoni toeroe, ora nganggo tjoetjoel panganggoné; éwa-
déné bandjoer bisa toeroe kepénak.

Ing sabandjoéré kang diperlokaké disik déning toewan
Gulliver, ja-ikoe olèhé sinaoe basané ing kono; sing moelang
sing doewé omah, anak-anaké lan batoer-batoéré sing doewé
omah. Toewan Gulliver noedingi barang apa-apa, goeroené
ngarani djenengé, bandjoer ditoelisi déning toewan Gulliver;
jèn pinoedjoe dèwékan, tjajetané diapalaké. Olèhé nglantihaké

Lelakoné Gulliver

11.

oenining temboeng sarana akon moeni marang goeroené ambal-ambalan.

Sing doewé omah merlokaké banget, sóepaja toewan Gulliver énggala bisa basané ing kono, sabab toemoeli kepéngin weroeh, toewan Gulliver ikoe asalé saka ing endi, kaprijé kaananing nagarané sarta kaprijé lelakoné, déné nganti tekan ing kono.

Soepaja dadi pangéling-éling, adja nganti lali tegesé, temboeng-temboeng tjatetané maoe paða disisini temboengé Inggris. Kang mangkono ikoe sing doewé omah ora mangerti babarpisan, dimangertèkaké déning toewan Gulliver ija angèl banget mangertiné, djalaran ing kono moela pantjèn ora weroeh ing toelis babarpisan.

Bareng wis olèh watara sapoeloeh minggoe, kawroehé temboeng toewan Gulliver wis akèh, bareng wis teloeng sasi wis bisa tjatoeran, malah wis bisa njaritakaké lelakoné marang sing doewé omah. Ing wiwitané sing doewé omah ora ngandel, jèn ing tembing kanané sagara isih ana tanahé manèh, loewih manèh, jèn ana wongé sing bisa lajara ing sagara. Piandelé kentjeng, jèn wong ngambah sagara, mesti dadi tai oerang.

Lawas-lawas akèh djaran asipat manoengsa paða teka, kepéngin weroeh; ana ing kono paða seneng omong-omongan karo toewan Gulliver. Kang mangkono ikoe ndjalari gampangé toewan Gulliver olèhé sinaoe basané ing kono, moelané ing limang sasiné wis mangerti temenan sarta olèhé tjatoeran wis kepénak. Saben sing doewé omah loenga, toewan Gulliver mesti didjak; ana ing endi-endi toewan Gulliver koedoe diadjèni sapantesé. Toewan Gulliver isih tansah dikon njaritakaké lelakoné; samangsa doewé pangira, jèn toewan Gulliver goroh, bandjoer metoe saka ing senjongé. Éwadéné isih tansah bola-bali takon bab tatatjarané ing nagarané toewan Gulliver.

Bareng toewan Gulliver wis roemasa weroeh kaanané djaran asipat manoengsa, bandjoer kepéngin weroeh, sing aran jahoe ikoe satemené bangsa apa. Moelané bandjoer ndjaloelek palilah, arep ndeleng jahoe kang panggonané ora adoh saka ing kono. Toewan Gulliver digawani batoer kang rosa sidji, soepaja

roemeksaa. Djalaran jèn ora ana sing roemeksa, akèh koe-watiré. Ingarep wis ditjaritakaké nalika toewan Gulliver ketemoe karo machloek-machloek maoe. Andjaba saka ikoe toewan Gulliver ja wis taoe mèh tiwas, nalikané liwat ing sandingé ora nganggo nggawa goloké. Kerep banget solah-tingkahé toewan Gulliver ditirok-tirokaké, nanging jèn ditjedaki, bandjoer ora soemanak.

Machloek kang mèmper ketèk ikoe sanadjan isih tjilik, ja wis sarwa trampil; pinter banget nglangi, sarta jèn golèk iwak, bisa sloeloep nganti soewé.

Noedjoe sawidjining dina toewan Gulliver njekel jahoe tjilik sidji, watara oemoer teloeng taoen; panjekelé diarah-arrah banget, adja nganti wedi. Ananging bareng ditjandak, bandjoer gembor-gembor kambi nggraoti sarta njakoti, moelané bandjoer ditjoelaké toemoeli. Toedjoené bandjoer ditjoelaké, adjaa mangkono toewan Gulliver dadi apa, sabab bareng jahoe tjilik maoe gembor-gembor, sing toewa pađa marani arep noeloengi. Ananging bareng weroeh, jèn kang gembor-gembor wis ditjoelaké, toer ora boesik woeloené kalong, bandjoer mandeg ora barang-barang. Malah bareng weroeh, jèn batoeré sing doewé omah teka, bandjoer pađa loenga pating djanjal, rinjik asoe digitik.

Dadi toewan Gulliver bisa weroeh, jèn jahoe ikoe djoelig, tjuelika, ngoetoeh, djirih, nanging galak lan rosa. Gawéné dienggo tarikan déning djaran asipat manoengsa, sarta dienggo njamboet-gawé lijané. Panggonané misah, digawèkaké omah déwé; pakané bangsaning lobak, ojad-ojadan lan sapanoeng-galané.

Wondéné djaran asipat manoengsa ikoe tepoengé sidji kambi sidjiné roekoen banget. Olèhé pađa toeloeng-tinoeloeng ora moeng karo kang disenengi baé, soemarambah karo bangsané kabèh. Jèn ana djaran asipat manoengsa mantja, kesar ing panggonané, olèhé mbetjiki pađa baé karo kantja oetawa sanaké déwé.

Menjang toelisan, djaran asipat manoengsa ikoe ora weroeh, dadi ja ora doewé lajang; kawroehé moeng waton saka getok-toelar baé. Pangétoengé waktue: ana èmpéré karo bangsa Europa. Taoené mitoeroet woedjoeding remboelan lan mitoeroet

lakoening remboelan ngoebengi srengéngé. Mångkono oega doewé kawroeh bab lakoéné remboelan lan srengéngé. apa-déné bab grahana srengéngé lan grahana remboelan. Ananging ja moeng mandeg samono kawroehé bab palintangan.

Nganggit kidoeng, djaran asipat manoengsa ikoe baoed-baoed, toer tembang-tembangé moeng olèhé maris saka ing leloehoeré sarana awangan, diapalaké. Soerasaning tembang kidoengé pađa nenangi marang pamitran lan kamoerahaning ati oetawa pangadji-adji marang kang oenggoel ing samoebarang lakoe kanggo olah karosan.

Pirantiné njamboet-gawé kang digawé bangsané watoe geni sing atos; sanadjan gawéané isih kasar, éwadéné kanggoné maédahi banget.

Moenggoeh panggonané toewan Gulliver déwé ija ditata déwé. Moenggoeh doenoengé digawékaké omah déwé ana ing sandingé omahé sing doewé omah. Wewangoenauing omah ija kaja kaloemrahané ing kono, nanging tjilik. Pageré ing djero dilangsé nganggo klasa, nam-namané toewan Gulliver déwé. Mangkono oega toewan Gulliver ija gawé koersi déwé nganggo pangoté, bisa olèh loro.

Bareng sandangané wiwit pađa amoh, bandjoer gawé panganggo anjar; déné kang digawé waloelang troewèloe; sepatoené ditoengkaki nganggo kajoe. Patoeroné ija gawéané déwé, kasoer lan bantalé pađa diisèni woeloe manoek warna-warna. Sarèhné bab pangané moeng kari moeloek baé, ora koedoe golèk déwé, dadi oeripé toewan Gulliver ana ing kono ing sabobot kena diarani seneng.

BAGÉAN III.

Toewan Gulliver bali menjang tanah woetah getihé.

Katjarita noedjoe sawidjining ésoek toewan Gulliver dioendang déning sing doewé omah; bareng toewan Gulliver maleboe ing sentongé, sing doewé omah katon kéwoehan banget olèhé arep kanđa marang toewan Gulliver. Wasana kanďané bisa kewetoe; beboekané: toewan Gulliver ditemtokaké bakal ngarani anèh banget menjang sing arep dikan-

ḍakaké, ananging kaprijé manèh, wong wís koedoe mangkono. Sawisé mangkono bandjoer kanḍa, jèn para djaran asipat manoengsa mentas paḍa begadring, ana ing begadring kono ḍèwèkné ditoetoh, déné gelem mitoeloengi sarta kanggonan machloek kang kaja toewan Gulliver. Wasana pantjasaning begadring: ḍèwèkné kadjibah ngloengakaké toewan Gulliver kaja déné nalika tekané. Ḍèwèkné ija mangerti, jèn kang mangkono ikoe ora bisa kelakon. Sapa sing bisa nglangi njabrang ing sagara gedé? Moelané toewan Gulliver dikon gawé praoe tjilik kaja sing dienggo ngentasaké bijèn. Batoerbatoéré déwé lan batoerbatoéré tanggané arep paḍa dikon ngréwangi kabèh. Wasana kanḍané sing doewé omah: ḍèwèkné pantjèné seneng banget kanggonan toewan Gulliver ing salawasé oerip, naging ora wani nglanggar pantjasaning begadring.

Toewan Gulliver kagèt banget ngroengokaké kanḍané sing doewé omah mangkono ikoe, roemasa tjilik banget atiné.

Sing doewé omah bandjoer ngrerapoe akèh-akèh, nganti toewan Gulliver rada paḍang atiné; ananging meksa isih kanḍa. jèn satemené isih bingoeng, kaprijé baé bisané loenga saka ing kono. Ḍèwèkné ora roemasa koewat nglangi lakon sadjam, mangka poelo kang tjeḍak déwé saka ing kono mesti ora babal koerang saka lakon satoes djam. Moenggoeh gawéa sekotji ḍisik, ija ora bisa toemindak, djalaran ing kono akèh kekoerangané kanggo gawé praoe.

Éwadéné toewan Gulliver arep njoba gawé praoe, soepaja katona, jèn mitoehoe marang remboegé kang doewé omah. Jèn ora bisa kelakon dadi, ja arep masrahaké pati-oeripé Gedé banget panarimané, déné arep diréwangi, nanging toewan Gulliver ndjaloek inah satjoekoepé, adja disoesoe-soesoe. Ḍèwèkné sagoeh ngetog boediné, bisané si praoe kelakon dadi; perloené ora moeng kanggo nglegani karepé sing doewé omah baé, ija oega kanggo nggonḍèli njawané.

Sing doewé omah awèh inah rong sasi, sarta batoerbatoéré paḍa dikon nglakoni sapréntahé toewan Gulliver, ora kena madoni oetawa mbangkang.

Sawisé rampoeng olèhé paḍa remboegan, toewan Gulliver bandjoer ngadjak batoéré sing doewé omah, sing saben saben roemeksa marang ḍèwèkné, didjak menjang pasisir, panggon-

ané mentas bijèn. Bareng tekan ing pasisir, bandjoer moeng-
gah ing pepoentoeuk, njawang ing kéblat papat nganggo
kèkeré. Ing kono toewan Gulliver doewé panjana, jèn ing
sisih lor-wétan ana poeloné. Dikira-kira dohé saka ing
kono lakon papat oetawa limang djam. Ananging kantjané
doewé pangira, jèn kang katon ikoe méga; dèwèkné ora
ndoega pisan-pisan, jèn sadjabaning tanahé ikoe isih ana tanah
manèh. Dadi samoebarang kang katon ana ing tjakrawala,
panjawang lan panemoené sédjé banget karo toewan Gulliver,
sing wis koelina marang kaanan ing sagara.

Kang mangkono ikoe rada nggedèkaké atiné toewan Gul-
liver, moelané ing batin ndoewèni nijat, jèn kapeksa koedoe
loenga saka ing tanahé djaran asipat manoengsa, arep mang-
gon ing poelo kang katon ikoe. Ing sabandjoéré moeng arep
pasrah marang kang sipat welas lan asih.

Katjarita bareng wis paða bali, toewan Gulliver bandjoer
remboegan karo batoeré sing doewé omah, kang dadi kantiné
maoe; sawisé remboegan, bandjoer paða negor wit eik nom
sawatara, gedéné watara sateken-teken; déné sing dienggo
negor wadoeng watoe geni kang landep, digarani kajoe, kang
minangka dadi sangkalé. Wit eik maoe nijaté toewan Gulli-
ver arep digawé témbo.

Bareng panggarapé watara wis olèh nem minggoe, témbo
maoe dadi, djalaran kang ngréwangi akèh. Sing digawé
noetoepe oetawa nglangsé waloelang kéwan diedomi, oelar-
oelaré oesoelsing kéwan, kang dienggo nglangsé maoe waloel-
anging kéwan kang isih nom-nom, djalaran sing toewa, wa-
loelangé kekandelen lan kekakon. Olèhé gawé welah kang
rekàsa banget, éwadéné bisa gawé papat, ja ikoe nganggo
pangoté. Kadjaba saka ing ikoe témboné diisèni sangoe:
daging tarangan, troewèloe lan manoeuk, tong kajoe loro, kang
sidji isi poehan, sidjiné banjoe ngombé.

Témbo maoe toemoeli ditjoba ana ing bloembang, kang ana
ing sandinging omahé, soepaja weroeha, jèn isih ana koetjiwané,
dadi kena didandani disik. Saroepaning samboeng-samboeng-
ané kajoe paða dirapeti nganggo kençal garing, dadi tém-
boné koewat ngemot toewan Gulliver lan sangoené. Ing
nalika ikoe toewan Gulliver ngrasa wani loenga noenggang

gawacáné témbó. Témbó maoe toemoeli digawa menjang gisik sarana dimotaké ing grobag, kang ditarik ing jahoe; déné sing ngepalani kantiné toewan Gulliver.

Bareng wis soemekta, sarta wis nemtokaké dina bakal mangkaté, toewan Gulliver pamitan menjang sing doewé omah, menjang bodjoné sing doewé omah lan menjang wong lijané kang noenggal saomah karo dèwèkné kabèh. Mangkono manèh awèh panarima karo ngonḍok-onḍok marang sing doewé omah, déné wis diopèni betjik-betjik samono lawasé.

Sing doewé omah ngeteraké tekan ing gisik; ing kono wis akèh djaran asipat manoengsa, arep paḍa ndeleng mangkaté toewan Gulliver noenggang praoe. Toewan Gulliver olèhé ngenḍoni tekaning banjoe rob watara nganti sadjam; ora soewé ana angin betjik, toewan Gulliver bandjoer pamitan manèh menjang saroepané kang ana ing kono, toemoeli mbabar lajar sarta akon ngoetjoeli témboné. Nalika samana wajah djam sanga ésoek, langité paḍang soemilak sarta anginé betjik.

Wiwitané témboné ora diwelahi, moeng dinoetaké lakoening angin, sabab jèn diwelahana, tanpa gawé, moeng tiwas kesel baé; mangka jèn anginé salin, wis mesthi koedoe diwelahi. Djaran asipat manoengsa kang paḍa ana ing gisik, panjawangé nganti témboné ora katon.

Sabisa-bisa lakoening témbó dieneraké menjang poelo kang lagi diparani. Sanadjan poelo maoe tjilika sarta ora kadoe-noengana ing wong pisan, jèn toewan Gulliver bisa tekan ing kono, soemedja dienggoni kalawan seneng, ora koerang seneng tinimbang karo dadi Wadana Minister ing tanah Inggris. Djalaran wiwit ditinggal déning sing wadon, dèwèkné wis roemasa ora krasan ana ing tanah Inggris. Sing dikepèngini moeng ngaso ana ing panggonan kang sepi, soepaja pikirané bisaa ajem kepénak. Ananging soepaja bisaa kasembadan mangkono, koedoe ngoedi bisané mentas ing ḍaratan.

Ingarep wis katjarita, jèn toewan Gulliver, nalika awaking praoené paḍa mbaléla, ditoetoep ana ing kamaré nganti pirang-pirang minggoe, dadi nalika samana ora weroeh, menjang ngendi paraning praoené. Mangkono oega nalika dèwèkné dientasaké ing ḍaratan, mantroes-mantroesé sing nggawa, paḍa toetoer jèn ora weroeh ngendi pernahé ḍaratan maoe. Nanging

toewan Gulliver tansah doewé pangira, jèn panggonané praoe maoe ana ing sawétané tandjoeng Kaap de Goede Hoop; apa manèh pangandelé ikoe saja mantep, bareng kroengoe temboengé mantroes, jèn arep pađa menjang Mađagaskar. Sanadjan moeng waton doega-doega, éwadéné parané ngalorngétan ikoe mantep banget, djalaran saka pangrasané ing kana mesji ana poeloné.

Anginé adjeg kentjeng saka ing koelon; bareng lakoené watara olèh 18 mijl, njata ing ngarepé katon ana poelo, ja-ikoe poelo kang katon saka ing tanahé djaran asipat manoengsa. Lakoené bandjoer disrempeng, kira-kira djam papat awan tekan ing poelo kang diparani. Poelo ikoe tjilik, akèh pađasé sarta ana soengloné.

Toewan Gulliver golèk papan kanggo ngeroet témboné, bandjoer mentas menjang đaratan arep mangan. Sawisé mangan, moenggah ing sawidjining pađas, arep njawang kaanané ing kono. Bareng tekan ing đoewoer, banget boengahé ing ati, déné ing sisih wétan katon ana đaratan nggameng moedjoer ngalor. Toemoeli moedoen ngentasaké témboné, benginé dienggo toeroe.

Ésoeké toewan Gulliver mbandjoeraké lakoené kang gawat banget ikoe. Bareng lakoené wis olèh pitoeng djam, tekan ing pongolé kidoel-wétan tanah kang katon saka ing poelo tjilik kaseboet ing đoewoer. Pamboeriné toewan Gulliver weroeh, jèn tanah maoe tanah kang aran Nieuw-Holland.

Bareng toewan Gulliver mentas ing đaratan, ora ana sabawané machloek kang ndoewèni njawa. Toewan Gulliver kena diarani ora sikep gegaman, sabab golok ikoe doedoe gaman; djalaran saka ing ikoe toewan Gulliver ora wani maleboe manengah ing đaratan adoh-adoh. Ana ing gisik toewan Gulliver bisa olèh tirem, bandjoer dipangan mentahan, sabab ora wani gawé geni, koewatir, jèn konangan ing wong alasan. Mangkono ikoe nganti teloeng dina lawasé, saben dina moeng mangan tirem mentahan, soepaja sangoené bisaa awèt. Lan manèh toewan Gulliver ana ing kono nemoe belik kang banjoené bening, dadi ora koewatir kasatan.

Ing patang dinané katjarita toewan Gulliver ing wajah ésoek oemoen-oemoen maleboe ing đaratan rada manengah.

Sanalika kagèt weroeh wong alasan, watara ana rong poeloeh, paða linggih gegeni kepoeng, dohé saka panggonané toewan Gulliver ora nganti 200 méter. Kabèh paða woeda, wong lanang, wong wadon lan botjah-botjah.

Wong maoe kang sidji dilalah weroeh marang toewan Gulliver, bandjoer kanða marang kantjané; sanalika wongé lanang lima paða ngadeg, njandak genḡéwa lan panahé, arep mboeroe toewan Gulliver. Wongé wadon kambi botjah-botjahé paða kèri ana ing panggonané geni. Toewan Gulliver bandjoer mak tjangkélak bali menjang gisik énggal-énggalan, teroes mloempat ing témboné, bandjoer diwelahi manengah.

Bareng wong alasan weroeh, jèn toewan Gulliver mlajoe, bandjoer ditoetoeti; sarèhné ora ketjandak, nganti toewan Gulliver tekan ing témboné, bandjoer dilepasi djemparing, kena kémpolé kiwa sangisoring ḡengkoel. Toewan Gulliver koewatir banget, jèn panahé ampoeh, sabab panahé wong alasan kaloemrahané paða digawé ampoeh. Bareng toewan Gulliver wis adoh, panahé didoedoet, rasané lara benget,; sabisa-bisa bandjoer diepoeh.

Ing nalika samana toewan Gulliver kéwoehan, arep menjang ngendi parané. Arep bali menjang panggonané mentas maoe, ora wani; moelané bandjoer arep teroes lajar mengalor. Sarèhné anginé midid saka ing lor-wétan, moelané lajaré bandjoer diroetjati, témboné diwelahi sarosané. Ananging ora antara soewé tatoené krasa lara banget; moelané bandjoer moelat, golèk papan kanggo mentas menjang ḡaratan. Ing kono toewan Gulliver weroeh ana praoe lajar, prenahé ana ing sisih lor-wétan, saja soewé saja tjeḡak.

Toewan Gulliver soewé pamikiré: marani apa ora; sabab ḡèwèkné weroeh, jèn ing kono ikoe pantjèn kaḡatoning badjag. Moelané moeng arep dientèni ḡisik, soepaja weroeha bandéraning praoe bandéra apa. Sabab kekentjengané milaloe masrahaké pati-oeripé menjang wong alasan tinimbang karo tiba ing tanganing badjag.

Bareng praoené wis tjeḡak, ora katon ana bandérané, moelané toewan Gulliver kentjeng pangirané, jèn kang, kepapag ikoe praoening badjag. Djalaran saka ing ikoe praoené toewan Gulliver énggal diénggokaké lajaré dibabari, bandjoer

rikat lakoéné katoet ing angin mangidoel, nganti tekan ing panggonané mangkat nalika ésoeké. Ananging wongé alasan ora ana katon sidji-sidjia.

Témboné toewan Gulliver dientasaké ing daratan; dèwèkné dèwé bandjoer ndelik aling-alingan paḍas ing sarjedaking belik. Ananging banget ing kagèté, bareng weroeh, jèn praoené saja soewé saja njedak mrono. Bareng dohé watara kari sa-tengah mijl, bandjoer mandeg; toewan Gulliver weroeh, jèn praoe maoe ngedoenaké sekotji isi tong, arep amèk banjoe ngombé. Semoené praoe maoe weroeh, jèn poelo ikoe ana banjoené tawa.

Sekotjiné sangsaja tjedak, nganti toewan Gulliver arep ngedoh ora wani loenga saka ing panggonan pandelikané.

Bareng mantros-mantrosé mentas, bandjoer paḍa weroeh témboné toewan Gulliver; témbo paḍa diiling-ilingi ndjlimet; sarèhné ing kono ketemoe ana sangoené pangan, dadi sing doewé mesti ora adoh saka ing kono. Moelané bandjoer paḍa digolèki, ora soewé toewan Gulliver ketemoe. Toewan Gulliver bandjoer djèngkèng ndjaloek diwelasi.

Mantros-mantros paḍa banget goemoené weroeh sandangané toewan Gulliver, ja ikoe sandangan gawéané dèwé, katon nganèh-anèhi banget: djasé sing digawé waloelanging kéwan, sepatoené ditoengkaki kajoe, kaosé oega waloelanging kéwan. Ananging mesti doedoe wong alasan, djalaran wong alasan paḍa woeda Mantros maoe ana sidji sing akon ngadeg marang toewan Gulliver sarta akon pasadja: sapa; olèhé akon ikoe nganggo basa Portegis.

Toewan Gulliver ngadeg sarta mangsoeli, oega nganggo temboeng Portegis, jèn dèwèkné ikoe wong kasangsaran djalaran olèhé noenggang praoe, kéntas ana ing tanahé bangsa djaran asipat manoengsa; saiki diboewang mrono, moelané doewé pandjaloek adja nganti dimoenasika

Mantros-mantros maoe, bareng olèh wangsoelan nganggo basané dèwé, saja banget ing goemoené. Toewan Gulliver bandjoer diiling-ilingi rainé; kono ora paḍa kasamaran, jèn toewan Gulliver ikoe sawidjining wong bangsa Europa. Ananging para mantros maoe ora mangerti babar-pisan, kang diarani bangsa djaran asipat manoengsa ikoe bangsa apa, awit salawasé

oerip doeroeng taoe kroengoe. Moelané pađa doewé pangira, jèn toewan Gulliver rada owah pikirané.

Toewan Gulliver bandjoer marani témboné alon-alonan, bareng wis tjeđak, bandjoer arep mloempat maleboe, arep nginglari mantroes-mantroes maoe, sabab kinira badjag; ananging bandjoer ditjanđak ing sawidjining mantroes sarta ditakoni songol, đèwèké ikoe wong bangsa apa sarta tekané saka ingendi.

Toewan Gulliver mangsoeli, jèn klahirané ing tanah Inggris, ananging loengané saka ing kono watara wis limang taoen. Nalika mangkaté saka ing nagarané ing Inggris ora lagi memoengsoehan karo ing Portugal; moelané jèn saiki wis salin salaga, đèwèkné doewé pangarep-arep: adja dianggep moengsoeh.

Toewan Gulliver bandjoer ditjoelaké déning kang njekeli, nanging bareng arep moenggah ing témboné, ana mantroes lijané kang ora awèh. Mantroes-mantroes bandjoer pađa remboegan; tinemoening remboeg: toewan Gulliver dianggep wong édan. Ananging toewan Gulliver ora kena pisan-pisan dioembar ana ing đaratan, arep pađa digawa menjang praoené.

Toewan Gulliver banget pamoponé arep digawa menjang praoe; kandané: ora pisan-pisan gelem ngantjik praoning badjag, loewih betjik njegoer ing sagara. Mantroes-mantroes saja banget goemoené kroengoe tjalaťoené toewan Gulliver mangkono ikoe. Toewan Gulliver bandjoer ditoetoeri, jèn mantroes-mantroes maoe doedoe badjag, kabèh pađa wong betjik-betjik; kapitané mesiti gelem nggawa đèwèkné menjang Lissabon kalawan boengah; saka ing Lissabon bandjoer gampang bisané moelih menjang tanah Inggris. Ananging toewan Gulliver meksa ora ngandel, jèn mantroes-mantroes maoe saktjané doedoe badjag. Toewan Gulliver bandjoer ditalèni; mantroesé kang loro bali menjang praoe, arep lapoer menjang kapitané sarta njađong préntah. Antara let rong djam sekotjiné bali, nggawa tong wađah banjoe manèh, sarta nggawa préntahing kapitané, jèn toewan Gulliver koedoe digawa moenggah menjang praoe.

Sanadjan toewan Gulliver banget ing pamoponé, meksa digawa baé déning mantroes-mantroes maoe, dioenggahaké ing praoené sarta dilebokaké ing kamaré toewan kapitan.

Kapitané praoe maoe djenengé toewan Pedro de Mendez, polatané soemanak banget. Tali ing sikilé toewan Gulliver dikon ngoetjoeli, nanging ing tangané ora, djalaran toewan Gulliver isih kinira wong édan. Toewan Gulliver diatjarani linggih ing koersi, bandjoer dikon njaritakaké lelakoné sarta dikon ndjoepoekaké mangan lan ngombé. Toewan Gulliver ora njana pisan-pisan, jèn bakal olèh panganggep betjik mangkono saka ing badjag, moelané rada goemoen; nanging wangsoelané isih songol lan ora soemanak. Toewan Gulliver awèh wangsoelan, jèn ora pisan-pisan bakal gelem nglakoni paréntahing badjag, sanadjan dikapakna.

Toewan kapitan mangsoeli kambi goemoejoe, jèn dèwèkné oetawa mantroes-mantroesé ora ana pisan-pisan sing ndoewèni seleya arep dadi badjag. Moelané bandjoer takon: généa, déné toewan Gulliver kok doewé dakwa kang kaja mangkono. Toewan Gulliver mangsoeli pitakon: généa kok praoené ora nganggo bandéra. Toewan kapitan bandjoer mratélakaké, jèn lagi baé bandérané dieñoenaké, djalaran lagi ngambah panggonan, kang dadi kañatoning badjag, soepaja praoené samara. Ananging jèn panggonan gawat ikoe wis kepoengkoer, praoené wis mesji baé bakal dipasangni bandéra Portegis manèh.

Bareng toewan Gulliver dikandani mangkono déning toewan kapitan, atiné kepénak, bandjoer gelem njaritakaké lelakoné. Bandané toewan Gulliver bandjoer dioetjoeli dèwé déning toewan kapitan, sarta dikon ngladèni goréngan iwak pitik kambi anggoer Portegis sing aloes sagendoel. Mangkono oega toewan kapitan préntah sedija kamar kanggo ðajohé, awit toewan Gulliver dianggep ðajohé toewan kapitan. Sawisé rampoeng olèhé mangan lan ngombé, toewan Gulliver bandjoer digawa menjang kamaré; sawisé ngopèni tatoené, djalaran rada aboeh, bandjoer mapan toeroe. Let sawatara dina tatoené wis majar banget, nganti toewan Gulliver bisa metoe saka ing kamaré. Toedjoené panah kang nibani ora mawa wisa, dadi tatoené gampang mariné, moeng bandjoer ninggali gètèk, ora ilang-ilang ing salawasé oerip.

Praoe kang mitoeloengi toewan Gulliver ikoe, lagi lajar saka ing tanah Oestralia (Australië) menjang Portugal, ana ing dalan moeng mandeg sapisan, perloe amèk banjoe ngombé.

Sarèhné ing nalika ikoe tongé waḍah banjoe wis diisèni manèh, dadi wis ora nijat mandeg-mandeg manèh.

Katjarita bareng toewan Gulliver olèhé ana ing praoe maoe wis olèh woloeng dina, sarta sikilé kang ketaton wis kena dienggo mlakoe kepénak, ing wajah awan ana praoe katon nganggo bandéra abang, dadi praoening badjag. Toewan kapitan bandjoer paréntah tata-tata, seḍija nampani moengsoeh. Bareng sangsaja tjeḍak, toewan Gulliver roemasa wis taoe weroeh marang praoe kang marani ikoe; bareng diwaspadakaké nganggo kèker, toewan Gulliver ora samar, jèn ikoe praoené ḍéwé kang aran *de Avonturier*. Bareng toewan Gulliver weroeh praoené lagi nglakoni panggawé ništa mangkono, mripaté katja-katja, ngembeng waspa.

Kira-kira djam loro awan praoening badjag dohé moeng kaṛi salepasing mimisé mrijem, moelané ija bandjoer miwiti ngoenèkaké mrijemé; nanging tibaning mimisé langkah, tiba ing saboerining praoe. Praoening badjag bandjoer ngoenèkaké mrijemé manèh, ngenani praoe Portegis, nanging ora patia gawé karoesakan.

Kapitan Pedro de Mendez doeroeng gelem males, soepaja adja ngetjèh-etjèh obat mimis. Nanging bareng wis sangsaja tjeḍak, toewan kapitan aba akon ngoenèkaké mrijemé. Mrijem loro paḍa moeni bareng: mimisé kang sidji ngenani mrijemé moengsoeh kang kiwa nganti roesak, sidjiné ngenani mantroes-mantroes kang ndjagani mrijem kang tengen, nganti paḍa mati kabèh.

Sawisé mangkono praoe loro bandjoer paḍa oedan-oedanan mimising beḍil lan mrijem, swarané goemoentoer ana ing awang-awang; praoe loro saja soewé saja tjeḍak. Bareng tjeḍaké wis banget, praoening moengsoeh mèh kena dioenggahi, kapitan Pedro de Mendez bandjoer tata-tata arep perang roeket. Ganṭoling praoené badjag toemoeli dioentjalaké kanggo ngganṭol praoe Portegis; bareng wis kena, bandjoer dikon narik. Karokaroné toemoeli saja deres olèhé paḍa oedan-oedanan mimis.

Kapitaning badjag woeroe, mloempat marang ḍèking praoe Portegis. Ing kono toewan Gulliver ora samar, jèn kapitaning badjag ikoe toewan Robert Purfoy, tilas ḍoktering praoené, dadi ḍewèkné weroeh marang wong kang agawé tjilaka marang ḍewèkné.

Bareng kapitaning badjag tekan ing praoené wong Portegis, bandjoer dipapagaké déning kapitan Mendez, ditjanḍak bangkèkané, bandjoer dioemboelaké sarta dibanting ing ḍèk, kapisanan, ora nganggo ndjaloeḱ banjoer.



Gambar 10.

Kapitan Mendez mapagaké kapitaning badjag, bandjoer dijtandak bangkèkané noeli dibanting ing ḍèk.

Bareng kapitané mati, mantroes-mantroesing badjag banget ing kagèt lan tjiliking atiné. Malah bandjoer digroedoegi déning mantroesé kapitan Mendez, dipodjokaké menjang ngarepaning praoené, dadi praoening badjag wis katekem ing tangané kapitan Mendez. Mantroes-mantroesing badjag, sawisé ora bisa bangga, bandjoer pađa didjaloeki gamané, digiring menjang wađah momotan, sarta didjagani kaja déné teteloekan.

Mantroes teloekan lan mantroesé dèwé pađa diparo déning kapitan Mendez, sarta praoening badjag diwènèhaké marang kang doewé lawas, ja-ikoe toewan Gulliver.

Toewan Gulliver nampani kalawan boengah, sarta gedé banget panarimané ing ati marang kapitan Mendez. Bareng dititipriksa, tilas praoening badjag akèh momotané barang kang pangadji, semoené simpenan lawas. Toewan Gulliver banget ing pangoediné, soepaja barang-barang ikoe kadarbéa déning toewan Mendez, minangka dadi djarahané, nanging toewan Mendez ora gelem nampani. Nanging bareng wis digenahgenahaké déning toewan Gulliver, kapitan Mendez gelem nampani saparo, sarta bandjoer diparo manèh: kang sabagéan diwènèhaké marang mantroes-mantroesé, minangka gandjaraning kakendelan lan nggoné pađa netepi wadjibé.

Kapitan loro pađa sarembog arep lajar moelih bebarengan, sabab dianggep kainan, jèn banget pitajané marang mantroesé teteloekan. Ing praoe *de Avonturier* isih ana mantroesé lawas loro, tilas mantroesé toewan Gulliver bijèn; ikoe toewan Gulliver ora gelem kanggonan, moelané bandjoer dielih menjang praoe Portegis kalawan moepakaté kapitan Pedro de Mendez.

Katjarita lakoéné praoe loro ana ing dalan slamet, ora nemoe ngaral apa-apa. Ing sasi November tanggal toewa pađa laboeh ana ing palaboehané koęta Lissabon. Mantroes-mantroes teloekan énggal pađa diatoeraké menjang pangadilan, soepaja pađa nampani gandjaran, kang oeroep lan panggawéné.

Toewan Gulliver kepeksa koedoe lawas olèhé mandeg ana ing koęta Lissabon, sabab perloe dadi saksi prakarané mantroes-mantroes badjag maoe, sarta perloe golèk mantroes anjar kanggo noetoegaké lakoéné menjang tanah Inggris. Salawasé ana ing koęta Lissabon toewan Gulliver dadi dajobé kapitan Mendez.

Bareng kabèh-kabèh wis rampoeng, dadi wis soemekta arep mangkat, toewan Gulliver bandjoer pamitan menjang kapitan Pedro de Mendez, arep moelih menjang nagarané, sarta nglahiraké panarimaning atiné manèh, toewin roemasa kapotangan kabetjikan banget marang kapitan Mendez. Toewan Pedro de Mendez toemoeli ngeteraké tekan ing praoe *de Avonturier*.

Katjarita lakoené toewan Gulliver kang wekasan ikoe slamet, ora koerang sawidji apa. Nalika tanggal kaping patli-koer December, dadi ngarepaké Kerstmis, praoe *de Avonturier* laboeh ing palaboehané koeta Portsmouth, wasana ing dina ikoe oega wajah djam teloe awan toewan Gulliver slamet tekan omahé ing Redriff.

Satekané toewan Gulliver, anak-anaké paða banget ing boengahé, nganti ora kena tjinaritakaké. Olèhé paða boengah-boengah moeljakaké dina Kerstmis paða seneng banget, ngoengkoeli sing oewis-oewis. Moeng koerang saprakara baé bisané sampoerna kasenangané, ja ikoe: déné bijoenging anak-anaké, kang banget ditresnani déning toewan Gulliver, kok sepi.

Ja keprijé manèh, si bijoeng wis tinakdir ora bisa miloe seneng-seneng karo anak-bodjoné.

Wasana toewan Gulliver, saelihé anggoné leloengan kang kari ikoe, bandjoer lastari manggon ana ing omahé ing Redriff kalawan seneng ing ati. Kang digawé ngajem-ajem pikiré, nglastarakaké olèhé dadi dokter, ngiras dadi toewan tanah. Kang mangkono ikoe kasembadan pangarep-arepé, sabab oeripé bisa seneng, ora kaja nalika isih tansah demen lelana ndjadjah désa milang kori. Mangkono oega menjang kawadajibané toewan Gulliver ija tansah toememen, ora weroeh ing sajah, kena diparibasakaké: „enðas digawé sikil, sikil digawé enðas”, ndadèkaké kaslametané wong kang dipitoeloengi lan kang dierèhaké.

T A M A T.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:32 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023398625
Public Domain in the United States; Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

